ДОТТАГІЙН ДОШ



2 кн. п.

гр., 1962

ДОПАГІИЙН ДОШ

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
1962

ХIоттийнарг — *Х. Эдилов*

ДЕГIАСТАНАН ЯЗДАРХОЙ



2 кн. гр.

Книжная палата

гр, 1962

Расул Гамзатов

ЛАМАНХОЙ ЛЕНИН ВОЛЧОХЬ

ДегIастанан лаьмнашкахь массанхьа хезош,
ХIетахь а Ленинах бохура иллеш.
Аракански чIожа чохь мостагIий хедош
Дог майра вужура вужург а Iилла.

ЧIуг етташ кIур хьийзош лапгIанийн къоьллехь,
Ленинах хийла байт хазийна дайша.
И хестош даьхначу иллеша хьоьстуш
Къийсамехь тоьлла уьш некъ хьоьхуш вайна.

Цуьнан цIе евзара хIоранна... амма
Лаьмнашкахь цхьанна а... дара сурт ганза,
Цу хено деллера тхан ДегIастанна
ЦIий Iено тIемаш а, аьхке а йовха.

Шийла Iа деача бIаьстене санна,
Аьхкенан йовхонехь IиндагIе санна,
И гаре сатуьйсуш моссо а ханна
ХIетахь вайн халкъ лелар дицлур дац вайна.

Моьттура царна и лекха ву лаьмнел,
Цо тур схьадоккхушехь мостагIий бовду:
«Ильичан безамца Лепачу бIаьргел
Дог хьостуш хазна яц кху лаьттахь»,— бохуш.

ДегIастанан векалш цунна тIе кхача
Йоккхачу шахьара шаьш новкъа бевлча,
Куьпчаша варкъ дуьллуш кечйира гIама —
Тхьамдийна совгIатна,— Iаьндаша — верта.

Алмазех кечйина цхьа трубка сирла,
Чилланан тех йина кисет а цунна —
Ткъа ДегIастанера — довха маршалла,—
СовгIаташ дихьира цара кхаъ хилла.

Дорцаца хьоькхучу мохо юьхь морцуш,
Ламанаш, аренаш чехка тІех туьйсуш,
Бахар уьш хІетталца шайн хилла йоцчу
Советски шахьара дог ира хІуьттуш.

Ткъа Москвехь тІаьхьенийн ирс кхуллуш
Доккха,
Дийнахь а, буса а
Болх бара кхехкаш.

Ламанхойн дегнаш чу
Баккхийбер дудуш,
Кремлан гІаролхочо
Некъ белир кех чу.

Сийлахьчу Кремлан кех хІорш чоьхьа бевлир...
БІаьрго схьа мел лоцург гуш дара оьзда..
ХІакхарна дуьхьал цаІ ара а велир...
И вара шен дахар къехойх дІа доьзна.

И тера вацара туьйранан турпалх,
Хьекъалан да вара, кураллаш йоцуш.
Ткъа бІаьргийн хьежар а мокхазар суйнах
Догура товш хеташ, кхоьлур а доцуш.

Къамел цо долийра уггар а хьалха,
Хоьттура доьзалех, дахарах лаьцна,
Цул тІаьхьа дийцира къийсамехь майра
Леташ шайх хІара дуьне дисинчех лаьцна.

Сурташца шайн пенаш кечдина йолчу
Кремлевски палатех цхьанна чохь чІогІа
Вовшашка даггара безамца долу
Къамелаш, хеттарш деш, доттагІий Іара.

Хан, сахьташ дагардеш, йоьдура чехка,
Сакъералуш бара ламанхой-хьеший,
Къаьста хан тІекхаьчча шена дош дехна
Цхьаммо дІахьахийра совгІатех лаьцна.

Хьешашка безамца хьаьжира Ильич,
СовгІаташ: трубка, тур, верта схьа ийцир.
Ламанхойн векалшна вас ян ца лиъна
Цигаьрка ца озар цаьрга ца дийцир.

Дерриг а даггара дийцина даьлла,
ДІабахан гІевттича Ламанхойн кІентий,
ІІІа лоруш, сийдарна баркалла аьлла,
СовгІат дан совцийра Ленина хьеший.

Ткъа цара элира: «тхан лаьмнийн махкахь
Хьан сурт дац цкъаъа а цхьанна а гина,
Ахь, Ильич, сурт лохьа, хьайн дала тарлахь, —
Тхуна кхин совгІат дац цул доккха хила».

Дан дезарг вовшашка кІад ца луш дуьйцуш,
Некъ халкъан векалша болийра цІехьа.
«ЦІечу ДегІастанна» баьччас шен куьйга
Яздина цуьнан сурт деара дезаш.

ДІаихна дуккха а шераш цул тІаьхьа,
Замане шир лур дац и цхьаьнакхетар,
Ткъа и сурт Музей чохь серлонгахь лаьтта
Гонаха Іай а тІехь зезагаш лепаш.

ХЬО ЙОЬЛУ...

Ца ешаш хьан елар дезац, —
Там беш дац хьо иштта хьежар.
Къайленаш яцарх хьан тешац,
Хала ду ца яьлла къежар.

Дерриг сан дог-ойла хьайна
Ма-ярра, евзича санна,
Ахь ира Іиттарш яр сайна —
Лалац соь, оьшу и хьанна?

Миччахьа хиларх со лелаш,
Муьлххаче кхийдарх сан ойла,
Хьо ю сан некъех ца тешаш,
Хьуна уьш ма-дарра гойла!

Ас язьян сацийна стихаш,
Елахь а ойланехь ехаш,
Сан деган къайлене кхийдаш
Боху ахь тоххурехь ешна.

«Дийцан дац хІумма а» — бохуш,
Гуш ду — хьан къамел гІелделла..

Кlорггера доккха са дохуш,
Хаъала ойла юткъъелла.

Мел чlогlа дезац-кха суна
Хьан бlаьргийн гlелделла хьежар,
Ас стихаш язъйина хьуна,
Оьшуш ду царех хьо тешар.

АДАМАШКА

Цхьанаметта стигалахь аьрзу дlатийра,
Тlемашца дерг дуьне схьалаьцча санна,
Аса сайн куьйгаш а даржор дар шуьйра,
Лаьтта тlехь мел верг а вуллуш сайн мара.

Массо а паргlатчу арешкахь вехарг,
Массо а белалурш, гlайгlа еш боьлхурш.
Тlулгех а lахарийн тlаргlа шайх хирриг,
Ала-кха, ала-кха даггара иллеш.

«ЙОІ-ЛАМАНХО»
ЦІЕ ЙОЛЧУ ПЬЕСИ ТІЕРА

КІЕНТАН ЙИШ

Со вогlура шерачу новкъа,
Ткъа, цlеххьана берд хаьрцира.
Гlоьртира со мала шовда,
Ткъа, цlеххьана хи лекъира.

Ас бешахь дуьйгlира зезаг,
Ткъа, хеназа деара lа.
Гlоьртира со кхокха лаца
Бихьи и куьйрано — дlа.

(ЦА ВЕЗАЧУ СТАГЕ ЙОХУЬЙТУЧУ ЙОЬІАН ЙИШ)

Селхана сан яра бlаьсте,
Тахана сан гуьйре ю.
Сох хlунда къастий
Сан мерза бlаьсте?
ХІай, адмаш, мила бехке ву?

Селхана со яра ирсе,
Тахана со бале ю.
Сан бІаьргаш доьлху,
Сан дог а доьлху,
ХІай, адмаш, мила бехке ву?

Сан гІайгІанийн и деза тІорказ
ДІакхехьа со дезаш ю.
Ма деза ду и,
Ма деза ду и,
ХІай, адмаш, мила бехке ву?

(АСЕТАН ШЕН ХЬЕХАРХОЧУЬНЦА ХИЛЛА КЪАМЕЛ)

«Со школехь итт шарахь Іамош,
Хьехархо, кхиийра ахь.
Чекхъяьлча: «ГІо, хьайна», — олуш,
Со новкъа яькхира ахь!

Гайтахьа ахь тиллачунна:
Тахна ас мича баккха ког?
Лохьа хьайн дешархочунна
ТІаьххьара кхин цхьа урок!»

— Го суна, дац хьуна атта,
Ма елха! Хьайн гулъе яхь.
Исттачохь дан дезарг хатта
Хьайн даге, сан Асет, ахь!

Суна а дацара атта
ДІатесна сайн нана — да,
ДІатесна Москва а, Арбат а
Шун лам чу гІуллакх дан ян.

Ма йоьлхура нана сан: «Вера,
Цу лаьмнашкахь Іалур яц хьо,
Ду цигахь уьна шарахьлера
Іадаташ, шайн латтош вон.

Ткъа, лаьмнаш чохь, — и хезна суна, —
ХІинца а шаьлтанех нах
Сов леш бу цамгарехчулла...
Со йоь ахь, хьо цига гІахь!..»

Сайн ненах къахеташ, ойла
Сан лестара, делахь а ас
Сайн даге хаьттира, тIаккха:
«Яхан еза» — делира аз!

Сайн чамда книжканех юьзна:
(Кучамаш дукха яцара),
Сайн хьоме Москва а йитна,
Шун лам чу со кхечира.

Ас урокаш кIезга ца елла
Кху ткъех шарахь, суо кхузахь Iеш.
Суна а дацара атта
Хьалаккхио шун синойн беш!

Ткъа, хилла-те ас эрна хьехна,
ЙоI, хьуна, халонаш ловш?
Каралацахь хьайн кхелан архаш!
Уьш карахь — хир ю хьо товш!

Вонца ахь латтабе къийсам:
Ламанан леча дуй хьо-м.
Барт хир бац — шун бацахь безам.
Юхатохац тIамо бен тIом.

* * *

Балкхарец-куьпчий ву балхана реза:
ГІуммагІа цо дика йин,
Деккъа цхьа шовданан хи дотта деза
Цунна чу юьззина и.

Куьйгаца кхоьллина йоцучу цІергахь
Еттина коьчал ю дог.
ТІадам а ямартло, я хьагІ, я харцо
Мегар дац латто цу чохь.

* * *

Со ву вина йоккха гІовгІа
Токхам хьодий йоккхучохь,
Стелахаьштиг тухий мокхаз,
Гаьргаш йохуш, отучохь.

Басошца кІа дуьйчу меттехь,
Дуга дуьйчохь тогІешкахь,
Ира дош а, дагах кхеттарг
Аьлча хаза хетачохь.

Іаламо шен буьрса дахар
Адамашка кховдадеш,
Винчу ломо соьга амат
Белла, со а буьрса веш.

Цигахь хьалха ялархо хоккий
Хьацар Іенош хуьлу говр,
Іу а воьду шен жа локкий,
ЖІаьла-гІоьнча цуьнца тов.

ОьгІазе хи цигахь хьере
Экха санна кхийсало,

Хууш велахь хIун ду кхерар
Атта бердах гIур ву хьо

ДоттагIалла — цигахь мерза,
Говза хабарш дах ца до,
Деган пхенийн массо мерз а
Сов комаьрша кховдабо.

Шовда хьуна доьлуш, декаш
Турбанашца оьхуш ду,
Цигахь шоферашна морхаш
ГIерта кабинашна чу.

Цигахь Цудахьархой куйнаш
Хьаж тIе тоттий лелош бу.
Зезаг, мокхаз — туьйсург суйнаш —
Вовшийн лулахь карош ду.

Болчу поэтел а боккха
Ломан буьххьехь вина со,
Боцчохь ялсаманин зовкхаш,
Хаза долчохь кхин а сов.

* * *

Стиглан кIоргехь морха тарлой
Хьуна тIаьхьа волу со,
Лаьмнаш, даккъаш айса хедош
Хьо схьалаца хаххкало.

Бошмашкара заза доьжна,
Дукха хан ю ца гуш хьо,
Боккъалла а хилла-техьа —
ДогIин тIадам хилла хьо?..

* * *

Хи тIехь латийра цIе ахь,
Ша а буттуш йира пеш...
ХIунда ницкъ бац гIаттан хьоьхь,
ДегIастанан хьо кIантехь,
ЙоьIан дог а кхехкадеш?

ВОЛГИ ЙИСТЕХЬ.

Туьйранехь вуьйцу нарт санна,
Майралло даьккхина сий,
ТІулга тІехь, гІароллехь санна,
Лаьтта шен Іенийнарг цІий.

Хаарца баьккхина толам,
Шерех чекх хьоьжуш и ву.
Тем бохо ца гІоттург жолам,
Лардалар цо хьоьхуш ду.

Муьлхха а мостагІа гІаттахь,
Дуьллур ду и отуш кес.
Даймехкан буьрса кІант лаьтта
Баттара даьккхина герз.

Салтийчун юьхь яхчаелла,
Бехчина, баьгна бу бос.
ДогІнаша и яшош хилла,
Шелоно хилла ягош.

И салтий къонлур ваи цкъа а,
Я дІа а вожкхур ваи и.
ТІеэцна хехочун дакъа,
ГІалахь дІахІоьттина и.

Овкъаршна юккъера гІоттуш,
Волгица яьржина дІа,
Іуьллуш ю, сий долуш доккха,
ГІала а цунна хьалха.

Ирс долчу тІаьхьенна цкъа а
Дицдалар ца магадан,
Нах бехаш цкъа хилла дакъош
Цигахь ду мацца а ган.

«Сий хуьлда дуьне мел деха
Турпалчу бІаьхойн ца довш!»
Яздина баьгна тІулг хедош,
И йоза суна ду товш.

Кхечаьрца курра ду декаш
Цхьамзанца яздина цаІ,

Ду лакцийн маттахь и къегаш
Цу тIулган экъанна тIехь.

ТIулга тIехь лаьтта и салти,
Куьг цуьнан герз къуьйлуш ду.
Болатах воьттина салти
Сан махкахойх тера ву.

* * *

ДоттагIа, бедаршка ма хьежа
Иччархо ша воццушехь
Цхьацца хуьлу бустмаш дезаш,
Топ юза ца хуъушехь.

Велавалар деган куьзга
Хеташ, доттагIа, хилла со,
Амма гонах хьаьжча луьста
Гома куьзганаш ма го.

ДоттагIа, бедаршка ма хьежа:
ХIуттуш ма ду иштта сурт —
Шкафа чухул нIаьний дежа,
ТIера лак ду къегаш гург.

Тешаш массарех цхьабосса
Хиларх ларлуш хила хьо,
Боху: «билларх кIеда мотт а
Аьхна хьо ца вижало».

ДоттагIа, бедаршка ма хьежа:
Iехош хуьлу тIера бос —
Мел цIен хиларх Iаж а, теша,
Хуьлу боцуш мазах гIос.

* * *

Соьга зударша и ломахь
Цкъа дийцина Iийна дац:
«Баккъал бахна баьлча безам
Цхьа а хIума лоруш бац».

Суна сайна лома вахча
Гина, со суо хилла теш,
Безам бахна бІаьрзе хилла,
И бахначийн сагатдеш.

БІаьрго ятІаял сов хаза
Яра ехаш цигахь йоІ.
Мерах луьй цхьа стаг а везна,
Делла цунна дІа шен дог.

* * *

Хьаьжча дог дІалецира,
Сатоха ницкъ бацара,
Сацо чІогІа гІортарх и
Замано чов ерзайо.
Ца ерзийча даржадо
Боккха безам хилар и.

* * *

Массарна а санна, суна
Хаьа юьртахь юйла гІунаш.
ХІунда оьху-техьа
РоггІехь шовданехьа,
Луьстачу варшехьа
Хи дан маьхкарий?

КІентий цхьаьна кхета меттиг
Юьртан шуьйра майда ю.
Бода бола буллушехьа
Оьхуш хІунда хуьлу-техьа
Къона хазчу цу варшехьа
Юьртара кІентий?

* * *

Юьртахь уггар майра болчу
КІентех со дІатухуш ву.
Иэмалк говрах, акха йолчу,
Цуьрриг кхера ца луш ву.

Лаьмнийн чхараш юккъехь барзах
Буса кхоьруш хилла вац,

ҚІохцалаш тІе вахарх карзах
Ойла цкъа а яьлла яц.

Іоттар йича мостагІчух а
Лата кийчча хилла со...
Деган майрал хІунда юху,
Суна бІаьрга гушшехь хьо?

БЕЗАМ ЦА БЕВЗА ДОГ...

Хьоза доцу бен,
Баьсса патарма,
Тур доцу бот,
Шийла бІаьсте,
Акхачу аренгахь цхьа шийла тІулг,
Из ду-кха безам ца бевзина дог.

Хи доцу хьоста,
ГІа доцу кондар,
Малх боцу хьаьвхье,
Го баькккхина бода,
ХІумма а ца хезаш
Къора йоьлла котам,—
Из ду-кха безам ца бевзина дог.

АбутIалиб Гафуров

ДИКА ДОШ

Лаьттан къайле евзаш хилан
Вай хьуьнаре ду,
Цунах алссам пайда эца
Вайна хууш ду;

Меца аре тоеш денъян
Вайгахь ницкъаш бу,
Стигла спутникаш дIахехкан
Вай Iемина ду...
Вай — иза хьоме Парти ю.

Керла дика молха лаха
Вайна хууш ду,
Цамгарш, лазарш уьш дIадаха
Вай говза а ду;

Деша, хьекъал долуш хила
Вайн бакъонаш ю...
Дуьне хаздеш латта мел ду
Яржа хIай, тхан байракх хьо,
Вай — иза хьоме Парти ю.

Дапгар цIена доттагIалла —
Вайга кхоллало,
МостагIчуьнан ямартлонаш
Гуча яхало;

Маьлхан серло шуьйра яржар
Вайна лууш ду,
Амма молха декъа латто
Вайна хууш ду!
Вай — иза хьоме Парти ю.

Вешан керахь долчух хIинца
Даккхий дедеш ду,
Ленин ваьшца вехаш хиларх
Вай ирс долуш ду;

Вайн кханенах, хиндолчах а
Даккхийдедо вай.
Яккхий, цIена ойланаш а
Кхочуш хир ю вайн,
Вай — иза хьоме Парти ю.

МАХКАХОЧУЬНГА

Безам боцуш
Ма вахалахь
Дуьнен тIехь
Ва стаг,
Хьоьга безам кхехка
Сан кийрахь!
ДегIехь йовхо йоцург
Кху вайн лаьтта тIехь
Ирс, я синтем болуш
Цкъа а вехир ваш!

Нагахь йовхо Iаьвжий,
Нагахь хIуттий шело, —
Со даим а
Орцах вала кийчча ву.
Со ву вехаш
Хьан гIуллакхаш хестадеш,
Стаг, хьо хастош иллеш дахар —
И сан сийлахь декхар ду.

Цхьа а дац сан
Стагах лечкъош хьулдина
Адам, хьуна
Даим лаьтта
Сан кийра дIабиллина,
Хьуна деш дерг,
Динарг айса хIинцале,
Хаьа,
Муьлххачо а
Воккхаверца
Юха дийр ду и суна.

Цатам, зулам,
Нагахь хьуна хуьлий зен.

Нагахь вуьсий
Кхаш тIехь ялта даьгна хьо,
Бохам хуьлий —
ГIо дан лууш
Деттало сан кийрахь дог,—
Ненах хаьддачу
Берзан кIезах тарло со.

Ахь дIадийна
Ялта хьийкъина кхуьуш дуй,
Токхо латтош
Мела догIа Iеналой, —
Доккха дедеш
Сан дог тIема долуш ду,
Цуьнан ойла
Илли санна оьзда ю.

Нагахь хьоьга
ГIайгIа кхачахь и яйян, —
Кийчча ву со
БIаьрган негIар ца тухуш,
Хьоьга кхаьчна
Iаьржа бала айбина,
Хьуна юххехь
Со хир ма ву дог хууш.

Балхахь хьан цIе
Даим дика йохалда,
Нийсарошлахь
Цкъа а хьан сий ма дайла,
Оьшург йоцуш
Хьо дог этIаш ма хуьлда,
ГIийла воцуш
Вехалда хьо ирсашца.

Сий ма дайла
Хьан куьйгаша кхуллучун,
Ас иллешца
Хестор ду ахь мел деш дерг,
Кху вайн лаьттахь,
Хьо дIакхочуш мел волчохь,
Хьайн стогалла,
Оьздангалла гайталахь!

Зама йоьду
Дийно де а хуьйцуш дIа.
Вешан Даймохк
Ирсашна тIе буьгу вай.
Кху дуьненахь
ДIадаьржина хьо ларар,
Ткъа хьо эшо-х
Цхьа а ницкъ а болуш бац!

БАЙТАШ

Дуккха а адамаш
БІаьста я аьхка,
Там хуьле хьоьжуш го
Цу седарчашка.

Со воцург кхин хьажа
Бакъо ма лолахь
Лаьттахь нур лепачу
Цу хьайн бІаьргашка!

* * *

ТІамехь ша леш
Турпалхочо весет дир:
«Безамца сох иллеш
Алан хьо волахь,
Цу юкъахь сан зуда
Ахь хастаелахь —
Халонехь цо хийлазза
Сан гІо дина.

ОЬРСИЙН МАХКАРА СИНТАР

Малхбалехь цхьа синтар гора
Тай санна нийса ирх дахна,
Стигланан Іаьрчашка кхочуш
Инзаре лекха и дара.

ТІехдуьйлуш стигларчу морхел
Седарчий цо дагардора,
Дац кхоьруш мохах, я дарцах,
И гІелдеш яц Іаьржа дохк а.

Ницкъ болчу синтаран орам
Тхан лаьмнийн махка схьа кхоче,
Лаьмнех, хих, хІоьрдех чекх боле
Сан мехкан синтарех хьаьрча.

Хууш ду сан мехкан синтарш:
Муьлхха а мох я дарц даларх, —
Иштта шайн доттагІа хилча
Шаьш эшо цхьа а ницкъ бацар.

ВОККХАЧУ СТЕГАН ДЕХАР

Колхозан правленехь хиъна,
Болатах воьттича санна,
БІе шарал сов дуьне диъна,
Гуш вара воккха стаг, тайна.

Іасий тІе тевжина, хиъна
Іара и, шек дІа-а воцуш,
Къоьжа маж, вистхила лиъна,
Шарьйира куьйга схьа лоцуш.

Воккха стаг, гІаьттина хьалххе,
Схьакхаьчна, тонкех кІур бохуш,
Къанваларх, юкъарчу балхе
Хьоьжу и кІадвалар доцуш.

ЛадоьгІург шех воккхавевеш,
Ламанхойн лераме хьаша
Правленехь председательца,
Цхьа доггах къамел деш Іара:

«Болх хІунда боьху ахь? — бохуш,
Сан кІант, хьо шек вуьйлу эрна —
Хьан дуьне чекхдаьлла догІу!»...
Хиэзадар суна дац керла.

Бахамна кхин пайде воцу,
Моьтташ, сох гІорасиз хилла,
— «Іумар а къанвелла!»...— бохуш,
Буьйлурш а хир бу сох хийла:

«ПаргІатехь садаІа шена,
Массара сий деш ву чІогІа,
Ткъа тхуна хІун оьшу... бешахь
Іаж баккхал доцуш верг гІора».

Сан кIант, бехк ма билла суна,
Ханна со воккха ву дикка,
Амма ас болх бина хьуна,
Цкъа а со жуккар вац хилла.

Дуьненахь ваьхнехь а вехха,
Къежвелла велахь а басна,
Ас кхин а некъ бийр бу бехха,
Со даим къона ву дагца.

Хьуна го, сан букъ тIебаьлла —
Теш ву и ас бинчу некъан
—«Лам тIекIел баккха!» ахь аьлча,
— И харцо кийчча ву — теша!

Махкана болх бина хьанал,
Къахьегна, тIом а ас лайна.
Шен боцуш дикаллин барам
ДIо-о беш а ас йоьгIна вайна.

Хийлазза дарц лайна, ас, кIант,
МостагIий эгийна шортта,
ХIинца а ницкъ бу соьхь алссам
Кийчча ву мохк ларба хIотта!

Ас дина машаран цIеношш,
Куьйга мухь ий-а беш хийла,
Хилла со тIам тIехь цIий Iеношш —
Аттачу некъана хийра.

Нагахь хьо садаIа лиъна
Сихвелла балхах дIа къастахь, —
Хеназа Iожалло виъна
Хиларна кхерам бу, накъост!

ДегIахар мела цIий саццалц
Къахьоьгуш, цIе санна вагахь, —
Вехар ву ши бIе шо кхаччалц,
Къона а хир ву хьо ваха.

Цул сов, со шовзткъа шо хьалха
ШозлагIа дуьнен тIе ваьлла,
ТIаккха со хIунда вац хьавха
Къоначех, хьо санна аьлла?

СадаІар хьалхе ду суна,
Со ницкъах вуьзна ву дегІехь.
Сан некъ цкъа бевзар бу хьуна
Доьху сайх вар бешан хехо.

Лаам бу сан и беш шоръян
Тоьллачех синтарш а доьгІуш,
Лаам бу и кхин а къонъян
Сайна кхин хастам ца лоьхуш.

Нагахь со коммунан хене
Ца валахь — Іожалла тоьлла,
Вайн хІинцалерачу берийн
Ирс хир-кха сан цІарца доьзна.

Хьаналчу сан белхан стоьмаш
Буур бу цара цу бешахь,
Безамца со дага лоьцуш
Уьш бахар — ду суна дезарг.

Беш кхио вахийтар хьоьга,
Ас дехар — доггах ду хьуна.
Къахьега ницкъ болчу соьга
Болх а лой синтем бе суна.

Ницкъ маббу хьанал къахьегар —
И ду сан Іожаллел толар.
Коммунизмехь и беш лепар, —
Сан деган лааман болар!

---

* * *

Бераллехь къамелаш
Дора ахь хийла,
Ойланехь цара со,
Юьгура гена:
«Аьрзунан санна бу
Сан бІаьргаш сирла,
Дерриг го,—чІагІдора,—
Царна чохь шера.

Геннара хьаьжча а
Сенчу байн арахь
Бецан хал къастало
Оьшшуриг сайна,
Сийначу стиглачах
Хьекхалуш барах
Къоркхокха атта го!» —
Бехир ахь хьайна.

Безамо гатдина
Дог ду сан хьегІаш
Хьан багах дош далац
Йовхо луш цунна.
Са гуш а дуй-техьа
Хьан бІаьргийн хьежар?
Я стигла царна гарх
Пайда буй хьуна?

———————

ХИШ

Кавказан некъашца
Ло ловзадийлла.
Цо хІунда хьаданцара
Кавказан чехка хиш?
Сиха ю церан амал,
Дин-бокъан санна.
Цхьаммо а цараха
Шен юьхь а хуьйцур яц.

Ламанан пород
Цаьргахь ю цу сохьта.
ДІаделла хьайн кевнаш,
ХІай Каспий къена!
Воккхачунна хьалха
Къамелаш до хиша,
Кегийчу цу хиша
Дуьйцу и шабарца:

— Турбинаш хьийзайо ас,
— Бошмаш а Іабайо ас...
Амма сан кІоргаллаш
ЧІерашха хьийза...
Іуьйренан хенахь
Турпалхо ГІойсу [1])
Кхийтира Курана дуьхьал,
Элира цо иштта:

Іаламан аьрханиг,
Ас сайгахь леладо
Деа Койсун
Мокха и хиш.

---

[1]) ГІойсу — Сулак.

Лайн детилахь
Ца лечкъаш, ца хьуллуш,
Доьхкаре кхаччалца
Сужда до хьуна
Тхан ДегІастано.
Дерриге мехкан цу хиша,
Дерриге гаьннаша церан
Дохкуьйту, хьоменига,
хьуна,
Вошаллин гергара дешнаш...
Элира йишас:
— Сан хьоме ваша!
Хьекъале доцчу
Арагвийн цІий
Соьха ду Іийдалуш.
Къоьжачу Гуьржийчоьнан
Басенийн локхаллаша
Шайн маршалла соьца
Дахьийта сацийра...
Кхуззахь шаьш юха йирзира
ТулгІеш,
Ши хи дІатийра,
Шийа ду хиш дукха долуш,
Шийа ду дахделла.
ЦІийн чопаш туьйсуш
Дац билгалдина
Церан и идар,
Гуттаренна бовхачу,
Тешаме доттагІалашца.
Самукъане, пагІат ду
Іа даккха хишна.
Цаьрца ду Волга —
Уьш дина нана.

НАЖ

Дедас цкъа беара
Къона и жима наж,
ЧIогIачу цу чIенгийн метта
БIаьрахин горгачу кхоьшца

Наж боцуш къолам бу,
Синтар дац, сара бу,
Нуьцкъалчу вайн мохо
Чехка и лестабо...

Сан деда цхьан вара,
Амма цо буткъа наж
ГIайгIа беш ларбора,
Цомгаш и бер санна.

Комаьршачу чкъуран
Орамаша мутт молу,
Дукха хан ца йолуш
ЧIенгаш а етIара.

Латта а иккхина, и дитт
Ца кхоош деттина малхо,
Шийлачу халачу Iаьно
Хинд-шена кхерамаш тесна.

Акха и мехаш
Бекара кIедачу гIашца —
Иккхира диттан чкъор,
Орамаш зен доцуш дисира!

Цу ножан кхиина
БІаьстенан баххьаш ду.
Иза ду воккхавер!
Толаман и де ду!

Дитта кІел лаьтта со
Хьомечу ойланца:
Аса сайн Даймохк
Бустур бар ножаца.

ХЬОМЕ ЦІЕ

Ленин... Вайна хьоме цІе ю —
Серло, хьастар, йовхо — цуьнца,
Мел ирс ду и!.. И доккха ирс ду —
Цунна латта а кІезиг хир ду.
Оцу цІарца, парольца санна,
ТІаьхьенаша дІахьо вахта;
Иллица хІорда тІехла хьоду,
Вертанца, тоьпаца хьоду.
Ламанан юьртахь цо серло ло,
Саьнгарехь,
Хиэ санна, дато бос лепабо,
Генарчу къоьжачу локкхаллехь
Аьзнашца ека и вотанах.
Цу цІарца гІазгІумкийн нефтяника
Каспийски хІордан бух хьуьнре охку;
Бетонни муьшаца озийна,
ГІойсу а муьтІахь хилла вайна.
Цуьнца ма кхаьчна дог айдар адмашка,
Цуьнца вай гергарчу, генарчу метгашкар
Довхачу дегнашца кхочур ду
Октябрьски Партийни вайн съезде.

Абдул Мирзаев

ДЕЛЕГАТ

Хир вац со цигахь, Ильич стоьла тIехь волчохь —
Ткъе шолгIачу бIаьхаллин толамийн съездехь...
Сайн дог ас делегат дина хьажор ду цига,
Сан метта дерриге дуьйцур ду цо цигахь.

Хинд-шена докладехь доцуш, цхьана фразица:
Кхечун ирс хиъна дац, ца хаьа суна —
Хьомечу партина, къуьйсучу халкъана,
Безачу махкана тешаме хиларна!

ИсмаIал Вагабов

ЦУЬНАН ЦIЕ ВЕЛИ Ю, ТКЪА САН ЦIЕ—ПЕРИ

«Иштта хила а хилла, хила а деза»,— олуш ду. Цкъа и дешнаш бахьана долуш, вовшашца къуьйсуш, еххачу ханна чIогIа дош-даше елира къона йоI Пери а, йоккха стаг Iайшат а.

— Бакълуьй хьо, хьалха мел хилла дерриге гIиллакхаш дIакхийса мегар дац,— бохура Перис.— Вайн дайн дуккха а дика гIиллакхаш хилла. Даймахкана тешаме хилар, доьзал безар, мостагIчуьнца къийсамехь майралла йолуш хилар, хьаша везаш тIеэцар, бо-берийн хьокъехь гIайгIа бар, вон деача гIо дар. Иза дерриге а башха дика ду. Иштта, масала, массарна а вайн махкахь оцу хьокъехь хууш ду, Ташкентахь вехаш волчу Шамахмудов Шахэмедий, цуьнан зудчо Ахрамова Багриссий тIом болчу хенахь дейтта бо-бер шайн бераш а дина кхаьбна а, кхиийна а хилар. Лакхарчу Совето орденаш елира царна.

— Дийцахьа оцу хьокъехь, — аьлла дийхира Iайшата.

— Цкъа Ташкента кхечира бераш тIехь а долуш йолу цIерпошта. И цIерпошта юьззина цунна тIехь дерш дай-нанош доцу бо-бераш дара! Шахэмедана а, Багрина а гира уьш. Царех чIогIа дог лозуш, къинхетаме дара и шиъ, цундела оцу берех цхьайтта шайна кхаба дIадигира цу шимма. Цхьайтта кIантаний, йоIаний ден-ненан безам карийра. Цхьана доьзалехь вежарий-йижарий хилла дIахIиттира оьрсий, украинцаш, узбекаш, молдаванаш, казахаш, татараш! Муха хета хьуна? Ткъа тIом чекхбаьллачул тIаьхьа царна тIекхийтира кхин кхоъ.

ДIаоьхура шераш, бераш кхуьура. Шайн керлачу деший-нанний дуккха а хазахетар дахьара цара.

Ткъа хIинца дуккха а кехаташ кхочу Шахэмеде а, Багре а. Узбекистанерчу шахтерийн гIалара Атренера цаьрга яздо церан кIанта татарина Рафика. Цигахь шахтехь сменни мастеран болх беш ву иза. Циггахь болх беш

бу цуьнан оьрсийн ваша Федор. Шайн деца цхьаьний промыслови артелехь болх беш ду цуьнан бераш: молдаванка Оля а, украинец Саша а. Воккхах волу кIант Михаил эскарехь гIуллакх деш ву. Жимах йолчу йоьIан-узбечкин пхоьалгIа шо бен дац. Важа бархI бер доьшуш ду. Церан сирла хиндерг ду, — боху Перис. — Иза дерриге а, нагахь ма-дарра лерича, халкъан дика гIиллакх бахьана долуш ду.

— ЛадогIал, йоI, ткъа ишттаниг хила тарлуш ма дац. Соьга-м халла бен ма ца кхабало сайн цаI бен доцу бер а. ХIан-хIа, иза аьттехьа а дац! Дейтта нехан бер! Сий а, хастам а хуьлда оцу доьзална...

— Дуккха а ду вайн дика гIиллакхаш! Амма новкъа ду-кх царех цхьадерш вон агIонаш йолуш хилар. ЧIогIа дика а, товш а ду кIанта хьала а гIаьттина ша хиъна меттиг воккхачу стагана дIабалар. И стаг, цуьнан шераш ларар, цуьнан зеделларг а, хьекъал а ларар ду. Амма мел йоккха стаг елахь а зуда шена хьалха нисъярлрх цунна некъ а ца буьту, хьалагIаьттина меттиг а ца ло мел жима стаг иза велахь а боьршачу стага. Гой хьуна... Ткъа иза дика ду?

— Сан йоI, со ца кхета ахьа дуьйцучух! Хьуна дезарг хIун ду, боьрша стаг зудчунна хьалха хьалагIоттийла лаьа хьуна? ХIан-хIа, хIан-хIа! Оцунна реза хир яц со. Боьрша стаг а, зуда а — цхьанисса ду, ала гIерта хьо? Цунна коьрта кортали тиллар бен кхин дан дуьсуш хIума дац.

— Хьуна тамашена хета зудчун а, боьршачу стеган а цхьанисса бакъо хилар, хIунда аьлча, хьо ширчу гIиллакхашца хьалакхиъна ю. Зудчун сий дарх, иза ларарх боьршачу стеган оьздангалла лах ца ло. Дика ойла ехьа, кхетахьа. ХIинца а, тохара хьалха а санна, ширчу Iадаташа доккха зулам до зударшна. Вайн лулахо Керим вевза-кх хьуна? — хаьттира Перис.

— Дера вевза, дика вевза.

— ХIинца цуьнан ткъе итт шо бен хан яц, амма хIинцале кхузза зуда ялор кхиавелла иза. Цо уьш балабо Iадато иза доьхкуш доцу дела. Кериман хьалхара зуда яра цуьнан шича. Цунах берахь дуьйна цуьнан нускал олура. Оцу зудчуьнца цхьана шараххьий бен ца вехаш, ткъа тIаккха керахь декхаш бер а долуш, эккхийна дIаяхийтира цо иза. Цунах чам байра Кериман.

ТIаккха цо ялийра шайн куьпара чIогIа хаза а, дика кхеташ-кхиана а йолу йоI. Иза гIарбашан метта яра цуьнан. Иза дерриге ловш а, шен дахарна арз деш йоцуш а хилар ала деза. ХIетте а шарал тIех ца делира цуьнан Iер а. Кийрахь доьзалхо а волуш Керима эккхийра иза а.

— Кериман наша Маржан вон стаг ю, — аьлла тIетуьйхира Iайшата.— Иза цхьанцце а тарлуш яц.

— КхидIа ладогIал ахьа. ШолгIа зуда дIаяхийтанчул тIаьхьа оцу Маржана шен кIанте элира: «ХIинца аса лохур ду хьуна нускал». Луларчу куьпахь ехаш йолу Кенберан йоI йийхира цо. Бусалбан Iедалехь нускал гина ца хиларх захало дан мегаш ма ду. Юхь тIе тесна хIума а йолуш схьаялийра Кенберан йоI. Тохара хьалха шина зудчун а санна, мах моллас бира.

Амма дукха хан ялале, Iадатана тIе а доьгIна кхоъ сирник кховдийра майрачо зудчуьнга: «ХIара цаI, хIара важа, хIара кхозлагIниг. Хьо сан зуда яра. ХIинца хьо сан йиша ю. ДIагIо!» — элира цо.

Иштта ду-кх зуда йитар! ХIинца Керим керла нускал далоран хьокъехь ойла еш ву. «Зударий товш вац со. Ирс доцуш ву со!» ХIетте а цхьа а ца караво цунна эхь хетийта. Массой а вон бу, амма и цаI, Керим, дика ву.

— Бакъло хьо, — алаза ца Iаелира йоккха стаг Iайшат.— Маржан чIогIа вон амал йолуш ю. ЛадогIал аса хьайна дуьйцу долчуьнга, оцу хьокъехь хаац хьуна. Ваша вара цуьнан. Шен хазчу зудчуьнца Айбикица (дала гечдойла цунна!) ирсе вехаш вара иза. Мел чIогIа вовшийн дезаш дар-кх и шиъ! ЦаI вукхул хаза а йолуш нисъелла кхоъ йоI йира Айбикас. Маржана дохийра церан ирс! Гой хьуна, несо кIант ца вина, бохург дара цо юьхьарлаьцнарг. Дала кхиэл йойла цунна! Иштачу цIен тIе шайн мехкарий хIунда ло техьа дай-наноша.

— Вайшиъ вовшех кхеташ йоллу,— элира Перис, ела а йоьлуш. — Кхин цаI а ду. Дуккхаза а го бел керахь, гоьллец хотталахь йоллу, я элан цIов, я гали гехь зуда. Оцунах доьлла. Зудчо боьршачу стагана гIо дар лору иза. Иштачунна резахуьлу. Делахь дика ду, нагахь боьршачу стага зудчунна гIо дарх цуьнан доьналлина хIун эхь тIедогIу? Дукха хан йоццуш суна гира, бер кара а эцна вогIу стаг а, цунна юххе а хIоьттина

йогIу зуда а. ТIехбуьйлурш цаьрга дIахьоьжура: «Зуда, къонаха санна, куьйгаш дIаса а лестош йогIу, ткъа хIара, кIилло, бер кера а эцна вогIу! И эхь оха тхайна тIе-м ца данйтина!» — бохург дагахь долуш. Гой хьуна? Хилларг хIун ду? ХIун бохам иккхина? Боьршачу стага кера эцна-кх шен бер. Мичхьа ю нийсо?

— Ээ, сан йоI, со йист а ца хуьлуш Iерах, суна хIумма а ца го аьлла хета хьуна? ХIинца зовкхе денош тIехIиттина. Иштта дацара тхан заманахь! И заманаш — далла хастам бу! — дIаяхна. Тхуна дуьне ца гина. Дела къинтIера волийла суна! Уьш дагадаьхкича хьер яла а тарло. Майрачуьнца цхьа хIума къовсар, хьешана юьхь дуьхьал хьажар — гина хIума дуй? Хьуна хезаш дерг, хьо маре ялар ду-кх. Хьаьнга ло? Иза хьуна веза я ца веза? Къена я къона ву иза? Кхин зуда ю я яц цуьнан? Оцу хьокъехь хьоьга хоттуш хIума дацара. Суна, диканиг, уггаре сий доцуш хетарг ду, шайн вежарех бисна зударий божарша балор. Оцу къих дала лардойла вай.

Сайн майра дагаоьху суна. Iай дара иза. Вайн хьераш, хина ма а бина, болх беш ца хиларна, луларчу юьрта хьаьжкIаш ахьа дахара тхойшиъ. Ши гали говрана тIе а диллина, ша тIехиира иза. Ткъа кхозлагIа гали аса ги доьллира. Кхин дан хIума дацара!

ДIадоьлхуш дара тхо: хьалхайоьдуш говр а, цунна тIаьхьахIоьттина йоьду со а. Со гIелъяларх лаьцна цхьа дош а ала йиш ярий сан? Нагахь хIоккхо говра тIехаа аьлча а, со тIехуур ярий? Тхо пича наха хIун эр дара? «Зуда говрахь, ткъа майра гIаш!». Цо ур-атталла соьгара гали а дIа ца ийцира. Юха цIа а иштта даьхкира тхо.

— ХIан, делахь дийцахьа, хьошалгIахь, дезчу деношкахь муха хуьлура?

— Ээ, йоI! Ур-атталла цIахь а жижиг майрачунна дIа а лой, ткъа айхьа даьIахкаш Iуьйшура ахьа. Ткъа нагахь ловзар хилча, тхевнаш тIехь я бодане сенашкахь дIаловчкъара тхо. Божарий гIелбелчий бен хелхадовла таро а яцара. Иштта дара, хьоменг!

— Йоккха стаг, алахьа муха яра хьан хьомечу доттагIчун — Хьан майрачун цIе? — хьаттира Перис.

— И хIун ду ахьа дуьйцург — доттагI, бохург хIун ду?!

— Делахь хIета, майра, цуьнан цIе муха яра?

— Бакъдерг аьлча, майрачой, зудчой вовшийн цIераш яхар вон лоруш дара. Шовзткъа шара чохь цкъа а вовшийн цIе яьккхина яц охашимма.

— Ткъа хIун олура ахьа цунах?

— ЦIийнан да, доьзалан да, стаг, олур-кх.

— Ткъа цо хьо-х?

— ХIей, хезий хьуна! ХIей, чуьраниг!

— Ээ, йоккха стаг, йоккха стаг! Цунна со реза яц. Сан цIе Пери ю, ткъа сан хьомечух — Вели олу!

ДЕВЗАШ ДОЛУ АЗ

Кира лелон автомобиль яра новкъа схьайогIуш... ДегIах чекхболуш хьоькхура гуьйренан мох, тIехьа машина тIехь, кабина тIе куьг а диллина, ирахь вогIучу жимчу стеган юьхь-сибат шелоно цIийдинера, балдаш сенделлера. Амма жимачу стагана-м я шело а, я мох а ца хаалора. Собаре воцуш генна хьалхахьа дIахьоьжура иза, машина меллаша, чIогIа меллаша йоьдуш санна хетара цунна.

Жимачу стеган цIе Абкар яра, Советски Эскарехь гIуллакх дина а ваьлла, хIинца цIа вогIуш вара иза. Цунна тIехь салтичун керла барзакъ дара, белаш тIехь — сержантан погонаш яра. Хаьн тIехь кхозуш телатан тIоьрмиг, ткъа букъа тIехь—некъан пIаьлдиг гора. ХIаа, вуьззина волу салти вар-кх, цIахь гучуваккха эхь хетар доцуш. Бакъду, иза-м юьртахь хIинца ца вовза а тарло.

Кабина тIе а тевжина, цхьана стенна а хьокъехь яхь а, леррина ойла еш вара Абкар; цуьнан юьхь-сибат цкъа серладолура, тIаккха юха а кхулий дIахIуттура. Амма дукха хьолехь хьалха дIа а хьоьжуш воьлуш вогIура иза.

Вела муха воьлур вацара? ХIинцца дукха хан йоцуш ткъе кхоъ шо кхаьчна Абкаран.

Эскарехь дика говзалла Iамийна цо. Нагахь лаахь трактористан я шоферан болх бийр бу цо, цунна бен а дац. Уггаре халчу, адамаш уггаре а чIогIа оьшшучу гIур ву иза. Вела муха воьлур вацара, нагахь цIахь цуьнга хьоьжуш Iеш нана а, йиша а, кхин... Иза а — дуьнен чохь уггаре тоьлашха йолу йоI а хилча.

Атта алалуш дош ду «езарг» боху дош, иза чолхе дош доцуш санна хета, амма мел дукха хазахетар, дика ойланаш чулоцу оцу дашо! Дош цаI бен дац, ткъа «еза» бохучу дашо стигал серлайохуш, малхо къеггина серло

луш санна хоьтуьйту... ХІан-хІа, шена езаелчий бен хуур дац оцу ша тайпанчу дешан ницкъ мел тІех боккха бу.

Амма, бакъду, «еза», «езарг» боху дешнаш шен дахарехь хозуьйтуш цкъа а аьлла дацара Абкаран. Эскаре а вахале евзинера цунна Рабият, ткъа кегийрхоша, хууш ма хиллара, кхоадо безаман дешнаш, тІаьххьарчу рогІехь бен ца олу цара уьш. Шаьшшинна вовшийн дезаш хиллехь а, делахь а царех цхьаммо а оцунна мукІарло ца дора. И дош ца олуш а, ца хезаш а вахара Абкар эскаре.

Вовшех къастаро безам ца байъира, лах ца бора. Мел дукха кехаташ яздир-кх цара вовшашка! Мел дукха сатийсир-кх Абкара шена Рабият гун йолчу дийне!

ХІан, кхин ах сахьт даьлча, хІан-хІа, кхин ткъа минот яьлча, машина церан хьомечу юьртахь соцур ю. Муха тІеоьцур ву техьа иза Рабията? Елалур юй техьа, я хазахетарна йоьлхур ю техьа — муьлххачу бахьаненна а белха лууш ма хуьлий зударий — я бен а ца хеташ хир ю техьа?

ЧІуг етташ хьийзаш болчу новкъахула, Абкаран хьомечу юьрта кхачча йоллуш йогІура машина. ХІинцале гуш яра Тельмана цІарах йолу колхоз, ткъа цул тІаьхьа Ворошиловн цІарах йолу колхоз, кхузахь вина а, хьалакхиана а ву Абкар.

Юьрта йисттехь сецира машина. Лаьтта охьа а иккхина, ахча схьадаккха кисана куьг дахийтира Абкара. Шоферо, кабини чуьра ара а кхевдина, элира:

— Суна ахча дала ма гІерталахь, накъост сержант. Аса хьоьгара цхьа а кепек оьцур яц. Ткъа со суо а ма ву тІаьхьалонехь сержант.

— Делахь, баркалла хьуна! — элира Абкара, тІемалочо санна куйнан лабана тІе куьг а хьош.

Машина ша лаьттачуьра дІа а йолаелла, шоссе тІехула дІаяхара, гена ялале, некъо голатухучохь къайла а йолуш.

Букъа тІера некъан хІумнаш чохь йолу пІаьлдиг а тобина, готтачу бердашна юккъехула охьадогІучу жимачу хин йистаца болчу готтачу новкъахула дІавахара Абкар.

Ша цІа варах лаьцна цхьа а хаам ца бинера Абкара, цундела цунна дуьхьал цхьа а ца веара.

Воккхавеш, цецвуьйлуш, тамаша беш дІаса а хьожуш вогІура иза тийначу, дІасалелаш адамаш доцчу урамехула. ХІор цІа а, хІор тІулг а — дерриге а дика

девзара кхунна. Стенна а делахь а дагадаьхкира геннара, диц лур доцу бераллин денош, берийн дийнна арданг оьций хIор Iуьйранна ша оцу хинбердан йисте хийла ихна денош. ХIетахь цунна и хи дуьненахь уггаре доккханиг а, кIорганиг а долуш санна хетара. Амма хIинца а, кхин гIаланаш а, кхин хиш а шена пиннашехь, винчу меттагел башха ерш кхин яц, бохург дара цунна дагахь.

Юьртан тийналла йохош, дIо геннахь хин бердан вукху йистехь хезира моторан гIовгIа. Саца а сецна, ладуьйгIира Абкара: иза я трактор а, я автомашина а яц. Кхо шо хьалха кхузахь хилла доцчу лекхачу даккхийчу цIеношна чуьра хезаш яра моторан гIовгIа. Иза-м электрически хьер ма ю! Я нанас а, я Рабията а хIунда ца яздина техьа соьга юьртахь керла хьер йилларх лаьцна?

Урамаш а хедош дIаоьхура Абкар, цхьа а стаг дуьхьал ца кхийтира цунна. Жимачу стагана хаара берриш а балхахь хилар, амма цIеношна чуьра корехула ара адамаш шега хьоьжуш санна хеталора цунна. Шайн цIа хIинца данне а гена доцуш, гIулч сих ца йора Абкара: тIаьхьалонан сержантехь, я хинволчу трактористехь я шоферехь товш дац, каникулашна цIа вогIу дешархо санна, собаре воцуш хилар. Иза леррина дегI нисдина, корта лаккха айбина, доьналла долуш волу вуьзина къонаха санна вогIура.

Юьртсоветана юххехь Абкарна гира Атав а, бошмашлелорхо Хьаьжа а. Газетан витрина хьалха а хIоьттина, куьйгаш дIаса а лестош, цаI-м къуьйсуш воллура и шиъ. Къаьсттина чуьра вуьйлура Хьаьжа, газета тIе пIелг а Iуьттуш, Атавас дуьйцург тергал а ца деш, иза тIетаьIина цхьана хIуманах-м тешо гIертара хIара. Амма цу шинни а Абкар гира, шаьш къуьйсург диц а делла, шайн юьртахочунна дуьхьал хьаьдира и шиъ.

Абкар, цаьрца сецна а лаьттина, къамел а дина, дIавахара. Портфелаш а лестош, урамехула едда йогIура кхоъ йоI. Схьахетарехь, школе тIаьхьабуьсура уьш. ТIемало вогIу а гина, бIаьргнегIар тухучу сохьтана совца а севцна, бIаьргашца хIара дIа а хьажийна, едда дIаяхара уьш кхоъ.

Чайниний, туьканний юххехула а ваьлла дIавоьдучу сержантана, берийн бешана юххехь гира даккхийчу дашочу дешнашца тIеяздина «Клуб» боху йоза а долуш даккхий хаза цIеношн. ХIара эскаре воьдучу хенахь кху-

захь яцара и клуб. Иза ярх лаьцна а ца яздинера кхуьнга я Рабията а, я нанас а.

«Дика дац, — бохуш ойла йора Абкара, — иза язда а мегаш цахилла-кх. Нехан юьртахула вогIуш санна ду».

Ши пионер воллура клубана хьалха хаам дIатухуш, цу тIехь тахана сарахь керла кинофильм гойтур ю, бохура. Сецира Абкар. Юьртахь уггаре доккхачу, уггаре хазчу оцу ЦIийне дика хьажа лаьара цунна. Пионерашна гира сержант, царех цхьаммо кхуьнга маршалла хоттуш, дегI а нисдеш, куьг цIоцкъаме айбира. «ПаргIат хила!» — аьлла, буьйр а дина, дIавахара Абкар.

Кхин масех гIулч яькхичхьана волура иза. Шайн урамехула чувирзинчу цунна оцу сохьта шайн керт а, ша винчу цIийнан тхевнан туьнкалгехула арабуьйлу кIур а гира, йижарийн биэлар а хезира.

Кхин тоха са а ца хилла, ведда ринжина тIехула а иккхина, куьйгаш хьалхахьа дIа а кховдийна:

— Мама! — аьлла мохь туьйхира цо.

— Абкар! — халла бен ца хезаш и дош а олуш, кхунна дуьхьалхьаьдда нана, бIаьргнегIар тухучу хенахь кIентан ондачу куьйгаша къевллина марайоьллира.

Цхьана куьйга нана, ткъа вукха куьйгаца тIеедда ши йиша марайоьллира сержанта, къайллаха кIелдIашхула дIаса а хьоьжуш: Рабият яц техьа кхузахь? — бохуш. Амма Рабият яцара.

Меллаша, Iаламат меллаша хан дIайоьдуш санна хетара оцу дийнахь Абкарна. Къоначу сержанте хьовса а, цуьнан хабарашка ладогIа а оьхура гергарнаш а, лулахой а, бевза-безарш а, данне а девзаш доцу адамаш а. Ринжин нел дIа моссавза еллало, дог сихха детталуш, сатуьйсуш неIарехьа хьоьжура Абкар: кIинца йогIург-м муххале а иза хир ю, олий. Амма иза ца йогIура. Чуоьхура кхуьнан хьеший а, лулахой а, кхиберш а, шен кийра багар лечкъо а гIерташ, Абкара царна, юх-юха дуьйцуш, дуьйцура эскарехь хиллачу шен дахаран хьокъехь, ша хиллачу гIаланийн хьокъехь.

Хан дIайоьдура, амма Рабият йогIуш яцара. Хаттар дан дагахь цкъа нене, ткъа тIаккха йоккхах йолчу йише хьоьжура жима стаг, йишас цаI хаа а хууш шех лечкъадо моьттуш. Амма хатта ца хIуттура хIара.

Хан дIайоьдура. Кхин ах сахьт а... сахьт а делира... Амма Рабият янне а йогIуш яцара. Мичхьа ю техьа иза?

Тахана ерриге а юьрт ала мегар долуш еана хIокху цIа чу, стенна делахь а и цаI ца еана-кх. «Балхахь тIаьхьайисна хила тарло техьа иза?» — боху ойла дагаеара цунна, оцу ойлано кIеззиг сапаргIат а доккхуш.

Са а дайна, суьйре тIекхечира, электрически лампанаш а летира, Рабият балхахь оццул тIаьхьаюьсур яцара бохург дагчу иккхира Абкарна. ХIун дийр ду, ян ца лаьа-кх — ма йола. ХIара а гIур вац иза йолчу. ГIур вац! Иза йоцчохь геннахь ша и йоI гаре оццул чIогIа са хIунда тийсана техьа, бохург дара дагахь.

Дагахь чIогIа гIайгIа хаалуш вара Абкар. Чухула дIаса а волавелла, коран йисте охьахиира иза, этажерки тIера книга схьа а эцна, агIонаш дIаса а листина, диван тIе дIакхоьссира цо иза. Корехула ара а кхевдина, кемсийн таьллингана тIера кан а баькхкхина, ца догIучу дагца цуьнан мутт долу даккхий буьртигаш бага кхийса хIоьттира иза. Жимма багахь Iовша а Iевшина, кемсийн кан дIакхоьссира цо, юха а цIа чухула дIасаволавелира.

Чуеана йоккхах йолу йиша, радио дIа а йоьллина, диван тIе охьа а хиана, цхьа тамашена Абкаре хьаьжира. Иза соцангIа а хилла, ладогIа велира. Радиочухула литовцийн маттахь хезаш яра «Даймехкан хьокъехь йиш». Сержантан дог сихха детталора. Литвехь эскарехь гIуллакх деш дуккха а денош даьхнера цо, дозу доцуш яккхий хьаннаш, аренаш йолу и башха меттигаш езаеллера цунна, буьрса делахь а, амма денаш дика долуш долу и адамаш а дезаделлера цунна. Дера дика адамаш ма дара цигахь, къаьсттина хаза бара маьхкарий. Амма царех цхьаьнгге а дIахьожуш вацара сержант, цхьаьнгге а, хIунда аьлча, лаьтта тIехь уггаре тоьлашха, уггаре хаза йоI Рабият хиларна. «Ванах, бакъалла а йогIур яц техьа иза? — бохуш, гIайгIане ойла йора цо.

Цхьаммо-м неI туьйхира. «Иза ю-кх!» — бохург дагаиккхина Абкар, бен а ца хеташ санна, ур-атталла неIарехьа дIа а ца хьожуш, дIахIоьттира. НеIсагIех ша чуйоллушехь иза шена тIехьодур ю, я тIехьашхула тIе а еана, куьйгашца шен бIаьргаш дIакъовлур ду, я... моьттура кхунна.

И тайпа хIума хиллане а ца хилира. Рабият ца еара еанарг кхуьнан йишин дottагI яра. Ийзалуш цIа чу а яьлла, цIий а луш, Абкаре маршалла а хаьттина, цецъ-

яьлла цуьнга хьажа а хьаьжна, ккуьнан йиша а эцна, сихха дІаяхара иза.

Абкар кхин Іийр вац цуьнга хьоьжуш. ХІара ша гІур ву хІинцца Рабият йолчу, шена хала мел хеттарг, шен даг чохь мел гулделларг дерриге цуьнга дІаэр ду. Салтийн чоа схьа а эцна, цхьана пхьуьйша куьг долла хІара кхиана валале, важа куьг ша долччохь охьадахара, амма ккузахь хилларг...

Масех минот яьллачул тІаьхьа радио ле а йолаелира, зудчун аз а хезира:

— Къамел до Ворошиловн цІарах йолчу колхозан радио станцера! ЛадогІа тІаьххьарчу хаамашка. Тахана, делкъал тІаьхьа кхо сахьт даьллачу хенахь цІа кхаьчна Советски Эскарехь гІуллакх дина ваьлла вайн юьртахо Арсланов Абкар. Колхозан правленис цІа варца декъалво хьо, хьоме накъост Арсланов!

Аз хезира, Абкарна репродукторчуьхула шера хезира дайн садоккхуш а, цул тІаьхьа меллаша аьлла дешнаш а:

— Аса а декъалво хьо, Абкар!

Хазахетта жима стаг мохь баллаза висира. Цунна оцу сохьта муха ца девзира и аз, оццул хьоме, оццул, девзаш долу аз!

НеІарехь, ела а къежаш, хьесталуш кІанте хьоьжуш лаьттара нана.

— Рабият ю иза, — элира цо, — евзин хьуна? Тахана вайн радиостанцехь дежурни ю иза. Хьоьга иза ала дагахь яра со, ахьа ца хотту а гина, Іад Іийра-кх.

Нана дехьа чу яхара, ткъа Абкар, охьа а таьІна, репродукторна оба а аьлла, сихха цунна тІаьхьавахара.

— Дика-м дац хьуна, мама, вайн ккузахь радиостанци яр соьга цхьаммо а ца яздар! Дика дац. — элира цо бехк боккхуш нене, хазахеташ вела а воьлуш.

— Сан кІант, дерригенах лаьцна яздина вер вуй? Кхана дерриге а хьайна гур ду хьуна. Аьлча а, нагахь лаахь, хІинца гІохьа жимма волавелла самукъадаккха, оха суьйранна яа хІума кечъешшехь, — элира, ела а къежаш, ккуьнан дагахь долчух кхеттачу нанас.

Сихонца салтийн чоа тІе а дуьйхина, ураме аравелира Абкар. Воьддушехь почте вахара иза: цигахь яра колхозан радиостанци.

Ишттта дерг а нисло-кх, наггахь, хьоме накъост?!

ЦХЬАНА ЮЬРТАХЬ

Шайн цIийнан кетIарчу кевне кхоччушехь сецира Совдат. Кхунна хьалхха, лаьтта бухара схьаваьлча санна, дIахIоьттира цхьа жима стаг.

— Хьайна луъург де: хьайна лаахь вен а ве, хьайна лаахь... Сан кхин дан собар дац! — элира цуьнга Мусас, ткъе пхиъ шо хир долуш волчу жимачу стага.

— Соьга хетта а ма хеттахьа. Суна а дера хаац хIун дан деза, — аьлла жоп делира Совдата.

— Аса кхана захалаш бохкуьйтур бу. Оцу тIехь дерриге чекхдала деза!

— Делахь бахкийтахьа,— элира Совдата меллаша, эхь хетта корта охьа а бохуьйтуш.

Дукха хазахетарна еххачу хенахь ала дош ца карош Iийра Муса. Йоьлан шиш а куьг схьа а лаьцна, баркаллин билгалонна уьш чIоггIа Iаьвдира цо.

Мархашна кIелхьара гучубаьллачу батто къона ши стаг серладаьккхира. Сийначу серлонехь лиэпа бIаьргаш хьалахьажийра Совдата, цкъа а ца хетаеллачу кепара иза хазахетаелира Мусана.

Цхьа шо хан яра цу шинна вовшийн деза. Ловзаран хьокъехь къамел долийча, Совдата даима а олура: «ХIинца а хьалхе ду», — ткъа Мусас жоп лора: «ГIуллакх хьалхе хиларх дозуш дац, ткъа хьох хьайх дозуш ду, Совдат», олий.

Муса тахана гIуллакхан йист яккха гIертара, хIунда аьлча, цунна хаара: нагахь бIаьста ловзар дойла ца хилахь, геннара гуьйре тIекхаччалц иза тIаьхьататта дезар дуьйла, ткъа тIаккха, хIун хаьа Iа юккъе даххалц собар дан деза тарлой а.

Совдат, ела а йоьлуш, ехха хьийжира дIавоьдучу Мусана тIаьхьа. Цунна мухха а хеталора, шена везаш верг гена мел волу ирс гергакхочуш санна.

Совдатан да Муртаз юьртахь лоруш стаг вара. ДегIехь ницкъ болуш зоьртала хиларний, даккхий мекхаш хиларний доцуш, ткъа ша бечу балхаца а гоьваьлла вара иза. Советийн Iедал тIедеачхьана уггаре а жоьпаллин белхашкахь вара иза. Дуьххьарлерчу юьртсоветехь хьалхара председатель вара; колхоз йиллича — цуьнан хьалхара председатель; тIаьхьо баня йиллича — цуьнан хьалхара заведующи вара иза. ХIинца иза, бакъдерг аьлча, колхозан ревизионни комиссин председатель вара.

Сарахь, тракторийн бригадан бригадир Дауд веача, Муртаз цIахь вара.

— Хьо-м наггахь бен ван а ца вогIу, — элира Муртаза, хьеше маршалла а хоттуш. — Тамашена хIума ду хьо тхоьга вар? Гуш а ма вац хьо?

— ВаллахIа, хан-м ца хуьлу, — аьлла жоп делира Дауда. — Тахана мукъа вара со. Цундела иштта схьа чувеара со.

«Иштта схьа чу-м хьаха вогIур вацара хьо, — бохург дагадеара Муртазана, —схьахетарехь, цIа деха веана хьуна хIара».

— ВаллахIа хан-м яц, — бохуш шен къамел дIадолийра Дауда. Дийнахь а оху, буса а оху. Масалана схьалоцур вай тхан Муса, иза хьуна дика вевза. КIант балха тIехь цIеран суй бу. Болх хилчхьана, бепиг ца диача а мега иза. Тахана халла цIа вахийтина аса иза, мукъа денош а доцуш болх беш ву.

«АхIа, Мусас охуна дина меттиг талла а ца толлуш аса тIеоьцийла лаьа хьуна кхунна» — бохург юха а даг чу иккхира Муртазана. — Иш, иза вара кхо гIайгIа бийриг! ХIан-хIа, доттагIа, нагахь хьо цхьогал делахь, со цхьогалан цIога ду. Со-м хьаха Iехор вацара ахьа».

Кхин а дуккха а дийцира Дауда Мусех лаьцна. Муртаз кхеташ вацара. Кхунна данне а дагахь дацара тракториста Мусас ша волчу хьажийнарг захало дахьаш веана хилар.

— Дика ладогIал, Муртаз, — аьлла, тIаьххьара а ша деанарг дIадолийра бригадиро, — суна хьо а, хьуна со а вевза, ткъа вайшинне а дика вевза Муса. Со веана, Совдат Мусага маре яла реза вуй хьо? — хаа.

Цецваларна бага гIаттийначохь висира Муртаз.

— Даггара там хиларца иза цуьнга лур яра аса, — элира цо, — амма сан йоI Алибекан кIантана ехна ю.

Иштта жоп хезна Дауд цецвелира. Алибек районехь доккхачу гIуллакхехь хилар хаьара цунна, схьагарехь, иштта наха лоруш волчу кху шина стагана юккъехь, йоьIан бертаза а доллушехь, барт хилла хила тарлора. Ткъа иза хIара кхеташ хIума дацара.

Муртазана чIогIа оьгIазвахарца дIавахара Дауд.

Бригадиран дешнаш хезначул тIаьхьа, шен метта бахка безарш схьакхачаре а ца хьоьжуш, юьрта вахара Муса.

— Папас, схьахетарехь, дуьххьалдIа бегаш бина хьуна. — элира Совдата, Мусага ла а доьгIна. — Бегаш болуш ву иза. Делахь, хьуна цкъа а ца хезна «кхиана йоI йолчун стеган юхагIертар шозза алсамдолу» олуш? Бакъду, захало дIахьахошшехь резахила ца лиана папина.

— Делахь, иза-м хIумма а дац,— аьлла, сапаргIат велира Муса. — Цкъа хьовха, ткъе уьттаза... бIозза захалаш бохуьйтур бара аса хьан да волчу..

Дауд шолгIачу сарахь а вахара Муртазана тIе. Амма хIинца хIара дегаза, шога тIеийцира.

«Юкъарло дуьйцучуьнан Iожалла яц» олуш ду. Со вайтина дела веана со Ахьа, схьахетарехь, бегаш бо. Совдатана оцу хьокъехь хууш хIумма а дац,— элира Дауда, Муртаз оьгIазе кхохкийна хилар тергал а ца деш.

— Мм... Иза вон ду ткъа? Цунна хаа а ца оьшу. Иза шен ненан кийрахь яра цуьнан захало деш.

Муртаза бийриг бегаш бацара. Ткъа шо хьалха цхьанхьа шаьш молуш Iаш Муртазий, Алибекий вовшех кедаш туьйхира.

—Стенна тIера молу вайшимма кад?— хаьттира Алибека.

— Стенна тIера бохург хIун ду? — жоп делира Муртаза. — Вайша зударий балийна ву. Нагахь цара вайшинна кIанттий, йоIIий дахь, церан захало дийр ду вайшиммо.

Цара кедаш кхин цкъа а вовшех а тоьхна, буха тIадам ца буьтуш дIамелира. Иштта захало дира Совдатан, Iалин.

Ткъа шарахь оцу хьокъехь цкъа а ца хезнера Совдатана. Цунна хаара Алибекан Iали бохуш кIант хилар а, Москвехь я Ленинградехь иза доьшуш хилар а, амма цунна иза цкъа а гина вацара.

Мусан, Совдатан цхьаьнакхетар гIайгIане дара. Йоьлан цIоцкъамаш охьадахнера. Жима стаг а вара корта оллийна Iаш. Ший а дист ца хуьлура.

— Со... со... — бохуш йоьлхура Совдат, — сайна ца везачу стаге маре ца йоьдуш яла а реза ю-кх. Со дIа ма тасахьа, Муса...

Хих дуьзна бIаьргаш цуьнга дIахьажийра Совдата. Мусан дог лазарна къийлалора. Йоl мара а юллуш, цо элира:

— Вайшиъ вовшех цхьаьнгге а даккхалур дац, цхьаьнгге а!

Шолгlачу дийнахь Іуьйранна районе ЗАГС-е дахара и шиъ.

Мусан цlен тlехь яха хиира Совдат. Йоьlан да-нана долчу даха ший а кхоьрура хlара шиъ. ХIун хаьа цара цо динарг тlе муха оьцу? Йоlал кlезиг воцуш гlайгlане вара Муса а. «ХIун хаьа, нагахь иза да-нана долчу йодахь, цара иза юха схьайоуьйту я ца йоуьйту?» — боху ойла йора цо. — «ХIан-хIа, ца яхча дика хир ду. Цаl вохуьйтур ву аса, тхайна къинтlера бовлар доьхуш».

Совдатан гергарнаш болчу юкъарло дийца бахийтанарш сиха юхабирзира. Муртаза уьш, чу а ца буьтуш, лелхийнера. Кертара арабовла аьлла ца Іаш, цо уьш ша туьттуш ураме арабаьхнера, маьттаза бага етташ дикка лаьттира иза кевнехь.

— Со оцунах хlуъа а хилча а тешаш вац-кх. — элира Мусас, зудчух чlогlа къахеташ.— Хьан дас муха дийр ду иштта ниг! Иза-х коммунист, юьртахь лоруш стаг ву.

Ойла а йина, кхара сацийра: Совдатан да-нана долчу нах а ца оьхуьйтуш шаьшшиъ даха.

Бlаьстенан хаза, екхна суьйре яра! Лаьтта тlехь а, хlаваэхь а хаалора бlаьсте самукъане хилар. Амма хlокху къоначу зудчун, майрачун кийрахь сапаргlато яцара. Кертан кlетахь сецира хlара шиъ. Ков тоха ца хlуттура Совдат. Кхеран ирсана кертара схьахьаьдира Совдатан жимах йолу йиша, Анава. Хазахетта мохь а болуш, йишина коча тасаелира иза.

Церан самукъадалар дохийра кертара буьрса мохь хазаро:

— Мила ву цигахь верг? Ков дlа стенна диллина ахьа?

— Иза-м Совдат ю! — жоп делира Анавас.

Ийзалуш керта делира Мусай, Совдаттий. Муртаз дечиг доккхуш воллура. Корта хьалаайбича йоl а гина, керахь диг а долуш, цунна чухьаьдира иза. Дукха йохарка ша йолчуьра меттах а ца йолуш йиснера Совдат. Цуьнан бос байнера. Уггаре кхераме меттиг тlехlоьттича Мусас каде схьадаьккхира хьере хиллачу ден карара диг. Халла са а доьlуш, диг мича дахьа деза ша ца хууш, тlаьххьаре а иза Анаве дlаделира кхо.

Ткъа Муртаз, куьйгаш ирх а дахийтина, мохь хьоькхуш вара:

— ДIагIо сан цIентIера! Шу ган а ца лаьа суна! Сан яц йоI! Сан вац нуц!

Кех арадаллалц кIегара деара къона зудий, майрий, «Да-м иштта юхъхьа вер вара, ткъа иза воцуш сан-х нана а ю»,— бохуш дийнахь а, буса а ойла йора Совдата. Дерриге а дицделла, нене сатуьйсура цо. Цкъа, Муса ара балха вахна волуш, шен ден цIа яха сацийра цо.

Сатоссушехь шен ден цIа а яхана, ков дIаделла гIоьртира хIара, амма иза чIогIа дIакъевлина дара.

Ойла еш дикка латта а лаьттина, ткъа тIаккха кор туьйхира йоIа

— Мила ву? — хаьттира схьадиллинчу корехула нанас.

Совдатан дог сихха деттадала делира: мел дукха хан яр-кх кхунна и хьоме аз хазаза!

— ХIара-м со яра, мама, — меллаша жоп делира йоIа.

— Са-м яц йоI, Совдат. Сан цхьа йоI, Анава, йисна цIахь, иза цIахь ю, — олуш шога жоп делира нанас.

— Мама, мама!.. — аьлла мохь а болуш куьг кховдийра Совдата, амма кор аьнглеш а лестош, чIогIа дIачIегIира. Кор тIекхетаран зов дехха хезаш дара Совдатана. Цуьнан беснешна тIехула комаьршша охьадоладелира хин тIадамаш. ХIун ду кхуьнгара даьлларг? Шена везачу стагана шен дог дIадалар? Ткъа кхечу агIора иза хила тарлорий? Делахь хIета, нана — кхуьнан уггаре а гергара стаг — мукъана а хIунда ца кхета? Иза хIунда ца йолу кхунна орцах?

Малх хIинцале схьакхеташ бара. ГIоттуш лаьттачу дохкарна юккъешхула гуш дара ша йинчу цIентIера гуттаренна дIайоьдучу, оьзда куц долчу йоьIан Iиндагl.

МАРНАНА

Сабихьатан майра — Салихь ара балха вахана вара, ткъа марнана стомара шен йоI йолчу яхарх хIинца а цIа ца еанера. Iуьйранна дуьйна а дегI дика доцуш, лазарш хаалуш яра Сабихьат. Кхин когаш тIехь латта ницкъ а ца хилла, сени чуьрчу диван тIе охьалахъелира иза.

— Райхьант! Дика йоI, схьачуйолахьа цхьана минотана, — аьлла кхайкхира иза кевна юххехула чекхйоллуш йолчу, цхьайтта шо хан йолчу лулахойн йоIе.

— Ткъа со школе тIаьхьа ма юьсу!

— Аса хIокху сохьта дIайохуьйту хьо, чуйолахьа, диканиг.

— Ой, хьо могуш йоцуш-м яц, Сабихьат?

— Могуш йоцуш ю, диканиг, могуш яц со. ДIайоьддушехь лор йолчу кхетахьа. Тамаре со могуш яц алахьа.

— Эр ду, билгало йоллуш эр ду, са ма гатде ахьа, Сабихьат.

«Дика болх бу-кх ков дIадиллина хилла, суна ца гуш тIехъяла тарлора Райхьант. Дерриге ала ма-дезза Тамаре дIаалахьара цо...» — бохуш, гIайгIане ойла еш яра Сабихьат, цIеххьана чуяьлла Тамара цунна хьалха дIахIоьттича.

— Хьуна хIун хилла, Сабихьат? Ца могуш хилла хьо?

— ХIун ду а хаац, амма чIогIа ца могу суна. Иштта цкъа а хилла яц со.

— ХIаа, — элира Тамарас, леррина Сабихьате а хьаьжна, схьахетарехь доьзалхо ван веза хан тIекхаьчна хьан. Кечлол, бераш дечу цIа дIаюьгур ю аса хьо. «Роддоме», кхетий хьо?

— Ахьа хIун дуьйцу? — бохуш, духьалъелира Сабихьат. Со муха гIур ю цига? Я майра а, я марнана а цIахь ца хилча. Церан бертаза аса муха дийр ду иза? ТIаккха хIун эр ду Ашурас?

— Цаьрга хатта оьшуш хIума дац, дерриге а дика дIанислур ду. Хьо ккхузахь ялийта йиш ма яц!

— Ткъа марнана бераш дечу оцу цIийнан хьокъехь ур-аттала хаза лууш а ма яц. ХIун де техьа аса?..

— Иза-м кIадда а боцург дара ахьа дуьйцург. Хьо холча хьолехь ю. Ткъа цигахь хьуна оцу сохьта гIоле хир ю, сихлол!

— ХIан-хIа, йитахьа со! Ян ца хIутту со... Хаац суна-м... Кхоьру-кх со...

— Правленина хьалха лаьтташ машина гира суна, аса хIинцца иза схьаялайо хьуна! Сихха кечлол!

Ша бохучунна тIера юха ца йолуш, едда кех ара а иккхина, къайлаелира Тамара.

Кхин пхи минот яьлча, колхозан бригадиран Айзантан гIоьнца кабини чу а хайна, ткъа ша тIехьа кузовна чу а хиина, машина роддоме дIахьажийра Тамарас.

Шен йоI йолчохь а Iийна, цунна чохь гIо а дина, делкъан хенахь цIа еара Ашура. «Схьагарехь, ара балха яхана хьуна иза, готтар балхах Iебаш яц-кх хIара»,— элира, Сабихьат цIахь а ца карийна оьгIазъяханчу Ашурас. Амма сарахь а шен нус цIа ца еача сагатделла, лулахошка шен нус хатта яхара иза. Амма цхьанне а хууш хIума дацара. «Сабихьатан хIун бала бу адамашна! Массеран а шайн-шайн шортта гIуллакхаш ду», — бохура цо ша шега, мерах а луьйш. Сихха цIехьа йогIучу Ашурина цIеххьана шега цаI кхойкхуш санна хетаделира.

— Хьо-м яц соьга мохь бетташ кхойкхург?

— Ю-те, со ю. Сабихьатехь хIун хьал ду? — аьлла хаьттира едда тIееанчу Райхьанта.

— Со-м, йоI, далла хастам бу, могаш ю, вон хьал дац.

— Ткъа аса-м хьо ца юьйций, Сабихьат хоьттий аса-м. Диках хир дара ахьа цуьнгара хьал дийцича, гIолехь юьй иза?

— Со-м ца кхета ахьа дуьйцучух... Хьенан могашалла хоьтту ахьа?

— Сабихьатан. Сабихьат мича хьолехь ю, пергIатъяьллий иза? гIоле хиллий цунна?

— Ткъа ца могуш хилла иза? Со селхана Уразман йолчу йоьдуш могаш ма ю иза. Стенна а делахь хIинца цIахь яц иза.

— Тахана Iуьйранна со лор Тамара йолчу яхийтира цо, ша ца могуш хилар хаийта.

— Ца хезна суна... Хаац суна... Мамара мила ю, цуьнга хаийта стенна оьшу? ХІун хаийта деза?

— Тамара юй иза-м, Мамара яций. Лор ма ю иза, цуьнгара гІо оьшура. Аса Сабихьат ца могуш ю шега оллушехь, Тамарас элира, доьзалхо ван веза хан тІекхаьчна, Сабихьат роддоме охьайилла еза.

— Мича, мича бахара ахьа?

— Роддоме, оьрсийн маттахь иштта олу чохь бераш дечу цІийнах.

— И хІунда юьллу цига охьа? ЦІахь дича ца мега бер? — Йоккха стаг оьгІазъяхара, кхин цхьа а хІума ца хоттуш, ков тІе а чІаьгІна, чуяхара иза.

Ашура шайн неІсагІех чоьхьа яьлла ялале, ков юха а дІаделладелира, цІа догІучу хьелаша маІаш тоьхна дІадиллинера иза.

— ЭххІай, хьо бала, схьагарехь, шу оза а сан дезар ду-кх.

Садайра, ойланашка яьллачу Ашурина хьелий дицделлера. Уьш чІогІа Іоьху а хезна, сихъелла хьала а иккхина, етт узу чийлак схьа а эцна, панар а латийна, керта яхара иза.

— Хьаха дац докъар-м, аша муха лур ю шура, хьайн ца мега хІума яІ! ХІан, ког дІа мукъана а хІоттабел! — бохуш, чІогІа оьгІазъяхна хьелашна тІечехара Ашура.

ХІокху дерриге кІиранах арахь болх а бина цІа вогІу Салихь кех чувелира.

— Хьо хІун деш йоллу, нана? Ахьа хІунда узу хІорш? ХІара стенга яхана? Могуш йоцуш-м ца хилла иза?

— Муха ца хилла, могуш йоцуш хилла боху, дала иза дІаэцарг!

Йоккха стаг цхьана хІуманна оьгІазъяхнийла хууш, Салихь оцу сохьта чу а вахана, лампа а латийна, хІор цІа чу хьожуш чекх а ваьлла, Сабихьат чохь а ца карийна, гІайгІа еш корта а оллийна, неІаре дІахІоьттира.

— Я яош буц а ца хилча, я малош чорпа а ца хилча шура мичара хир ю? — бохуш, юха а мохь хьекха хІоьттира йоккха стаг, кІантана тІе а йирзина.

— Дийцахьа, Сабихьат стенга яхана? Могаш яц а боху ахьа иза, цІахь ма яц иза?

— Цу эхь ца хетачу хІумано цІахь дан хІума дац. Иза... хІун алара цунах?.. Роддоме алара цунах?.. Ва нах, собардел, цунах хІун олура... ХІаа, роддом,— едда

цига яхна хьан зуда. ХIоккхул сиха хьо хIунда веана цIа?

— ПхьалгIа веанера со, готанан нох а кагделла. Мухха делахь а иза йолчу яха езара, хIун-мила ду хьажа, цуьнгахь хIун хьал ду хьажа.

— Цига яхана аса дан хIума дац, шен цIахь Iен езаш хиллера. Хьан бертаза-м ца яхана хьуна иза цига. Эхь ца хета хьуна, мегарбоцу гаврш болчу зуда бер дан яхийта? Хьанна гина хIума ду иза? Дерриге а Iадаташна тIе шеташ етташ долу хьоза лехна ахьа хьайна, массарна а хьалха сий дайи ахьа вайн!

— Со мича бехке ву? Нагахь хьуна иза лууш ца хилча, тIаккха аса а иза могуьйтур ма дацара, цуьнан ког а болуьйтур бацара аса оцу чу.

— Делахь хIета, вай бохург а ца деш хIунда яхана иза цига? Иза цига йохуьйтур яц аьлла тIе ма лаьцнера ахьа суна? Нагахь хьо вуьззина къонах велахьара, тIаккха ишшта лелар яцара зуда, ахьа бохург а ца деш кхерсташ лелар яцара!

— Со цIахь хилла хиллехьара аса ца яхийтина хила а тарлора иза. Нагахь иза хIинца цигахь хилча, дан хIума дац, стенна оьшу карзахдийла? Нагахь хьо иза йолчу ца йодахь наха бехк буьллур бу вайна. Дера, нана, мухха а делахь а хьо цига яхча бакъахь а хир мадара.

— ВаллахIи гIур яц со-м, сан ког хир бац цигахьа. Аса бохург ца дина цо, гIур яц со иза йолчу. Бер оьцуш йолу йоккха стаг Кистаман ялийнехьара дика хир дара, бер цIахь дийр дара.

— Хирг хIинца хилла даьлла, нана, иза а аттачохь яц, иза йолчу яха еза. Наха а бехк буьллур бу. Ца яхча бакъахьа хир дац. Нагахь хьо ца йодахь, тIаккха сан сайн ваха дезар ду, хIун-мила ду хьажа дезар ду.

— Ахьа хIун дуьйцу, хьо корта хьевзина-м вац? Берах йолчу зудчунна тIе боьрша стаг вахана бохург хьанна хезна хIума ду? Хьанна гина ду? Эхь ца хета хьуна? Готтаре а хьекъалах тилла-м вац хьо? ХIинца шера го суна шун тоххарехь дуьйна барт хилла хилар!

— Бакъ яц хьо, нана, цхьа а барт хилла бац тхан. Аса айса а бехара цуьнга, цIахь Iе, дикаха хир ду. Амма нагахь: хIинца хьо иза йолчу ца йодахь... ТIаккха наха хIун эр ду?..

— Шайна луъург эр-кх! Ашура несаршца тарлуш яц,

ткъа Салихьа уьш буьту — иза ду-кха аьн дерг. Амма оцунах вайна хила я вон болх а я дика болх а бац. Шена цунах къахетарг, дог лозург гIонда шена иза йолчу, амма со-м гIур яц.

— Делахь со гIур ву-кх!

— ХIан-хIа, хьо гIур вац! Хьо а, со а цадахарх мегар ду.

— Деллахь, кхетахьа, нана.. Хьо кхета ма-езийца... Сох мукъана а дог ца лозу хьан? Со вац ткъа хьан кIант?

— Сан кIанттий! — Йоккхачу стага ца ешаш хичаш йира, амма тIаккха дог мелла а кIадделлачу цо, элира: — Суна кIинца хIумма а ца го, буьйса йоьлла вайна, Iуьйре тIекхаьчча хуур ду-кх... Аса кхин а ойла йийр ю хIокху гIуллакхан...

Шена мел лууш ца хиллехь а, амма Iуьйранна, хьелий а оьзна, уьш дIа а лаьхкина, нус йолчу яха кечъелира Ашура.

— Нагахь хьуна, Салихь, со яхар иштта лууш делахь, хинда шена иштта, гIур ю со цига, хIун олур цунах, домороде...

— Делахь дика ду, — кIентан самукъа делира. — Делахь хIета со пхьалгIа гIур ву, нох тодиний хьожур ву со. Малх схьакхетале тIевогIур ву аьлла дош делла аса накъосташна, царна тешнабехк хиларна кхоьру со.

КIант пхьалгIа вахара, ткъа нана бер дина Iуьллуш йолу нус йолчу яхара.

Сабихьат йолчу гIо техьа ша я ма гIо техьа, бохуш ойла еш дIайоьдучу Ашурина ша роддоме дIакхаьчча а ца хиира. ЦIехьана роддоман неIсагIина тIенисъелла хIара цец а яьлла йисира. Ткъа хIинца юха а йирзина цIа яха тамехьа а ца хетта, роддома чу яха дийзира Ашурин. Масех шарахь кхузахь болх беш йолу акушерка Анна Ивановна елира цунна дуьхьал.

— ХIун хьал ду тхан Сабихьатехь?

— Башха дика хьал ду. Цо шайна муха кIант вина хаахьара хьуна,— элира лоьро, бер динчу зудчунна хьалхара.

— ЧIоггIа алахьа, лергана онда ю со. КIант вина ца элира ахьа?

— КIант вина, кIант!

— Делахь хIета, лартIехь мукъана вуй иза?

— Иза боккха тIуз бу, башха хаза ву! Бакъду, цхьа

ког жимма нийса боцуш бу, амма... То-м лур бу, атта дIанислур бу иза. Важадерг шадерг а лартIехь ду.

— Могаш ву-кх делахь, — когах лаьцна дерг ца хезначу Ашурин самукъаделира. — Яхана Салихьан самукъадоккхур аса, кхаъ боккхур аса!

Дукха сакъерделлачу йоккхачу стагана ша цIа муха кхечи а ца хиира.

— Салихь, кIант вина вайна! — аьлла мохь белира цуьнга, пхьалгIа вахана цIа вогIу кIант кертах чуволу ма гиннехь.— Делахь, хIинца кIант воккха хиллалц-м цхьа а болх а бойтур бацара аса цуьнга. Дерриге а аса айса дийр ду. Ткъа цо кIант кхионда шена.

— Ткъа хьуна гиний иза? Ца гина? Ткъа Сабихьат муха Iеш ю?

— Суна сайна га-м ца гина, амма оьрсийн зудчо элира, бер дикачу хьолехь а ду, могаш а ду. Цо кIант вина оллушехь, дукха хазахетарна Сабихьатехь хIун хьал ду хатта диц а делла схьаеа со. ЧIогIа дика стаг яра и зуда.

— Иза дера хилла хьуна, схьахетарехь, Аня, цунна массарначул а дика хаьа вайн, аварцийн, мотт.

— Цуьнан цIе хIун ю-м ца хаьа суна, амма дика стаг-м ю. Хьо ара балха дIа а хьажийна, юха а гIур ю со цига сайн кIентан кIантах безаман бIаьрг тоха.

— Цигахь цунна хIун оьшу мукъана а хаттахьа. Ткъа сан хIинца охуна дина валлалц цIа вогIийла ма хир дац. Кест-кестта цига йоьдуш хилахьара хьо.

— Дика ду, дика ду! Ма дика а ду-кх кIант хилла! Нагахь цIахь Iийна хиллехьара йоI йина хила а тарлора. Мел халахетар а хир дар-кх иза!

— Гой хьуна, хIумма а эхье ма дац бераш дечу цIийнехь бер дар.

— ХIаа, хIаа! Дийца ахьа суна, — цIоцкъамаш саттош, нана оьгIазъяхара. — Тоьлашха хир ду хьуна вахана хьайна хIума кхаьллича, йохъя-м ца кхин со.

КIеззиг етташура а йиъна, юу хIума а, кхийолу шена оьшург а цхьана таьлсашна чу а йиллина, уьш белшах а тесна, чIогIа дика самукъадаьлла волуш ара балха ваха новкъавелира Салихь. Новкъахь цунна дуьхьалкхийтира ворданашна тIехь хьаьжкIаш яхьаш богIу йоьалгIачу бригадера накъостий. Дукха хан ялале цунна гира, кхозлагIа бригада а йижна Iуьллуш цахилар, хIинцале йоккха меттиг аха кхианера иза.

«ОхIо! Кхара-м хьаха хаза нехасанна болх ма бина, со-м чIогIа тIаьхьависна. ХIорш хIинцале а дуккха а болх бан кхиабелла, ткъа со хIинцца болх бан волавала гIерташ воллу».— бохург дага а деана, чехкка дIавахара иза.

Шаьш долчу метте ша дIакхаьчча кхунна гира дика дузийна а, садаьIна а долу стерчий. Нох тIедоьллина гота кеч а йина, охуна дан волавелира хIара.

Даима а шена ен Iиттарш кIордийна делахь а, я гота дика тойина дела делахь а, амма кхуьнан болх дика дIабодара. Ойла айбаелла яра, кест-кеста илли а долош, садаIа юкъах а ца волуш охуна дора цо. Ша цхьана дийнахь аха еза меттиг делкъан хан тIекхочуш аьхна велира иза. Селхана дийнна дийнахь гота йоьхна болх ца беш Салихь Iер хууш йолу бригадир Айзанат кхунах чIогIа самукъадаьлла йисира.

Делкъан хан хилча, шовданан йисте хIума яан гулъелира ерриге бригада.

Делкъана хIума а йиъна, цигаьркаш а оьзна, садаIа агIор бевлира хIорш. Керла газета кара а эцна, бIаьста охуна деш хьалхелелочеран хьокъехь хоззуьйтуш деша хIоьттира оза, амма лекхачу дегIахь волу IабдулгIалим.

— Амма вай-м дац ваьш баьхначу башхачу кхиамех дан дозалла долуш, — элира цо ша газет дешна ваьлча. — Бакъду, шишша норма кхочуш йийраш а ба-м бу вайна юккъехь, делахь а цхьацца норма кхочуш ца йийраш а бу-кх! Ледаро бо белхаш, вежарий. Амма вай дика тохаделча ши норма хьавха, кхоккха норма а яккхалур яра вайга! Латта кIеда ду, стерчий дерстана ду, готанаш яйн а, дика а ю. Схьалоцур вай, масала, Iумаров Салихь. Тахана делкъан хан хилале дийнан норма яьккхина цо. Ткъа кхул хьалха цо цкъа а кхочуш ца йора шен белхан норма. Нагахь тахана Салихьа бечу кепара болх вай массара а даима а бахьара, ша Салихьа а тIехь...

— ДIадаханчунна Iиттарш эрна йо ахь суна, IабдулгIалим, — элира дегабаам бинчу Салихьа. — Бакъду, айса тахана оццул охуна дарх со суо а вац тешаш. Боккха кхаъ хилла ма ву со, дерриге дуьне а аххал! ХIор денна а оц-оццул дикахетар хуьлуш делхьара суна аххал меттиг тоьар а яцара.

— Оццул боккха хIун кхаъ бу иза, Салихь? — боху

хаттар дира массара а цхьабосса. — Схьаалахьа, нагахь къайле яцахь, вист ма ца хуьлу хьо?

— Шуна иза ца дийцарна бехке ву со, дийца дага ца деара суна. КІант вина суна. Цунах дукха воккхаверна кІадвалар а ца хаало суна.

— Дика кхаъ бу! — бохуш, хІара декъал а веш, массара а го бира Салихьна.

— АхІа, собардел цкъа, Салихь, — аьлла чукхоссавелира балха тІехь кхуьнан лулахо волу тІахъаьлла воккха могаш стаг ИбрахІим. — Сабардел цкъа, сан дика доттагІ! Массарна а дика евзаш ю хьан дайн амалш — зударий балор а, цхьа бахьана а доцуш уьш дІаэхийтар а: цхьаъ дика яц, важа хаза яц, кхозлагІниг кхечу тайпана ю, олий. Ткъа иза дика ма дац, хьуна хІинца кІант а ма вина. Иза дерриге а кхин ца лело дош лол тхуна.

— Ахь хІун дуьйцу, ИбрахІим, со-м хІинцале а и гІуллакхаш дита сацам бина вара. Гур ду хьуна, керла бина Іахар санна лерина лелор ю аса Сабихьат. Со-х лаьцна долу воних кхин цкъа а хезар дац хьуна. Айзанатана а, шуна а хьалха ас дош ло, сайн кІентан сийна тахана дуьйна шишша норма кхочушъян.

— Бакъду, иштта митингаш еш вай Іахь-м цхьа норма а ерий хьавха кхочуш,— элира Айзаната, резахилла ела а йоьлуш.

Цхьабарт хилла, дог-ойла айбаелла, самукъадалар ца болх бан йолаелира бригада.

ХІор сарахь, ша цІа мосазза веа, берехь а, цуьнан ненехь а хІун хьал ду, олий хоттура Салихьа. «Дика хьал ду... Могаш а, паргІат а бу», — олура Ашурас, мелла а дог ца догІуш. Иштта дІадахара дийнна кІира. БорхІалгІачу дийнахь, балхара цІа а веана Салихь лами тІехула шайн чувоьдучу хенахь кхунна хезира жимчу беран делхар а, шен нанас ден дов а. Чу а ваьлла, дов эккхийтана йоллучу нене оьгІазе элира цо:

— Стенна до ахьа ерриге а юьртана хазийта гІерташ дов! Даима а гІовгІа еш ю-кх хьо.

— Тахана Іуьйранна дуьйна суна девнаца чугІерташ ю-кх хІара, аса шена кІентан кІант вина, бохуш,— аьлла арз дира цуьнга Сабихьата.

— Ма кІентан кІант а ву! ЗаьІапхо ву-кх!

— ХІун ду хилларг, нана? Схьагайтал, Сабихьат, со суо хьожур ву.

— Хьажахьа хьо, хьажахьа хьо хьайн тІаьнчакхе, —

элира Ашурас, чIоггIа неI тIе а тоьхна, ара а йолуш. Вехха хьийжира Салихь шен кIентан когашка, кIоргга са а даькккхина, хаттар даран билгалонца Сабихьате дIахьаьжира иза.

— ХIун дийр ду, Салихь, дуьненчохь дерриге а нислуш ду-кха. ЗаьIапхо волуш дуьненчу ваьлла-кх вайн кIант.

— Иза иштта хIунда нисделла, делора, ца хаьа сына. ХIоккхал хьийкъина бер! — бохуш ойла йора ойла йоьхначу дас, Салихьа.

— Схьавоьл кхуза,— аьлла ша йолчу кхечу цIа чу кхайкхира нанас кIанте, ткъа тIаккха иза ша йолчу чу ваьлча, бетах хIума етташ санна шога къамел долийра цо:

— Хьо хIун къонаха ву?! Оцу дор... доро... рододоме ахьа хьайн зуда ца яхийтанехьара хIумма а хир дацара, бер а унах цIена хир дара. Гавурийн куьйгаша заIап дина бер!

— Хьанна хаьа, нана, «гавурш» кхузахь цхьана а хIуманна бехке ца хила а тарлур ду. Iаламан къайленаш дукха ю, хIуъа а хила тарло.

— Хьанна хаьа, хьанна хаьа! — ца ешаш цуьнан дешнаш юха а карладехира нанас. — Нагахь хайна ца хаахь, тIаккха ладогIал ахьа наха дуьйцучуьнга. Сан нана, дала гечдойла цунна, хьох тера яцара иза, Iаьрбийн пхиъ-ялх жайна дагахь хууш яра, ткъа цо мосуьйттузза а олура: нагахь беран эгIазчу дегIах гавуран куьг кхетахь, иза дуьйцийла йоцуш заIап хир ду.

— Ахьа иза кхул хьалха дуьйцуш а хезнера суна, амма хIинца оцу хабарх тешаш вац-кх со, чIогIа харц хила догIуш хIума ду-кх иза.

— Делахь хIета, аса, хьан нанас бохург бакъ дац-кх? — йоккха стаг чуьраюьйлура. — Аса бохург а ца деш, сан лаам а бохош, хьайн хаза нускал далийра ахьа, ткъа хIинца хьайна хIумма а ца хаара боху ахьа! Iадат а дохош айхьа и зуда ялаярна делах а ца кхоьру хьо-м.

— Кхин хIун дийца декхарийлахь ву со, нагахь со тешаш ца хилча? Нанас бохуччуьнга ла ца догIар, бакъду, дика дац, амма... — Луьйчуьра сецира Салихь, шелъелла лаьттачу юучу хIуманна тIевирзира иза. Цунна хьалха стоьла тIехь лаьтташ дара къаьркъанан шиша, кIант вича кхуьнан нанас кхунна эцна долу.

— Нагахь аса бохург ахьа дахь, тIаккха хьайн зуда ша еъанчу юха цIа яхийта еза. Вайн юьртара уггаре тоьлашха йолу йоI ялор ю аса хьуна. Марзиятал тоьлашха йолу йоI мичхьа карор ю? Жима йолуш дуьйна иза хьуна билгалйина яра со. ХIинца ялаел ахьа иза.

— Иза яло таро яц сан, нана. Сабихьат ю суна езарг, Марзият яц! Нагахь сайна Марзият езаш хиллехь иза а ялор яра аса.

— И хIун ду хьуна Марзият ца езар? Веллачу хьан дас а олура иза хьуна ялор ю, цу тIе, иза-х вайн гергара а ю.

— Ца еза-кх суна иза,оцу тIехь чекхдолу дерриге а. Шена цаезарг муха ялор ю! Зуда-х велла дIаваллалц яха ялош ю, кхетахьа. Цу тIе, алахьа, стенна бехке ю суна хьалха Сабихьат, хIун бахьана ду аса иза йита? Дитахьа тхо, ма хьийзадехьа тхо, нана!

— Кхин хIун бахьана оьшу хьуна? Хьан бертаза яхарий иза оцу дырдоме, заIап бер диний цо? Иза дац бахьана? Суна хIун ю а ца хаьа, я хаа а ца лаьа шун загсаш! Цига даха оьшуш дацара.

— Загсе ца вахча ца волура со, и кехат ца дича ца йогIура соьга иза.

— Делахь яло езаш ца хиллера-кх! ШарIо ма-бахха-ра йитал ахьа, тIаккха цхьана а загсо новкъарло йийр яц хьуна. И далла къонаха вац хьо? Эккхаяй дIаяхийтал ахьа, оцу тIехь чекхдер ду хьуна. Вайн дайша, массара а санна, шарIехь дIадерзадел ахьа. ШарI хийца хьенан бакъо ю? Нагахь дIа ца йодахь, тIаккха дIаяхийта. Хьалхалера шиъ зуда дIаяхийта-м цхьа а бахьана а ца ийшира хьуна. Хьо вацара ваххалц къаркъа а молий, цхьа бахьана а ца лоьхуш уьш лелхабой дIабохуьйтург? ХIан, дассадел хIара шиша, хIокху къаьркъана чам санна иштта къахьлойла хьуна Сабихьат. Вайга ладугIуш йоцу зуда ца оьшу вайна вешан цIентIехь.

— Нана, аса доьху хьоьга, делан дуьхьа ма доладе дов. Аса Сабихьат сайна езаш ялийна, иза сан зуда ю. И йита дагахь а вац со.

— Нагахь ца йитахь, тIаккха хьайн коча а оллий лелае, чолакх бераш а дойтуш.

— Чолакх берех дерг кIезиг дийцал ахьа, нана. Нагахь иза дийцича, тIаккха цунна банне а бехке бац «гавурш», ткъа хьо ю цунна бехке ерг. Ахьа питана а то-

сий, ахьа етта а олий, цунна мосуьйттузза йиттанарг со вацара? ХIинца дагахьбаллам хилла суна цунах. Доллачунна а бехке вайшиъ ду.

— Суна хууш хIума дац! Нагахь хьо сан кIант а велахь, аса бохург хьо деш а велахь, Сабихьат дIа а яхийтина, Марзият яло еза ахьа.

— Аса ахьа бохучуьнга ладогIа а доьгIна, дугIур а ду, амма Сабихьат дIа-м йохуьйтур яц аса. Нагахь стигал лаьтта охьаятIахь а иза юьтур яц аса. Суна езаш йолу зуда лоруш хила еза хьо а. Нагахь хьо сан нана елахь, ахьа тхуна дика хьехамаш бен бан ца беза.

Къаьркъа юьстах дIа а теттина, чуьра аравелира Салихь.

Вист ца хуьлуш араволучу кIантана тIаьхьа а хьаьжна, неIарах ара иза воллушехь, ша долийна къамел ша шеца чекхдаккха охьахиира иза.

Кхин масех де даьлча Сабихьатана гIоле хилира, иза то а елла, шен чуьра гIуллакх а деш, хи а дахьаш, хьелий а узуш дIайолаелира, — доцца аьлча, хIинца шен бахам лелорехь ша ларалора иза.

КIантана тиллинарг шен ден ден цIе хиларна делахь а, мухха а бер тIеттIа алсам дукхадезара Салихьна. Тохара хьалха, ша балхара цIавеачи, сихха хIума а юий, доттагIий болчу а воьдий, буьйсанна дикка хан яллалш цIа ца вогIуш Iара иза. Амма хIинца дагма а кIант ловзош, Сабихьатана гIо деш хуьлура иза. КIант варца дозаделла Ашуриний, хIокху зудчунний, майрачунний юккъехь хиллачу девнан хьокъехь хууш воцчунна мотта тарлора, юьртахь ишгта бертахь дехаш долу зудий, майрий дац, аьлла.

Амма марнана-м тохара а санна дера а, девне а яра; кIанта я несо шега цхьа хаттар дича, хIумма а маьIна доцу гIам-гIим дой, амма цкъа а мегаш жоп ца луш Iара иза. Дукхах йолу хан хIинца шен йоI йолчохь йоккхура цо. Ткъа цIа еача, тIаккха цхьанцце а къамел а ца деш, урчакх хьийзош Iара.

Амма хан дIайодара. Iумар кхуьуш вара, хIинцале шенаш бовза ваьллера иза. Сабихьата ша ара балха йоьдуш ясле вуьгура кIант. Амма тахана, сохилале дуьйна а доладелла догIа хIинца а охьаоьхуш дара. Цундела бер цIахь охьа а дижийна, ткъа ша чуьра гIуллакх дан хIоьттира иза. Оццу хенахь иза йолчу еара Айзанат.

— ХIун деш ю хьо, Сабихьат? Салихь хIинца а цIа ваза ву? ЦIеххьана йочана йолаели вайна.

— Дан хIума дац, Кутане дIакхаьчна шаьш, бохуш яздо Салихьа.

— ЦIа маца ван дагахь ву хIара?

— Кеста вагIахь тамаша бу. Дохнан некъаца чIогIа дика буц ю бохуш яздо. Даьхний эшарш доцуш дIалоьхку шаьш боху.

— Иза дика ду, Сабихьат, тахана догIа дар бахьана долуш правленин заседани Iуйранна хир ю. Иза хьоьга хаийта еанера со.

— КIант сан дIавижна ву, делахь, схьагарехь, дукха хье ца луш дIайогIур ю со.

— Ткъа Ашура яц цIахь?

— ЦIахь ю.

— Делахь, иза хьожанда шена бере!

— Цо иза ур-аттала цкъа а кера а ца эцна.

— Ой, иштта ю иза? Дера дилхача-м оьцур хир ма ду, ца эцча йолий иза. Чехка йоьллахь, ткъа иза-м хIинцале а дIайолаелла хила а тарло.

— Со хIинцца тIаьхьакхуьур ю хьуна, — аьлла жоп делира Сабихьата, ша яха а кечлуш. Заседани яха ша новкъа йолуш Ашура йолчу чуяхара Сабихьат.

— Со собране йоьду, нана. Iумар хIинца а самавалаза ву, хьожуш хилахьа цуьнга. Со дукха а Iийр яц хьуна.

— Дика ду, гIо хьо, — элира марнанас, реза йоцуш.

КетIарчу ринжин неI дIакъовлалушшехь,шен урчакх а эцна, яха а яхна кIант вижна чохь волчу цIийнан неIсагIин йистте охьахиира иза, бер самадаьлча цуьнан говгIа шена хазийтархьама. Йоккхачу стеган Iемана долчу пIелгаша чехка хьийзайора урчакх, тех сихха юзуш латтара иза.

— У-ва, у-ва-ва,— боху беран мохь хезира цIеххьана чуьра схьа. Iумара шен ден ненаца дуьххьара дIадолийна «къамел» дара иза.

— ХIун до ахь мохь хьоькхуш, хьайн нана собране яхнийла ца хаьа хьуна? — Ашура ког байбинна шен кIентан кIантана тIеера. — ХIан, тоьар ду, тоьар ду, цигара цIа ма йогIийла иза, хьо шеца вига ца тарлора! Ма ца торуш хIума а ду собрани!

Ша реза яцар Ашурас дуьйццушехь, Iумара шена

тIера жима юргIа дIакхоьссира, куьйгаш а, когаш а дIаса а сеттош. ЧIогIа тамаш беш шен кIентан кIанте хьежа елира Ашура. Ткъа кIентан кIант а вара цуьнга леррина а, тидаме а хьоьжуш. Оцо елар эккхийтира цуьнга, амма бер парггIат, Iадат а дохош, дIа а ца доьхкуш, маьнги чу диллина хилар а гина, иза юха а чIогIа оьгIазъяхара шен несана а, кIантана а.

— ХIай миска яI? Схьавоьл чехкка бабина! Хьан ца кхетачу ненан кхин гIайгIа а яц, собранешка эхаррий беш,— цунах къахеттачу цо Iумар караийцира. КIентан кIант юргIана юккъе а хьарчийна, неIсагIи йисте охьахиира иза. Самукъадаьлла бер, йоккхачу стаге а хьаьжна, деладелира. «ОхIо, со шен баба юйла хаьа хIуна кхунна! Схьахетарехь, аса ша хIинццалц кара ца эцарна соьга бехкаш доху хьуна кхо» — боху ойла йора готтар а дог дастаделлачу йоккхачу стага.

Шен кIентан кIентан ког хIинца башха гома а боцуш санна хетара кхунна.

— Дукха хан ялале сан кIентан кIант воккха хир ву, эсе хьожуш а, кхидерг деш а доллачунна а тIехь бабина гIодийр ду, бакъдуй иза, Iумар? — бохуш кIентан кIантаца къамел деш яра иза.

Цо дуьйцучух ша кхеташ санна, корта а теIош, багара маттаца ахкаргаш ара а дохуш Iара кIант.

Шен урчакх йицйина, кIентан кIантаца къамел деш Ашура Iачу хенахь цIа еара Сабихьат.

— Ма вилхина хир ву-кх хIара?

— Мичара, чIикъ дIа а-м ца баьккхина... Сан аз махеззанехь тапп аьлла сецира.

— Делахь хIета хьо евзина-кх цунна, бакъдуй иза, Iумар? Евзирий хьуна баба? — хаьттира Сабихьата кIантана тIе охьа а таьIаш.

— Схьагарехь, евзира со, хIокху вуххьарчунна. Аса ша караоьццушехь дIатийра хIара. И хIун маьнга бу хьан, ага хуьлу иштта?.. Нагахь хьан дика мегаш ага делхьара кIант хIинцале шозза воккха хилла хир вара. И маьнга дIа а кхоссий, ага а лахий, цу чохь ондда дIадехка деза бер.

— ХIинца иштта маьнгеш ма ду массеран а. Оцу чохь атта ду берана, когаш а, куьйгаш а парггIат дIасахеца.

— Ма атта а ду, иштта тарлур дац! Бер аганчохь

чIогIа дIа мел доьхку, иза кхуьуш хилар лоруш болу вайн дай Iовдалш хилла-кх!

— Хиллачух тера ду. Хьуна хьайна муха хетар дара нагахь хьо оцу аганчохь иштта чIогIа дIайихкача?

— Дикниг-м хIун дара цунах. Делахь а...

— Делахь цунна а еза хьуна паргIато,— элира Сабихьата, бер даккхо а йолалуш.

Оцу дийнахь дуьйна кIентан кIантана тIе чIогIа садахна яра Ашура. Дерриге дийнахь иза хьоьстуш, ловзош Iара иза. Нанас ша балха йоьдуш кIант ясле дIало аьлла цкъа несна арз дира цо Айзанате.

— Алахьа Сабихьате кIант цIахь витахьара, — аьлла Айзанате дехар дира денанас, ша йолчу иза еача.

— Хьуна хала хир ма ду кIант лело. Ткъа яслехь иза Iалаш а во, кхаба а кхобу, ловза а во.

— Хьовса а хьовсу, кхаба а кхобу, амма денанас санна Iалаш-м вийр вац. Иза сайца хуьлийла лаара сун а. Суна-х иза Iуйранний, сараххьий бен ган а ца го. Аса айса вуьгур вара иза дIа а, схьа а.

— Дехьа Сабихьат цо бохург. Витахь кIант цуьнгахь!

— Со-м дуьхьал яц. — КIант ден ненехь а витина балха яхара Сабихьат.

ХIор денна кIант яслешка а вуьгура, нус цIа яле цIа а валавора Ашурас.

Цхьана сарахь, бер набарна дIадижинчул тIаьхьа, буьйсанна хан яллалц, кIорда ца деш дехха къамел деш Iийра Ашурий, Сабихьаттий. ТIаьххьара а тIекхечира охьадийша деза хан.

— Со а йижа дехьа чу гIур ю, сан йоI, хьо а йижа охьа, кIант вижна волччуьра, — иза а аьлла, шен чуяхара Ашура.

Сабихьат, неI зайл буллуш дIа а чIаьгIна, охьайижира. Цунна гIеххьа наб озошшехь цхьамма-м неI туьйхира. «ХIоккхул хан йоцчу хенахь неI етташ волу иза мила хила тарло?» — бохург дагадеана Сабихьат кхераелира, сихха неIарехьа яхара иза.

— ХIара-м со яра, сан йоI, кхера ма ло! — элира Ашурас нус йолчу чу а йолуш. — Суна новкъа-м ду аса хьо набарх яккхар, сан хьоменига, амма наб ца кхета-кх суна со йолччохь, хьо йолчу буьйса яккха еана-кх со.

— Iаламат дика ду, — элира хазахеттачу Сабихьата, кIентан маьнгина юххе мотт а биллина охьайижийра цо марнана.

Мурад Шихвердиев

БЕХКЕ ЮЙ ТЕХЬА ТАЙНИГ

(Дийцар)

Жима Инзифат чIогIа самукъадаьлла ю тахана. Махач-Кала яханчуьра цIа еана цуьнан нана. Ткъа ша цIа йогIуш мамас билгало йоллуш муьлхха а цхьа хIума яхьа цунна. Тахана а еана... Собар дайна мамин чемодане хьоьжура Инзифат. Цу чохь ерг сихха хIун ю хаа лаьраа цунна.

Амма мамина чамда йицъеллачух тера дара. Некъ а бина цIа еанчул тIаьхьа юьхь-куьг дила а деза, тIе цIена бедар юха а еза, боху цо. Иза-м ца дича а дер мегар дара, делахь а дан хIума дац-кх, иштта ма бу берриге а баккхийнаш. Цара даима а до шайн гIуллакхаш дан ца деззачу хенахь.

Инзифата, чамдина тIе а еана, куьйгаш туьйхира лиэпаш долчу чамдин догIанех — иза дIакъевлина яра. ТIам а лаьцна иза хьалаайба гIоьртира йоI, амма иза еза яра, цIенкъина тIера меттах а ца яккхаелира. «Схьахетарехь, кху чохь дуккха а хIумнаш хир ю» — бохура йоьIан даго.

Доккха са а даьккхина, чамдина юххе гIанта тIе охьа а хиана, мама схьаяре хьежа елира Инзифат. АхIа, схьахетарехь, мама ю догIа а дахьаш йогIуш.

— Сихха, сихха лелахьа, мама! — элира тоха са доццчу Инзифата.

Мамас, ела а йоьлуш, чамда дIа а йиллина, цу чуьра схьаийцира дIахьарчийна йолу масех хIума. Ткъа тIаккха, тIоьхула хьарчийна хIума дIа а яьккхина, схьагучуяьккхира тайниг. Мел хаза а яр-кх иза! Катоьхна тайниг схьа а эцна, хазахетарна чухула ирх а ккхийсалуш дIасауьдура Инзифат.

— Сан тайниг, сан тайниг! — бохура цо.

— Ватта! Хьовсийша, мел хаза тайниг а ю-кх! — аьлла хастийра бабас.

Оцо кхин а йоккхаейира Инзифат. Едда бабина тIе а яхана, шен тайниг хесто елира иза:

— Хьажахьа, баба, иза кечъелла ю, коч ерриге а зезагаш тIехь а долуш еца, когахь цIен туфлеш, ткъа кIажарш дашон лент а дихкина ю...

Тайниге хьоьжуш йоллучу Инзифата иза агIор яькхича, тайниго цIеххьана «мама» элира.

— ХIинца вайн ши мама хир ю, — боху сацам бира Инзифата. — ЦхьаI сайниг а, со — тайниган мама а,— аьлла.

Инзифат хIинца а жима яра, дукха хан йоццуш диъ шо бен ца кхаьчнера цуьнан. Маме ладугIуш яра иза, дех мелла а кхоьрура йоI, ткъа бабех?.. Да а, нана а балха дахча, вон лела а мегар дара. Баба дика ма яра, цо дов дийр дац.

Цкъа папа а, мама а цIахь доцуш меттиг нисъелира. Кухни чохь пхьегIаш юьлуш яра баба, ткъа Инзифат тайнигца ловзуш йоллура.

— Инзифат! — аьлла мохь туьйхира бабас. — Сан хьоменига, стоьла тIера схьа а эций Iайгаш схьадал сона. Аса дуьлур ду уьш.

— Ой, ахьа хIун дуьйцу, баба! Со мукъа ма яц, тайнигана тIе хIумнаш юхуш йоллу со, — аьлла жоп делира Инзифата,— бабехьа ур-атталла дIа а ца хьожуш.

Шен йоьIан йоIа — Инзифата тайнагаца дечу къамеле ла а доьгIуш, ела а къежаш Iара баба, Iайгаш схьада шен яха дийзира цуьнан.

Садале хьалха кертахь шен доттагIашца ловзуш яра Инзифат. Оццу хенахь кертахула чекхйолуш яра хIетта балхара цIа йогIуш йолу кхуьнан нана — Саимат. Бабас шен йоIе цIа йола бохуш хезира цунна. Цкъа юьхьанца бабас шега кхойкхуш ца хезчуха кеп хIоттийра Инзифата, ткъа тIаккха бабас шега юха а кхайкхича, Инзифата реза йоцуш жоп делира!

— Со цIа йогIур яц хьуна! — аьлла.

Шен йоIа иштта шога деллачу жоьпах цецъяьлла Саимат йоIана тIеара.

— Юха а алал, айхьа бабе аьлларг! Цуьнга ла хIунда ца дугIу ахьа? — элира нанас йоIе, гIеххьа оьгIазьяхарца.

Нана гина йоI елха кийчча яра.

— Суна... Суна дIаяха лаара, ткъа тайниго ца йоуьйтукха со, — элира цо, елхара къурдаш а деш.

ЙоьIан дуьххьарлера аьшпаш бара уьш, амма цара Саиматан дог дохийра.

— Делахь хIета дерригенна а бехке тайниг ю-кх? — элир нанас — Дика ду, йоI! Делахь цIа гIор вайшиъ, шега бохучуьнга ладугIуш йоцчу тайнагана таIзар ца дича дер дац.

Папа цIа веача, мамас цунна дерриге а дIадийцира.

Кхерам дагчу иккхина Инзифат тайниге дIахьоьжура, «мама» ала хууш йолчу тайниго дерриге а дIадийцарна бехке ерг ша яц, ткъа Инзифат ю, дIааларна кхоьрура иза.

Берашна а, тайнигана-м муххале а, нагахь цара баккхийчара бохург ца дахь, таIзар дан деза, мамас аьлча, цунна резахилира папа а.

ТIаккха тайниг схьа а эцна, цIийнан соне дIахIоттийра мамас, тайнигана таIзар деш.

Доккха са даьккхира Инзифата. Бабина тIе а еана, цунна хьалха гора а хIоьттина, йист а ца хуьлуш сецца Iаш яра йоI. Шена оццул езаш йолчу тайнигана, ша бахьана долуш, ишта таIзар дарна эхь хетара цунна. Кхин ша йолчу ловза ян тайнигана луур дац бохучух кхоьрура иза.

Тапп аьлла йоIа дечуьнан тидам беш дара дай, наний.

— Баба, — элира Инзифата.

— ХIун бах ахьа, хьоменаг?

— Тайниг бехке яц, цо ца элира хьуна, иштта.

— Ткъа муха, хIун элира цо, сан зезаг?— аьлла хаьттира йоьIан йоIе цо динчу мукIарлонна резахиллачу ненан нанас.

— Собардел, — элира дас. — Вай оцу хьокъехь хIинцца хоттур ду тайниге.

— ЛадогIал аша, тайниго соьга боху: со бехке ю, аса кхин аьшпаш буттур бац, суна къинтIера довлахьара шу. Кхин аьшпаш ца ботта, ца Iехо дош лахь, къинтIера довлий вай цунна?

Папас аьллачу дешнашца, тайниго дина мукIарло а хезна, бабин керара чехкка хьала а иккхина, Инзифата маьхьарца элира:

— Тайниг яцара со цIа ца йоуьйтуш сецийнарг, суна сайна ца лаара цIа ян!

— Делахь хIета бехке ерг тайниг яц-кх? Делахь дика ду, кхин аьшпаш буттар бациий ахьа? — хаьттира папас.

— Бац, цкъа а буттур бац! Тайниг схьаэца мегар дуй аса, папа?

— Делахь хIета бабега ладугIур дуй ахьа? — аьлла хаьттира мамас.

— Ду, даима а дугIур ду!

— Делахь тайниг дIаэца мегар ду, яло охьайижа, хан яьлла.

Самукъадаьлла Инзифат, катоьхна тайниг схьа а эцна, шен маьнгина тIеэара.

КЕХАТ

(Дийцар)

Хорбазаш а, ккиболу хас-стоьмаш а ларбеш хехь волу колхозан гІарол къена Дарбиш цІийннал лекхачу тІулга тІе д хиана Іаш вара, шен месала куй хьаьж тІе лохха охьа а таІийна, цо иза аьхка довхачу деношкахь а коьртара дІа ца боккхура, маьлхан зІаьнаршна дуьхьал хьаж тІе куьг а лоьцуш генна дІа, гола туххуш къайла болуш болчу некъе хьоьжура иза. Оцу новкъахула цхьа де дІа моссаза дели хІор шолгІачу дийнахь цхьана хеннахь почталелориг вогІуш хиларх воьллера иза, хІинца иза варе хьоьжуш а, хІинца мукъана а кІантера шега кехат кхочург хиларе дог дохуш а вара воккха стаг.

Нисса делкъан хенахь мотоциклан гІовгІа а елира, некъо гола туххучухла, телатан таьлсаш белшах а тийсина, шен «болатан» динахь гучувелира Іабди Дарбишан дог сихха деттадала доладелира.

«Селхана дика гІан гина суна, дика кхаъ хила тарло суна», — боху ойла а еш, почталелорхочунна дуьхьал волавелира иза. Геннара дуьйна велакъежарца, хІилланца, цхьаІ дагахь долуш Іабди шега хьежар гира воккхачу стагана. Дарбишана юххе шен мотоцикль нислушшехь цІеххьана шен дин а сацийна, цу тІера охьа а ца вуссуш, таьлсаш схьадиллира почталелорхочо.

— ХІан, Дарбиш, кхечарна юккъехь хьан кехат сайна ма-карийннехь схьаэккхийтира аса. Амма хьох бала пайда-м бац, ур-атталла къамкъарг яшо наьрс елла а, — аьлла бегаш бира почталелорхочо.

— Наьрсаш колхозан ма ю, Іабди, амма, бакъду, хьуна наьрс ялархъ къелур дац тхо, — элира, бегашийна а доцуш, Дарбиша. — Ткъа маца яздина ду хІара кехат? — хаьттира воккхачу стага, шен кІанта хІун яздо хаа тоха са доцуш сихвеллачу.

Почто конвертана тIе таIийначу мухIаре хьаьжна, Iабдис элира:

— Кхо де хьалха яздина ду хIара.

— ОстопираллахI, остопираллахI, хьо тамашена хIума! Дуьненан йисттехь долчу дозанера кхо де даьлча кехат схьакхаьчнийца!

— Ой, почта-м хIинца хIаваан кеманахь яхьий! — аьлла вистхилира Iабди. — Ма тамашена хIума а ду, хIинца ракеташ цхьана дийнахь-бусий батта тIе а кхочуш хилча!

— Да-м иштта ма дара хIара, бакъло хьо сан кIант, — бохуш, корта а лестош, цо бохучунна тIетайра воккха стаг.

— Аса доьшур дара хьуна и кехат, амма хан яц сан, кхиберш а бу аса шайга кехаташ дIакхачоре хьуьйсуш.

— Делахь дика ду, хIун дийр ду, дIагIо Iабди. Сайн воккхах волчу кIентан кIант школера цIа валлац сатухур ду аса. Оцо доьшу суна кехаташ.

— Ва Дарбиш, хIун самукъадер ду, нагахь кехаташ кхечо доьшуш хилча. Ма дика хир дара уьш хьуна хьайна деша хууш хилча. Хьажал хьо, сан нана а ю йоккха къена стаг, амма тхан вешера догIу кехаташ ша доьшу цо. Куьзганаш бIаьргех а духкий доьшу.

— ХIун дийр ду ткъа, Iабди, нагахь деша хууш ца хилча, — элира, гIайгIане а волуш, воккхачу стага, тIаккха хорбазаш а, кхидолу хас-стоьмаш а дийначухьа дIаволавелира иза.

«ХIун яздо техьа сан аьрзуно?» — боху ойла йора кехат карахь лаьттачу Дарбиша, оццу минотехь цунна хьалха хIоттаделира лекхачу дегIахь а воцуш, амма Iаьржо юьхь-сибат а долуш, дегIана могаш-ондачу шен кIентан — Алибеган сурт-куц.

Хьалха кхоъ йоI йинчул тIаьхьа вина кIант вара Алибег, цундела Дарбишана къаьсттина дукхавезара иза.

Цундела хIумма а тамашена дац, цуьнан кехаташка дан собар доцуш да сатуьйсуш хилла хилар. Цхьа шо хьалха, школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, шеца масех накъост а волуш, Алибег вахара генна Китайца долчу дозанан йистехь, Китайца долу вайн мехкан доттагIалла чIагIден долу ДоттагIаллин олу цIерпоштан некъ бечу балха. Жима стаг, схьахетарехь, балха тIехь гоьваьлла вара. Эрна дацара цуьнан хьокъехь московски газетех

цхьанна тIехь хIинцачул шо хьалха зорбатоьхна йолу заметка доккха сомукъадаларца Дарбиша ешар.

Бакъду, новкъа дара цунна и кехат шена деша ца хаар, ткъа хIун дийр дара — хIара-х йоза-дешар хууш вац, заметки юххехь гуш долчу суьртах кхачамбина Iад на Iийча ца волура иза.

«Маца цIа вогIур ву техьа Сулейман!» — бохург дагахь дара шен мехкарех цхьаннан кIант цIа варе хьожуш Iаш волчу Дарбишана. Кхин тоха са а ца хилла, конверт схьа а йиллина, цу чуьра кехат схьаийцира цо, амма элпийн могIарш кхунна данне а кхеташ дацара, оцо чIогIа лазар туьйхира воккхачу стеган дагчу.

ЦIеххьана некъа тIехь гучувелира лулахойн кIант Шапи. Школе воьдуш вара иза. Дарбиша, мохь а тоьхна, сацийра кIант.

— Сулейман стенна а делахь а цIа ван хьевелла, хIара кехат дешахьа суна, — аьлла дийхира воккхачу стага.

Шапи, кехат схьа а эцна, сих ца луш иза деша хIоьттира.

Алибега яздора могаш-пагIат а ву ша, кхин цхьа бутт баьлча отпускана цIа а вогIур ву ша, бохуш. И дешнаш хезча воккхачу стеган бIаьргаш хих буьзура, хазахеттачу кхо хIетта яккхина тIехь тхи а долуш, наьрс елира кIанъана.

Наьрс а юуш дIавоьду Шапи школера цIа вогIучу Сулейманна тIеIоттавелира.

— И хIун ду, колхозан хас-стоьмашкара-м ца яккхина ахьа и наьрс? — аьлла хаьттира, цецваларна оьгIазваха кийчча волчу Сулеймана.

— Аса-м ца яккхина, хьан ненан дас елла-кх суна,— аьлла жоп делира Шапис.

— Иза стенна ло хьуна?

— Аса цунна Алибега даийтина кехат дийшира.

— Ахьий?

— ХIаа, аса! Ткъа хIун дан дезара, хьан ненан дена деша хууш ца хилча? Иза цаI бен ма вац вайн юьртахь йоза-дешар ца хууш верг.

Шапи шен наьрс а юууш, портфель лестош, дIава хара школе.

Шапин дешнаша чIогIа халахетар дира Сулейманан дагна. Ма-дарра аьлча, хала муха ца хета, кхуьнан хьо-

мен ненан да йоза-дешар ца хууш хилча. Цкъа оцу хьокъехь юьртахойн собранехь дийцина хилар а деара дага. Ткъа школехь-м оцу хьокъехь ккунна мосуьйттузза а Iиттарш йира. «Ма боккха бала бу-кха хIара, ненан деца берг», — боху йоьхна ойла йора кIанта.

Иштта сингаттамен а волуш, воккхачу стагана тIекхечира кIант.

— Хьо ма гIайгIане ву, хIун хилла хьуна? — аьлла хаьттира ненан дас. шен йоьIан кIантана цхьа вон хилла моьттуш.

— ХIумма а ца хилла, — элира ккохкийна волчу Сулеймана.

— Делахь дешал суна Алибеган кехат.

— Хьуна-м деша ма дешна иза, дада.

— ХIун там хуьлу моьтту хьуна кехат хийрачу стага дешча?

— Дада,— элира Сулеймана цIеххьана, леррина хьарча а дина конвертана чудиллина кехат схьа а доккхуш.— Айхьа хьайна деша хIунда ца Iамадо ахьа? Ерриге а юьртахь хIинца и бен дуьйцуш хIума дац-кх. Бераша суна тIехбеттамаш бо хьо бахьанехь.

— Ой! ТIехбеттамаш бо бохург хIун ду? — оьгIазвахначу воккхачу стеган мекхаш дегийра.

ЦIеххьана цхьаммо халахетар дича санна, чуьравелира иза.

— Делахь хIета, сан ярий, хIинца шун санна, деша таро? — элира цо хьере хилча санна, аз айдеш, — Со-х берахь дуьйна болх бан волавелла. Тиша таьлсаш белшах а тосий, цу чу сиокалгIин шийла ши мижарг а буьллий, сатоссушехь араволий буьйса йоллалш нехан жа дажон водара со. Дешар хьанна дагадогIура кийра меца хилча! Бакъду, суна къорIа Iамо-м гIоьртира. Сан ненан да Iаьрбан дешар дешна вара, нахана а иза хьоьхура цо. Цуьнан цIахь цхьана лохчу готтачу цIа чу а гуллой, гоьлашна тIе охьа а ховший, гоьлашна тIерчу уьн тIе а дуьллий, къорIа деша Iамадора цара. Царна юкъа нисвелира со а. Цкъа, чIогIа шелвелла а волуш, деша веара со. Лаьтта охьахианчул тIаьхьа вохвелча, когаш лазадевлира сан. Оццу хенахь ненан дас цхьаI-м хаьттира соьга, амма соьга жоп ца даладелира. Суна буткъа дечиган сара бетта волавелира иза, со вел-

ха а воьлхуш, тептар тIехь долу у дIа а кхоьссина, цIа вахара. Оцу тIехь чекхделира сан дешар.

Цунах къахеташ ненан дега ладоьгIуш Iаш волчу Сулеймана хаьттира:

— Дада, ткъа хIинца мукъана а дешар Iамо хIунда ца лаьа хьуна?

— Хьа-хьа-хьа! — аьлла цхьа вон велавелира воккха стаг Дарбиш. — ХIинца со ца го хьуна, готтар къежвелла, къанвелла. ДIаяхна аса доьшу хан...

— Дешар Iамо цкъа а тIаьхьа дац! — аьлла цунна даггара жоп а луш, вистхилира Сулейман.— ДIара йоккхачу стага Хандулайс ма Iамийна шена деша а, язда а... Аса гIо дийр дара хьуна...

— ХIан, тоьар ду, схьалол кехат, — олуш Сулейманан дош а хадош, цуьнан карара кехат катоьхна схьадаьккхира воккхачу стага. — Хьо ву хIинца со Iамо верг? Хьо вара иза даза виснарг? Ахьа ца дешарх кхин стаг вац моьтту хьуна кехат деша? — Халахетта Сулейман цIа вахара, ткъа Дарбиш, цунна тIаьхьа а хьоьжуш, ойла еш вара: «Амма баккъалла а аьлча, хIун хир дара техьа деша Iамо долийча?» — Ша шена жоп делира цо: «ХIа-хIан, цунах хIумма а хир дац, тIаьхьависна хьо, Дарбиш. Хуьлда шена юьртахь цаI хилла а боданен стаг, юьрте лалур ду иза. Со йоза хууш вацахь а пайденан воцу стаг вац».

Гоьлаш тIера Алибеган кехат схьа а эцна, юха а цуьнга хьежа волавелира хIара. «Ткъа ма хазахетар хир дар Алибегана ша цIа веача со кехат деша хууш карийча. БIаьргех куьзганаш а доьхкина со газета доьшуш гича, тешар а вацара иза», — боху ойланаш яьххира воккхачу стеган коьрте. Амма кхуззахь кхин дага а иккхина, хозуьйтуш элира цо: «Хьо, Дарбиш, яьссачу арахь хино хьийзо хьер йилла гIерташ воллучу стагах тера ву. Хьан цхьа ког кошахь бу, ткъа хIетте а деша Iамо дагахь ву хьо». Кхашна тIехь бIаьрган тидам латто шена бIегIийла болчу борза тIевелира Дарбиш.

Сарахь цхьа гIуллакх а хилла, колхозан конторе вахара Дарбиш. Кхузахь яра председатель схьаваре хьоьжуш Iаш йолу йоккха стаг Хандулай. Цунна юххе охьа а хиана, цигаьрка а латийна, керла хабарш дийца велира Дарбиш.

— Нийса ду ахьа дуьйцург, — элира цIеххьана Хандулайс, — амма цигаьрка оза араваьлча дика хир дара хьо.

— И хIун ду, со хIунда волу ара? — хаьттира оьгIазваханчу Дарбиша.

— Кхузахь оза йогIуш яц цигаьрка, диканиг. «Цигаьрка оза мегар дац» — аьлла пенан тIехь дIатоьхна йоза ца го хьуна?

Догдаьттa Дарбиш, цигаьрка цIенкъа юккъе охьа а кхоьссина, ша Iаччуьра хьалаикхира. «Къена ешап» — элира цо дагахь, иза емал еш. — Пенах тоьхна йоза деша хаар ма доккха хIума а ду! Ма Iилманча а ю!» Доллачул а цунна халахеттарг дара, шен хенара йолчу зудчо, шена, Дарбишана, и Iиттарш еш хилар.

ХIара дагадаийта ца гIертташехь, юха а кхунна дагадеара почталелорхочо Iабдис шега кехат схьадалар а, шена иза деша цахаар а, иза дешахьара аьлла лулахойн кIанте а, шен йоьIан кIанте а ша дина дехар а, кхидерг а.

— Цаьрга и дехарш дечул деша Iамо аттахо хир ду, — элира цо хозуьйтуш ша шега, тIаккха цIехьа вахара иза.

— ХIей, Сулейман, — аьлла мохь туьйхира цо, ша неIсагIех чуволлушехь, — схьаял кхуза книгаш... къеначу Iовдална Iамадел деша.

— ХIинцца, дада, хIинцца, — аьлла мохь белира ошу дешнех дагна там хиллачу йоьIан кIантера, ошу сохьта ара, ненан дена дуьхьал хьаьдира иза.

* * *

Шен цхьанхьа доклад ян дезаш хилча, йоза-дешар ца хууш цхьа а стаг вац юьртахь, ала виц ца ло юьртсоветан председатель, бохуш дуьйцу. ХIинца цхьаммо а ца бо Сулейманна тIехбеттамаш, цуьнан ненан да деша хууш вац, бохуш.

Ахмедхан Абакаров

КУЬПЧЕЧУЬРА БАЙТАШ

Ламанан ДегIастанахь ю Куьпчичоь олуш цхьа жима юьрт. Цигарчу дашочу пхьерийн, даьIахкех говзаллица исбаьхьа хIумнаш ечийн, кхечу говзанчийн хьокъехь ДегIастанахь хьавха, амма вайн Iаламат боккхачу махкахь а, цул арахьа а хууш ду, церан массанхьа а сий а до. Лаьмнийн Махкарчу куьпчаша-говзанчаша йина хIумнаш гойтуш яра Парижехь, Нью-Йоркехь, Брюсселехь, дуьненан кхечу гIаланашкахь хиллачу дерриг-дуьненан выставкехь, цигахь царна тIе боккха тидам бохуьйтура массара а, совгIатана дипломаш а, дашон медалаш а елира царна.

Куьпчийн, шайна лулахь йолчу Харбук а, Сулевкент а ярташкахь а санна, шайн мотт бу, ДегIастанарчу кхечу халкъийн меттанех къаьсташ а болуш, и мотт буьйцуш берш 3000 стагал кIеззиг сов бен бац. Оцу кIезигчу халкъан векал ву М. Горькийн цIарах йолу Московски литературни институт чекхъяьккхина волу ДегIастанан къона яздархо Абакаров Ахмедхан.

Куьпчийн байташ — цунна шен юьртарчу нахера хезна самукъане хабарш ду, авторо исбаьхьаллин литературан маттаца нисдеш дIаяздина уьш.

1. ДАШОН ПХЬЕРАН УСТА-ДАШТЕМИРАН ЖОП

Лаьтта тIехь гоьваьлла волу дашон пхьар кхоъ велахь, царех билгало йоллуш цхьаI Куьпчечуьра а ву, цуьнан цIе Уста-Даштемир а ю. Уста — «говзанча» бохург ду, ткъа Даштемир — «ТIулг а, эчиг» а бохург ду.

Цкъа хьошалгIа веанчу стага куьпчечуьнга — дашон пхьере хаьттина:

— Суна шаьлта а йина, цунна дешин хи диллалур дацара хьоьга?

Оцу пайдабоццу хаттаро оьгIазвахийтанчу Уста-Даштемира жоп делира:

— Нагахь хьуна лаахь, аса-м лестош дешин тIемаш а долуш болу моза бийр бу хьуна. Амма шаьлта-м йийр яц. Цунах цхьанна а цкъа а дика болх ца хилла.

2. ИШТА А ХУЬЛУ, ВУЬШТА А ХУЬЛУ

Юьртан майданахь цхьана бедана кIелахь тайп-тайпана хабарш а дуьйцуш охьахевшина Iеш бара божарий. Царех цхьаI колхозан председателан кIант Хьаьж-Мирза хесто хIоьттира.

— ЭхI, ма тамашена хIума а карийна, — элира СаIида. — Дитте хьаьжжина бу стом а.

— ХIан-хIа, хьо бакъ вац, — бохуш дуьхьал велира лулахо. — Массарна а гоьваьлла вевзаш ма ву вайн жаIу Мухтар, ткъа цуьнан да-х чIогIа лартIехь воцуш стаг вара. Цо Iехоза мила вара. Амма цуьнан кIант шовданан хи санна цIена ву.

— Ма тамашена хIума а ду аьхьа дуьйцург. Хаза зезаг-м кIохцал тIехь а долу. Дахарехь ишта а, вуьшта а хуьлу.

3. ЮСУППИЙ, ДАЛЛИЙ

— Далла еззане а езаш вац со, — аьлла, массарна а хозуьйтуш дIахьедира Юсупа.

— ХIунда ца еза хьуна иза? — хаьттира цуьнга.

— Суна иза дера ца еза, аса иза цIахь юучу хенахь иза чаьмза а, чохь жижиг доцуш а хиларна. Амма со хьошалгIахь волчу хенахь сайн гай лаза даллалц дерстанчу уьстагIан жижигца гай дузо гIерташ хуьлу со. цул тIаьхьа сайн гай лоззушехь.

— Дера бакъ ма ду, Юсуп, далла яар хьуна зуламен ма ду, — элира майданахь болчу, лоруш болчу бакхийчу наха.

4. СТЕННА ИККХИНА ТIУЛГ

Хийла хан ю юьртан майданахь боккха шера тIулг Iуьллуш болу. ТIулг наьрто диг тоьхча санна, юккъехула иккхина бу.

Бакхийчу наха дуьйцу, цхьа бIе шо хьалха, ши бIе шо хьалха хила а тарло, оцу тIулга тIе охьа а хиана, вовшашца хабарш дуьйцуш Iеш хилла ши стаг.

— Сан да чIогIа лекха стаг хиллий хаьий хьуна, — элира цхьаммо. — Иза говра хиначу хенахь цуьнан корта морхашка хьалаккхочуш хилла...

— Иза-м хуьлуш ду, — элира шолгIачо. — Ткъа шен корта дIахьекхалуш хилла и юькъа морхаш сан ден маж хилар ца дийцира цо хьуна?..

— Дага ца догIу суна... Дийцина хила а тарло... ХIунда бах ахьа?

И дозаллин хабарш ла а ца делла тIулг иккхина.

Ткъа хила а тарло иза-м иштта!

5. ДУККХАХ МУЬЛАШ БУ

Шен сагатдеш долчу хеттаршна жоп каро дагахь волу молла, цкъа ара а ваьлла, некъаш цхьана хотталуччу вахара. ДIахьаьжча ккунна гира некъан бере.

Башха тIулган суьлхьанаш а хьийзош, цо хаттар дира беречуьнга:

— Алахьа, къонах,— дуьнен чохь дукхах муьлаш бу — дийна берш бу я белларш бу?

— Нагахь стогалла йолуш болу майра нах а тIехь лерина, тIаккха дийна берш дукха бу. Стогалла йолу къонахий цкъа а леш бац, — аьлла жоп делира беречо, говр а сецош.

— Ткъа муьлш бу дукхах берш — хьекъале берш я Iовдалнаш?

— Хьекъале боцчийн барам дикка кIезиг хир бара, нагахь и барам молланийн чоьтах даима а тIебузуш бацахьара.

ХIетахь дуьйна некъаш хотталучу воьдуш вац молла, бохуш дуьйцу.

6. БЕРКАТ ДАИМА А ЦА ХУЬЛУ САМУКЪАДОККХУШ

Самур олучу хин бердан йистехь охьахиана Iаш вара куьпчи. Цунна юххехь дара хохаш чохь болу гали. Хохаш а бууш воьлхуш Iара иза.

— ХIун вон деана хьоьга, хIай миска? — аьлла хаьттира тIехволучо.

— Базара дIакхача сихвелла воьдура со. ХIинца хих чекхвала деза-кх. Амма хохаш чохь болчу галис со хин буха вахьарна кхоьру со. Цундела уьш биана дIабаха сацийна аса. Кхоам хета суна беркатах...

ХIинца а цигахь хиана Iаш ву боху иза, шен хохаш а бууш, велха а воьлхуш. ХIун дийр ду, иштта хила а тарлой иза-м...

Цхьадолчу беркато — дуьненан дохно оцу хьола тIе ваккха а тарло стаг.

7 ДУЬХХЬАЛДIА ХАБАРНА

Цкъа а ца хиллачу кепара тийна дара майданахь. ХIун дуьйцур ду, стенна тIера дIадолор ду ца хууш Iаш вара хIора а. Амма цIеххьана цхьана лулахочо кхечуьнга хаьттира:

— Алахьа, мекхашдерг, хьан цIахь цаца буй?

— Бу... хIун до ахь цунах? Оьшу хьуна?

— Дера ца оьшу... ДуьххьалдIа хабарна дIа бохучкх...

Ерриге майда хIетахь дуьйна, некх санна екаш ю, бохуш дуьйцу.

Цундела ламанан меттигашкахь чIогIа сий до муьлхачу а гIуллакхан юьхь йолийначун а, адам лелаза йолчу хьаннашкахь лаьмнашкахь дуьххьара некъ биллинчун а.

8. ДАН ДЕЗАРГ КАРИЙНА

Шина сохьтехь задача ян а гIиртина, иза ян а ца луш висира Асхад. Ураме а ваьлла, кIетIа дIахIоьттира иза. Цунна схьайогIуш гира хьалхарчу классехь доьшуш йолу Меседа.

— Оо, хьо ма кура йогIу Меседа, моьттур дац ахьа таханлера задача йина, — элира Асхада.

— ХIан, ма доккха хIума а ду задача яр, — жоп делира Меседас. — Шовзткъе итт йолхазза эцар, ткъе итт дIадаккхар, кхаанна декъар...

Асхада юха чу а веана, Меседас ма-аллара йира задача. Жоп нисделира...

Амма хаалаш, даима а, хьанна а нислуш дац иштта гIуллакх.

Булач Гаджиев

ХЬАЬЖ-МУРДАН ТІАЬХЬЕ

1852-чу шарахь Кавказал дехьахьа хиллачу тІаьххьарчу тасадаларехь инзаре ирча валар хилла башха гоьваьллачу Хьаьж Мурдан, изза цІе а йолуш шен хьокъехь Л. Н. Толстойс повесть язйина волчу. Дукха хан йоццуш зорбанехь хаамаш хилира Азербайджанехь Куьпчех юьртана юххехь Хьаьж-Мурдан каш кароран хьокъехь. Оцуьнца дозаделла дуккхарна а хьалха хаттар хІоьттира, хІун хилла техьа Хьаьж-Мурдан зудчух, берех, берийн берех боху. Оцу хаттарна жоп делла гоьваьлла вевзаш волчу дагестански краеведо Булач Гаджиевс.

Тахана зорбатуху и жоп.

1851-чу шеран 23-чу ноябрехь Шемал волчуьра дІавахара Хьаьж-Мурд. Оьрсийн эскар долчу иза кхаьчначу хенахь, цуьнан доьзал — зуда Сану а, нана Залма а, бераш — шиъ кІант а, йиъ йоІ а — Хунзахана деххьа йолчу Цельмес юьртахь биснера. Билггал цундела шен повестан турпалхо вина мохк иза лерира Л. Н. Тостойс. Ма-дарра аьлча, Хьаьж-Мурд а, цуьнан дай а схьабевлла меттиг Хунзах яра. Цельмесехь-м тІаьххьарчу шерашкахь бен ца вехира Хьаьж-Мурд, цигахь цуьнан цІа а дара, мохк а бара.

Хьаьж-Мурдан цІа, цуьнан ден ІалсагІарин Хунзахехь хилла цІа а санна, ца дисна.

Хьаьж-Мурд веддачул тІаьхьа, Харахахь наиб волчу Денал-Султана омар дира веддачу цуьнан берриге доьзал орчу болла, ткъа цІа дагаде, аьлла. Хьаьж-Мурдан зуда Сану а, цуьнан нана йоккха стаг Залма а, бераш а орчу дохка далочу хенахь цара хІораммо а шайн ницкъ ма-кхоччу дуьхьало йира. Къаьсттина дуьхьало йора цхьайтта шо бен кхаьчна воцчу Хьаьж-Мурдан кІанта Гуллас. Хьаьж-Мурдан дуьххьарлерчу зудчо гуьржичо Дарижас вина кІант вара иза, шен майра вийна-

чул тІаьхьа Кахерчу цхьана ламанхочуьнга маре яхара иза. Гулла чІогІа хІайт аьлла божабер дара, дас бегашена ца олура цунах «дІаьндарг». Дененехьа гІо доккхуш тасавелира кІентан кІант, шаьлта а яьккхина, муьридашна тІехьаьдира иза, амма иза бер хиларе терра, цуьнгара шаьлта схьа а яьккхира, иза йиттина лаьтта охьа а виллира.

Набахтнен метта долчу орчохь Хьаьж-Мурдан зудчул, ненал, кІантал Гуллал совнаха цу чохь вара цуьнан ялх шо кхаьчча кІант Іабдул-Къедар а, йиъ йоІ — Баху а, Бахтике а, Семисхан а, Қихилай а.

Массарал а балехь яра Хьаьж-Мурдан зуда. Ша ор чу йоьллинчу кхоалгІачу баттахь кхин цхьа бер а дира цо. Йоккхачу стага Залмас ирчу тІулгаца дІахадийра беран цІонга. Иштта дуьненчу велира турпалхочун уггаре жимаха волу кІант. Ден безамна цунна Хьаьж-Мурд аьлла цІе тиллира.

Хьаьж-Мурдан шозлагІа зуда — Сану Нохчичуьра яра. Маре йоьдучу хенахь (иза дара Веданахь) йоьІан ткъолгІа шо доладеллера. Дуккха а шераш девллачул тІаьхьа Санус ша дуьйцура, ша еха Шемал ша а веара, ловзар хиллачу дийнахь тхьамданийн уггаре коьртачу меттехь хиъна Іаш а вара иза, бохуш. Сану хаза а, доккхачу дегІахь а яра. Нохчийн а, чергасийн а, жІайн а меттанаш хаара цунна.

Сану шен берашца цхьаьний Цельмессехь орчохь йоллучу деношкахь, Санун хазаллин хьокъехь хууш волчу Шемалан наиба Денал-Султана цуьнга шен зуда хила аьлла захалаш бахийтира. Шен лоьмана тешнабехкаца гур хІоттийна волчу стеган зуда ца хуьлуш сихха яла реза ю ша, аьлла жоп делира Санус.

Амма хІетте а дукха хан ялале иза маре елира Тлохерчу Іаьрбан дешар дешна волчу цхьана Іеламан стаге. Цунна ца луъушехь маре елира иза. Оцу заман чохь дийна вацара Хьаьж-Мурд. Баба, Гулла а валош Хунзахе юха а еана, Хьаьж-Мурдан ден хиллачу тишчу цІа чохь яха охьахиира. Кхин масех шо даьлча, цхьа милла а оьрсийн инарла Хунзахе а веана, мухха а хианехь а цунна церан хьокъехь хиача, йоккхачу стаганий, цуьнан кІентан кІантаний тІе хІума а юьйхира, буучу кхачанца кхачо а йира царна.

1856 шарахь ДегІастанан дошлойн полкан лекаро И. С. Костемировскийс а, цуьнан гІоьнчано Н. Львовс а

Лахарчу ДженгIотахь вовшахтуьйхира ламанхойн берашна йолу дуьххьарлера оьрсийн школа. Цига деша нисбелира Хьаьж-Мурдан кIентий — Гулла а, Iабдул-Къедар а. 1860 шеран 28 майхь «Кавказ» газета тIехь оцу хьокъехь яздора иштта: «Хьаьж-Мурдан бераш школехь доьшуш а, дика низам долуш а ду».

Школа чекхйоккхийла ца нисделира Хьаьж-Мурдан берийн. Цкъа мацца а тIе а летта, гIумкийн цхьана хьалдолчу урхалчин зуда а, шиъ кIант а дIавигна хиллера Хьаьж-Мурда. Кавказехь тIом сецначул тIаьхьа, гIумкийн оцу элан Шихвали-ханан кIентий — Зубайр а, Iукайр а ДженгIотарчу школе деша баьхкира. Царний, Хьаьж-Мурдан кIенташний юккъехь дов иккхира, Iаламат чIогIа вовшех летира уьш, Гулла а, Iабдул-Къедар а школера дIаваьккхира.

Хьаьж-Мурдан нана — Залма, дукха къанъеллачу хенахь, Шемал йийсаре вигначул тIаьхьа, елира. 1891 шарахь Тлохехь елира Сану. Тлохехь хIинца а долуш ду цуьнан каш а, Хьаьж-Мурдан жимах волчу кIентан каш а. Циггахь дIайоьллина ю цуьнан йиша ЖавхIарт а, ткъа иштта оцу кешнашкахь воллу Тлохерчу Iаьрбан Iеламан стагана цо тIаьххьара вина кIант — Султан-Ахьмад а.

Хьаьж-Мурдан воккхах волу кIант Гулла Советан Iедал тIекхаччалц вехира. Шен ненах — гуьржечух тера вара иза, жIайн, гIумкийн, оьрсийн меттанаш хаара цунна, тIехдика хаара цунна дабгIа даран гIуллакх, накхарш лелош а, говраш дика евзаш а вара иза, цо еххачу хенахь Цумадехь а, Цунтахь а, Тляратехь а хьаннашна тIехь болх бира. Дегара цо схьаэцнарг цаI бен дацара — топ нийса тохар. Цуьнан доттагIчо ГIитин-Махьмас дуьйцура: «Аса кест-кеста диттана тIе гуччу дIахIоттадора цIестан шай, цхьа бIе гIулч цунна гена а волий, Гуллас дуьххьара кхоьссина топ нисса оцу шайна юккъе тIекхетара».

Шемал йийсаре вигначул тIаьхьа Азербайджане шен да дIавоьллинчу метте а вахна, цуьнан каш а карийна, иза то а дина, Iаьрбан йозанца яздина чурт дуьйгIира цунна Гуллас.

104 шарахь ваьхначу, гоьваьлла вевзаш хиллачу Арцул-Меерерий, ГIайдарбекерий, ГIаджа-Махьмерий, Хьаьж-Мурдан кхечу доттагIашкарий шен ден дахаран хьокъехь долу хабарш гулдира Гуллас. Гуллас шен дех

лаьцна дуьйцучуьнга ладогIа лууш берш даима а дукха хуьлура, Л. Н. Толстойс яздинчух дукках долчу декъана тера дара и дийцарш, бохуш дуьйцура уьш хезначара. Лев Николаевича яздинчех цхьана кехатана тIехь билгалдаьккхина ду, цо Хьаьж-Мурдан берашка кехат дахьийтар. Гулле а, Iабдул-Къедаре а дахьийтина хилла и кехат. Оцу кехатах хилларг а, Толстойн турпалхочун бераша цунна жоп дахьийтина а я ца дахьийтина а — вайна хууш дац.

Советийн Iедал тIедеанчул тIаьхьа Буйнакск гIалина 14 километр гена йолчу Ишкарта олучу гIумкийн юьртахь вехаш вара Гулла. Тохара хьалха а санна хьуьнан хехь болх беш вара иза.

Оцу юьртарчу баккхийчу нахах цхьаммо — 95 шо долуш волчу Iумхана дуьйцу Гулла Iаламат чIогIа комаьрша хилла хиларан хьокъехь. Цкъа тохара хьалха, жима бер долчу хенахь шен деца цхьаьнний дечиге хьуьнах вахара Iумхан. Хьуьнхахь буххьяьхна гоьргаш а яхьаш дечиган ворданахь хIорш цIа богIуш кхарна дуьхьалкхийтира Гулла. «Стенга доьлху шу», аьлла хаьттира хьуьнан хехочо. «Хьуьнах доьлху, Гулла, хьуьнах! Дитахьа тхо, делан дуьхьа, дитахьа тхо паргIат»,— элира дог доьхначу дас. Дечиг дIа а даьккхина баьсса а, оьгIазбахна а хIорш цIа кхаьчча цец а бевлла бисира: ах варда сов дечигаш гира кхарна кертахь охьадассийна. И дечиг Гуллас даийтина хиллера, баккъалла а къонахий болчу наха курхалла деш товш дац, боху хабар а дитанера цо кхарна.

Ишкартахь пхийтта шарахь вехира Гулла. Шен зуда — Умужаган еллачул тIаьхьа Хунзаха ваха юхавеара иза. 1927 шарахь 87 шо хан а йолуш велира Гулла.

Гуллин виъ кIант а, шиъ йоI а хилла.

Ши йоI хIинца а дийна ю. Цу шиннах цаI Батлаичехь ехаш ю. Цуьнан 99 шо ду. Важа йоI — ПетIамат шен йишел ах жима ю. Хунзахехь болх беш а ю иза.

Гуллин воккхах волчу кIентан цIе Казанбий хилла. Хунзахехь аьчган пхьар хилла иза. Iаламат чIогIа кхетам болуш хилла иза, бохуш дуьйцу, амма деша таро ца хилира цуьнан. Граждански тIеман шерашкахь цIен партизан вара Казанбий, цул тIаьхьа 1928 шо кхаччалц Хунзахехь юьртсоветан куьйгаллехь вара иза. 1931 шарахь велла.

Гуллин шолгIа кIант Бадави хилла. Шен дегара цунна Iемира дабагIа даран корматалла, оьрсийн эскаре а вахара иза, оьрсийн-японийн тIеман фронташкахь дакъа а лаьцна цо, георгиевски кавалер а вара иза, 1912 шарахь прапорщикан чинехь а волуш Хунзахехь эскаран гIопан командиран гIоьнча волуш гIуллакхехь вара Бадави. Цунна совгIатана елла орденаш — шиъ жIар хIинца а ю безамна ларьеш Хьаьж-Мурдан тIаьхьенах волчу цхьангахь.

Хьаьж-Мурдан и кIентан кIант Iаламат чIогIа тIахъаьлла онда стаг вара. Хунзахерчу ламанхошца хиллачу гарнизонан салтийн цхьана тасадаларехь, марха достучу деношкахь, унтерех цхьаммо ир-кара хIиттийначу салташа цхьамзанаш Iоьттина хьалаайбира Бадави. Ах велла волу Бадави Хунзахе дIавигира. Шовзткъе итт чов яра цунна тIехь, хIетте а дийна висира иза.

Революци хиллачул тIаьхьа имам Гоцинскийн бандашна дуьхьал латтийначу къийсамехь дакъалецира цо, ревкоман участкови комиссар а, председатель а вара иза. Цул тIаьхьа 1923 шо кхаччалц ЦIечу Эскарехь ДегIастанан дошлойн полкехь гIуллакх дира цо. Эскарера мукъаваьллачул тIаьхьа Хунзахе юха вогIий, дабагIа даран корматаллица болх бо цо. 1932 шарахь 2 майхь велла Бадави.

ЧIогIа тамашена дахар нисделира Хьаьж-Мурдан маьхкарийн.

Йоккхах йолу йоI — Баху маре яхара ДегIастанан областехь инарла-губернатор волчохь гочдархо волчу Абу-Муслиме. Дукха хан йоццуш къиза веллачу, ДегIастанан советски философ, Iилманча, юкъараллин деятель, МГУ-н профессор хиллачу Фаталиев Мохьмадан ден да вара и Абу-Муслим. Маре яхна дукха хан ялале ши кIант а вуьсуш елира Баху. Иза ялале хьалхха елира цуьнан йиша Бахтика а.

Хьаьж-Мурдан жимах йолу йоI — Кихилай амалехь шен дех тера хилла. Жима йолчу хенахь шен ненан ненаца Буьрена юххехь юьртахь ехаш Iийна. Оцу юьртахь кест-кеста герзашца девнаш хуьлура лулахошца хьун къуьйсуш, божаршца цхьаьний, тIулгашна тIехьа а лечкъаш, топ етташ, оцу девнашкахь дакъалоцура Кихилайс.

Граждански тIеман шерашкахь Кихилайс дикка гIо дира ненехьахула шен гергара волчу Дударов Сафара-

на — ДегIастанан ЧК-н председательна. 1920 шарахь Араканехь цIечу эскархойн отряд къиза хIаллак хилале хьалхха Дударов Сафар волчу а еана, арз деш цо элира: «Со муха Iийр ю цIахь, кхузахь адамаш хIаллак хуьлуш а долуш?» Хьаьж-Мурдан йоI Тлохе юха дIаяхийта гIерташ иза дуккха а хьеста дийзира Дударов Сафаран. Дударов Сафар хIаллакьхиллачул тIаьхьа, герз а дихкина, верта а кхоьллина, говрахь Аркасе а еана, иза вийнарг лоьхуш, ша кIилло вацахь дуьххьал дIа шеца лата схьавола, бохуш, чIир леха елира Кихилай.

ЦIеххьана ялар хилира Кихилайн. Тлохера Хунзахе юхайогIуш МатIласа юххехь говр тIера охьа а кхетта лазийра иза. Майралла йолуш йолчу шен йишин дакъана леррина тIаьхьа а вахана, иза Хунзахехь дIайоьллира Гуллас.

Хьаьж-Мурдан жимах болчу кIентийн дахаран некъ башха тамашена бац.

Iабдул-Къедар паччахьан эскаран эпсар хилла, подполковникана тIекхаччалц чин а долуш. ТIаьххьарчу шерашкахь БуретIехь ваха а ваьхна, герггарчу хьесапехь 1907—1908-чуй шерашкахь вала а велла иза. Цуьнан зуда Лахарчу Казанищера гIумкн яра. Цуьнан деа берах цхьа а дийна ца дисна.

Шемал волчуьра Хьаьж-Мурд веддачул тIаьхьа хилла волу цуьнан жимах волу кIант — Хьаьж-Мурд а хилла паччахьан эскарехь гIуллакх деш, башха гоьваьлла а воцуш. Цуьнан зуда хилла тIаьхьо гоьваьлла вевзаш хиллачу ДегIастанан революционеран Хизриев Мохьмад-Мирзин йоI. Цуьнан кхаа йоIах цаI — Залму хIинца а Буйнакск гIалахь ехаш ю.

Хьаьж-Мурдан йоьIан — Залмун 83 шо ду, и цIе тиллира цунна цуьнан ненан а, ненан-ненан цIе ю аьлла, иза хIинца а хIума дика дагадогIуш ю. Книга йоьшуш санна дуьйцу цо шен де-ден дахаран хьокъехь.

Залмун бераш ду, Хьаьж-Мурдан беран а бер-бераш — 65 шо кхаьчна волу Якубов ИмангIазали а, 58 шо долуш йолу Секент а.

ИмангIазали — изобретатель а, художник а ву. 1920 шарахь Орджоникидзес ДегIастанан Советийн автономи шена чохь дIакхайкхийна йолчу театран филигранни белхан макет йина цо. ДегIастанахь генна хьалха дIаяханчу хенахь хьехашкахь даьхначу адамийн суьртийн

дийнна галерея ДегIастанан музейна кечйина волуш ву иза.

Хьаьж-Мурдан кIентан а кIентан кIант — Гуллан кIентан кIант, Бадавин кIант ву дийна а, вевзаш гоьваьлла а. Иза — Хьаьж-Мурадов Мохьмад ву. Ростовехь хьехархойн институт чекхъяьккхина цо, Даймехкан Сийлахь-боккхачу тIеман фронташкахь лета а летта иза, ккхузза чIогIа чов хилла а ву, ккхуззе а юха фронте а вахара иза, правительствос делла масех совгIат ду цуьнан. ХIинца Мохьмад шен ден дех лаьцна Iилманан болх язбеш ву.

Умар Богазов



СТОГАЛЛА

(Дийцар)

Иза дара берхIийтталгIа шо чекхдолуш. Дийнна дийнахь шийла, дегIах чекхбуьйлуш хьоькхуш мох а болуш, даккхийчу лайн чимашца хаддаза охьаоьхуш дара догIа. Сарале догIа сецира, амма Iаьржачу юькъачу мархаша дIахьулйинера стигал; шелъелира.

Станицина юххерчу йоккха йоцчу поселкехь деникинцашца луьра тIемаш беш болу дийнна кIира дара, кхерабелла бахархой цIеношкахь а, подвалашкахь а дIалечкъаш бара. Урамехь гуш цхьа а адам дацара.

Суьйранна бода булуш лаьттара кIайчарна дуьхьал тIом беш йолчу белхалойн отрядера Федор Чурбанов а, Мохьмад а, къена машинист Токарев а станце юхакхаьчначу хенахь. Депохь дисна паровозаш кечде а, шолгIачу дийнахь, лерина гайтам хиллачул тIаьхьа уьш Грозне я Прохладне дIадаладе а аьлла буьйр кхаьчнера цаьрга. Амма йиллинчу хенахь схьа ца кхечира буьйр: деникинцаша хадийра зIенан некъ, станци дIалецира. Герз дIалачкъийна болчу банин тхов тIе бевлира Чурбанов а, цуьнан накъостий а. Схьагарехь цхьана ямартхочунна гинера уьш. ГIалгIазкхаша станци дIалецира, депохь цIийнах хьевсинчул тIаьхьа оцу сохьта банехьа бахара уьш. Банена гена боццуш лаьттачу боккхачу тIулган йисте пулемет дIахIоттийра цара, цул тIаьхьа шеца иттех гIалгIазкхи а волуш волчу эпсаро,

банина тІе а вахана, тхевнехьа дІа а хьоьжуш, мохь туьйхира:

— ХІей, муьлш бу цигахь берш, карадуьйла!—аьлла.

Амма цхьаммо а жоп ца делира. Беха лами схьа а беана, тховтІе бовла дІахІоттийра гІалгІазкхаша. Топ белша тІехула коча а тесна, лами тІехула хьалаволавелира гІалгІазкхех цхьаІ. Тхов тІе а ваьлла, корта тоьхна цуьнан неІ дІаелла гІоьртира иза юьхьанца, ткъа тІаккха куьйгашца дІаелла гІоьртира, цунах а хІумма а ца хилира — неІ дІа ца еллалора.

—Арефьев, хІан-хІа, жимма дІатаІал,— элира цуьнга эпсаро. Топ схьа а эцна, цхьанаметта кхузза ялийтира цо иза; тхевнан неІарах кхоъ Іуьрг делира. Кхин цкъа а елира топ, Арефьев аьлла шен цІе яьккхинарг цІий Іенаш охьавуьйжира. Деникинцаш тІулга тІехьахьа бухабевлира. Кестта етта йолийра пулемет. Банин тхов тІера чуоьхура кегийна гаьргаш.

Тхов тІерчу адамаша цхьана а кепара шаьш дуйла ца хоуьйтура, моьттур дара уьш байина бу. Амма цхьа кІеззиг хан яьлча гІалгІазкхех кхин цхьаІ вийра, тІаккха шозлагІниг а, кхозлагІниг а... Охьавуьйжира пулеметчик а. ТІаккха эпсаро, хьала а гІоттуш, мохь туьйхира:

— Кондратенко, пулемета тІевоьл... — амма кхузахь ша а велла охьавуьйжира иза...

Іаржлуш лаьттара, амма шайна оццул луьра тІелетташехь карабогІуш бацара тховтІеранаш. Тхов тІехь дийна гаьргаш кІезиг йиснера, амма Чурбанов а, цуьнан накъостий а гуш бацара, гІалгІазкхашна ца хаьара тхов тІехь дийна стаг мас ву а, чевнаш хилларг я вийнарг мас ву а. Гуттар Іаржъелча банина го лецира гІалгІазкхаша. Юьйлу тоьпаш дикка лагІъелира. Чурбановн, Мохьмадан, Токаревн гуттар кІезиг диснера патармаш. Боданехь тоьпаш кхийса хІинца тарлуш дацара, тхевна чуволучу неІара тІехьа охьалахвелира Токарев. Чурбанов а, Мохьмад а кхечу, гІалгІазкхаша тоьпаш схьаеттачу агІорхьа охьавижира. Кешнашкахь санна тийна дара. Юьртахь наггахь цхьацца йолу хезара топ, ткъа тІаккха уьш а севцира.

— Вешан патармаш дагарде вай, — элира меллаша Чурбановс.

— Исс бу-кх, — элира Мохьмада.

— Шийтта, — аьлла доккха садаькхира Токаревс.

— Дера гIуллакх вон ма ду, — элира гIийлла Чурбановс. — Амма ондда латта деза вай. Карадаха мегар дац, нагахь цара вайна цIе тасахь а.

— Вай вешан сий дойур дац, къонах сийлаллица вала веза, — аьлла цунна жоп делира Мохьмада.

Гонаха тийна дара. Шайн дегнийн деттадаларе ладоьгIуш бара доттагIий, царех хIоранна дагчохь башха оьзда ойланаш а, лаамаш а бара. Шайгарчу хьолан холаллин хьокъехь а ойла еш бацара уьш. Шайн халкъан сирлачу хиндолчуьнан дуьхьа дахар дIадала кийча вара хIора а.

— Дохий ма хьовза, ткъе цхьаI патарма бу вайгахь, — элира Токаревс. — Федя, хьоьгахь цхьа а ца бисна?

Чурбанов велакъежира:

— Кхоъ бисна.

— Делахь вайх хIоранна бархI-бархI патарма кхочу-кх.

— Аса дуй боу шуна цхьана а патармех эрна харж ца ян.

— Аса а!

— Аса а!

Чурбанов боданехула дIахьоьжуш вара, амма гуш хIумма а дацара. Амма цхьа жима серло иккхира боккхачу тIулга йистехь. Цхьаммо цигаьрка латийначух тера дара.

— Вай лардеш ду!

— ЖIаьлеш! — олуш цергаш хьакхийра Мохьмада.

Токарев вист ца хуьлуш вара. НеIара тIе а тебна арахь хуьлчуьнга ладоьгIуш Iара иза.

— Вай оцу агIора а лардеш ду, церан гIовгIа хезира суна.

— Делахь вай гуро лецна хьуна, ткъа со вара хьуна сатоссушехьа вада ойла еш.

— Со гIоьртича хIун дара техьа вада? — аьлла тохавелира Мохьмад.

— ХIан-хIа, иза шен лаамехь церан мIарашна юкъавахаре нисса хир дара. Кхуззахь валар тоьлашха ду,— элира дош чагIдеш Чурбановс.

Токаревна цхьа тата хезира: гIалгIазкхех цхьаI-м вара ламех хьалаволуш, амма схьагарехь кхеравелира иза, дерриге юха а тийна дара. ХIорш а бара бист ца хуьлуш дIатийна Iаш.

Оцу буса чIогIа меллаша дIайоьдура хан, тIаьххьара а сатесира. Малхбалехьа буьйса мелла а серлаелира. Цхьа Iиндагlаш къесталора бIарге: цкъа хьалха цIеношш, дитташ, ткъа тIаккха боккха тIулг а.

ЦIеххьана тIулга тIехьа етта йолийра пулемет, герагийн кийсигаш кхаа накъостана тIеоьхура.

— Юха а дIайолийн! — Чурбанов накъосташка дIахьаьжира. Кийчча каралецна тоьпаш а йолуш цунна юххе охьабийшина бара уьш.

— Хьоме вежарий, доха ма дохалаш, ревлоюцнн дуьхьа кхин а тIом бан декхарийлахь ду вай. Дийна долуш кара гIур дац вай! — олуш, хьалха Мохьмад, тIаккха Токарев маравоьллира Чурбановс.

Дуккха а хан дIаелира, ткъа тIом соцуш бацара. Тхов тIера схьа нагахь бен жоп ца лора гIалгIазкхашна, амма тухург тIех ца туьлуьйтуш тухура: хIоразза а гIалгIазакхех цхьаI лей охьавужура, гIорийначу лаьтта тIе.

Шелъелира, дуьккъа дохк а хIоьттира. Кхуьйсучуьра совцуш яцара тоьпаш, амма хIинца уьш цхьана агIора бен етташ яцара: тIулга тIехьара бен.

Дуькъа дохк хIоттарх пайда а оьцуш, бани чохь йолчу цIеношна гертга тIе а баьхкина, оцу чу граната кхосса таро хилира гIалгIазкхийн. Цигара схьа доккха тата делира, амма дахкарна хIумма а гуш дацара. Пхийтта минот, ах сахьт хан дIаелира, амма цIа чуьра адамаш дийна ду я дац хууш дацара. ТIаккха тхов тIе бовла гIоьртира гIалгIазкхий. Дуккха а къахьегначул тIаьхьа тхов тIера неI дIаелла елира цаьрга. Тхов тIе хьалабевллачу царна тIамарш дIаса а тийсина, лаьттахь бертал Iуьллуш волу кхо стаг гира. Царех цхьаннан лергара оьхуш цIий дара. Вукху шинна багара оьхура цIий. Цаьрга леррина хьевсинчу деникинцашна хиира уьш чIогIа лазийна хилар. ГIагIазкхаша лаха охьабехира уьш. Царна чохь са хилар а хиана, ворданашна тIе а кхийсина, уьш дIабихьира деникинцаша.

Подвала чоххьий бен саметта ца баьхкира Чурбанов а, Мохьмад а, Токарев а. Лаьттан цIенкъахь шийла а, тIуьна а яра, тIулган пена тIе кIац а йиллинера.

Массарел а хьалха саметта веара Чурбанов. БIаьргаш дIабиллинчу цунна гира, гонаха бодаш, тхов тIера схьа чукхеташ кIеззиг серлонан билгалонаш яра. Шена юххехь милла а цхьаI хилар хааделира цунна.

— Сан вежарий! Сан хьомен вежарий, дийна дуй шу? — элира Чурбановс.

Уьш меттах хьер туосаделча, царна кIегарховша гIо дира цо.

ХIун ду техьа вайх хилларг? — хаьттира Чурбановс. Амма цунна цхьаммо а жоп ца делира. Цуьнан ший а накъост веххьа Iийра вист ца хуьлуш. ТIаьххьара а, толкха а лелхаш, вистхилира Мохьмад:

— Дохк... Дахкаро... тешнабехк бира вайна.

— ХIумма а дац, вежарий. ХIуъа хилла латтахь а къийсам сацор бац вай. Вай иэша лур дац.

Оццу хенахь лакхахь гIовгIа хезира. ДIогахьа схьакхеттачу серлонца цхьаьний чудевлира герз а карахь долу адамаш.

— ХIей, схьавоьл цигара! — аьлла мохь туьйхира гIалгIазкхех — деникинцех цхьаммо.

Амма кханнах цхьа а меттах ца хьайра.

— Хьоьга бохий аса-м, хьоьга!— олуш Мохьмадана тIе шедакхаж хьажийра гIалгIазкхичо.

Чурбановс накъостан куьг Iевдира. Мохьмад хьала а гIаьттина, подвала чуьра хьала тIевелира. Лакхара неI юха а тIечIегIира, подвала чохь кхин а чIогIа бода хIоьттира.

— Иза леван вигна, — элира Чурбановс.

— Цо хIумма а эр дац цаьрга, — аьлла дийкира Токаревн аз. — Гавурш! Ямартхой лоьху цара...

Мохьмад дIа чувигира. Чохь йовха а, сирла а яра. Стоьла дехьа хиана Iеш вара ши эпсар. Коьртахь куй а боцуш, цхьана чухулдухучу коч-хечица, когахь кIархаш бен боцуш ирахь лаьтташ волчу Мохьмаде ца вешаш хьоьжура и шиъ. Йовхачу чукхаьчна иза вегавора. «Делахь со кIилло лара магара кхара» — бохучу ойлано кийра багабора цуьнан, дерриге гIора гулдина ша шен саметта валийра цо.

Эпсарех цхьаI, ира а хIоьттина, тIевеара кхунна. Куьйгаш букъа тIехьа а дехкина, кIеззиг бегаш бечуха, тIаккха леррина олучуха Мохьмаде хаттар дира цо:

— Большевик вуй хьо?

— Ва, большевик ву со! — элира Мохьмада, бIаьрган негIар ца тухуш, дозаллица.

Эпсар оьгIазвахана, батт а сеттош, макхвелира, бетах шеташ а оьхуш мохь туьйхира цо.

— Сий доцу хIума, хьан вина хьо-х большевик?!

Мохьмада цунна цхьа а жоп ца делира.

Эпсар тIех чIогIа оьгIазвахара.

— Шунчех муьлш бисана станцехь а, юьртахь? — элира эпсаро, дош шакарца дазош хаттар а деш.

Амма Мохьмадан юьхьа тIехь ца вашарца велакъежар бен кхин хIумма а дацара.

Эпсаро оьгIазаллица, шеташ туьйхира Мохьмадан юьхьа тIе. Мохьмад ша волччохь вегийра, нисса нуьцкъала чIенгах буй тоьхна эпсар Iункар эккхийтира цо. Эпсаран багара цIий охьахьаьдира. Иза Мохьмадана гушшехь оцу сохьта юьхьа тIе нуьцкъала тохар хааделира ккхунна шена. Къора санна сиха а, луьста а хIумнаш яра Мохьмадана тIеетташ, дог гIелделла охьавуьйжира иза, ткъа цул тIаьхьа дерг хаа ца лора цунна...

Подвалан неI юха а дIайиллира. Чурбановн, Токаревн когашна кIел охьакхоьссира цIийх юьзна адаман гуьйриг. Шайн накъост вевзира царна. Мохьмад еххачу хенахь саметта ца вогIуш Iийра.

— Мичахь ду шу? — хаьттира цо тIаьххьара а, гIийлачу озанца.

— ХIун хьал ду хьоьгахь, гIолехьа ца хета хьуна? — аьлла хаьттира Токаревс, цуьнан коьртах куьг а хьокхуш.

— Шун накъостий мичхьа бу? — бохуш хоьттура соьга. Аса жоп луш тоьхна цхьа эпсар охьавиллира, — элира Мохьмада халла вела а гIерташ.

Кхин ах сахьт даьлча дIавигира Токарев. Подвала чуьра аравоккхушехь цуьнан куьйгаш дIадихкира. Ткъа кхин цхьажимма хан яьлча, иза а, етта а йиттина, юха а подвала чу кхоьссира.

Буьйса юккъеяханчул тIаьхьа дIавигира Чурбанов. Иза а ву тIехьа дихкина куьйгаш а долуш, шел хьалха шен накъостий хиллачу оццу довхачу цIа чохь.

— Большевик вуй хьо?

— Ва, большевик ву со!

— Муьлш бу шун накъостех ккузахь бухабиснарш?

— Кхерамаш тийсарций, кхаьънаш иэхьарций шайга тхох ямартхой балур бу моьтту шуна? Шуна-х большевик бохург хIун ду а ца хаьа, цунах шу цкъа а кхетар дац. Революцин мостагIий шаберш а гор хIотталц, болат санна онда а, гал ца бовлуш а хир бу большевикаш! — элира Чурбановс, дозаллица, корта лакха хьала а ойбуш.

Иза левеш волу эпсар, буйнахь шад а къуьйлуш Іеш вара. Дений-нанний кхайкхош маьттаза дешнаш а аьлла, мохь туьйхира цо:

— ГорахІотта!

Чурбанов ур-атталла меттах а ца хьайра.

Эпсаро, тІе а веана, цуьнан бетах шад туьйхира. ЦІаро санна вагийра Чурбанов оцу тохаро, амма цергаш а хьекхош, ша волчуьра меттах ца волуш лаьттара иза. ТІаккха шина гІалгІазакхичуьнга буьйр дира эпсаро:

— ГорахІоттаве иза!

Чурбановна тІе а беттабелла, иза нуьцкъала горахІотто гІерташ, цунна настарех хІумнаш еттара цара, амма Чурбанов къар ца лора. Эпсаро, нанна а кхайкхош, юьхьа тІе а, коьртах а шад еттара цунна. Амма иза хІинца а ирахь лаьтташ вара, вист ца хуьлуш, боккхачу цабезамца эпсаре дІа а хьоьжуш. Лазар алсамдолура, корта бІагор хьийзаш бара, тІаьххьара а дог а гІелделла, меллаша пенаца охьавахара иза. Юьхь цІийх юьзна яра, амма эпсар цунна мийра тІебеттачуьра соцуш вацара.

ГІелвелла эпсар, боккха кад шийла хи а мелла, доккха са а даьккхина, гІанта тІе охьавахара.

— ТІера хІумнаш дІаяхал цунна! — аьлла буьйр дира цо гІалгІазкхашка, жимма садаьІначул тІаьхьа.

Чухулдуха коч-хечий бен тІехь доцуш подвала чукхоьссира Чурбанов. ШолгІачу буса кхоь а тоьпаш тоха вигира. Халла когаш бохуш, вовшашна тІе а тийжаш дІаоьхура уьш, Чурбанов деккъа чухула дохучу коч-хечийца вара, Мохьмаддий, Токареввий — когаш Іуьйра, коьртахь куьйнаш а доцуш вара.

Сийна дохк дара лаьттахь. Шело дегІах чекх а йолуш даьІахкашка кхочура. Дийнахь, ло тесна хиларна шерачу новкъахула дІабаха хала дара, амма гІора а йина, лайно дІахьулйинчу меттигехула дІаваха кхин а хала а, когаш лазош а дара. Юьртах арабевлча, тІаьхьахІиттина богІучу бехначу гІалгІазкхаша буьйр дира:

— Совцал, — аьлла.

— Іодика йолда шун, хьоме вежарий, — къинтІера довла! — элира Чурбановс, кІедачу, амма жимма дегочу азца.

Кхааммо а вовшашка куьйгаш кховдийра. Кхин масех гІулч яккха кхиабелира уьш, амма оццу хенахь тІехьашха тоьпаш евлира. Кхоь а охьавуьйжира. Бехначу

гIалгIазакхийн биэлар хезира Чурбановна, тIаккха аьзнаш дIатийра. Накъосташна тIешершира иза.

— Вежарий! Вежарий! — бохуш кхойкхура иза цаьрга. Амма цхьаммо а цунна жоп ца лора. Чурбановс шен дего куьг церан баккъех хьаькхира; уьш довха а, куьг тIелеташ тIуьна а дара... Мохьмад а, Токарев а вийна хиларх кхийтира иза. КIорггера халахетаро дог Iийжадора, халахетаран, сингаттаман бIаьрхиша къамкъарг къуьйлура.

— Аса дуй боу шуна, сан хьоме вежарий, аша дIадолийна гIуллакх чаккхенга кхаччалц дIадахьа. Шун цIий Iанийначарех оха цIандийр ду латта! — бохуш, гора а хIоьттина, дуй бууш вара Чурбанов, ткъа тIаккха охьа а таьIна царна барташ дехира цо...

Текхаш юьртахьа гIоьртира Чурбанов. Цхьа сахьт, тIаккха шозлагIниг а дIаделира, амма текхаш вара. Наггахь ницкъ кхачабой, меттах а ца валалуш вуьсура иза. ТIаккха дIаса а керчий, цкъа цхьаI, тIаккха важа бесне ло диллинчу лаьтта тIе а теIош, юха а дIатакхара иза. Кхетамчуьра валла воллуш юьртана йисте урамерчу хасбошмашна тIекхечира иза. Хала дела балийца лохчу серийн кертана дехьа валавелира хIара, цIехьана кхунна хьалха нисбелира чанан боккха такхор. Чурбанов такхорана хьалха саца а сецна, хадийна дитт санна ча тIе охьавуьйжира.

Цхьа хан яьлча саметта веара иза. Шелоно когаш а, куьйгаш а дахьийнера цуьнан. ХьалагIатта гIоьртира иза, амма меттах а цавалавелира. ТIаьххьара а куьйгаш айба ницкъ кхечира цуьнан. Дилх лазадаллалц куьйгаш вовшехдетташ, уьш меттадало гIертара иза, догI-догIуш куьйгаш мелла а хецаделира, тIаккха голех куьйгаш хьекха велира Чурбанов. Кестта когаш тIе ирахIоттавелира иза. Учена тIе а вахана, неI туьйхира цо. КхозлагIа а кхуо неI тоьхча, неI йоьллу а хезира, цаIIа-м сени чу а велира.

— Мила ву цигахь?— боху цецдаьлла аз хезира. Амма жоп ца лора. Юха а дегIера ницкъ кхачийна висира Чурбанов, ученан пен лаца хIара кхиарца цхьаьний дог гIелделла, кхетамчуьраваьлла охьавуьйжира. Кхузахь карийра иза хIусамдена.

...Чурбанов йовхачу чохь, лохачу гIанта тIехь хиана Iаш вара, когаш тесарчу хи чу а бехкина. Цунна хьалхалаьтташ дара кхерамца цецдаьлла ши адам: зуда а,

боьрша стаг а. ВогІ-вогІуш саметта вогІуш вара хІара. Шен накъостий дага а баьхкина, кІорггера садаькххира цо.

— Уьш байъина... — элира гІийлла Чурбановс.

— Муьлш бу ахьа буьйцурш? — хаьттира хІусамдас.

— Мохьмад а, Токарев а.

ХІусамда вист а ца хуьлуш сецира, ткъа зудчо, кхерчахь ша деш долу гІуллакх а дитина, халахетарца элира:

— Ирчачу халчу баларца балар лойла кІайчарна, шаьш халкъана бечу ницкъана.

Халахетарца, къахеташ вехха шен буьйсанан хьеше а хьежна, тІаьххьара а хІусамдас хаьттира:

— Вайн станцера слесарь ву аьлла хета суна хьо?

— Ва дера, Федя Чурбанов ву со, — жоп делира хьешо.

— Тхо ТуаевгІар ду. Тхоьгахь сапаргІат хила мегар ду хьуна.

ХІусамнанас чохь бовха кхача болу кад биллира цунна хьалха. Оцу сохьта цкъа хьалаайбина иза дІа а мелла, пешана юххе шена биллинчу метта охьа а вижна, хІусамдега хаьттира цо:

— Шун районехь гІалгІазкхий-м бац?

— Кхуза хІинца а кхачаза бу уьш...

ТІаккха сихха набарна дІавижира иза... Сатоссушехь хІусамдас самаваъккхира хьаша.

— ХьалагІаттал, Федя, аса тхов тІехь дІалачкъор ву хьо, ткъа хІун хаьа...

Чурбанов сама а ваьлла, ца кхеташ хІусамдега хьоьжуш лаьттара. ХІусамда воьхна виснера, бехказа вуьйлуш санна, элира цо:

— Дагахь а доцуш, цІеххьана цхьаІ чу ван тарло... Адамаш тайп-тайпана ду.

— Дика ду, дика ду, — олуш хьалаиккхира Чурбанов. Аса дукха сагатдийр дац шун, жимма дегІе ницкъ беачхьана, ткъа тІаккха...

— ХІун ду ахьа дуьйцург? Аса сайн дахар а кхоор дац хьо ларварна. Деллахьа, аса доьху хьоьга, цхьана а хІуманан хьокъехь ойла ца яр. ХІара неІалт хилла хан дукха яхлур яц. Кхоьлина де а, оьгІазе стаг а дукха ца лаьтта.

Юьртахь цхьана цІийнан тхов тІехь дІалечкъина кхо де даьккхира Чурбановс. Буьйсанна чу а валавой, са-

хиллалц йовхачу пеша юххехь охьавижавора иза. Оцу кхаа буса цIийндас Туаев Арсамика гIарол хилла ларвора шен хьаша.

ДоьалгIачу дийнахь юьртан оцу ураме а кхечира гIалгIазакхий. Говрашна докъар а ца тоьана, иза лоьхуш ерриге керташ толлуш бара уьш. Іуьйранна говрашкара охьавоьссира кхоъ гIалгIазакхи. Алана уьш тхов тIе бовларна кхеравеллачу Арсамика ша елира царна кертара йол. И йол говрашна хьалха а йиллина, ткъа шаьш кхузахь Іен чубаьхкира гIалгIазакхий. Чурбанов хIинца буьйсанна тхов тIера ца вогIура чу, Арсамика къайллаха яа хIума кхоьхьура цунна. Кертара йол шина дийнахь кхачийра, тIов тIера йол эца бевлира гIалгIазакхий. Чурбанов кIоргге алах вуьйлира, шен бIаьргашна гуш хIума а доццушехь, гонах деш долчух, гIуллакхаш вон хиларх кхеташ вара Чурбанов.

Тхов тIера йол цецваллал чIогIа сиха кхачалуш яра, цхьажимма бен ца йиснера иза. Кхин цкъа цIов бакхахь — дерриге гучудер долуш санна хетара Чурбановна. ТIаьххьара а тIекхечира суьйре, амма тховтIе волуш кхин цхьа а вацара.

Шена а, шен хьешана а мел боккха кхерам бу хууш волчу Арсамика сацам бира оцу буссехь Чурбанов чанан кхаьнчанах дIалачкъо. Дийнахь ши шиша къаьркъа а деана иза гуччу метте дIахIоттийра цо. Сарахь къаркъа гира гIалгIазакхашна.

— Аракх[1] дац иза? — аьлла хаьттира царех цхьаммо, цергех хиш оьхуш хIусамдега а хьоьжуш.

— Аракх ду, — олуш церан хаттар чIагIдира Арсамика. — Тхайн белларш дагалоцуш тахана сагIа докхуш дара тхо, амма кхайкхинчу лулахойх цхьа а ца веана.

ГIалгIазакхичо зока дуза а дуьзна, цкъа хьалаайбина дIамелира иза. Вуьш иштта ца Іебаш къаьркъанна тIебеттабелира. Дукха хан ялале баха а бехна, маьттазчу аьзнашца вовшашна тIаьхьара а бохуш, йир лекха хIиттира уьш. ТIаккха чоэш лаьтта а даржийна пеша юххе охьабийшира, оцу сохьта хур а деш.

Арсамик сени чу а ваьлла, ладугIуш дIаса а хьаьжна, ларлуш тхов тIе велира. Бодашкахь Чурбановга кхайкхира иза:

---

[1] ХIираша шаьш доккхуш долу къаьркъа.

— Хьо мичахь ву, Федя?

— Со кхузахь ву.

— Кхузара дIавала дезар ду, ткъа ца водахь кхарна карор ву хьо.

— Мичхьа бу гIалгIазакхий?

— Уьш баха а бехна, харр деш бу. Валол суна тIаьххье.

Кертарчу чанан таккхорана хьалха сецира Арсамик.

— Оцу Iуьрга воьл, ткъа аса хIуъа а хилахь а бепиг а, хи а дахьар ду хьуна. ХIун ца хуьлу.

Чурбанов чах вуьйлира. Хьалхарчу минотехь ченан кIуьро садукъдазза висира иза. Герггарчу хьесапехь такхорана юккъе кхаьчча сецира. Кхин дукха хан ялале и волчу веара Арсамик.

— ХIан дIаэцал тIаьхьалонаш. Аса хIинца къайла вокхур ву хьо, бакъду дика садоIийла хир яц, амма кхин дан хIума а дац. — Жимма ойла йина, Арсамика юха а хаьттира: — гIалгIазакхийн топ а лачкъийна, иза хьуна схьаеача хIун дара техьа аса?

— ХIан-хIа, хьо хIаллак вийр ву ахьа. Нагахь стенна тIехь а хьо-х дегабаам бахь, дукха ойла ца еш хьуна тоьпаш тухур ю цара.

— Дика ду делахь.

— Амма, Арсамик, ахьа соьга хаам бе, цхьажимма а аьтту болуш меттиг тIекхаьчча.

— IШек ма валалахь, аса дIатесна вуьтур вац хьо...

Iуьйранна ча дIакхехьа буьйлабелира гIалгIазакхий. ЧIогIа сингаттамехь вара Арсамик. РогIан вукху агIора даккха атта ду ча, бохуш, уьш тешо гIерташ, гIалгIазакхашна гIо дан хIоьттира Арсамик. Коьртаниг дара садаллалц йолчу юкъана Чурбанов гуча ца валийтар. ТIаьххьаре а садайра, гIалгIазакхаша болх охьатесира.

Буьйсанна Чурбанов волчу тIевеара Арсамик.

— ГIуллакх муха ду?

— Вон дац. ГIалгIазакхий мичахь бу?

— Уьш цхьакIеззиг бен ца бисна. ДIаоьхуш бу уьш. Хьалха дозалла деш бара уьш, ткъа хIинца цхьанхьа-м дIакхача сихлуш бу.

— Делахь хIета церан гIуллакхаш вон ду хьуна, Арсамик, дика хилахь, гIуллакхан йист яллалц юьртах аравакхахьа со. Со тхайнаш болчу ваха дезаш ву. Кху-

захь кхин Іе таро яц сан, ткъа цигахь соьга хьоьжуш бу, со оьшу царна.

— Собардехьа кІеззиг, гонаха кхераме хьал ду. Хьуна цхьа новкъарло хила тарло.

— ХІинца кхерам бац...

Хасбошмашкахула юьртах арабовлу уьш. Вехха веара и шиъ вист ца хуьлуш, тІаьххьара а Чурбанов сецира.

— ХІан, сан ваша, большевикан баркалла хьуна. Суна цкъа а виц лур вац хьо.

— Некъ дика хуьлда хьан, хьайн накъосташка дІаала, тхо шаьш схьакхачаре сатуьйсуш хилар,— аьлла жоп делира Арсамика, иза дІавахарна мелла а дог доьхна а волуш.

Арсамикана мара а иккхина, къонахчо санна цунна белша тІе куьг а дуьллуш:

— Вайша кхин а гур ву вовшийн — элира Чурбановс.

— Толаман ирсе кхочалда хьо!..

Вехха лаьттира Арсамик Чурбановна тІаьхьа хьоьжуш. Цуьнан дог доккхадеш, самукъадаьлла дара...

Оцу сарахь дуьйна дуккха а хан дІаяьлла. БІаьстенан маьлхан зІаьнарша ло дашийна. ЦІен Эскар деникинцех ярташ паргІат а йохуш Владикавказана тІелеташ дара. ЦІечу Эскарна дуьхьал а буьйлуш, шаьш паргІатдахарна цунна баркалла кхайкхош бара бахархой. Оцу деношкахь юха а вовшашца цхьаьнакхийтира Арсамиккий, Чурбановвий. Арсамик шен нуьцкъалчу мара а къовлуш, Чурбановс элира:

— Аса ца элира хьоьга вайша юха а вовшахкхетар ву? ХІинца цхьангге а вовшахваккхалур вац вайшиъ!

Чурбановс массарна а дийцира шен доттагІчун хьуьнараллин хьокъехь. ЦІечу эскархоша а, юьртарчу бахархоша а баркалла бохура Арсамикана. ЦІий а луш, цо бохура:

— Цхьа а хьуьнар дац иза-м. Со дан декхарийлахь верриг ду-кх аса динарг!..

Дерриге а вахарна доттагІалла тасаделира Чурбанов Фединий, Туаев Арсамиканий юккъехь.

Аткай Аджаматов

АС ДОЗАЛЛА ДО

Шен кІант хеставар тхан, гІумкийн, эхьен лоруш ду. Майра хастош меттиг йогІу, иза а — веллачул тІаьхьа. Аса а хестор вацара сайн кІант, иза сан сайн кІант хилла Іийнехьара, кхин хІумма а доцуш. Иза сан сайн кІант бен воцуш хиллехьара, шен цІахь, меттахь велла хир вара.

Цуьнан хьалхара шиъ церг а йоккхуш, хІоъ кІесир-кІогчухула чекхбелира. Иштта хилла-кх сан кІант — мостагІийн бІаьра майрра хьожуш, эрна ца тоьхна цунна бага топ. Вон хьаха дара кІант а, да а кІиллой санна беллихьара.

КІант дІавуллучу дийнахь кІайчара да а къиза вийра. КІантана даьккхинчу кош чу да а воьллира.

Чов къаьсттина чІогІа кІамло ша йоьрзучу хенахь. Цунна тІоьхула куьг хьаькхча, дагна там хуьлу. Ненан дагна хилларг чов яц-ткъа, мостагІаша, кІант а, цуьнан да а вийна хилча?

Бакъду, чов йирзина, амма цо мо-м битина. Кеста дІабер бац оццул йоккхачу чевнан мо, хенахь сацалур яц со наг-наггахь цу ширчу чевна тІоьхула куьг хьоькхучура. Бехк ма биллалаш суна, бераш, шегахь бала болчунна хала ду иза ца балхош Іан.

* * *

Со маре Ташкечехь яхара, ловзар къен дара. Къечу стеган ловзаргахь кхачал сов иллеш хуьлу. Цундела олуш ду кицанехь: «Къечу стеган дог пар-гІат хуьлу».

Тхо хІургона тІехь со ялош волчу кІентан хІусуме кхочуучу хенахь суна хезира, цхьана зудчо дату горгали санна декачу озанца йиш лоькхуш. Цул тІаьхьа соьга элира иза Отемишера ю аьлла, ткъа цигарчу зударша

массара а локху йиш дика. Шуна лаахь, ас дуьйцур ду шуна, цо лекхнарг хIун йиш ю, сайна и йиш гуттаренна а дагчу йижина хиларна:

Со довхачу хи чу елира
ТIулгах ког Iоттабелира сан...
ЭхI! Нускало кIант вийраг хуьйла,
Джан-Нухайна накъост.

И цIе йолуш вара со йоьдуш верг, ткъа цуьнан фамили Батыр-Мурзаев яра, бехк ма биллалаш, гуттар а хала дара суна цуьнан цIе яккха, ца йоьллера со цунах — и цхьаъ бен дисна дацара соьца аса лоруш хиллачу Iадатах, суна хетарехь, иза а сох дIакъаьстар ду.

— «Нускало кIант вийраг хуьйла, Джан-Нухайна накъост», — и дешнаш сайн дагчу чIогIа дийшина хиларна суна хеталора, Нухайс ша-х ца яьккхиний-те и йиш, олий. Цу хенахь суна хууш дацара сайна тIехьийзачу кIантана детийн пхьола дан хууш хилар, амма суна хууш дара дети санна декаш долчу дешнех илли дакхха цунна хууш хилар. Аса ойла йира: «Иштта хилла-кх иза, цунна лууш хилла аса шена кIант войла».

Ахархочуьнан дог пергIат ца хуьлу ша хIу дийна ваьллачул тIаьхьа. Цо даимна а ойла йо: иза кхуьур ду, дац ца хууш, дог а хуьлу цуьнан детталуш гура чохь доллу олхазар санна. Сан дог а дара цу тайппана детталуш сайн хьалхара бер хилла даллалц. Исс бутт чIогIа бахбаллера суна, исс шо санна.

Аса кIант винчул тIаьхьа бархI шо гергга хан яьллера, цхьана дийнахь сайн Зайналабид суо лийчош йоллуш суна дагаеара а йиш. «Нухайна кIант вина аса, ткъа хир вуй-те и кIант шен дена накъост?» — аьлла айса-сайга хаьттира аса.

Ткъа цуьнан дас, сан дагахь дерг шена хиъча санна, дехьачуьра жоп делира суна: — КIентан метта йоI йина елара ахь суна,— аьлла.

ГIайгIане а йоьжна ойла йира аса: «Схьагарехь, и йиш цо ца яьккхина, и йиш яьккхинарг Отемишера зуда ю».

Зайналабид вакъо везар диц а делла, аса хаьттира:

— ХIунда? — аьлла Iад ца Iаш — «хIунда бах ахьа иштта?» — аьлла.

Майрачун дош кагдеш, цунна дуьхьал луьйриг хилира сох. Суо маре яхчхьана дуьйна дуьххьал даьлла да-

ра соьгара ишттаниг. Цо аьлларг хала хийтира суна, сайна кIант дукха везаш хиларна.

Суна халахеттийла хууш, цуьнан да дехьачуьра суна тIевеара:

— ХIей, хьуна халахетар дархьама ма ца элира аса иза. Ца оьгIур вайшиъ. Со ала гIертарг-м хIара дарий: хьо иза лийчийна яьллехь, катоххий тIе хIумнаш юха цунна, тахана школе воьдуш ву иза. Хаьнийла хьуна — цхьана дийнахь школе ца воьдуш иза висахь, итт денна дешарх догдер ду цуьнан, ткъа итт дийнахь иза цIахь Iахь, бIе дийнахь а школе ваха луур дац цунна.

Шена тIе хIумнаш юхуш со йоллуш, шен баккхий бIаьргаш дега а хьажош Зайналабида элира:

— Нанас хаьттинчунна жоп маца дала воллу хьо, цо хьоьга ма-хаьттира: «ХIунда бах ахьа иштта?»,— аьлла.

— Эр ду-кха, цо сайна йоI йичхьана.

— ХIун до ахьа цунах?

— Хьо санна иза а деша дIалур ю аса, — аьлла, юха соьга вистхилира:

— Тахна со цIа оьгIазен волуш веъна. Хьуьжарш вайн дуккха а ю, ткъа цхьа школа халла бен ца йиллина вай. Аса хIун школа юьйцу аьлча, бераш пергIат партнаш тIехь а Iеш деша йиш йолуш йолу школа. Цундела аса боху: кхечу хьалхелелочу къаьмнийн санна вайн зудбераша а деша деза школашкахь. Олуш ду: «ца оьшу зудберашка школашкахь дешийта, царех молланаш хир бац». Сайн йоI елхьара аса иза школе дIалуръяра кхиболчаьрга а изза дайта. Нагахь санна ахьа сайна йоI ца яхь, аса айса кхуллур ю иза. Сайн йоьIан цIе «Ирс доцу Габибат» аьлла туьллур ю аса. Цуьнан ирс доцуш хилар а хиъна, массара дIалур ду шайн зудбераш школе, уьш ирс долуш хилийтархьама.

Иза а аьлла, шен цIа чу а вахна книжкаш еша охьахиира иза — цунна дуккха а книжкаш а, газеташ а кхочура Крымера а, Казанера а.

Дукха Iан ца дийзира сан. Цо дийцар яздира: «Ирс доцу Габибат». Махо ядийна цIе санна цхьангара кхечуьнга долуш Ташкечехь а, гондIа йолчу ярташкахь а даьржира и дийцар. Иштта стаг вара иза, кхин дуккха а иштта дийцарш яздира цо.

Цу дийцаршна тIехь ойла еш хиллачу цуьнан коьртах цундела яхийтира мостагIаша дIаьндарг.

* * *

Юьртара школа чекх а яьккхина, Зайналабид кхин дIа а деша Астрахане вахара. Кест-кеста дега кехат яздора цо. Дас юх-юха цуьнан кехаташ доьшуш хилар хаа а делла аса хаьттира:

— Цкъа дешча кхета йиш яц цу кехат тIехь дуьйцуш долчунах? — аьлла.

— Кехато цхьа хьехам беш хилча, цкъа дешча ца тоьа иза.

— Мила ву ткъа и хьехархо?

— Хьан кIант, — аьлла жоп а делла, вела къежира иза.

Хазахетаро самалха даькккхира сан. Шуьйрра кораш а диллина чу нуй хьокхуш йоллуш дагадеара суна: — хьажал, муха ву сан кIант, дена накъост хилла ца Iеш, хьехархо а ву иза.

— Хьажал хьайна, — элира соьга Зайналабидан дас, «Народ» цIе йолу казански газета а гойтуш. Цу тIехь яздина дара Зайналабидан дешнаш, цуьнан дас уьш гIумкийн матте дехира суна. И дешнаш дара стаге кIорггера ойла йойтур йолуш: «Ялхийтта шарчохь иза иштта хилча, воккха хилчахь муха хила веза иза?» — аьлла хийтира суна.

Цул тIаьхьа шо а далале Зайналабид Астраханера, вогIу ца вогIу а ца хууш, цIа веара. Да цунна оьгIаз вахарна кхоьруш, айса хоттур аса цуьнга, аьлла, ойла йира аса. Цунна шена атта хир ду иза, дега барт боьттуьйтучул. Аса хаьттира:

— ХIунда вирзина хьо Астраханера юха? — аьлла.

— Хасу-Юьртахь со школе дIа ца эцар сан да хьалдолчарех ца хилар дара, ткъа Астраханера со лаллар со халкъан гIайгIабеш хилар дара.

— Халкъан гIайгIабеш хилча лоллуш хуьлу ткъа?

— Хуьлу дера, тамашийна дац иза?

Дега цо аьлларг дара:

— «Народ» цIе йолу газета дIакъевлира, ткъа цу тIе яздеш хилларш я лецна, я со санна къайлабевлла.

— Дика болх бина ахьа, — элира дас. ТIом болабеллачул тIехьа иза Казане вахара, амма шо а далале, белаш тIе кхоччуш еха месаш а йолуш, цIа веара иза. Аса хаьттира цуьнга.

— ХIунда веана хьо юха?

— Юха а лаьллина со.

Цу тIамана дуьхьал илли а даьккхина иза Петербурге дахьийтина хиллера цо. Полици хIара лаца дагахь лоьхуш хилла, амма, къайлавалар бахьана долуш ца лоцуш висна.

— ЧIир йолчу стеган санна и месаш еха хIунда ю хьан?

— Дика элира ахьа нана. Со ван а ву чIир лоьхуш, цкъа а берта а вогIур воцуш. — Со кхераелира.

— Хьена мостагI ву хьо ткъа?

— Халкъан са лаьцна лаьтташ болчеран. Оха герз охьадуьллур дац, царна деккхалц.

ЦIе летча санна детталора сан дог, цо къамел моссуз дин. Соьца къамел дан зама ца хуьлура цуьнан. Иза цIа веачхьана дуьйна вай гIаьттина моттуьйтуш гIовгIа яра тхан цIахь, и санна болу кегийра нах, цуьнан доттагIий, лаьттара тхан чохь. Шен нийсархочуьнца санна къамел деш хуьлура цуьнца да а. Наггахь накъосташца чагIар а молура цо. Стенна тIера молу а, молчу хенахь дуьйцуш дерг хIун ду а кхета хала хуьлура суна.

Цкъа, уьш чагIар шиша хьалха а долуш Iаш болуш, царна хьалха юург а хIоттийна, элира аса:

— Тхешан берийн тхайх къайлах хIума хилар новкъа догIу тхуна.

Суна дуьхьал а веъна Зайналабида элира соьга:

— Нана, йоI еха дохку тхо.

— ТIаккха, дика сахьт хуьйла. Хьанна йоьхуш ю иза.

— Иза хуур ду кхана сатоссучу хенахь. И хан тIекхаччалц йицлой а цхьаьнге а ма хьахаделахь.

— Шеш ма-довлалаш, со-м йистхир яц шуна,— элира аса, — чура арайолуш, айса аьллачунна тIе а тухуш: — Аш динчу массо а хIуманна реза ю со, аш ца мелчхьана. Бусалба стагана хьарам дина ма ду иза.

— Цхьана минотана собардел, нана, — элира Зайналабида, со саца а еш. — Омар Хайям цIе йолуш цхьа поэт хилла, Iилманан стаг. ЧагIар дезаш хилла иза. Цхьана дийнахь и волчу баьхкина хилла кIайн мажош йолун, наха лоруш болун баккхий нах, цуьнга ма мийлахьара ала. Цо царна жоп делира: «Аса муьйлуш дерг кемсийн мутт ду, ткъа аша муьйлуш дерг адамийн цIий ду», — аьлла. Гой хьуна, нана, оха кемсийн мутт малар-м хIумма а доцург ду, оха йоI ехна хиларе хьаьжча. Дуккха а бу хIинца а адамийн цIий муьйлуш берш. Хаьий

хьуна, хIинца беш болу тIом, адамаш вовшийн отуш бу. Ташкечера а, эзарнин къечу ярташкара а, адамаш шайн говрашца а, ворданашца а дахна тIам тIе. Юха а дига гIерта адамаш а, ворданаш а тIам тIе. Хьуна хаьий, мас адам дехаш ду вайн Хасав-Юртовски округехь. Цигахь долччул адам ду-кха леш хIора дийнахь цу тIам тIехь. Шина кога берзалой ю, адамийн цIий муьйлуш ерш. Бусулбнашна а, керстнашна а юккъехь хуьлу уьш — хьоладай, элий, мехкан, хьаннийн, фабрикийн дай... ХIа-хIан, накъостий, схьаэцал стаканаш. Пурба лой ахь, нана?

— ТIаккха, пурба ца делча йолий со? Ахь дуьйцучуьнга кхин а ладогIахь со суо йолалур ю мала,— элира аса чуьра ара а йолуш, ткъа сайн дагахь: — «Шена еха ца воллий-те иза йоI, соьга а, дега а ца хоттуш?» — олуш. Iуьйранна хитIа йоьдучу хенахь дуккха а адамаш гира суна, реза бощуш вовшашка къамелаш деш.

— Цкъа а чекхбер бощуш хилла-кх хIара тIом? КIордийна тхуна кхечарна хьалхара тIом бан.

— Со а гIур вац, варда а лур яц, — бохуш вара кхиверг.

— Аса а лур яц варда, суо а гIур вац, — боху кхозлагIчара.

Сакъералуш суьйранна цIа а веъна, Зайналабида элира соьга:

— Айхьа динарг хIун ду хаьий хьуна, нана? Тхан собранин хьокъехь массаьрга а дийцина хилла ахьа! — аьлла.

Ша дала кхоьлличхьана дуьххьал баькхинера цо сох бехк. Суо йолччохь пеша хьалха цIенкъа охьа лахъелира со, дукха чIогIа халхетарна дегIа тIехь зуьгалгаш а хIуьттуш. Суна тIе а веъна, сан белш а лаьцна, хьала айира со Зайналабида.

— Бехк ма биллалахь, нана, тхан собранешкахь хьо дакъалацалур долуш юьй хьажа, хьо зуьйш варий со-м,— элира цо соьга. Сан дог пергIат делира, аса цуьнга хаьттира:

— Мила ю и йоI аша ехна йолу?

— ЙоI — иза тхо кхача гIерташ долу хIума ду, тхан Iалашо. Селхана ехна йолу иза, ткъа тахна маре яхийта а кхиъна тхо. Оха юьхьара лаьцнарг Ташкичера цхьа а къен стаг шайн варднашца тIаме ца вахийтар дара, иза оха кхочуш а дина. Цул совнаха, къечеран меттана

хьалдолуш берш бахийта аьтту а белира тхан. Хьоладайша бацош берш варднашна хьалха хевшина ца боьлхуш бисча, церан меттана хьоладайн кIентий бахара, кIайчу даьIахках болу. Кхечу ярташка а хаам беш элира оха: «Ташкичера ворданаш ца ло, аша а ма лолаш», — аьлла.

И йоI яр-кх оха ехнарг.

* * *

Цул тIаьхьа Зайналабид Хасу-Юьрта дIавахара. Цхьана оршотдийнахь — базар де долуш — Хасу-Юьртара цIа а веъна, цуьнан дас элира соьга:

— Суна тахна хиъна, хьан кIантах стаг хир вуйла,— аьлла.

— ХIунда бах ахьа? — аьлла хаьттира аса.

— Хьайна стаг вевзийла лаахь, цуьнан доттагIий муьлш бу хьажа. Хаьий хьуна, хьайн кIентан накъостий муьлш бу?

— Ахьа аьлча, хуур ду-кх.

Темир-Хан-Шурехь а, Анжи-Калахь а болчу Зайналабидан доттагIийн цIерш ехира цо, леча санна майра волчу Казбеков Султан-СаIийдан а, книжкехь санна шеца Iилма долуш волчу Буйнакски Уллубийн а, даькхина тур санна кийча волчу Дахадаев Махачан а, яьлла цIе санна сиха волчу Саидов ХIаронан а, аьрзо санна кхералур воцуш волчу Ермошкинан а.

ДоттагIалла чIогIа лело хаарна, царех дозалла дан мегар дара царна юккъехь суьйлий а, гIумкий а, гIазгIумкий а, оьрсий а боллушехь, цул совнаха дозалла дан мегар ду Зайналабид а, цуьнан да а санна уьш массо а майра белла хиларна, уьш массо а мостагIаша байина хиларна.

Церан хьокъехь а, уьш санна болчеран хьокъехь а даькхина халкъо кица: «Боьрша нах меттахь бо, амма балар тIамтIехь хуьлу церан», — аьлла.

Жайнашна тIехь ма дийццара ялсмане бокъалла а хуьлуш елахь аса бохуьйтур бацара цига пайда боцу нах а, кIиллой а. Турпалхо санна майрра, оза ца луш веллачунна бен хила ца еза ялсмане.

Церан кружоках «Танг-Чолпан» (Чухча-хьера) олура. Цара арахоьцуш журнал хилла. Ткъа шега цхьаболчу накъосташа кху сохьта иллеш а, дийцарш а яздеш

кхин хIумма а ца деш Iен хан ю вайна шега аьлча, Зайналабида жоп лора царна:

— Иза аса аьрру куьйгаца до. Ткъа аьтту куьйге хIун дайта дохку шу? — олий.

Цкъа аса цуьнга хаьттира:

— Мас мотт хаьа хьуна, Зайналабид?

— ГIезалойн мотт суна гIумкийн маттал дика хаьа, иза хьуна хууш ду; лезгински, тюркски, Iаьрбийн ненан маттал вон ца хаьа суна. Муьлххачу а оьрсийчунна чул дика сайна оьрсийн мотт хаъалц иза сайна хаьа эр дац аса.

— Хьуна ца хуьуш биснарг хIун мотт бу ткъа — хаьттира аса, ела а къежаш.

— Сайна безаш болу кхин цхьа мотт а бу аса Iамош, — аьлла жоп делира цо.

— Муьлхарг бу ткъа иза?

— Ленинан мотт.

Цо дийцира суна Ленин мила ву. Цхьаьннан а хьокъехь ца дийцинчу кепара, боккхачу безамца, чIогIа гIадъоьхуш дийцира цо Ленинан хьокъехь.

* * *

Баккхий хийцамаш хуьлу зама тIекхечира. 1918-чу шарахь Дагестанехь Советски Iедал дIахоттийра, амма революцин мостагIаша корта айира, цундела Зайналабидан накъостий болчу большевикийн къайлабийла а, болх бан а мостагIех лечкъа а лечкъаш дийзира. ЦIерпоштан некъаш кIайчеран кара дахара, дукха хенахь дуьйна ца оьшуш лаьттина долу ворданан некъаш карладехира.

1918-чу шарахь Ташкичехь бара боккха зIенан бIогIам, шена тIера кхаа агIора зIенан серий а доьлхуш, цундела большевистски хаамаш Бакохара Ростох а, Левашира Астрахане а, Астраханера БурийтIе а Ташкичехула кхочура.

Цундела шега кехат моссуз деа, Зайналабида илли олура:

ЛадогIа кху дуьнене —
Дийнахь а, буса а кехаташ догIу.
Дийнахь а, буса а кехаташ догIуш хилча,
Стаг вист ца хуьлуш Iалур вац.

Вист ца хилча Iа а ца велла, Зайналабид юха а дIа-

вахара тхо долчуьра, цуьнан меттана зIенан бIогIам хилла висира цуьнан да.

Бутт а балале, цхьана Iаьржачу буьйсанна цIа а веъна, сан кIанта элира соьга:

— Нана, со цхьаммо хаттахь, со Ташкичехь вац хьуна. Дика дуй?

— Дика ду, — аьлла жоп делира аса. Аса ца хаьттира цуьнга иза мичхьа хилла аьлла.

— Хьо хиллачохь хьуна гинарг хIун дара? — аьлла хаьттина Iийра со.

— Суна гира пулу деш берш а, талу деш берш а.

— Хьо ала гIерташ верг хIун ду?

— Цхьаболчара халкъана пайдехь дерг до, вукхара — зенехь дерг до. Бакох цхьа адамаш ду, нана, халкъана дIавш кечдеш, адамашна юккъе мостагIалла дуллуш... — Iаш волчура хьала а иккхина, стоьл тIе буй а тоьхна, юха охьа а хиъна язда волавелира иза. Аса элира цуьнга:

— Аьтту куьйгаца язде-хьа. Хьан мостагIаша, со шайна тIех йолуш, суна хазийта олуш ду:

— Гезолган — большевикан нана ю йогIуш! — олий.

Иза велавелира.

— Аьтту куьг кхечу гIуллакхна оьшур ду суна... Аьрру куьг хIун оьшуш ду сан? Бакъду, аса аьрру куьйга мел яздеш дерг пайдена дац цу холхазан кетарш йолчарна. ЛадогIал, хьайна, аьлла, цо суна дийшира:

Лаьтта буьллу ког базбеш билла,
Юха цхьа а гIулч ма яккха.
Кийча хила хьайн цIий Iано
Халкъан дуьхьа, Даймехкан дуьхьа.

Кхин дIа аса яздеш дерг ду дагестански хьоладайша а, элаша а ахархочуьнга Махьме, ахархочуьнца Ивана-ца доттагIалла латто новкъарло йо, бохуш. Уьш доттагIий ца хуьлуш буьсур бац, гур ду хьуна.

Цу дийннахьехь иза дIавахара тхо долчуьра. Вац, юха а вац Зайналабид.

ХIинца санна дагадогIу суна — декхна май беттан де дара, шиповникан зезаг санна хаза а долуш, ткъа со яра уьйтIа юккъехь шен кIорнешца йолу къурдйоьлла котам юзош, Зайналабидан ойла а еш. — Юха а цIа вогIур ву-кх тхан веддалеларг, кIезгачу баланах боккха бала ма хилахьара, догIнах ведда хи чу ма эккхахьара, — бохуш.

И дара ткъоьсналгІачу шарахь, оьгІазен, дарц санна дегаза болу деникински эпсарш юьртахула а лелаш. Цара цхьана Ташкичера дІавигнера 100 стаг а, царна оьшун йолу нуьйраш техника бІе говр а. Гергарнаш, салтбаьхнарш новкъа бохуш бара; йижрий, даимна а санна, къийла ца луш боьлхура, мохь а хьоькхуш, стигал а къекъаш догІучу догІнах тарлора церан белхар. Зударий аз доцуш боьлхура, къайллах, бІаьрхиш гуш дацара церан, Іаьржачу буьйсанна догІуш долу догІа санна. Наной тийжаш боьлхура чов хиллачу хьайбанан узамах терра. Сан сайн бала бара арахь латийначу цІаро санна кийра чахчош.

Цу дийнахь Зайналабидера кехат деара, иза дас схьадаьстира.

«НогІийн партизан соьца хІинца кхо бІе стаг ву»,— дийшира дас, ткъа тІулгал деза долу сан дог олхазарал дайделира. «Маржа, сан хьоменига, хьалха бІе стаг вара, ткъа хІинца кхо бІе», — аьлла, ойла йира аса. — Муха бевлла ткъа оццул ногІий цхьана гІумкийчунна тІаьхьа?».

— Кхин хІун яздо цо? — аьлла, хаьттира аса.

— Кхин башха хІумма а дац. Вайн погода муха ю хоьтту. Йокъах елахь, догІа доуьйтур ду ша боху.

Бакъ бохуш хиллера, цо яздина кехат догІа доуьйтуш йолу морхаш хиллера.

Дукха хан ялале, юьртахошкара бІе кІант а, бІе говр а яьккхина, юьртахь белхар а, тийжар а дуьтуш, деникински эпсарш новкъа бевлира. Шен накъосташца кІел хиъна Іеш волчу Зайналабида уьш тІе а бахкийтина, эпсаршца тІом болабайтира. Дуьхьал тІом бан ца кхуьуш, шаьш мича лелхар бу ца хууш, эпсарш бевдира, ткъа цара нуьцкъала балош болу дошлой цІехьа бирзира. Сахьт хьалха юьртахь белхар хиллехь а, хІинца синкъераме дара. Цу сохьта хабар даьржира, иза Зайналабидан болх бу, аьлла.

Ткъа, Зайналабид ша юьрта ца веара, иза Темир-Хан-Шуре ваха сиха вара.

Темир-Хан-Шура цу хенахь хьена карахь яра дага ца догІу суна — деникинцийн, туркойн, Узум-Хьаьжин, я кхечеран: дукха бара уьш цу хенахь. Большевикийн комитетан аьтто ца белира цу хенахь Шурехара дІабовла, больницан бедана тІехь левчкъира уьш. Уьш цигахь хилар цхьанне а дагадогІур доцуш къаьсттина ди-

ка меттиг яра иза. Комитетан членех волчу цхьаммо элира: — «Гlалий чохь дерг хlун ду вайна ца хаахь, буьйсанна хlумма а дан ккуьур дац вай», — аьлла. Зайналабид оьгlазен хlума ца олуш, тхов тlера дитта тlе а ваьлла, дитта тlера лаьтта охьа а иккхина, къайла велира.

Нуьйр тиллина лаьтташ уьйтlахь хьешан говр а карийна, цунна тlе а хиъна, кех а ваьлла, бульвар тlоьхула дlахаьхкира цо иза. Зудаберашна чекх пхьаьрсаш а даьхна, белаш тlехь пагонаш а йолуш бульвар тlоьхула лелаш эпсарш бара. Зайналабида говрана шозза тоьхначу шедо даьккхина тата а хезна, дlасалелаш мел верг юха хьаьжира. Ма-йоьдда йоьдучу говра тlехь тlех а оьккхуш, Зайналабида мохь туьйхира цаьрга:

— Кlиллой! Сакъоьруш деца шу! Хьалхе пархlат девлла шу, — тхо юха кхочур ду шуна! — олуш, къайлавелира иза.

Амма цу хенахь валар дала яздина хиллера цунна. Хlетте а хеназа валар дог кхехкаш шен хиларна хилира цуьнан.

* * *

Шен отрядаца кхечу ярташкахула чекхваьллачул тlехьа бен ца кхечира иза Ташкиче. Хlора юьрта рогlана воьдура иза, ткъа цуьнан отряд дебара, дехкачу хенахь жа санна. Ногlийн кибиткнаш чохь а, Бакыл олучу меттехь а, шайна гонах поппарх йина керташ а йолуш Теркан йистехула ехканчу гlумкийн ярташкарчу баннаш чохь а, Койсу олучу аренашкахь а, дехачу урамашкахь номерш а ехкина цlенош долчу яккхийчу ярташкахь а, Кара-Агачехь а, ча тlетоьхна цlенош долчу гlалгlазкхийн кlотаршкахь а хилира иза. Цул тlехьа, шен болу ницкъ а гулбина Хасу-Юьрта кхачча воллуш вогlуш вара иза, деникинцашка цlинг байта дагахь. ХьаьжкIашна асар дина вала воллучу ахархочунах тарвеллера цунна ша.

Бакъдерг ала деза: нехан ярташкахьчул дукха шен юьртахь бара цуьнан мостагlий, цундела ца воллийтира соьга иза дlа шен юьртарчу кешнашкахь. Кхечу ярташкахь чулла, шен юьртахь болу хьаштдоцу нах дика бевзаш хила тарлора цунна, царна хlара а герггара вовза лууш хилар а тарлора, хlунда аьлча, Зайналаби-

дан отряд юьрта чу кхаьччи кхечарел хьалха базара майдана а бевлла уьш массарна а хьалха дIахIиттина хиларна. Ткъа «Iаьржа нах», ворхIа а дехь дуьйна схьа ма хиллара, тIехьа гулбелла бара, Iаж божа меттиг ца юьтуш. Иза гинчу Зайналабида, говрана тIера охьа а ца вуссуш, мохь туьйхира:

— Холхазан кетарш — юхадовла, беднякаш — хьалха таIа! — аьлла.

Цхьаъ ала воллуш волу хьалдерг саца а вина, Зайналабида элира:

— Шуна тахна дош лур дац. Тоьар ду, хIинццалц аша дийцина, — аьлла.

Юха вала лууш воцчу хьалдолчо Зайналабида аьллачунна дуьхьал мохь туьйхира:

— ХIей жимхо, хьайн да схьаваьлла юрт мукъна а йитхьара ахьа хьийза ца еш! — аьлла.

Реза воцуш вела а къежна Зайналабида «кIайн даьIахк» йолчарна тIе куьг хьажийра.

— Шуна моьтту хир ду хIара тулгIе шайх хьакхлур яц? Бакъ дац иза, массарел хьалха шу кхоллур ду цо.

Бакъду, цу тулгIенан буха бахара уьш, амма хьалха цара иза-м вийра.

Кханалерчу дийнахь Хасу-Юьрт схьалаца дагахь вара Зайналабид — и де дара тоьпан хIоьъно цуьнан хьалхара ши церг яькхина де.

Майданахь хиллачун хьокъехь цуьнан цIа чохь собрани хилира. Со йолчу ара а ваьлла, цо соьга элира:

— Нана, тхо чехкка новкъа довлу хIума дехьа, — аьлла.

Поднос тIехь кхача а болуш уьш болчу цIа чу со яьлча, пулеметчикийн отрядан командир волчу Комышинера веанчу большевикаца оьрсийн маттахь къамел деш вара Зайналабид. Со хьешашка хьоьжуш лаьтташ Зайналабида хаьттира соьга: Нана, цхьана тайпанчу зезагех йина букет хаза ю, я тайп-тайпанчу зезагех йина букет хаза ю? — аьлла.

— Тайп-тайпанчарех дерг тоьла-кх. Олуш ма-ду, цIечуьнца сийна бос дика богIу, ткъа баьццарниг тIетоьхча-м инзаре хаза хуьлу.

— ХIета, тхох инзаръяла еза-кх хьо.

Цуьнан отрядехь суьйлий а, лезгинаш а, аькхий а, гIазгIумкий а бара. Амма Кумторкалара пулеметчикаш боцурш суна цхьа а ца вевзара.

— Бакъ луьй хьо, — элира аса.

Цхьана накъостана белш тІе куьг а тухуш Зайналабида сакъерадаларца элира:

— ХІара, нана, Бартунай[1] цІе йолчу юьртара салатавлинец[2] ву, — аьлла.

Цуьнан даша юккъе а иккхина сайн дагчохь болчу кхерамах лаьцна ала йоллуш йолу со саца а йина цо элира:

— ЛадогІал, нана, кху иллига:
Сацалур бац Бартунайра хьоькху мох.
Сацалур дац дистина догІу хи,
Дийцина даьлларг хаза йиш яц.

— Дика ду хІета, йист хир яц со, — аьлла, араелира со.

Шаьш говраш тІе хевшинчул тІехьа царех Бартунайра волчо нуьйра тІера чу а кхевдина, со мара а йоьллина, элира:

— Эбель[3], хьан кІант веллачохь со а лийр ву. Некъ дика хилда ала тхоьга!

Бакъ хилира цо аьлларг. Зайналабид ларвеш волччохь цул хьалха вийра иза. Мас санна кІеда хилда цунна латта!

* * *

Хьен-хьена а яцара цу заман чохь тачанка. Хууш ду уьш хьена хилла. Оршотдийнахь хезна ца Іаш, хІинца хІора дийнахь сарралц Хасу-Юьртан некъашкахь хезаш тачанкийн гІовгІа яра. Ткъа базар деникинцийн штабана юххехь яра.

— Орцахдовла! Латта карара долуш лаьтта, чехка даийта орца! — иза дара цу базарахь хезаш дерг.

Деникинцийн штабо шайн хаамаш цигара дІа бора, ткъа зІенан серий сингаттамен декаш дара.

— Чехка даийта орца! Партизанаша ярташ дІалоьцуш лаьтта! Батырмурзаев Зайналабид Астраханца уьйр латтош ву.

Хила а хиллера ма дийццара, Астрахане а вахна Киров ган а кхиънера иза. МостагІчунна чухахкавели-

[1] Бартунай — Каабекски районера юрт.

[2] Салатау — суьйлийн ярташ тІехь йолчу лаьмнех олу.

[3] Эбель — нана.

ра иза мох санна, стелахаьштиг санна чехка, стигал къекъа моттуьйтуш. Зайналабидан отряд Хасу-Юьрта кхочуччу хенахь Деникинцаша шайн штаб цIерпоштнекъа тIерачу вагон чу яькккира.

И вагон евза суна, амма сайна евзинчу кепара сайн мостагIчунна а евзийла луур дацара суна. Зайналабидан ден дакъа схьадеха а, иза дIадолла бакъо ехан а яхнера со цига кIайчарех волчу полковникна тIе.

Цул хьалха пулемоьташ а, якккхий тоьпаш а йолуш Соьлжа-гIалийчуьра буьйсанна эскарш кхечира Хасу-Юьрта гIала, уьш гIалийна гонах севцира. Зайналабидана моьттура мостагIчун ницкъ шозза бен сов бац, цунна хууш дацара мостагIчун ницкъ доьазза сов баьллийла. Ткъа тачанкийн дайш вагона чохь йолчу штаба чулелхачуьра совцуш бацара, цу чуьра арабовлучу хенахь белакъежар шайн мекхаш кIел лечкъа а деш.

Иштта тIеттIа бахара нийса ницкъаш боцуш болу уьш. Тачанкаш хаьхкира ца ларлуш болчу партизанашна тIе, боьхна хьийзаш болчу царна юккъера мостагIашкахьа бевлира дагахь мекха йолуш берш. Баби-Юьртахь висинчу Хабий цIе йолчу элан цIийнах мел верг вара мостагI тоьлийла луур: кIайн байракх а лаьцна, ткъе итт дошлочунна хьалха а ваьлла, деникинцашна дуьхьал вахара Хабий.

— Ма гайта мостагIчунна машарен байракх! — аьлла мохь а тоьхна, Хабийна дуьхьал говр хаьххина воьдуш волу Зайналабид, гура чу лом санна, цу ткъе итт дошлочуьнан кара вахара. Цара герз охьадиллийтанехь а, воха ца воьхнера иза, пулеметаш тIейогIучу агIор а вирзина, цо элира:

— МостагIашка боцчу безамна сан цIий кхехкаш ду. Иза Iенийла лаьа суна бакъдолчунна!

— Ма хилийта иза вист! — аьлла мохь туьйхира Хангирей цIе йолчу эло.

Иза ца ладелира Зайналабиде.

— ХIей, душман[1], хьоьга ала дош ца дисна сан! Массо а сайн дешнаш тхешан гIулкхана дерзийна аса. цара кхечеран некъ серлабоккху.

— Бага топ тоха цунна, — аьлла мохь туьйхира юха а эло Хангирейс, — Цуьнан пхеа дашо пхи гIала хIаллак йийр ю!

Тоьпаш евлира, амма Зайналабид охьа-м ца вуьйжи-

[1] Душман — мостагI.

ра. Иза ларвеш, цунна дуьхьал хIоьттира Буртунайра волу цуьнан накъост, топ цунна хьаьжа юккъе кхийтира Иштта велира иза Зайналабидана хьалхара.

Зайналабидана гуш дара, шен валар гена ца хилар, амма дог майра дара цуьнан. Иза ала кхиира:

— Аса дийна хIу тIе а дер ду, иза дебар а ду!—Хьалхара ши церг а йоккхуш хIоъ кIесаркIогчухла чекх белира цунна. Хууш ма ду мича хенахь дуьйш хуьлу хIу. Хууш ду муьлха хIу дара сан кIанта дийнарг. Иза ду ленински хIу. Ирсен хIу.

* * *

«Доьхначу дийнахь шен бала балхо стаг воцуш висча шайтIанийн дегнаш гIаддоьлхий детталуш хуьлу»,— элира Ирчи Казако[1].

Цу дийннахьехь лаца а лаьцна дIавигира Зайналабидан да. Ша дIавуьгуш цо элира:

— Шен дакъа дIа ца дуллуш а ма диталахь, мостагIаша дIадоьлланчохь а ма диталахь, — аьлла.

Сан мостагIчо токхийла и буьйса ас текхначу кепара. Іуьйранна набахтне хьалха яхара со. Решетки чухула тхешанаш гича сан дог паргIатделира.

— Сан дехар ду хьоьга, — элира соьга дас, — мостагIашна бIаьрхиш а, хьайн бала а ца гайтар. Тхо лийр ду, амма бекхам бан нах боцуш дуьсар дац тхо.

ДIасакъаьстачу хенахь аса цуьнан къевллина куьг лецира — сайн дахарехь дуьххьал дина дара аса иза, цул хьалха цкъа а кховдийна дацара аса цуьнга куьг. Да-м вала витнера аса, хIинца кIант коше муха верзор варате, бохуш ойла йора аса цу хенахь.

* * *

ВуьрхIитта де даьлчи бен ца делара суна схьа Зайналабидан дакъа. Каш даккха дахара тхо. Концелярера веънарг кхерам тийса волавелира:

— Ахьа и дIаволлахь а оха вуьтур вац иза, схьа а ваькхина дIакхуссур ву, — элира цо: — Бусалбнийн кешнашкахь большевик дIаволла хьакъ вац.

---

[1] Ирчи Казак — XIX-чу бIешерашкахь ваьхна волу гIумкашна везаш, гIараваьлла халкъан поэт.

Суна ца лаьа цу стеган цIе яккха. ХIун хаьа шух волчуьнан цIе цуьнан цIарах тера хуьлий а, суна ца лаьа эрна цхьанна а халахетар дан.

— Хьуна моьтту хир ду, оха иза дIавоьллича хьайна меттиг буьсур бац? Шек ма вала хьо, хьо дIаволла меттиг а карор бу хьуна, — элира цуьнга сан вашас Алима.

Дакъа кошчу дуьллачу хенахь тIе а яхна Зайналабидан юьхьа тIе хьаьжира со. Буьйса Iаьржа яра, суна юххе лаьтташ волчо фонарь лаьцнера. Охьа а таьIна Зайналабидан хьаьж тIе барт белира аса.

— Хьо санна яла йиш хIунда яц сан! — элира аса.

Кешнашкахь велха йиш йоццушехь, со йоцург массо а воьлхуш вара .Цхьанна хаза а хезна новкъарло хиларна кхоьрура со, тхаьш иза къайллах дIавуллуш хиларна.

— Вайн Iедалехь мегаш доццушехь кешнашка яхнера, — бохуш дуьйцура цул тIаьхьа сох лаьцна.

— Вайн Iедалехь доцурш ас лелийна-м дуккха а хан яра, — аьлла хийтира суна, амма цхьангге а-м ца элира иза.

* * *

«КIантана тIаьхьа да а вахна» — аьлла хабар делира аксайски кулакашна юккъехь. И хезначул тIехьа, майрачо дина весет дагадеара суна: «Сан дакъа дIадоллалахь», — цо аьлла.

Полковникан бакъо йоцуш дакъа дIадахьа йиш ца хиларна, сайн болу ницкъ вовшах а тоьхна штабе яхара со. Дакъа мичхьа лохур ду хууш-м яцара со. Аса кхин фамили яккхина хиларна полковнико бакъо елира.

— Хьан фамили Батырмурзаева елхьара аса айса юьйр яра хьо, — аьлла, куьг тапчи тIе дахийтира полковнико.

Штаба чуьра ара а яьлла, айса хIун дийр ду а ца хуш, стенга яха еза а ца хууш лаьттара со. Дакъа сайна карор а дац бохуш со лаьттачу хенахь цIерпоштнекъа юххе боьхкинчу жагIа тIехь цIеххьана ша лацале цо юьйхина пазат гира суна.

ЖагIа ахка дуьйлира тхо, тхо жагIа охкуш долуш тIе еъначу бронепоездана тIера цхьабосса чIогIа тоьпаш евлира.

Цхьана ор чохь, тIехь хIума доцуш, дерзана цIена бархI дакъа карийра тхуна. Зайналабидан ден дакъа агIон тIехь шаьлтано бинчу ширчу моьнах девзира сына. Цу буссехь кIантана даькхкхинчу кош чу да а вилира.

* * *

Шаьш Аксай дIалаьцначул тIаьхьа большевикаша со схьалехира. Юрт мел ю хоьттуш хиллера: «Кхузахь юьй Батырмурзаевн нана?» — бохуш. — Цуьнан пхеа накъоста со йолчу а веъна соьга чIогIа кадам бира.

— Хьан кIентан чIир ца лохуш Iийр дац тхо, — аьлла, дош делира цара.

Царех цхьа а бусалба вацара. Иштта вара сан кIант, шен къомах боцу доттагIий шена карийна волу.

Цу дийнахь дагавеара суна Зайналабид: суна дагахь доллург дара иза шен накъосташца цахилар.

Сан кIант, Зайналабид, хьо дийна хилийта со яла а реза хир яра со!

Самазан Сабашкоев



ДЕСТЕ

Схьахетарехь, Таму тІаьхьависна... Ур-атталла лампа лато а ца кхиана иза, ткъа да цІа ван вуно кІезиг хан йиснера. Таму сихвеллера. Сихха дерриге дина а ваьлла, даима а санна, хил дехьа, дена дуьхьал водур ву иза. Сихха валахьара. Тахана, хІуьттаренна санна, цІе ца летара кхуьнан. Пешана хьалха гора а хІуттий, доккха са чу а узий, пешачуьра дечгаш латийта гІерташ мох беттара кІанта. Мохо овкъарш дІасаяржайо, уьш цуьнан дехачу цкъоцкъамашний, месашний хІур буьллуш тІеховшу, амма иза тергал а ца до Тамус.

ТІаьххьара а цІе лета. Кхин ах сахьт даьлча кийча хир бу суьйранна буу кхача. Да тІаьхьа ма висахьара. ЭхІ, дикаха хьаха хир дара, нагахь хІума кечъяр аса лулахочуьнга Фаскега дехнехьара! Цунна хІума сихха кечъян хаьа. Амма кІентан ойланаш сихха хийцало. Тамун бІаьргашна хьалхахІоьттира колхозан ферман заведующи йолчу, беснешна тІехь тІедарчий а долуш йолчу Бадинан сурт. ХІан-хІа, хІан-хІа, Тамуна ца лаьа Асахмата, аьлча а шен дас, шен ненан метта шайн цІентІе Бадина ялайойла! Цунна тІечехан бен ца хаьа. Тамуна диц цаделла шай, Дзукий цкъа фермина юххехь охьадоьду хи сацийна а, Бадина шайна тІечехар а. Дукха мохь хьекхна йиш хаьллера цуьнан, амма хІетте а тоам ца хуьлура цунна. Цу тІе оцу хьокъехь Асахма-

те дIа а дийцира цо. ХIетахь кIантана дуьххьара халахетийтира дас.

— Хьо-х кестта пхьоалгIа класса чекхйоккхуш ву, ткъа лелар жимчу беран санна ду хьан.

— Со вац хIинца жима.

— Вац-те, вац! Хьо хIинца жима вац, ткъа лелар бакъонца жимчу беран санна ду хьан...

Шех жима ву алар Тамуна ца дезийла хууш, дас шозза карладаьккхира цабезаме и дош. Иза чIогIа халахийтира кIантана, Iаламат сингаттаме волуш набарна дIавижира иза... Ткъа буса цунна гIенах гира Бадина шений, Дзукиний тIаьхьаедда лелаш. Бадина тIаьхьакхуьуш йоллучу хенахь, тIемаш а ластадой хIаваэ ирх тIемаволура и шиъ. Амма Бадина тIаьхьара ца йолура, уьш лаьтта охьабисса ца буьтура цо. Цуьнан еха, хьаьрса месаш яржийна яра...

ХIетахь дена дагахь дерг хIун ду ца хаара кIантана. Цунна тохара санна везара Асахмат, хIор сарахь водий Iомана тIе дена дуьхьал воьдура иза. Тамуна хаара ден оцунах самукъадолийла, цундела тоха са доцуш даима а суьйре тIекхачаре хьоьжуш Iара иза. Амма цуьнан тоьлашха волчу доттагIчо Дзукис тахана къаьхьа кхаъ беара цунна.

ТIаьххьара экзамен дIа а елла, цIа веара Таму. Дукха хан ялале Дзукин аз хезира.

— Хьажахьа, аса дина хIордкема муха ду?

Таму керта велира. Керта тIе а хиана Iаш волчу Дзукис элира:

— Схаэца бел, саьнгара чухула охьадоьду хи сацо гIур ву вайшиъ.

Тамус корта оллийра.

— ХIан, хIун деш лаьтта хьо? Хьайга дехарш дойла лууш-м ваш хьо?

— Со хи сацо лууш вац, — элира гIийлла Тамус, ботинкин буьхьигца горга тIулг дIа а кхуссуш.

— Сацор дац ахьа! — Дзукис шен гIинан басахь долу дуткъа цIоцкъамаш саттош айбира.

— ХIан-хIа, сацор дац.

— Кхоьру хьо, хIан?

Дзуки гонаха дIасахьаьжира, цхьаI кхерорна кхоьруш санна тIетуьйхира цо:

— ХIе-е, хьо кIилло!

— Хьо хьуо ю-кх кIилло!

— Кхоьруш верг хуьлий кIилло-м! — элира Дзукис, балдаш а саттош, керта тIера дIаваха охьа а оьккхуш: Таму шена тIаьхьахIуттур ву моьттура цунна. Амма Таму ура-аттална ша волчуьра меттах ца валар а гина, юха керта тIевелира иза.

— ХIан, кхин ойла хийца-м ца елла хьан?

— ХIан-хIа, со вогIур вац.

— Хьайна луъург де... ХIан делахь, куьг а ластош хIара аса диннарг дел, — Дзукис куьг коьртал лакха хьала а ойбий, цхьанна Iодика еш санна ласта до. Амма Таму меттах а ца велира.

— Ца лаьа хьуна иза дан? ХIунда ца лаьа хьуна? Хьала а, охьа а кестта гIайгIа йоцчу дахарх дIакъаста дезар ду хьан. Асахмата Бадина ялайо, тIаккха хIинца сан санна хьайна луъучу ваха йиш хир яц хьан. Цунах хьуна нана хир яц, ткъа десте ю иза.

— Муха, муха бахара ахьа? — ...Десте?! — аьлла къора аз долуш хаьттира Тамус, тIаккха бос а байна, масех гIулч а яьккхина, мохь туьйхира цо:

— Дзуки, аьшпаш буьтту ахьа!

Тамун бIаьргаш-оьгIазаллех дуьзна лиэпаш гина Дзуки ловзо хIордкема охьа а дожош, керта тIера охьа а иккхина дIаведира. Тамун когашна кIел вичIаделира ловзон хIордкема. Амма цунах а тоам ца хилира кIантана. Бадина хир ю цуьнан нана! Бадина... ТIечеха Бадина!

Къеначу Фаскас дукха хан йоццуш эрна бохуш ца хилла Асахмате:

— Асахмат, сан малх, йист яккха еза хIокху дахаран. Суна а хала ду ши цIа лело.

Фаскина кIордийна кхарна кхача кечбан. Цундела лаьа цунна хьаьрса месаш йолу Бадина Асахматана яло. Дуьххьал дIа цундела. Нагахь иза иштта делахь, Тамус ша кечбийр бу кхача.

Бода буьйлира. Ков тIе а чIаьгIна, кертах дехьа а иккхина некъан ченехула ара дIаведира иза. Сихха! Сихха! ТIай тIехь мукъана а Асахматана тIекхочур вацара техьа. Да стенна делахь а тIаьхьавуьсуш дика ду, иза иштта ца хиллехьара Таму ур-аттална тIай тIе а кхиалур вацара.

Буьйсанан тийналлехь генна хезаш дара цуьнан когийн тата. Сахаьдда иза тIай тIехь соцу, тIай тIе дIа а тевжий, ладегIа хIутту кIант. Гобаьккхина гонаха тийна

ду. Цхьа хин гIовгIа бен яцара хезаш. Амма цуьнан лергашна халла хезира хьеннан делахь а когийн тата. Иза Асахмат хир ву! Берда тIе дIа а ведда, кондаршна юккъе дIалечкъира иза. Асахмат хIинцца кхуьига схьанислур ву, тIаккха, гуттар а санна, цIеххьана кIелонера хьала а оьккхуш, кхо мохь тухур бу:

— Куьйгаш ирх дахийта! — аьлла. Дас, ша кхераверлачуха, куьйгаш хьалаойбур ду, ткъа Таму цунна герга тIевахча, цо иза катоьхна схьа а лаьцна, веларна тIад а вахана, эр ду:

— Хьо мила кхерош ву, хIан?

Дагахь и сурт а хIоттош, велавелира Таму. Амма Дзукин дешнаш дагадаьхкича, цIоцкъамаш саттийра цо. ХIан-хIа! ХIан-хIа! Тховсалерчу сарахь хир дац самукъане цхьанакхетар. Цкъа хьалха хаа деза, Дзуки бакъ хилла я ца хилла. Ткъа тIаккха. Ша хиана Iачуьра кIантана хьалагIатта дага деанчу оццу хенахь тIайн кхечу йистехьа, бодашкахула гучуделира шиъ Iиндагl. Ларамаза кондарна кIел дIатебира Таму. Цуьнан лерга хезира хIара дешнаш:

— Хьуна хьайна ма хаьий со хIинца къона стаг ца хилар...

Тамуна девзира ден аз.

— ХIара сан дуьххьарлера безам бац. Сан безам бара... Зуда яра сан... — бохуш дуьйцура дас.

Хьаьнга бохуш ду и дешнаш? Когийн тата готтар гергахь хезаш ду.

— Бадина, ахьа жоп даларе хьоьжуш ву со... Ненан хьестар доцуш кхуьуш ма ву сан кIант а...

Таму ша волччохь вегийра, дегIе шело иккхира. Дзукис бохург бакъ хилла-кх. ХIинца Бадина хир ю-кх цуьнан нана... Бадина! Таму хьалаиккхира.

— Па...-папа,— аьлла мохь тоха лиира цунна, амма оццу сохьта бет тIе куьг а диллина, велхаран къурдаш а сецош, лаьтта охьавуьйжира иза.

Гена йоццуш бухIа йийкира. Цунна жоп луш кхин а йийкира. Юха а тийна дара. Амма, тохара санна, цхьаназшшара хезаш яра охьадоьдучу хин гIовгIа.

Таму цIа ваха сиха вацара. Тахана санна ша цхьа хетта вацара кIантана цкъа а. Иза оцу сарахь деца цхьаьнакхета лууш вацара. И хIун да ву, нагахь цIогIа деттачу Бадинан дуьхьа шен цхьаI бен воцчу кIентан хьокъехь дицдеш иза хилча! Дехачу, Iаьржачу бIаьрг-

негIаршна тIехь хин боккха ши тIадам гучубелира. ЦхьаI куьйга тIе буьйжира, важа бесне тIехула охьа а бахана, луьстачу лекхачу бацалахь байра.

— Таму, ...Хьо мичахь ву! — мохь белира Асахмате, учена тIе ша хьалаволлушехь. Амма цхьаммо а жоп ца делира. ТIаккха неI дIайиллира цо. ЦIийнан юккъехь горгачу стоьла тIехь ян йоллуш йогуш яра чуоьзна лампа, чохь адам ду я дац бохучух кхета хала дара. Асахмата маьнги тIе а веана куьйга иза кегийра, амма иза баьсса бара. ТIаккха цо лампин милт хьала а оьзна, кор дIадиллира. Геннара хезаш дара берийн аьзнаш. «Схьахетарехь Таму а ву хьуна цаьрца», — боху ойла хилира Асахматан, тIаккха хIумнаш дIа а яьхна, маьнги тIе агIор а ваьлла, ойлане велира иза. Iам дага беара цунна.

Дагаеара Бадина. Дагадеара шаьшшинна юккъехь хилла къамел.

ТIаккха шашаха хьалхахIоьттира кхуьнан тоьлашха болу дагалецамаш шеца бозуш йолчу кхуьнан зудчун сурт. Иза хеназа яларо ирс дохийра, дуккха а шерашна дахар даьсса а, кийрахь ша лаьтташ а дара. ХIетахь дуьйна Асахматана ша цхьаI бен доцу самукъадалар дара цуьнан кIант.

— Асахмат, хьоменига, — олура цуьнга моссуьйттаза а лулахоша, — тоьар ду хьуна гIайгIане хилар. ДогIа деанчул тIаьхьа билгало йоллуш малх хьожу. Дуккха а мехкарий бу вайн юьртахь. Харжахьа хьайна дахарехь доттагI хинъерг.

Кхунна шена а дика хаьара кхидIа а цхьа Iийна ша вериг ца хилар.

Иштта кIоргге ойланашка ваьллачу Асахматана Таму чувалар ур-атталла хаа а ца делира. Цхьана ханна неIарехьа хIоьттина лаьттира кIант, тIаккха гIелвелла чухула дIаса хьаьжира. Стоьла тIехь, кехата кIел, мотт а тохаза лаьтташ яра юу хIума.

«Аса яа кечйина хIума чомехь ца хетта хьуна цунна», — боху йоьхна ойла йира Тамус, тIаккха меллаша тIера бедарш дIаяха хIоьттира иза.

Хан дукха дIа мел яха кхин а дукхаха, кест-кестта шен нана дагаоьхура Тамуна. Дерриге дуьненахь шен ненал дикаха, къинхетаме, хьестаме ерг йоцуш санна хетара цунна. Массо хенахь чухула дIасалелара иза, дивана тIехула ирх кхозучу ненан сурте хьоьжура, иза

кералоцура, ша иза дича ша ненан довха куьг лоцуш санна хеталора цунна. ХІинца мила хир ю винчу, хьомечу ненан меттана? Хьан хьостур ву хІара? «Со санна, хьайна луъучу тІаккха хьо-м гІур вац хьуна! Иза хьуна хьо вина нана хир яц, ткъа десте хир ю», — бохуш Дзукис аьлла дешнаш дагадаьхкира цунна. Бадина цуьнан нана хила тарло бохучу ойлано тІеттІа алсам сагатдора Тамун, тІаьххьара а юьззина кІентан дагчу йижира ийойла.

Доллачул а тІех Таму кхоьрург гурахь хилира. Цуьнан дас ялийра Бадина. Дуккха а адамаш гулделлера ловзарга. Массеран а самукъадолура. Хелхабуьйлура, эшарш лоькхура, малар муьйлура... Ткъа оццу хенахь бешахь охьа а хиана, пондаро цхьаІ дІа йоллушехь цунна тІаьххье кхин а локхуш лоькхучу хелха волучу эшаре ла а доьгІуш, къаьхьа къурдаш деш воьлхуш вара Таму.

Дешаран шо дІадолалуш юьххьехь дуьйна шен хьехархой хьавха, амма шеца цхьана классехь доьшуш болу дешархой а тІехь цецбехира цо. Школехь уггаре тоьлашха волу дешархо волчу цо хьалхарчу кІиранчохь вон отметкаш ехира. КІантах хуьлуш дерг хІун ду ца хаьара цхьанна а. Къоначу хьехархочо Людмила Павловнас Тамуга цкъа хаьттира:

— «Шишшаннаш» даха хІунда волавелла хьо? ХІун хилла хьуна?

— ХІумма а ца хилла...

— Деша хала хир ду хьуна?

— Дац.

— Тохара санна тІехдика деша стен новкъарло йо хьуна?

— Хаац.

Хьехархо оьгІаз яхара.

— Ткъа хьанна хуур ду иза, нагахь хьуна ца хиача? Я ерриге школа дешарна тІаьхьайита лаьа хьуна?

— ХІан-хІа, ца лаьа...

— Нагахь ца лаахьара вон доьшур дацара ахьа. Ткъа, со-х хьох тешна яра. Ахьа кхечарна а гІодийр ду моьттура суна. Схьагарехь хьо хьуо а ву гІо дан оьшуш.

— Суна гІо ца оьшу...

— Суна дикаха хаьа хьуна хІун оьшу.

Людмила Павловнас Таму Дзукина тІечІагІвира. Уьш доттагІий буьйла хаара цунна, Дзукис бохург Тамус дийриг хиларе дог дохура цо. Амма нисса юхане-

хьа дерг хилира: дуьххьарлерчу дийнахь доттагI цIера дIаэккхийра Тамус.

Оцу хьокъехь хIеттехь хиира ерриге школана. Классан собрани гулйира. Уьна хьалха лаьтташ ву Таму. ЧIогIа воьхна а, оьгIазвахана а ву иза: къора санна луьста Iиттарш ю массо агIора еш:

— Тамус лелориг нийса дац!

— Лела ца хаьа цунна!

— Эхь ца хета цунна ерриге класс дешарна кIегар ийзо? Цу тIе пионер ву бохуш а ву.

— Пионер! Нагахь берриг а иштта пионераш белхьара...

Тамус, малхо дагийначу шен куьйгех буьйнаш дира. «Цхьанне а ца веза со... Массо а суна дуьхьал ву», — боху ойла йора цо, дерриге а легашка а хIоьттина са ца даIалора цуьнга.

— Ш-ш — ...СапаргIат хилал, собардел! — аьлла стоьла тIе къолам туьйхира Людмила Павловнас. Бераш севцира.

— Кхин хьанна хIун ала лаьа! — хаьттира цо.

ТIехьарчу партина тIехь хиана Iечо ийзалуш куьг хьалаайбира. Дзукиссий?! Ма тамашина ду, хIун ала воллу техьа Тамун тоьлашха волу доттагI! Массо а цуьнан агIорхьа дIавирзира.КIант хьалагIаьттира, синтем боцуш, ша волчохь дIаса а хьевзина, ткъа тIаккха Тамуга а хьаьжна, дIадолийра цо.

— Таму бакъ вац... ЦIахь дерриге а хьелаш ду цуьнан, хIетте а Iамо ца лаьа цунна. Шен нанна дуьхьалонаш йо цо. Иза дика дац... — Дзуки, аьрро куьйгаца хьаьжтIера хьацар дIа а даьккхина, шен метта охьахиира.

— Къамелаш совцаде! — аьлла предложени ялийра цхьаммо.

— Тамуна дош ло вай?

— Ло! Ло! Оланда шена, ша вон хIунда доьшу? — аьлла мехьарий девлира массо а агIора.

— Кхин а аьнда шена, ша нанна шога дуьхьал хIунда луьй, — боху мохь белира тIехьарчу парти тIера.

Людмила Павловна Тамугахьа дIахьаьжира:

— Алахьа, Таму, накъостий бу хьо вист хиларе хьоьжуш...

— Аса... Аса-м эр дац хIумма а! — аьлла мохь бе-

лира Тамуга, тІаккха велха а воьлхуш, класса чуьра араиккхира иза.

— Таму! Таму, юхаверза! — бохуш кхойкхуш хьехархочун аз хезира цунна, амма иза ур-атталла вуха а ца хьаьжира. Клубе дІакхаьччий бен саца а ца сецира иза.

Дукха хан ялале Дзуки веара.

— Таму, Таму, хьо хІунда ведира?

— Ткъа хьан хІун бала бу? ХІан? Хьо староста хаьржичхьана чІогІа хьекъал долуш хилла хьо!

— Таму, —элира оьгІазваханчу Дзукис, цуьнан куьг схьа а лоцуш.

— ДІавала кхузара! ДІавала моттбеттарг!— элира халла Тамус, цергаш а хьекхош, доттагІчунна бетах тІара туьйхира цо. Дзукин бІаьргашна чу бода хІоьттира. Иза Тамуна тІеволавелира, амма цунах ца летира иза.

— АхІа, делахь хІета иштта доттагІ ву-кх хьо! — элира Дзукис, школе ведира иза. Дзуки шена дуьхьал ца летча цецваьлла иза ша лаьттачу оцу меттехь висира.

* * *

Тоххарехь чекхъяьллера дайн-нанойн собрани, тоххарехь дІаяйнера школа чуьра серло... Амма йисттерчу классехь корехула схьакхеташ яра серло. Кхузахь, хьалхарчу парти тІехь, хьехархочун стоьлана юххехь, хиана Іаш гора Бадина а, классан куьйгалхо Людмила Павловна а. Хабарна дукха шовкъ баханчу царна буьйса юккъе яхар хаа ца делира.

— ХІун хилла Тамуна? Дика доьшучуьра хІунда сецна иза?

Оцу хаттарна жоп ца далало я кхуьнга а, я цуьнга а.

— Аша цІентІехь гІуллакхаш дукха дойту хир ду цуьнга. Шу шога хирг хир ду цуьнца? — хаттар дира Людмила Павловнас.

Оцу дешнаша Бадинин чІогІа догдохийра.

— Ахь хІун дуьйцу? ХІан-хІа, хІан-хІа!.. — хьехархочун бІаьра а хьоьжуш йистхилира Бадина. — Аса ма аьлла хьоьга: цунна цхьаммо а новкъарло ца йо.

— Делахь хІета оцу хьола тІе хІунда ваьлла иза?

— Иза сайн бехкенна ду аьлла хета суна, — элира Бадинас дегочу азца.

— Хьан бехкенний? — Людмила Павловнас цец а яьлла, корта хьалаайбира.

— ХІаа, хІаа, сан бехкенна. Со церан цІентІе яхчахьана чІогІа хийцавелла кІант. Дех а къехка иза. Цунна массо хенахь а хета со шен да мухха а «эца», сайгахьа ваккха гІерташ санна... — къамкъарге шад а хІоьттина, йист ца хилалуш йисира Бадина. — Людмила Павловна... ГІодехьа суна, — аьрру куьг бІаьргашна тІе а диллина, луьйш яра Бадина. — Кхин дІа хІун де аса? КІентан дог ца эцаделла соьга...

— Бадина, хІунда йоьлху хьо?

— ГІодехьа суна... ГІодехьа суна, Людмила Павловна, — бохуш дехар дора Бадинас, елхаран узарш а деш.

— СапаргІат хилахьа Бадина. ХІинца хьоьга хІумма а аЛалур дац соьга. Хьовсур вай цуьнга. Суна хетарехь оцу гІуллакха тІехь хьо цхьаІ бехке хилла ца Іа... Ккузахь сан бехк а бу, — аьлла, хабар чекхдалийтира Людмила Павловнас, ма-дарра яьлча шен бехк стенна тІехь, муха бу шена ца хуъушехь.

Людмила Павловна ю кора юххехь агІор яьлла Іуьллуш. Буьйса чакх йолуш лаьтта, амма иза хІинца а йижаза ю. Ерриге цуьнан ойланаш Тамуна тІехь ю. Эрна хийцавелла вац кІант оццул. Людмила Павловнина иза хийцавалар хааделла дикка хан яра, амма оцу тІе тидам ца бахийтира цо, ткъа хІинца цІеххьана дерриге а дагадеара.

Дешаран шо дІадоладеллачу юьххьехь Людмила Павловнас классана тІедиллира шаьш аьхка са муха даьІна аьлла дийцар яздар. Берийн самукъаделира цунах.

«Аьхка мукъачу хенахь сайн ненаца цхьаьний Гуьржех яхара со...» — яздора классан дешархойх цхьамма, Замирата:

— «Аьхке! Мел дика а ду-кх аьхка садаІар» — яздора Дзукис а, цІоцкъамаш а дусийна, ойла еш тховх хьала а хьоьжуш. Людмила Павловна, ела а елла, тІехъелира. Ткъа хІун ду техьа Тамус яздинарг? Хьехархо цуьнан тетраде хьаьжира, амма цуьнан агІонаш цІена гича, цецъелира иза. Дукха хан ялале берех ах сов шайн болх язбина девлира, ткъа Таму, куьйга чІенг а лаьцна, гІайгІане ураме дІа а хьоьжуш хиана Іаш вара.

— Таму, ахьа ца яздо дийцар?

КIант ур-атталла меттах а ца хьайра.

— Таму?! — аьлла чIоггIа кхайкхира цуьнга Людмила Павловна.

— ХIан? ХIун хилла? —олуш, ша волчуьра хьалаикхира Таму.

— Ахьа хIунда ца яздо? Стенан хьокъехь яздан деза ца хаьа хьуна?

— Ца хаьа... — элира Тамус меллаша, ца велха гIерташ халла къурдаш а деш, парти тIе охьа а лахлуш. «Цхьа хIума новкъадеана ву иза, — боху ойла дагаеара хьехархочунна. — Урокаш чекхъевллачул тIаьхьа хаа деза оцуьнан бахьана». Амма дийнахь, собрани а хилла, кIантаца къамел дойла ца хилира. ШолгIачу дийнахь оцу хьокъехь дицделира цунна. Селхана хиллачу собранех а башха пайда ца хилира. Таму бIаьргаш хих дуьзна класса чуьра араиккхира. Бадинаца ша хьалххехь къамел ца дина хилар шен доккха гIалат хиларх кхийтира Людмила Павловна.

Кхин цхьа де даьлча хьалхара урок дIайолалуш школе еара Людмила Павловна. ЙолхалгIачу классехь урок дика дIа ца йодара. Хьехархочун ерриге ойланаш Тамуна тIеяхана яра.

«Ма тамашийна хIума ду-кх цуьнан хийцавалар, — ойла йора Людмила Павловнас,— мел чIогIа аз а велла».

— Людмила Павловна, тхо яздина девлла!

Хьехархо егийра.

— ХIан... ХIаа, хIаа...

Уьн тIе керла предложенеш язъя хIоьттира иза.

«КIантана гIо муха далур дара техьа? — Суна хетарехь, Таму Бадинах тешаш хиллалц, цунна ша везар хаъалц, цунах иза воллалц йолчу ханна дестечух къехкаш хир ву иза». Людмила Павловна Тамуга дIахьаьжира. Муха хуур дара техьа иза хIинца стенан хьокъехь ойла еш ву? Уьн тIе язйинчу предложенийн хьокъехьий, я кхечу хьокъеххьий?

Урок чекхйолучу хенахь хьекъале хIума дагадеара цунна.

— Цхьа жима хаам бу сан шуьга...— элира Людмила Павловнас, дешархошка дIа а хьожуш. — Урокаш чекхъевллачул тIаьхьа дIа ца доьлхуш кIеззиг совцалаш... Къамел хир ду вайн...

ХIун къамел хир ду ца хууш собар дайна дара бе-

раш. Горгали бекначул тІаьхьа шаьш сени чу девлча вовшийн лере а оьхуш, шабар-шибарш дора бераша. Ткъа оццу хенахь телефона чухула къамел деш яра Людмила Павловна.

— Ферма .. Ферма юй? Мила ву телефонехь верг? Аа, Бадина ю? Іуьйре дика хуьлда. Алахьа, сан дешархошна бан болх хир бацара цигахь? ХІун болх бах ахьа? Муьлхха а болх. Іалашда эсий дац шун? Дуй? Дика ду... Кхана тхо догІур ду шу долчу.

Дан собар доцуш Людмила Павловна араяларе хьоьжуш дара бераш, урокаш чекхъевллачул тІаьхьа. Даима а санна ела а йоьлуш класса чуелира хьехархо...

— Дешархой, шух дагаяла совцийна аса шу. Шух хІораммо а шен хьуьнар гучудаккха меттиг нисъелла. Нагахь шух муьлхха а цхьаІ халонех кхоьруш велахь, хІета хьалххе аьнда шена, — аьлла дешархошка лерина дІахьаьжира хьехархо.

— Ца кхоьру! Ца кхоьру тхо! — элира бераша цхьабарт болуш.

—Делахь дика ду, — элира Людмила Павловнас. Сона а ишттa хета иза. Цундела аса хІара мехала декхар хІоттадо шуна хьалха. Доцца аьлча, фермина гІо дан декхарийлахь ду вай... — олуш, шен къамел юкъах а даькккхина, юха а классе дІахьаьжира хьехархо. Тамаш беш цуьнга ладоьгІуш бара дешархой.

— Фермина вайгара гІо оьшу, — бахара Людмила Павловнас. — Эсий кхиош гІо дан деза вай. ХІараммо цхьацца эса кхио деза.

— Цхьацца эсий?

Класс самукъадаьлла меттахъхьайра.

— Людмила Павловна, ткъа маца Іалашдийр ду вай уьш?

— Ткъа уьш дажа хьан дийр ду? — хеттарш дора массо а атІора.

— Оцу дерригенан а хьокъехь вай дуьйцур ду фермехь. Амма цкъа хьалха бригадир хоржур ву вай.

— Бригадиррий?

— ХІаа, бригадир. Бежнаш дика кхабар вовшахтоха хуу долу дешархо харжа веза вай.

Людмила Павловна леррина дІахьаьжира Тамуга. Вуьш а санна, иза а вара цуьнга дика, тидаме ладоьгІуш.

— Суна хетарехь и гІуллакх дика кхочуш далун дерг Таму ву, — элира Людмила Павловнас.

Класса чухула цецбовларан гІовгІа яьржира. И хІун ду? Вон доьшуш волу Таму бригадир муха хоржур ву? Дукха хан йоццуш иза собранера вадар? Оцунна а цунна къинтІера яла йоллуш-м яц Людмила Павловна?

Классехь чІогІа тийна дара. Ткъа тІаккха тІаьххьарчу парти тІера цхьаммо куьг айбира.

— Замира, хьуна хІун хета?

— Со реза ю Таму бригадир харжа. Цуьнан нана фермехь болх беш ю, нагахь шена хууш, кхеташ доцу хІума Бадине хоттур ду цо, — элира Замирас.

Цхьадолу бераш вовшашка хьевсира, амма дукках берш Замирас бохучунна реза бара.

— Замира бакъ ю!

— Таму-х дика бригадир хир ву!

— Ткъа цо, «шишша» даккхарна хІун дан деза?

— Уьш цо тодийр ду.

Таму бригадир хаьржира.

Людмила Павловна гІалатъяьлла ца хиллера Таму бригадир ван хьалхатоттуш. Цуьнан оцу сохьта самукъаделира, ойла айбаелира. ХІинца кест-кеста гора иза берашна юккъехь ловзуш. Ткъа ерриге мукъа хан фермехь йоккхура цо, Малинка цІе йолу шен эса а Іалашдеш.

Амма Бадинах хІинца а тешаш вацара Таму. Хьаа а, хІуъа дийцахь а Бадина кІентан десте яра. Ткъа Тамуна хетарехь дика десте хуьлуш яцара. ХІан-хІа, хІан-хІа, Бадинина иза цкъа а везар вац. Нагахь ша цхьана хІумнах кхеташ ца хилча, цо оцу хьокъехь хоттура хьелиозархошка а, коьртачу зоотехнике Афасе а.

Хи чохь башха исбаьхьа сурт хІоттош гуш ду, дитгийн тайп-тайпанара Іиндагіаш. Некъан йисте охьа а хиъна, куьйгашца корта лаьцна, Іоме дІа а хьоьжуш Іаш ву Таму. ЧІогІа безаме ду хи! Самукъане, дагна там беш ю цуьнан тулгІеш! ХІуьттаренна санна божаберех гуча волуш вац цхьа а. Кхин кІеззиг собар а дина, тІаккха луьйчур ву хІара. Хьежа ма ца оьшу, хІинца лийча а мегар ду, хьаьнга хьоьжур ву? Нагахь бераш дагІахь, тІаккха цаьрца а луьйчур ву-кх. Таму бедарш дІаяха волавелира, ткъа оцу хенахь «Таму-у!» бохуш Ахсара беттачу маьхьаран аз хезира.

Бердан вукху агІора схьахезаш дара «У! у!» — боху.

— Схьадуьйла кхузахьа! — аьлла жоп луш мохь туьйхира Тамус.

Кондарш меттахъхьайра, Таму Ахсараней, Маираний, Мырзаний юххе нисвелира.

— Шу ма хьеделлера? Сарралц хIунда ца Iара шу?— Тамус цаьрга бехк баькхира.

— Аса ца бехира хьоьга? Даима а хьо бахьана долуш тIаьхьадуьсу-кх вай... Малонча,— элира жоп даларан меттана Ахсара, Мырзе а хьаьжна.

Сийна бIаьргаш а долуш, доккха доцчу дегIахь волу кIант, Мырза, стомма пIелг бетан балдашна тIе а хьош, бехкала вахана, Тамуга дIахьаьжира, амма иза воьлу а гина оцу сохьта самукъаделира цуьнан. Ткъа тIаккха Ахсарана юха тIе а вирзина, мерах а луьйш, цунна Iиттарш ян хIоьттира иза.

— Малонча...

— Вий а велавелира. Массарел а чIогIа воьлура Ахсар.

— ХIан, тоьар ду шуна, — элира Тамус, массарел хьалха бердехьа дIаведира иза, ведда воьдушшехь хи чу а оьккхуш.

— Оффай! — аьлла мохь белира дегIе зуз деанчу Тамуга.

— ХIан, тIаьхьакхиал суна! — аьлла мохь белира цуьнга, тIамарш шуьйра дIаса а кхуьйсуш; нека деш Iома юккъе дIахьаьдира иза.

— Оффай! Оффай! — бохуш, са а дохуш, массарел а хьалхавала гIерташ Iамчохь нека деш вара Таму. Белаш тIехула юхахьаьжира иза. ЦхьаI-м вара цунна тIаьхьа кхуьуш воллуш, Ахсаррий? Ахсар кхуьур ву цунна, Тамуна тIаьхьа? Ээ, иза-м хьаха хир дац! Делахь хIета, Тамух эрна олуш хилла-кх хIокху Iоман хIордахо? Кхин а каде, чехка нека дан велира Таму, цунний, Ахсараний юккъера юкъаметтиг кестта алсамъелира...

— ХIара ду хьуна хи! — элира Тамус шаьш берда тIедевлча.

— Ша санна шийла ду хи! — мохь белира Ахсаре.

Кхин кIеззиг хан яьлча вий а кIант ферме хьаьдда воьдуш вара.

Буьйса юккъе яханчу хенахь Тамуна чIогIа цамогура.

— Ой, ой, цамогу суна!.. ЦIарах догу-кх сан дегI!..—

тІера юргІа дІа а кхуьйсуш, мохь беттара цо. Бадиний, Асахматтий тІехьаьдира цунна.

— ХІун хилла, хІун хилла Таму? — хаьттира кхераеллачу Бадинас, кІентан хьаьжтІе куьг а дуьллуш.

— Вогу со... Корта лозу сан!

— Асахмат, чехка кхайкхал лоьре! — чІогІа сагатделла хьаьвзира Бадина.

Кхин-ах сахьт даьлча схьакхечира лор. КІант харц луьйш а, меттахь чІогІа синтем боцуш а вара.

— ХІара баккъалла а шелвелла аьлла хета суна, — элира лоьро, сихха цуьнга хьажа а хьаьжна, — сихонца больнице вига веза хІара.

— Оццу буса районе вигира Таму. Халчу хьолехь вара иза, Бадина цуьнца йисира.

ВорхІ дей, ворхІ буьйсий дІаделира Таму кхетамчу ца вогІуш. Оцу хенахь даима а цунна юххехь яра Бадина.

КІантана долу дагар лахдала доладелира, цуьнца цхьаьна мелла а сапаргІат елира Бадина.

— Кхерам дІабаьлла, хІинца кестта толур ву иза, — элира лоьро.

Босбайначу, озийначу, Бадинин юьхьа тІехь еларан билгало гучуелира, цуьнан кІайн, кІеда куьг хьестаме кІентан коьрта тІе охьадеара.

«И хьена куьг ду? — боху ойла иккхира кхетамчу веанчу кІентан дагчу.

— БІаьргаш дІабилли... БІаьргаш дІабилли!..— аьлла мохь белира хазахеттачу Бадинин, бІаьргех хиш а довлуш, сени чу ара а хьодуш.

— Лор, цо бІаьргаш дІабилли!..

— Хьан билли бІаьргаш дІа? — хаьттира цуьнга цхьаммо-м чІогІачу озаца.

— Тамус,... Тамус... ву схьахьоьжуш!

«ХІара хІун тамашена хІума ду, хІун хилла техьа, мохь ма хьоькху цо?» — ойла еш цецвуьйлура Таму. ХьалагІатта дагахь хилира иза, амма сел дазделла долу цуьнан дегІ гІорасиз хилла метта охьадуьйжира.

— Со мичахь ву? Суна хІун хилла? — бохуш, ша-шега хоьттура цецваьллачу Тамус, гонаха дІаса а хьоьжуш.

Оццу хенахь неІ дІаеллаелира, палати чу деара лор а, Бадина а.

— Ма чІогІа кхера а йи-кха ахьа хьайн нана, тур-

палхо! — элира лоьро, хьастаме кIентан пхьаьрсан пхенан беттабалар а дустуш. Шен нана яц ала дагадеара Тамуна, амма Бадинин ирсен юьхь а гина, цуьнан балдашца хаалуш дара цхьа велавалар санна дерг. Ша шен кера а лаьцна, вуса а велла, бIаьргаш дIахьабдира цо.

Бадина маьнгина тIе а яхана, Тамун месашна тIехула куьг хьекха хIоьттира. Цо бIаьргаш дIа ца боьллура, ур-атталла Бадинас шена оба аьлча а меттах ца хьайра иза. Шен дог лозуш къийладалар бен кхин хIума дацара цунна хаалуш! Бадинас хьаьстича, винчу хьомечу нанас хьестарна кийрахь жоп далар бен кхин хIумма а дацара иза.

— ХIинца иза сихха толур ву, кестта сайл а чехка уьдуш лелар ву иза, — бохуш дуьйцура лоьро. — Амма, хьоме Бадина ахьа а садаIа деза. ХIокху деношкахь тоъал бала хьегна ахьа.

Дийнна кIиран чохкьий? Таму цомгуш волу дийнна кIира ду? Оцу ерриге хенахь цунна юххера дIа ца йолуш Iийра Бадина?

КIанта бIаьргаш дIабиллира, Бадинин хьестаме хьежар гира цунна юха а.

ХIинца цуьнга хьоьжучуьра дIа ца воьрзура Таму...

«Ванах Дзуки кхин вогIур вац техьа со волчу, тхойшиъ ши доттагI ма-вара?» — боху ойла йора Тамус, маьнги тIе агIор а ваьлла, даима а корехула дIа а хьоьжуш.

— Таму, хьуна оьшуш хIумма а дуй? — хаьттира кIанте, иза гIайгIане хилар хааделлачу Асахмата.

— ХIан-хIа, аса-м... иштта дIа... — элира воьхначу Тамус, юьхьа тIехь цIий а луш.

Цунна юха а дагадеара клубана юххехь хилларг, шен Дзукица дов далар... ша тоьхна тIара. Иза новкъа дара цунна, дохковаьллера иза, амма хIинца цунах бала хIун пайда бара?.. Дикахо хир дара хIетахь Дзукис цунна юха тоьхнехьара! ТIаккха тоххарехь тайна хир вара и шиъ.

— Папа...

— ХIун бах ахьа, сан кIант?

— Папа... Цхьа хIума хаьий хьуна?.. Делахь хIумма а дац...

— Алахьа, Таму, хIун ду хьан дагахь?

— ХIумма а дац, папа...

Тамус бIаьргаш дIахьабдира. Цунна даггара лаьара Дзукин хьокъехь деца дийца, амма стенна тIера дIадоло деза ца хаара... Цу тIе, баккхийнаш кхетар а ма бац кегийрачара дуьйцучух. ХIан-хIа, Тамуний, Дзукиний цхьаммо а гIо дийр дац. И шиъ декхарийлахь ву шаьш-шиъ тан. Амма маца? Маца вогIур ву Дзуки?

Самукъане йоцу шен ойланаш еш Iаччохь, наб кхийтира Тамуна. Пыхчал цIе йолчу жIаьло лата а летта самаваькхира иза. Мила ву техьа веанарг? Таму маьнги тIера хьалаайбавелира.

— Дзуки!Дзуки! — аьлла мохь а болуш, корехула араэккхаза висира иза.

— Мича, ахьа дийриг хIун ду? — дас, охьа а лаьцна, сацийра иза.

— Папа, Дзуки ца го хьуна?.. Дзуки ву вогIуш! — Тамуга самукъадаьлла мохь белира.

— ВогIанда шена. Араэккха хIунда гIерта хьо?

Меллаша дIаеллаелира неI, цIа чу веара Дзуки!

— Марша вогIийла хьо, Дзуки!

Асахмата доккхачу шогачу куьйгаца схьалецира Дзукин куьйган дуткъа пIелгаш. Ши кIант вовшашка хьаьжжинчохь висира, кортош а охкийна.

Цхьана ханна тийна дара цIа чохь. ТIаккха дега дIахьаьжира Таму.

Асахмат кхийтира кIентан дагахь долчух, вела а велла, чуьра аравелира иза.

— Дзуки... Ма дика ду хьо веана!

— Со хьо волчу больнице ван дагахь хиллера, амма вогIийла ца хилира сан.

— Хьо суна оьгIазвахана вуй?

— Стенна?

— Клуба юххехь, вайшинна юккъехь хилла дардацар...

— О, о, хIинца а дагахь ду хьуна иза?..

— Ахьа баккъалла а бах!?

— Дера бах.

— Дзуки! — мохь а болуш, доттагI шен некха тIе озийра Тамус!

Мажделла гIаш ду лаьтта охьаэгна. Iома тIе боьду некъ а бу цара семса куз тIебиллина. Шаьш хийла дуккха а дIасалелла некъ карабо Тамуний, Дзукиний. Бердан йистехь саца а сецна, гонаха дIасахьаьжира ши кIант.

— ХIокху меттехула дуьххьал чувоссий вайша, — элира Дзукис, тIаккха накъосто жоп даларе а ца хьоьжуш, бердах чуведира иза.

— Дзуки, собардехьа!

— ТIаьхьакхиал хьо, хIан!

— ДIа хIунда уьду хьо? — элира резавоцуш Тамус. Амма Дзуки ца сецира, Таму цунна тIаьхьаведира. Бердаца долчу дитташна юккъехь самукъане диэкаш дара берийн аьзнаш.

— Суна тIаьхьакхиалур вац хьо! — аьлла хьалхахьа дIаведира Дзуки.

— Кхуьур ву!

— Кхуьур вац!

Дитташна юккъехула, декъа гаьннаш а кегдеш, буц а хьоьшуш хезаш ду берийн тата.

— Нагахь со ца сецнехьара, суна тIаьхьакхуьур вацара хьо, — боху Дзукис, вела а воьлуш.

— Хьо мох санна чехка воду. Амма хIетте а со хьуна тIаьхьа-м кхуьур вара.

— Кхуьур вацара!

— Кхуьур вара. Делахь юха а вадий вайша!

— Вада те! — Дзукин бIаьргаш лиэпаш дара, фермехьа дIаведира иза. Силос чохь йолчу ор тIе кхоччуш бен цунна тIаьхьа ца кхиира Таму. Юха а самукъадаьлла воьлура и шиъ.

Шина кIентан велар а хезна, кIайн хьалхауллург а оьллина, араелира Бадина.

— Таму, сан малх, хьо хIунда хьевеллера ца вогIуш? Малинка ду дукха хенахь дуьйна хьо вогIу ларвеш.

И бакъ дан санна оццу минотехь еххачу ханна Iаьхира эса.

— Малинка! Малинка!

Таму кIари чу ведира. Дукха хан ялале цига еара Бадина а. Малинкина юххе а хиана Iаш вара Таму, ворта а сеттош, кIентан белшах дIахьекхалуш дара эса.

— Хьажахьа, мама, со веана хазахеташ ду-кх Малинка!

«Мама!»... — Бадинина, схьахетарехь, моттаделла хир ду кIанта иза аьлла. Хьан элира цунах «Мама?»

— Мама, со охьатоьхна хIокхо, Малинкас охьатоьхна со... — аьлла юха а мохь туьйхира Тамус, эсанца ловза а ловзуш.

Шен цIе яккхар шена моттаделларг доцийла хIинца

хиира Бадинина. «Мама!» — мел хаза аз долуш олу-кх и дош Тамус.

Къамкъарге цхьа шад хIоьттира Бадинина. Тамуна тIе а еана иза маракъевлира цо. Цуьнан кIеда куьйгаш кIант хьоьстуш коьрта тIера беснеш тIехула дайн хьакхаделира. Мел там бира-кх оцу куьйгаша Тамун дагна! КIентан оза куьйгаш цIеххьана Бадинин юкъах хьаьрчира. Цхьана ханна меттах а ца долуш догIаделча санна дисира Бадина а, Таму а. ДIахьаьжча воьлуш лаьтта Дзуки а гина, воьхначу Тамус Бадина марара дIахийцира.

— ХIун деш лаьтта хьо? Вало, Малинкина яа буц яй вайшимма, — ший а кIант, кIари чуьра ара а иккхина, дIавахара.

— Сан кIант! — элира халла Бадинас, бIаьргех оьху хиш а сецош, кIантана тIаьхьа а хьоьжуш.

ВЕЖАРША ДУЙ БИЪНА МЕТТИГ

(Дийцар)

«ХIор стеган а хуьлу даккхий а, мехала а гIуллакхаш, цуьнан дерриге дахарехь деган кIоргехь даима а лаьтташ долу, диц луш доцу, шайн хьокъехь ойла ян кIордош доцу... ХIара тхан лаьмнаш долчу даьхкина вай ХIиричуьра, ГIебартара, Балкарера. Дуккха а ган, керланиг довза, лаьмнашкахь дIахьулйина йолу хазнаш гучуяха лаьа вайна. Хаа тамашена хир дар-кх, вай вешан цIа юха дирзича, уггаре хьалха вайх хIораммо шен хьокъехь ойла ен ерг хIун хир дара техьа? — бохург. Уггаре алссам вайх хIоранна дагахь диснарг, кIорггера ойла йойтуш, кхин цкъа а дицлун доцург!»

Иштта дIадолийра шен дийнар тхан воккхах волчу накъосто, къеначу гIебартахочо Эламирзас.

Шен заманчохь дуккха а хIумнаш гина волчу Эламирзина ладугIуьйтуш дика дийца хаара. Нагахь иза хилла дерг я туьйра дийца волалахь, цо иза цкъа хьалха цхьа самукъане хабар дийцарца дIадоладора. ХIинца а иштта хилира.

Уазан лам олучу ломана къилбехьа тхайн некъахочунна Эламирзина юххе охьахиана Iаш вара тхойшиъ, шиъ хIирийн жима стаг, ши геолог. Малхе якъо оьхкина яра тхан тIадийна бедарш. Эламирзин хьокъехь тхуна дуьххьара хезира Орджоникидзе гIалахь, Дигорин а, Балкарин а лаьмнашка практике даха тхо новкъа довлуш. Уггаре тоьлашха волу некъгайтархо, шен дахарх

эханнал сов ламанан хазнаш талларна дIаделла волу, хIор лам, лаьмнашкахь хIор боьра бевзаш волу стаг ву иза, бохуш дийцанера тхуна цуьнан хьокъехь.

Орджоникидзера Кенже олучу юьрта а даьхкина, Эламирзин цIа лехира оха. Амма воккха стаг цIахь ца карийра: оцу Iуьйранна Нальчике вахана хиллера иза.

— ТIоьрмиг буьззина бес-бесара тIулгаш а деана, уьш эцна гIала вахана. КIад цавалар а тамаша бу, шен дерриге дахарехь цхьа тIулгаш лоьхуш лелаш ву-кх,— бохуш дуьйцура Эламирзин зудчо — йоккхачу стага, шен цIийндена арз дечуха.

Яздина жима кехат а дитина, лаьмнашка хьаладахара тхо.

Кхин масех де даьлча, Эламирза ша веара тхан ламанан лагере. Шен лекхачу, амма озучу белша тIера мохь охьа а биллина, шена тIера чан дIа а йоккхуш, тхан буьнан неI меллаша, ийза ца луш, дIайиллира цо. Шеца цхьаьна цо деара буьйсанан шелонан цIенан хIо а, цхьа кхеташ доцу хазахетар а. Маршалла а делла, тхуна юххе охьахиира Эламирза, кестта цунах доьллачу тхуна иза тхайна дукха хенахь дуьйна вевзаш санна хетара.

Ламанан готтачу боьранашний, чIажашний, Iаннашний чухула маьIданаш лоьхуш дикка хан яькккхира оха цхьана лелаш. Эламирза даима а тхоьца хуьлура. КIадвалар хIун ду хууш вацара иза.

Ткъа селхана, делкъал тIаьхьа, стигал а къекъаш, стелахаьштиг а детташ догIачу догIанна кIел а нисделла, тхайн буьне кхача ца делира тхо. Ерриге буьйса ломана кIел а хIиттина яькккхира оха, тIехь мел ерг яша а еш. Iуьйранна ломан басошкахула морхаш дIа а екъаелла, малх юха а тхуна боьлуш бара. Аьхке дIа а яьлла, гуьйре тIекхочуучу хенахь, баккъалла а исбаьхьа башха декхна хуьлу ломахь догIа деанчул тIаьхьа де.

Тхо дара, маьлхан йовхачу, дегIана там беш йолчу зIаьнарех самукъадолуш, селхана деанчу догIано йилинчу, хIинца тIехь уьстагIий дежаш гучу, жовхIарш санна лиэпаш, тIехула хIиттана Iаьмнаш долуш йолчу хьаннийн аренашка дIа а хьоьжуш, цхьана лекхачу ломана тIехьа охьахевшина Iаш.

Малх лакха мел бели лагIлора хьоькху мох. Луьлла а латийна, кIур, чIуг тухуьйтуш, стигала ирх бахийтира цо. Ах яьгна сирник юьстах дIакхоьссира воккхачу

стага. Яза йолчу сирнико декъачу чIишех цIе латийра. Воккхачу стага, стенна а делахь а вела а къежна, ша волчуьра хьала а гIаьттина, цIе дIаяйъира.

— ХIара вежарша дуй биъна меттиг ю. ДIасадовлий декъа чIийш гулдел, «Вежарша дуй бианчу меттехь» цIе татор ю вай, иза ца дахь вайн бедарш хенахь якъалур яц, — элира Эламирзас, чIийш гулда а воллалуш.

Тхо цунна гIо дан хIиттира, дукха хан ялале йоккха цIе латийра оха, тхайна тIера бедарш якъо дIа а ухкуш, цIарна терггахьа охьахевшира тхо.

Тхан воккха стаг ойланашка велира. Дехха Iийра тхо цо дийцар дIадолоре хьоьжуш. ТIаьххьара а, кхин дан собар а ца хилла, аса хаьттира:

— «Вежарша дуй биъна меттиг» ю боху ахьа хIара. Дийцахьа и цIе мичара яьлла кхунна.

Сан хаттарна жоп даларан меттина, Эламирзас доккха са а даькхина, ойла а еш, чIоггIа элира:

— Дахарехь газа хIума ца дуьсу-кх. Мел доккхачу маьIнен ю вай иштта боккхачу безамца дагалоьцуш йолу вайн ойланаш, вайна иштта хазахетар, бакъонца там хилар дахьаш долу вайн гIуллакхаш...

Воккха стаг юха а лаьмнашка, хьаннашка, аренашка бIаьрг бетта хIоьттира, тIаккха сан хаттарна жоп делира цо:

— Адамана цкъа а кIордор дац ша винчу, кхианчу, ваьхначу меттигах, шен даймахках воккхавер. Цунна даима а дагахь лаьттар ду шен халкъ, дагахь лаьттар бу шен дай, церан стогаллех дозалла дийр ду цо. Оцунна тоьшалла ду ша дахар а, вежарша дуй биана меттиг а.

— Дийцахьа тхуна, Эламирза, оцу хьокъехь, — аьлла юха а дехар дира оха.

— Дийца бахий аша, хIан?

— Боху, боху, Эламирза, оха доьху хьоьга!

Шен дийцар дIадолийра цо:

— Революци хилале хьалха Януково олучу балкарийн юьртахь доттагI вара Тотрадзов Темболатан. Амма вовшашна генахь вехаш вара и шиъ. Темболат Ираф олу доккха хи схьадоллучохь, лаьмнашкахь, Дигорехь вехаш вара, ткъа цуьнан доттагI, Балкарера Кадохов Темарсолта, ГIебартан дозанан йисттехь вехаш вара. Церан ярташна юккъера юкъаметтиг йоккха яра, некъ

дIасаваха хала бара, яккхий юькъа хьаннаш, кIорга Iаннаш, лекха лаьмнаш долуш. Царна юккъехь бара хIара Вазин-лам, хIинца вай шена тIехь лаьтташ болу.

Дуьйцуш ма-хиллара, Темарсолтиний, Темболатаний вовшийн вевзира шаьшшиъ кегий нах болчу хенахь Балкариний, Дигориний юккъерчу ламанан башхачу дежийлашкахь. И шиъ ший а алдаран[1] ялхо вара, ткъа дежийлаш Вазин-ломан аренашкахула дIадаьржина дара. ДIо, гой шуна Таторсан, Буанан, Дидинатан басошкахь хут санна шера лиэпаш го сийна дежийлаш, бецаш? Шайн жаш юх-юххехь дежачу хенахь, гезарий шиммо а цхьаьний узура цара, хIума а цхьаьний йоура, шайн дахарх лоций а дуьйцура. Кхуззахь мелира цара дуй бууш кад. Амма иза, схьадийцарехь, ша тайпа къаьсттина дуй бааран кад бара, кхечерачех тера боцуш.

Iадато лоьхуш ма-хиллара, доттагIий хила сацам бинарш декхарийлахь бу аракан стака схьа а эцна, цу чу датон ахча а тесна, и кад шимма а дIамала. ХIан-хIа, иштта ца мелира шайн дуй бааран кад Темарсолтассий, Темболатий, Вазин-лам тIерчу жаIуйн хIетахь я арак а, я датон ахча а дацара.

Цхьана башхачу дийнахь цара шайн жаш ломан баххьашка лаьхкира. ХIоккхаза, хIокху метте! — Эламирзас дозаллица корта ластийра «Дуй бианчу меттехьа» хьожуш хьала а гIаьттина, цIарна юххе дIатийсина хIумнаш харца а хаьрцина, цигаьрка а латийна, юха а дIадолийра цо шен дийцар. — Оо, дала зовкх лолда шуна. Ломан лекхачу басе жаш дIа а лаьхкина, уьш цигахь а дитана, ткъа шаьш башлам тIе бевлира уьш. Декхначу дийнахь цигара дIахьежа къаьсттина самукъане ду: лахахь го ламанан боьранаш, хьаннаш, цанаш, тогIеш. Ткъа гобаькхкхина гонаха ду стигла ирх ихна дерзина лаьмнаш. Сийначу стиглахула дIасалелаш ю аьрзош, геннахь го балкарийн, гIербартойн, хIирийн эвлаш, оьрсийн ярташ.

Вукху агIор дIахьаьжча го Дигорин кегийра ярташ, Караугомски ломан дукъ, Iаьржачу лаьмнийн хьаннаш, КIайчу лома тIера жаIуй, цанаш, беркате хьийкъина ялташ. Эццара дIа гуш яра доттагIийн ярташ а. Бехха лаьттира доттагIий ломан бохьа тIехь, вовшашка шайн дагахь ма-дарра дуьйцуш.

---

[1] Алдар — мехкада, хьолахо.

ТІаккха башлам тІера сийначу шанан цхьа кийсиг схьа а кагйина, иза а эцна жаш долчу охьавеара и шиъ. Цигахь боккха кад буьззина шура яьккхира цара.

— ХІан, сан хьоме ваша, Темболат, вайн гІиллакхца, нагахь доттагІаша цхьаьний кад молуш хилча, цара кера лоцу я пивон зока я аракан кад, цу чу датон ахча тосу. Вайшинна я кад а бац, я ахча а дац. Хьал долуш вац вайша, амма вайшиннан йолуш ю кад буьззина шура, чохь бешаш бу цхьа кусок ша, башлам тІера вайша беана болу. Вайша ши ваша хила чІагІо йина ву, ненан шура жимчу берана санна вайшинна пайденна хуьлда хІара шура, даима а лаьтташ долу башлаьмнаш санна исбаьхьа хаза хуьлда вайн доттагІалла хІинца дуьйна дІа. ХІинцца яьккхинчу шурин йовхо санна иштта йовха а, дегІана там беш а хуьлда вайшинна юккъера юкъаметтигаш. Даима а лаьтташ долу хІара башлаьмнаш санна онда а, шийла а хуьлда вайшиннан дегнаш мостагІашца, дозу доццуш хуьлда вайшиннан ницкъаш, вайшиннан къонахалла, вайшиннан цаІалла, вайшиннан доттагІалла! — элира Темарсолтас, шурин кад хьала а ойбуш.

Лекхачу дегІахь, озо,тІахъаьлла жима стаг вара иза. Цо коьртара цкъа а дІа ца боккхура бІегІаган куй, малхо цкъа а яга ца йора цуьнан юьхь. Цуьнан стиглан басахь сийна бІаьргаш даима а лиэпаш дара, накъосташна чІогІа дукхавезаш вара иза. Оццу хенахь доккхадеш детталора дог, самукъадаларца цІеран суьйнаш бІаьргашна чохь гуш, ирс ду юьхьа тІехь хаалуш. Вела а луш, шурин кад балдашна тІе а хьош, цунах ах дІа а молий, иза накъостє дІало цо.

Темболат шен доттагІчул жима, дегІана лоха, амма зоьртала вара. Цуьнан Іаьржа месаш, дукъ мелла а тІедаьлла болу мара, даккхий Іаьржа бІаьргаш тамашена хаза лиэпаш дара ягийначу юьхьа тІехь. Шурин кад схьа а эцна, кІорггера са а даькккхина, элира цо:

— Адамана эзар хилча а совнаха бац доттагІий, амма мостагІ цхьаІ бєн вацахь а дукха ву цунна. Иштта боху халкъан кицано... Аса дуй боу хьуна, вайшиннан доттагІаллина тешаме хила, маьлхан дийнан йовхо санна, йовхо хир ю сан оцу доттагІалле. МостагІашца долчу тІехь ша санна шийла а, тІулг санна онда а хир ву со!

Оцу дешнашца цо дІамелира бухабисна шурин ах

кад. Цул тІаьхьа вовшийн куьйгаш а лаьцна, чІогІа вовшашна мар-мара иккхира и шиъ...

ЧІогІа сиха дІаоьху беттанаш, шераш. Дукха хьолехь адаман таро ца хуьлу шен дика ойланаш чаккхенга кхаччалц кхочушъя. Дуккха а дика ойланаш яра Темарсолтин а, Темболатан а кийрахь: алдарера бинчу балхана ял схьа а эцна, шайн-шайн цІа юха а вирзина, зударий а балийна, доттагІаллица вовшашка хьошалгІа а оьхуш ваха дагахь вара и шиъ. Амма дІаихира беттанаш а, шераш а, амма алдарера шаьш бинчу балхана йогІу ял схьа ца яккхаелира цу шинга, вовшийн ган хан ца хилира церан.

Адамана ца хаьа шега хІун догІур ду, дахарехь шена хІун гур ду. Цкъа шайн юьрта дІакхайкхира Темарсолтега, цуьнга хаам бира:

— Россиний, Германиний юккъехь тІом болабелла. Цига ваха веза хьо,— аьлла.

Кхин кІеззиг хан яьлча Темболате а кхайкхира... ДІасакъаьстира доттагІий. ХІетахь дуьйна мел хан яьлла цхьанна а хууш дацара. ТІеман аренашкахь мел цІий Іанийна бохург цахаьара цхьанна а. Амма цкъа цІа вогІуш новкъахь цхьаьнакхийтира ши салти. Цу шинна вовшийн вевзира, амма дукха хазахетарна юьхьанца дош а ца алалуш висира и шиъ. Иштта вист а ца хуьлуш вовшашна маракхийтира ший а.

— ХІинца а дийна ву хьо, Темболат?

— Хьуна ма-гарра ву-кх со, сан доттагІ.

— Хьо а ву-кха дийна?

— Дера ву, сан доттагІ, со а-м дийна...

Вовшашна шайх лаьцна дийцира цара. Темболат хала чевнаш хилла вара, вехха лазаретехь Іилла дийзира цуьнан. Ткъа Темарсолта «Туземни корпус» олучу эскарехь вара. Цо дийцира Советски правительствона, большевикашна дуьхьал кІайчу эпсарша шаьш нуьцкъала тІаме муха лоьхкура.

— Тхан эпсаршна лаьара, — бохуш дуьйцура Темарсолтас, — вохийначу паччахьан Іедалехьа гІо дохуш оха Советски Іедална дуьхьал, большевикашна дуьхьал цІий Іанош тІом бойла. Амма салтий большевикашкахьа бевлира. ХІинца яц «Туземни корпус». Делахь салтий цІа я ЦІечу Эскаре бахана...

— Темарсолта, сан тешаме доттагІ, хьуна хаьий большевикаша стенах лаьцна дуьйцу? Царех цхьа а ги-

ний хьуна? — хаьттира Темболата, стенна делахь а мелла а воьхна волуш.

КIеда-мерза вела а велла, доттагIчун белшана тIе куьг а дуьллуш, Темарсолтас элира:

— Цара хIун дуьйцу хаьа суна, гина суна уьш. Нагахь хьуна а царех цхьаI ган лаахь, схьахьажа, со ву хьуна царех цхьаI, ткъа хьо — шозлагIниг ву. Вайша саннарш дукха бу. ЧIогIа дукха бу!

— Халчу тIамехь цхьаьна цкъа а хилла вац вайшиъ, гIуллакха тIехь вовшашна вешан доттагIалла гайта таро ца хилла вайшинна. Хийла хьох кхетаре сатийсира аса, тIеман арахь хьо ларвархьама, амма хьол хьалха мостагIчуьнца тIаме волийла хилира сан, — элира Темболата.

— Изза ойла еш со а вара, — аьлла жоп делира Темарсолтас.— Делахь а тIом чекх ма ца баьлла. Бакъ болу тIом хIинцца болалуш бен бац. Халкъо шен цIийца яьккхина паргIато цуьнгара дIаяккха гIерта кIайн инарлаш. ХIинца бакъонца доьналла, вешан вежаралла гайта декхарийлахь ду вай, — жоп делира Темарсолтас.

Цо бохучунна тIетайра Темболат а. Цул тIаьхьа вовшийн Iодика а йина дIасакъаьстира и шиъ: цхьаI Балкаре, ша винчу юьрта — Янукове вахара, важа — Дигоре, шен гергарнаш болчу дIавахара...

ДоттагIий юха а вовшахкхийтира, цара тохара алдаран жаш дажийначу, шурин кад дIа а мелла, доттагIий хила цара дуй бианчу меттехь. ХIинца уьстагIий дажош бацара уьш, церан баккъашна тIехула кхозуш жаIуйн пIаьлдигаш дацара хIинца. Церан меттана разйохуш йихкина яра патармех юьзна тоьпан гIепаш, ткъа карахь яра тоьпаш. Дигорина тIебогIу некъаш белогвардейцийн бандитех бIаьргсирла ларбеш вара и шиъ шайн накъосташца цхьаьний.

ТIекхечира 1919-чу шеран бIаьсте. Деникинцашна дуьхьал тIамца къийсам латтош дара Кавказан халкъаш. Уггаре кхераме йоцу меттиг яра Темболаттий, Темарсолтий верг. Цхьа а некъ боцуш йолу меттиг яра иза. Цунна гонах дара Iаламат даккхий лаьмнаш, шайна тIехула ур-атталла олхазар а далалур дуй техьа аьлла хеташ долу. Шаьш болу ламанан готта боьра каро атта доцийла хууш, оцу меттигана тIе башха къаьсттина тидам ца бохуьйтура партизаншца, коьрта ницкъаш цара

тIехьажийра Дигорина тIекхочуччуьра меттигаш ларъярна, шен дукъ хадийча Уаллачкоме кхача тарлуш болу Згидан лам ларбарна.

Дигорина тIекхоччучохь Ахсарисареххьий, Цифджинехьий баккхий луьра тIемаш хилира. Дог Iийжадора винчу мехкан лаьмнийн, боьранийн узарша, хезаш дара хаддаза дуьйлучу партизанийн а, белогвардейцийн а герзийн, якхийчу тоьпийн татанаш. Иза дерриге а хезаш вара Темболаттий, Темарсолтий, шаьш цигахь цахилар новкъа долуш а вара и шиъ.

Делахь а шен рагI хуьлу-кх хIор гIуллакхан а. ХIара доттагIий тIаме хIуьтту хан а тIекхечира. Ираф-хин аьрро агIорчу бердан йистаца — хIинца Темарсолтий, Темболаттий тIехь лаьтташ волчу ломахула — Дигорина чукхача сацам бира белогвардейцаша.

«Цаьрца шеко йоцуш некъ буьйцуш некъ бевзаш волу стаг ву. Дика хьожуш хилалаш. Шаьш Iеха ма дайталаш. ГIо хиларе догдохийла яц шуна!» — бохуш хаамаш бора цаьрга партизански штабера.

— Суна дагахь иштта ойла ю, — элира Темарсолтас, — Тоьпаш цхьаццаммо кхийса еза вай.

— И бохург хIун ду?

— Готтачу некъан йистаца зIе еш охаховшур ду вай, цхьацца а хууш. Хьалхарниг ломан дукъ тенна дуьтуш мостагIчунна кIел хиана хир ву. МостагIий шена гергакхоччушехь царна топ етта волалур ву иза. Нагахь уьш цул толахь, тIаккха шозлагIниг дуьхьал вер ву, уьш шена герга кхоччушехь. Иза а цаьрца ца ларавахь, кхозлагIчо а изза дийр ду, тIаккха воьазлагIчо а, пхоьазлагIчо а...

Массо а резахилира оцу кхеташонна. ХIораммо а шен-шен меттиг дIалецира. Уггаре хьалха мостагIчунна кIел хиира Темарсолта, цул тIаьхьа — Темболат, ткъа тIаккха кхиберш а.

Сарахь гIовгIа йоцуш, гучу ца бовлуш цу тIекхача хьесап долуш, ломан дукъ тIе чIогIа лерина теIаш бара белогвардейцаш. Iуьйранна ломах дехьабовла дагахь бара уьш. Цигахь оцу ярташкахь я тIом беш долу эскар а дацара, белогвардейцашна дуьхьал довла тарлуш долу адамаш а ца диснера. Цул совнаха, боьрана тIебоьду некъ ларбеш болчу цIечу эскархошна тIехьахула чу а бахана, царна шина агIора го лаца а тарлора... Иштта дара мостагIашна хетарг, амма цунна дуьхьало ян, царна

хетарг дохо декхарийлахь яра йоккха йоцу партизански отряд.

Аьхкенан де шениг деш дара: морхаша малх къайлабоккхура, цул тІаьхьа ламанан мохо уьш дІалохкура, тІаккха екхий дІахІуттура Вазан тогІе. Дукъ хадочу меттехь чІогІа тийна дара. Хан дІайоьдура. Шайн ойланашка вахна Темарсолтий, Темболаттий вист а ца хуьлуш, некъе хьоьжуш лаьттара.

Де чекх а даьлла, суьйре яра тІекхочуш. ХІинца а гучубовлуш бацара мостагІий. «Амма, нагахь шаьш Іовдалш яцахь, шаьшка хьоьжуш партизанаш боцчу некъашкахула лаьмнашка кхача гІорта декхарийлахь бу уьш»,— боху ойла йора Темарсолтас.

Оццу минотехь бІаьргашна чу бода хІоьттира цунна, дог шатІулг санна, шийлачу хичу диллича санна, шелделира. Цунна уггаре а богІур бац аьлла хетачухула гучубевлира белогвардейцаш. Темарсолта а, я Темболат а ца гуш, царна тІех а бевлла, ломан дукъах дехьаволу меттиг лоьхуш бара уьш.

МостагІчуьнгахьа дІавирзира Темарсолта, даима а лаьтташ болчу Вазан-лома кІел чІогІа цІий Іанош хилла тІом дІаболабелира.

Цхьана стагана ши стаг а эскар ду, олу халкъан кицано. Къора санна луьстта тІедетташ дара тоьпийн хІоьънаш. Чевнаш хилла охьаоьхуш ю цІийн Іовраш. Амма мостагІех цхьа а шена тІе ца кхочуьйту цо. Цуьнан топ мосазза ели белогвардейцех цхьацца охьавужу...

ТІаьххьарчу ницкъашца ирахІотта гІерта Темарсолта, юьхьа дуьхьал а хІуттуш мостагІчунна духьал валархьама, сийлахь-боккхачу тІеман дийнахь сийлаллица вожархьама...

Оццу хенахь шен вешин, Темболатан, мохь хеза цунна:

— ЧІагІолахь, Темарсолта! Со ву хьуна юххехь! Хьажалахь, хьажалахь, цаьрга! Гой хьуна уьш кІегар муха уьду!

— Го, го! Го суна, Темболат! Цхьаьний хІаллакбер вайшимма уьш! — халла жоп ло цо, амма хІинца цуьнан дешнаш хезаш дац.

Амма Темболат тоххарехь тІаме ваьллера. Темарсолта ша цхьаІ тІом беш вуйла хиана мостагІий иза вен я йийсаре вало гІерташ цунна го бан бевлира. ТІаккха доттагІа кІелхьара воккхуш мостагІашна дуьхьал тІом

болийра Темболата. Цунна а чов йира, амма иза цхьана меттера кхечхьа къайла а вуьйлуш, бечуьра тIом а ца сацош, доттагIчунна гIоьнна тIевоьдуш вара.

Боккхачу тIулгана юххера, ша волчу меттера, дIахьаьжча хIинца цунна ган тарлора шен ваша. Цунна тIекхача гIоьртинарг муьлхха а вала вожавора цо. МостагIий кIегар бевлира. Чов хилла Темболат текхаш Темарсолтийна тIекхечира.

Ломана тIехьа къайлабелира малх. Ткъес тохале хьалха морхаш санна, ломан даккъашка лакха хьаладелира дохк, хала чевнаш хилла вежарий къайла а бохуш... Накъостий царна гIоьнна а баьхкина, уьш хьехана чу дIабигича, дохк а айбаделира. Iаьржа а, буьрса а хеталора ломан басош. Шайна юххехула болу некъ шаьш цкъа а дIалур бац шуна, бохуш мостагIашка дIахьедар цара деш санна хетара. Изза ойла йолуш бара тIемалой а...

Ишта ду-кх, сан хьоменаш, тохара цкъа къоначу шина жаIуьно — балкарцой, хIирийчой вежарий хила чIагIо йинчу меттехь, йинчу чIагIонна шаьш тешаме хилар сийлахь-боккхачу тIеман сохьтехь цара турпалаллица чIагIдинчу меттехь ду-кх вай хIинца. ХIокху меттигах тахханалц халкъо олу «вежарша дуй биъна меттиг».

Къилбседа-хIирийн яздархой



ДОГІА ДОГІУШ

Тхъес стиглахь кхерстира,
Ца лалуш йовхо,
БІо тІе цо хаьхкира
Ламанаш човхо.

Чехка, цхьа оьгІазе
Стигла а къекъош,
ЦІетухурго санна,
Суйнаш а летош.

Хьогахчу чхераша
ТІуналла йоьху,
Іаннаш ду тем боцуш,
Хи чІогІа оьшуш.

Іаннашца дІадаьржа
Стигланан къекъар,
Цхьабосса долало
ДогІанан делар.

Даккхийдеш тІадамаш
ГІашна тІе оьгу.
Іабор ду латта а
Цара шайх хьоьгу.

Хьаннаш ю екхалур,
ЦІанделла духар,
Хиша ду хІордехьа
Шайн некъаш дугІур.

Сакъераделла ю
ДогІанан мархаш,
Чан йойъуш юьхь юьлий
Деладо бердаш.

Аренца догIано
Iабадо ялташ.
Хи тухий, нуй хьоккхий
Кхолу цо ярташ.

ВИНЧУ ЛАЬТТЕ

БIаьсте кхаьчна тIе шен хеннахь
Цуьнан духар сийна го.
Деза, вина нана санна,
Латта суна деза хьо!

Хьоьца, гуттар хьоьца хилла,
Къаьсташ хьох со хилла ваш.
Лууш хаза хьо хуьлийла,
Балхахь дегI ас кхоош даш.

Тхан карахь хьо, де мел долу,
Хазчу йоIах тарлуш ду.
БIаьсте санна Iа а толуш,
ХIор стаг воккха хьох вийр ву.

Аьхна мотт бу хьан бай, бIаьсте,
Екхна стигла хьостуш ю.
Антей* хилла ваш хьох къаьсташ,
Иштта со а хьоьца ву.

Деза хьан хиш, лаьмнаш, хьаннаш,
Со кхин дахар оьшуш ваш!
Латта, со хьох цхьанаъ ханна,
Iожалло а къастор ваш!

САН ДОГ

Буйннал бен сан дог даш доккха,
Готта меттиг и дерг ю.
ХIордаш, дитташ, ломан мокхаз —
Дерриг цу чу хоьаш ду.

Лаьмнаш, аренаш, хиш, Iаннаш
Хоьа дерриш сан даг чу.
Дерриге уьш массо ханна
Сан дагна сов оьшуш ду.

---

* Гречески Мифологехь турпалча. Лаьттаца возуш мел ву ницкъ алсамболуш хилла цуьнан.

Бу сан дагна уггар сийлахь
Уггар хьоме сан Даймохк!
Муьлххачунна массо дийнахь
Шен неI йоьллуш дац сан дог.

Цу чу ваха тарло воккха,
Жима, майра, цIена верг!
ДоттагIашна, догIа доккхий,
Даго шега боьллу некъ.

Кхобуш яц цо хьагI я хIилла
Аьхна ду сан цIена дог!
Хьарамчунна цигахь хила
Меттиг яц цаI биллал ког!

Деттало и лардеш дахар
Хаддаза цо беш бу болх!
Цуьнан цIе яц лахлуш цкъа а,
Къаста лууш яц и сох.

ДоттагIий сан шу тIегулло,
Дагна герга дуьйла шу.
Даго шен цIе, ницкъ ма хуьллу,
Ерриг шуна дIалур ю.

ОХЬАБОЬЖНА СИЭДА

ДIо стиглахь, Iаьржачу морхашлахь
Хаза лиэпаш лаьтта цхьа сиэда.
И тийна хехо шен хьестаршца —
Бехха лаьттин цу лекхчу стиглахь.

Адаме хIоьттинчу Iазапан
Теш хилла и тийна лаьттира!
Биэзамо Iехийнчун бIаьрг санна,
ГIайгIаеш, ойланца хIоьттина..

ТIаьххьара и соьга хьаьжира.—
Алахьа, хьо бари и техьа,
Кхоьссинчу хаьштиках къегина
Iаьржачу буьйсано чубехьнарг?

Хьо буьйжи сийначу стиглара
Сан дагах дIахаьдда и санна.
Хин буха яхара и техьа —
Доь доцуш тIепаза сан яйнарг?

* * *

Нагахь, хьо новкъа воьдуш,
Хьан юьхь тIе ша тухуш,
Мох дуьхьал балахь,

ДIаьндаргах тера хьевзаш,
Челакха шок тухуш,
Хьуо дарцо хьовзавахь,

ДоттагIа, ма вуоха,
Со кийча ву хьуна —
Вешега куьг далан.

* * *

Ши стаг ву воьдаш цу халкъан кхеле.
Шиммо а хьош ду-кх цхьа хаза и бер...
ХIай Iалам, хьалагIатта, хьайн ницкъ а айбеш,
И доьзал ца бохош, дехар ду, ларабе.

Аш, морхаш, дIатоха и стелахаьштиг,
ТIебожа, букъ а лой, хьо — Iаьржа бода.
Аш, Iавраш, агалаш, дохаде некъаш,
Кхин бе а уьш буха талур а боцуш.

ХIай лаьмнаш, аш лолаш стогалца шайн дош;
Шу, бердаш, харцалаш дIачIагIбеш и некъ:
«Зулам, хьо чекхдер дац, дIадала хьо дов,
Бакъо яц хилийта доьзална и зен!»

ГIен хили совцалаш эртана коьллаш,
Церан некъ бехкалаш, акацин кIохцалш.
И бехкан мегаш а йогIуш ю меттиг —
Зулам цуо духанехьа дерзо а мегаш.

Ахь, мохуо, эккхавай, иэхь дайнарг лаца,
Хьайн белхар дIаиэде цу беран диэларх.
Дог дохош, зуламан букъ саттабелахь,
Цар хьош ерг ю хьуна — тIаьхьенна гIайгIа.

Сардамо гIоли яц, орцаха довла,
Iаламо е а яц цу шинна гIайгIа.
Кхел йолаелла, ткъа, аш ейша ойла,
Шух бен кхин диканиг долийла яц тхан.

* * *

БIаьстено бохбинчу сан куоран гура тIе
Схьадеъна охьахии цхьа хаза чIегIардиг.

Сайн даге хиттир ас: И догIар дуй те? —
Хьо марша догIийла сан дагахь лаьттинарг!

Масийтта хIорд хадош, йовхонца деанарг,
Хетарехь, ахь еъна цхьа хаза и эшарш...

Де хаддалц дIа ца туьйш цуо бехин иллеш,
ТIаккха лен евлира сан хьешан и кIорнеш.

Сарралц и хьаьдда лела: цхьа уон ду бераш!
Уьш лелош схьагичахь... Ненан сурт лела.

Ткъа, цIеххьана мох а баьлла, и дог санна
Горга бен, кIорнеш а йойуш, хи чу бахин.

Iодаца кхоьссина Iаьржа тIулг санна дайра
Сан хьаша чIегIардиг Iаьржачу тулгIешлахь.

Цхьа къиза цуо тоьхна и цIогIа схьахезча
Моьттара суна адамо айдина орца и ду аьлла.

ДОЦЦА АИТАШ

Тийначу мостагIчух тешиг ма хила,
Массарел а кхерамехь ву хьуна иза.

Тхо кечделлера хьоьга шуьне кхайкха,
Амма, хьан ков а ца девзина дисир-кх.

Нагахь и дарц хьайн некъ хадо айлахь,
Ма воха. Накха а тохий дуьхьал вала.

Ас доьха хьоьга, халкъан дог, хилахьа
Сан къилба кху дахаран новкъахь даима а.

И стогалла мохь хьекхча карош елхьара,
Уггаре а хьалха варрашна карийна хир яра.

Бер доцун хIусам седа боцу стигал ю,
Бер доцун хIусам бух боцу тIай ду.

Ахчана хам бер ахь и доцуш висчахь,
Къуоналлин хам бер ахь къанвелла висчахь.

Селхана цхьа сонта дистхилира лом,
— «Нийса ду, бакъ луь! Ура!» — аьлла, хьалагIевттира
акхарой.

Сан каш тIе ХIирин ламчуьра тIулг хIоттабелаш,
Цуьнца ир еш, къуонаха, ахь хьайн шаьлта таелахь.

ХIинца а бу, хьасталуш, шаьш корта мел туьйхи а
Чинна лакхабовларе сатуьйсурш.

* * *

Іуьйренца гІаьттина яра цхьа аьрзо
Морхашца къевсина айелла лелаш.
Шен кеги кІорнеш Іамайора цуо —
Дарцана дуьхьло еш, тІам тоьхна лелан.

Иштта цуо Іамаеш чІагІъелла кІорнеш,
ТІам тоьхна, майрра айели морхашка.
Ткъа, йоккха аьрзо а шен берех дозал деш,
Уьш санна, гІаьттина айелла яхин.

ТЕРКАН ДОЙ

ТулгІешца тІам тоьхна гІаьттина Терк,
Хаьхкина дой санна, дІадоьдаш ду.

Къийсамна кІел хиъна мокхаза берд,
Шен онда кур тоьхна, некъ лаьцна бу.

Некъ лаьцна — шекбоцуш берд лаьтташ бу;
ТулгІеш-дой, тІо детташ, чулиэташ ю.

Берд хьаба ницкъ кхачац гІийлачу дойн,
ГІийла уьш буржалшца цуо сиэцадо.

Делахь а, берд харцо цера ницкъ бу —
Іамийна Терко-дас къийсамна уьш.

* * *

Туристийн автобус,
Казбекал тІехъяьлла,
Тбилисе дІайоьдуш ю.
ТІекхозуш чхараш ду;
Чухьаьжча хье хьовзош,
КІорга Іин бухахь гуш ду.

Іаламах цецбуьйлуш,
Дог-ойла гІаьттина
Пассажираш соьца бу.
Со цхьаъ ву сов гІийла;
Соьга хІун хІоьттина,
ХІун гІайгІа соьгахь ерг ю?

Бохь лекха Қазбеккий,
Сов кIорга Дарьяллий
Гарах со ойла туьйш вац.
АгIу сох схьатоьхна
БIаьрг Iаьржа гуьржийн йоI
Хиларна кхин хIума гац.

И елан къажаро
Iаннашна серло ло,
Схьакхетта моьттуьйтуш малх,
Қхечухьа и хьаьжча
Сан дагна моттало
Сайн сих дIакъаьстина ах.

Хаддаза лоьху ас
Хьомечун даге некъ,
Амма и атта некъ бац.
Ирхе бу, хьийзаш бу,
Тхо доьлху некъ санна,
Бохалла хууш а яц.

Сан корта ца хьийза
Ирхенна, охьенна,
Амма и хьийзаш-м бу.
Цу бIаьргийн кIоргене
Со вужу моьттий, ас
Сайн гIантах катухуш ду!

* * *

Ламанийн меттигехь долчу
ГIиллакхийн хьекъалх со теша!
Чоица, сира бос болчу,
Верта соь схьакховдадейша!

Хилла ду и буьрса духар
Бераллехь дуьйна со хьоьгуш,
Сайн динна цкъа шед а тухий,
Ломехьа хохкий со воьду.

Маьлхан тов йоллушехь хьийзаш,
ХIири ву лаьтташ сан новкъахь:
— ХIай хьаша хьо кхечи нийсса,
Сан ловзар ду хIинца шовкъехь!

Иллешца, хелхаршца дайчу
Цецбохур бу ас уьш чIогIа,
Ас шайна дин хьовзош байча
Уьш мега кхетамах боха!

Iаьржа дин, совгIаташ дохуш,
ЦIа чу а эккхар бу чехка..
Кад ойъуш, довха дош олуш,
Гуттар а товш ду вайн мехкан.

Дааршца кечйина стоьлаш —
Шашлыкаш, вино я стоьмаш
Кадечу божаршна юххехь,—
Баккхий нах — ловзарна юккъехь.

Лам санна, кхачалур йоцу
Баккхийчийн, кегийчийн марзо...
Къонахчу хIирийн сий лоруш,
Кедаца тешам вай базбо.

СО ЦХЬА ВАЦ

Лепа хьо, сан Даймохк
Ахь зазадаккха!
Герз буйнахь дозанехь
Майра со лаьтта.

Дац сан кху дуьненахь
ХIума хьол сийлахь,
Хьекъале хьехам ахь
Суна бо хийла.

Боккхачу доьзалан
Цхьа суй бен бац со.
Накъостий-летчикаш
ДIабуьйшуш бац сан.

МостагIчун ницкъ хир бац
Йохо и чIагIо.
Со цхьаннах лаьтташ дац
Вайн мехкан гIарол.

Хьовсал шу! Вежарий
Сайниш бу майра,
ХIордаш тIехь лепаш ю
Вайн мехкан байракх.

Лаьтта тIехь, хIордаш тIехь —
Массо а меттехь
Суна го накъостий,
Сов сема лаьтташ.

Лепа хьо, сан Даймохк
Ахь заза даккха!
Герз буьйнахь хьо ларбеш
Со майра лаьтта.

ЭЧИГ А, ДЕШИ А

(Басня)

Аьшпаш буьтту аьлла гІийбат
Ца даржийта тІех,
Ас ца олу доттагІий бу
Эчигах, дешех.

Хилла боху хьалха дехаш
Эвхье, хаза уьш.
Цхьана ханна, нах ма бехха —
Вовшашна ца луьйш.

Дешига дист, цуьнга хьаьжна,
Эчиг хилла бах:
— Кхуза хьо мичара кхаьчна,
ХІун леладо ахь?

Хьо цхьа тІулг бу, буьтту аьшпаш,
Мах а бу хьан шай,
Маьлхан зІаьнарш, лечкъо гІерташ,
Кийра уьйзу хьайн.

Чилак ас схьа хІинца эцна,
Диларш яхьар ю.
Хьан коьрта тІе уьш а хецна,
И дІахьулбийр бу.

Іовраш хилла, хьо а бехдеш,
Хьолхур ю диларш.
Хьовсур ду вай цара нехех
Хьан дегІ дІаиэдеш.

Къегар дуй хьо, хьалха санна,
Я хьол хІинца со
Сирла къиэга, дети санна?..
ДІабала, тІулг, хьо!..

Оьзда деши оьгІаз дахна,
Халчу хІоьттина...
Сенаш къегадора малхо —
Деши мерцина!

Элира цо: — Ахь хIун дуьйцу
Бехк хIун хир бу сан.
Малх ша хилча лууш соьца
ЗIаьнарш ловзаян?

Амма дезаш дац и бакъ дош —
Эчиг хьоьжу вон.
Дешина тIе, чилак дассош,
Диларш Iанайо.

Хатташ, диларш тоьхна деши
Боьха бехдина.
Доьлу эчиг, сов ца дешаш
Хелхар сихдина!

Де дIадолу, шиъ а, кхоъ а,
Пхиъ дIадолу де...
Зама йоьду... Морхаш мокха...
ДогIа туху тIе.

Оьзда деши дуьлуш, цIандеш
Модаш дIахьо цо.
Деши, къегий хьалха санна,
Лепа долало.

Ишта гIулакх гича хьайна
Беза тидам бан!
Макхло эчиг и ца лайна
Дулу мекха ян.

БЕР

Цхьа зуда йогIура
Меллаша новкъа,
Хьоьстуш цо дахьара
Шен бер а ховха.

БIаьстенан малх бара
ГIушлакхе баьлла,
Доьлура бер, шен юьхь
Серла а яьлла.

Малха тIе куьг кховдорх
Кхочур ярий техь!..

Йоьлура нана, ша
Хеташ сов ирсехь.

ЗІаьнаршлахь стигла ю
ЦІена сов къегаш,
Лаьтта а малхо ю
Шен зІаьнарш эгош.

Нана ю шен бере,
И хьоьстуш, дуьйцуш:
«Хан кхаьчна хьо уьду
Хьайн когаш луьйзуш.

Хьажал хьо — сирла ду
Ирсе ду гонах,
Карара воссий хьо
Хьуо волалолахь.

Некъ бу вай доьлхуриг
Сов маьрша, нийса,
Ца деза вешан ирс
Цхьанцце а къийса.

Кхул нийса я шуьйра
Некъ бац дуьненахь,
Сан кІант, хьо, ма кхера —
Хьо гІур ву гена.

Даггара безалахь
Хьайн Даймохк къона,
Гуттара хилалахь —
И хеташ хьоме.

Малх санна къегина
Хир ду хьан дахар,
Сирла хир ду хьуна
БІаьсте тІекхачар.

Ма кхера сан кІант хьо
Къинхьегам беза,
Дахар хир дац хьуна
Цуьрриг а деса!»

Серло ю хьалхахьа
ДІаккойкхуш, лепаш,
ҚІентан дог деттало
Жимачу некхехь.

Дуьххьара гин цунна
Боьду некъ гена,
БІаьргаш чохь седарчий
Го сирла къегаш.

ҚІант ойла еш, кІеззиг
Хилира сецаш,
Қарара воьссира,
Шен велар декош.

Шуьйрачу некъа тІехь
Уьдучу беран
Қогаш бу сов каде,
Декаш ду белар.

Йист йоцуш шуьйра ду,
Деха ду некъаш,
Малх а бу шен серло
Комаьрша Іенош.

САН ДАЙМОХК

ХIай сан мохк! Юха а хьо дага беъча,
Кийча ву, кIант санна, мараэккха со.
Шовданийн гIовгIанаш, хьун йолу некъаш...
Со вина нана-мохк, ХIиричоь хьо.

Бода дIатеттина серлонга гIерташ,
Iазапан дукъ кIезиг ца лайна ахь.
Къизачу жоламан ницкъех а леташ,
Ирсехьа хаддаза кхийсина ахь.

Сан мохк, хьо элаша таIзаре ийзош,
Дукхазза кхерстира гIаттаман цIе.
Нуьцкъалчу боламо элий эгийра,
Берзабеш бекхаман ницкъ царна тIе.

КIайчеран арданго ягийра ярташ,
Халонан мур бара ткъоллагIа шо.
Хьан оьзда халкъ дара эхь ца лан гIерташ,
ХьаргIано кхийдорах мел доккха вон.

Цу хенахь ахь лайна халонаш, бала
Хилла сан жималлехь юьтуш шайн лар...
ПаргIатонан малхо кхолу хьан дахар —
МостагIийн гIертаршна кховдош далар.

ХIай сан мохк! Юха а хьо дага беъча
Кийча ву кIант санна, мараиэккха со.
Шовданийн гIовгIанаш, хьун йолу некъаш,
Со вина нана-мохк ХIиричоь хьо.

ЯДА, САН ГОВР, ЧЕХКА

Яда, сан говр, чехка,
Дорцах хаккало,
Хьуо со лаьмнаш долчу,
Лаьмнаш буьххье хьуо.

Хьо йоьдучу новкъахь
Хир бац цхьа а тIулг,
Дац вайн гIуллакх текхаш
Лаха ломан дукъ.

Оьшуш дац вай текхаш
Дисса юха чу,
Халла хьо а лаьцна,
Къуьйлуш дуьрста-урх.

Ломан хиэ хьо тулгIе
Тоьхна ядор яц:
Бетонан тIай цкъа а
Каглур долуш дац.

Хахкало говр чехка —
Некъаш шога дац,
Мохо суна юьхь тIе
Детташ хирриг дарц!

ЛЕНИНЕ

Къоьлла тхан эккхаеш гена
ПаргIато схьакховдаеш,
Ахь тхуна делира тIемаш
Хьекъая толаман беш.

Хьо ву и — ирс тхуна делларг
Хаддаза сий даьржа хьан.
Морхаш дIалелхийна, серла
Дохуш ирс кхоьлли ахь тхан.

Iазап я хало ца евзаш
Серлонга даьхна байш ахь,
Халонаш Iийша ца дезаш
Халкъ даха хаийра ахь.

Лоллин дукъ кочара даьлла
Букъ нисба ницкъ хилла тхан,
Хьан малхо, серла а баьлла,
Таро ло хала некъ бан.

Тхан лору тхьамда — хьо тхоьца,
Қlадо я шеко тхан яц.
Тхан байракх, тхан герз хьо деца —
Дегнаш тхан кхералуш дац.

Лепачу нуьцкъалчу махкахь,
Баьчча, тхан лоруш ву хьо.
Кхехкачу дахаран малхехь
Коммуне доьлхуш ду тхо!

КАСПИЙСКИ ХlОРД

Қlайн кхес лепа къена Қаспи,
Хьан тулгlийн гlар екаш ю.
Ирсан малх шен зlаьнарш, хьаста,
Хьуна тlехь яржийна бу.

Къена Қаспи, аьрха Қаспи,
Хlинца хьо цаl цхьалха бац —
Хьажал малхехь тулгlе хахкий
Цхьа а агlо еса яц, —

Пхи хlорд хьоьга, вежрий санна,
Кхийдош бу шайн куьйгаш-хиш,
Хьо шайн мара ерриг ханна
Доггах къовла гlерта уьш.

Гой, и Волга, Дон а цуьнца
Мара лелхаш кхочу уьш.
Цхьана новкъа догlий хlинца,
Цара хьуна лоькху йиш.

Хийн лакхешка ахьа лоьхку
Хьайн и хlордан кеманаш...
Иштта дахар тодеш дохкурш
Ду советски адамаш!

Кхин а зевне дека илли
Гонах аз дlадаржадеш:
«Дуьненахь дац хlума хилла
Халкъан ницкъе ца далуш».

ТАЛЛА ВАХЧА

Гуьйрено диттийн гІаш къегадеш малхехь,
Аьрцанийн басенаш исбаьхьа го.
Іуьйренца юьртах со велира хьалххехь,
Белаш тІе оьллина сайн шалго топ.

Хаза ду, аьхна ду цу хенахь ломахь!
Ша-ламна тІебоьду некъ ирхен бу.
ДегІе ницкъ кхочуш бу гуьренан хІонехь
Сан бІаьргаш Іаламах ца Іебаш ду.

ЦІеххьана суна го шовданан коьртехь,
Вовшашца ловзу и къона ши лу.
Сайн таллар диц а лой, со герга гІоьрту,
Царах сакъералуш боккху ас мур.

Ас топ ца кхоьссира уьш дахарх дахан,
Сакъоьруш, воккхавеш хьийжира со.
Вайн лаьмнашкахь хуьлда церан ирс, дахар—
Ловзийта ма луъу, ца кхуссуш топ.

ІУМАР

Декаш, дедда деъна хьоза
Уьйтіа охьа хиира.
Цициго и, тебна чІогІа,
Къизаллица лецира.

МІараш Іеткъаш, цІийзаш гІийла,
Хьозано гІо доьхура.
Цициг, хьоза багахь къуьйлуш,
Коьллаш юккъе иккхира.

Оццу хенахь уьйтІа кхаьчна
Вара цициг гуш, Іумар.
И хьаьдира паргІатдаккха
Бале кхаьчна олхазар.

Чехкка ведда тІе а кхиъна,
Хьоза цо схьадаьккхира.
Йохийна мас то а йина,
Цунна тІе куьг хьаькхира.

Саца-м лур дац цуьнга
Олхазарийн зов,
Я буц луьста хьаьдда
БІаьсте ялар тов.

Эшарш лоькху арахь,
Хьуьнхахь, жертахь, чохь,
Ирсе хьаьдда ойла
Адаман даг чохь.

ЮЬРТАН СУЬЙРЕ

Малх дІабуьзна. Морхийн
ЦІен бос дІабовш бу.
Араф-хи а къорра
Шен шабарш еш ду.

Маьънаш ду гІаш дегош,
Дайн хІо хаало,
Олхазарш, жаш тийна,
Хьаьшна набаро.

ЗІаьнарш, гІах
чекхъюьйлуш,
КІеззиг Іиттало.
ДІогахь, хи чохь,
луьйчуш
Кегий кІентий го.

Ткъа цул гергахь, ирзе
Долчохь меттиг ю
Гомха, мехкрий бовлу
Лийча цигга чу.

Луьйчий бовлий ирзехь
Цхьаьнакхета уьш,
Беларш, ловзарш! Зевне
Цара локху йиш!

ЙоІ шен везачунна
Елакъежаш ю,
Хелха йолу цуьнца...
Юьртахь тийна ду.

Кегийрхой дIаскъаьста,
Къаста лууш дац...
Йижа, юрт, ницкъ гулба,
Хьан тем бохор бац.

Йижа, юрт, хьо кхана
Хьалххе гIоттур ю.
Эшарш, болх, сакъерар
Зевне даьржар ду.

ЛУУШ ДУ СУНА

(Іаьнан суртех лаьцна берашна лерина)

Берд боцу аренаш
Ерриг а кІайлойла,
Эсаро саттийна
Ериг хьун хуьлийла, —
Лууш ду суна.

Ша-шаха хІиттина
Лаьмнийн хиш тІехула
Іаннашкахь тихкина
Шийла шан тІеш хилар,–
Лууш ду суна.

Баганаш, базанаш,
Мехаша теІадеш,
Сирделла шайн баххьаш
Вовшашка кхийдадар, —
Лууш ду суна.

Къар ца лу таллархо,
Шен аьтто лахархо
Кадечу иэраца
Вахар лай тІехула,—
Лууш ду суна.

Хеназа гІатторна,
Ша оьгІаз яхарна,
Ал бесан чано чхарш
Иэрашна чухехкар, —
Лууш ду суна.

Ламанийн баххьашкахь,
Іуьйренаш йогучохь,
Таллархочо шашлык

ЧIунашна тIейоллар, —
Лууш ду суна.

Сов секха и левнаш,
Шийлачу шелонех
Хьалххехь шаьш доларна,
Дорцо ца дайар а —
Лууш ду суна.

Оьзда дегI долу тур,
Екъа буц лехьаеш,
Iаьнна шен мотт кечбеш,
Лаьмнаш тIехь лелар а—
Лууш ду суна.

Божлашкахь я арахь
Вайн даьхний дузийла,
УьстагIашна ховха
Йол шорта хуьлийла —
Лууш ду суна.

Генна жа дажочохь,
Къеначу гIотешкахь,
ЖаIуй, бож хестаеш,
Дозал деш, хилар а —
Лууш ду суна.

Муттане силос а,
Кечйина элаш а,
Воккхавеш, йиш лоькхуш
Къона жаIу хилар, —
Лууш ду суна.

Атто мел де эса
Сов могаш хилар а,
Сарралц ша левзича
Ненах и дакхар а, —
Лууш ду суна.

ЦIахь, школехь я арахь,
Я книгаш Iаморехь,
Дерриг а вайн бераш
Балхахь а ларадар —
Лууш ду суна.

Къинхьегам безар а,
Дог цIена кхиар а,
ТIехдика дешар а,
Мохк безаш хилар а —
Лууш ду суна.

Къегина де деъча,
Йис тIера дIатесна,
Лайн бедарх къаьстина
Iаламо хийцам бар —
Лууш ду суна.

Хиш, малхо деладеш,
БIаьстенан зIаьнарлахь
Шан шийла чIагIонаш
Йохаеш хилар а —
Лууш ду суна.

ХЬАЬРСА ЙОІ

КІанта школа чекх ма яькккхи, нанас
Москве деша ваха и кечвора.
Гуш белахь а юьхь тІехь бекхна амат,
Новкъа воккхуш дагахь сагатдора.

ТІедиллира цу буса цо вокзалехь
Дика дешар, къахьегарх ца кхерар,
Кехат яздар, тІаккха оцу гІалахь
Маьхкаршца сов алсам са ца къерар.

КІанта кхочушбира хьехам ненан —
Доьшуш дика, яздора цо кехат,
ЙоІ ца езахь волура и гена,
Езачуьнца вирзира и цІехьа.

Уьш цІа кхаьчча дуьхьал яьлла царна
Нана йоІе хьаьжира юьхь кхолош...
— Хьаьрсанаш вайн кхузахь цахиларна... —
Жоп делира кІанта, забар йолош.

— КІант, со бегаш бан яц цуьрриг къона,
Хууш ма ду цо дийр доций бохург.
— Нана, Іадатна и хьулда вонна
Иштта хилча хІинца бехк ца богІу.

— Ткъа вайн маттах дош ца хууш хилча,
Муха йоьшур ю ахь стихаш цунна?
— Іамор бу цо, ца хаахь а хІинца,
Гочбийр бу чулацам ас цкъачунна.

— Болх бан цунна муха ду ас Іамор,
ГІалин дахар ма дац вайн кху юьртахь?
— Доккха зовкх ду езачуьнца вахар,
Ткъа цо дешна дешар ма ду коьртехь.

Цу къийсамна тIадам тоьхна кIанта,
Стихаш язъеш, зудчо хьоьстуш бераш
Гича, шен нус йоI хийтира нанна,
ТIеийцира чIогIа дагна езаш.

Мехкаршна ца деззашехь цо хIинца,
ГIаттадеш уьш шега гома хьежар,
Забарина олу нене, гинчу:
— Зударш оьшурш Россе беза хьежо!

ДАЙМОХК

Со вина къегина малх болчу дийнахь,
Левчкъина седарчий ца хилла гуш.
Хала мур тIекхаьчча соьга ницкъ кхийдош,
Хьо хилла со вахо хьехамаш луш.

Ненан мотт бийца а ахь со Iамийна,
Пушкин а, Коста а веша гIо деш.
Халонан дакъа ахь соь ца кховдийна,
Ца хилла хьо цкъа а со тилавеш.

Сайн даг чохь, хьоменига, ас бу хьо лелош, —
Хьан стигла, хиш, латта, зезагаш хьан.
Хир вара, ницкъ хилча, хьо марахь лелош,
И тарлац хиларна хьо даг чохь сан.

IИТТАРШ

ДоттагIаша Iиттарш еш ю
Наб а, тем а дIаэцна:
Тоъал ахьа латта хьешна,
Зуда яло хан кхаьчна.
Сан дог хьаста лаьа нанна,
Соьга хьоьжу, синош дохуш:
«Хьо санначийн бераш денна
Эвлахь гIулгех ловзу» — бохуш. —
ЧIогIа кура со ву олу,
Боху «Хазниг яло гIерта»...
Кху сан кийрахь мел цIе йогу,
ДоттагIий шу ма ца кхета!
Юьртахь мехкарий бу шорта
Муьлххарг еза йиша санна.
Амма хьийзош ю сан корта
Уггар хазниг, ехаш геннахь.

* * *

ВорхI шо ду сан кийра балано Iуьйду:
Безам мел бахначун Iуьйдуш и бу,
Дош ала ца хIуттуш,
Сайн дагчохь къуьйлуш,
Хьан амат талхаза соьца а бу.
Аьхкенан буьйсанаш елахь а йоца,
Деношка сов сиха йовлахь а уьш,
Йиллинчу меттиге хьо схьа ца кхочуш
Уьш суна яхлора, сан са ца туьйш.
Хьо-м маре яхнийца...
Декъал ян декхар
Сан дара...
Алалац соьга цхьа дош.
Диц ца ло цу дийнахь бIаьргех хиш эгар,
Дахна хир дара сан бIаьргаш чу чоьш.
Гина а хилла хир соьгара бала,
Сан ницкъ буй, таро юй хьо бехке ян?
Бала лан атта ду безаман бала,
И боцуш сакъоьруш йоккхучул хан.

ИЛАСАН БАЛ

Иласа шен кертахь юьйгIира бал,
Тодинчу лаьтта, цхьаI ца буьтуш бIал.
Истанг тIе хьарчийна йохйира и,
Дукхазза и кхион туьйхира хи.

Иласа шен болле къамелаш до:
«ХIай сан бал сов сиха кхиалахь хьо!
Йовхачу бIаьстенца заздаккхалахь,
Августехь хьайн стоьмаш шорта лолахь!»

ТIеттIа сов йовхо луш тIехьоьжу малх,
Генаш шен даржийна кхуьуш ю бал.
Илас шен боллах сов воккхавеш ву:
Кевнал а тIехъяьлла бал кхуьуш ю.

Хаза бал школера хьаьжча а го...
Кхин баьллаш ца гарна цо сагатдо,
Цундела бераш ду кечамаш беш —
Йоккханиг кхиор ю баьллин и беш!

ШОВДА

Дешин бос лепабеш можа
Нуьцкъала лаьтташ хьун ю.
Нежнашна юххера долуш
Сов хьаьъна цхьа шовда ду.

IиндагIех халла чекхюьйлуш,
Къегадеш мажделла гIаш,
Шовданан хьостанехь луьйчуш,
Денна ю маьлхан зIаьнарш.

Гонаха кхерарца къерзаш,
Хи мала чудуссу лу.

ДІатосий ламанийн бердаш,
Кест-кестта кхочу аьрзу.

Ца гучу куьйгаца шовда
Хьаста сов лууш бу мох,
Беттан сехь шовданехь ловза
Туталша йорт кхуза йо.

ХьошалгІа схьакхочу пхьагал,
ЛадуьйгІуш лергаш ийдо.
Шовданах шен кийра Іабарх
Йоккхаеш хелхарш до цо.

ГІаролла хІиттича санна,
Қхозучу шовданна чу,
Бохуш ду, диттан хІор гаьнно
«Тхан дешин хазна хьо ю!»

М. Цагараев



ГАМБОЛАН СОВГIАТ

Гуьйренан хаза, екхначу сарахь сир лиэпаш башха тачанка еара шозза тIекIел динчу цхьана цIенойн учена хьалха. КIеда, пружинийн Iодмаш сетташ, дегIана аьхна йолу и тачанка лаьррина шена яйтанера хьалха ОРС-н начальник хиллачу Кудзис, дог чIогIа детталуш хиларна яйтина ша иза олура цо бехказлонна.

Аьхка дежийлашкахь ерстина говр, чехка ярна хьацаран чопа а тоьхна, халла садоьIуш яра, шен къега бIаьргаш дIадиллинчу кевне а хьежош. ХIинца а къона, цIен юьхь-сибат долу ОРС-н завхоз Гамбол тачанкина тIера вайн кхоссалуш охьа а воьссина, учина тIехь лаьттачу кIантана тIевахара:

— ХIей, сан доттагI! Рамазане я цуьнан зудчуьнга схьакхайкхахьа. Сихха.

— ХIинцца! — элира кIанта доггаха, дIаведдачу цуьнан когийн тата хезира Гамболина.

Юха ца вогIуш вехха хьевелира кIант, цуьнга хьежа кIордийнера Гамболина. Хуьтан куза кIелхьарчу алах хIума а яьккхина, хьацар даьллачу говран букъах а, дегIах а хьекха хIоьттира иза. Амма кIант юхавогIуш вацара, ткъа гучуволуш Рамазан а вацара. Кхин дан хIума а ца хилла, юха а тачанкина тIевелира Гамбол, тIехьа, охьахоийлина кIел диллинчу галина юххе охьахиира иза, ша-шех тоам хилла бага гIаттийна вела а воьлуш.

Вела муха воьлур вацара? Дукха хан йоццуш шеца хилларг дага а деана, ша ирсен стаг хилар сацийра цо. Дера цIена бакъ ма ду иза дахарна эрна оьгIуз оьхуш хилар! ХIан делахь, мила ву цунна хуьлуш болчу цатамашна бехке, нагахь хIара ша воцург? Мосазза баьхна цо ша шега, Гамбол, хьайн ницкъ ца кхочург дан ма гIерта! Ша набахтнечуьра араваьлча мел дуйнаш биира цо кхин къола дийр дац аьлла! Делахь хIета дуй къар муха бийр бац, нагахь цхьа мехала хIума гушшехь куьйгаш кIамлуш хилча? Цу тIе дукхах дерг хьаькам мила ву бохучух дозуш ма ду. Схьалоцур вай, масала, изза Кудзи. ДуьххьалдIа ала деза: Гамболина дашон хьаькам вара иза! Эха дашца вовшашна луучух кхеташ вара хIара шиъ. Ткъа иза дац коьртаниг? ХIетте а, хIуьттаренна санна, масех де хьалха балхара дIаваькхина Кудзи. ХIинца кхидIа хIун хир ду бохург ала хала ду. ЦхьаI ду хууш дерг: Кудзин гIуллакх суьде дIадалар. ХIун хаьа, Гамболина бала тарло цхьа сингаттам? Дерриге а керлачу хьаькамах Рамазанах дозуш ду: цунна луъучу агIор доьрзур ду гIуллакх. ХIара масех де ду складера хIума араяккха Гамболин аьтту ца болу. Кхузахь дог муха этIар дац? Доллачул а телхина ду Рамазан хIун стаг ву кхунна цахаар — цIеххьана вовза атта дац!

Тахана Iуьйранна,— хIуъа а хилахь а аьлла,— билгало йоллуш шен керла начальник декъалва ваха сацийра Гамболас. Бакъду, атта дацара иза дан, амма дерриге тарлуш дерг дан гIоьртира Гамбол. ХIинца, чохь цхьа корта нехчий, йоьхьашший, тоьлашха, уггаре дерстана долу жижиггий долчу галина юххе агIор а ваьлла Iаш ву хIара. Иза дерриге а дуьхьал боллучу новкъахула Рамазанна дахьаш веана Гамбол.

«Нагахь иза цIахь вацахь, совгIаташ зудчуьнга дIалур ду аса. Цо майрачуьнга эр ду, со мел дика гIайгIа беш стаг ву, сан гIуллакх лартIехь хир ду!» — бохуш ойла йора Гамбола, ша шен дагахь.

ТIаьххьара а, лами тIехь хьенна делахь а когийн тата хезира. Гамбол меттахъхьайра, вела а къежаш тIевогIучунна дуьхьалвала кечвелира иза.

Амма Гамбол шега хьоьжуш верг вацара иза, юха а дукха хан йоццуш хиллачу гIуллакхан хьокъехь ойланаш ян велира иза. ХIетахь хIаллак хиллаза висира хIара! Дала могаш лелабойла кхуьнан мотт — иза бара хIара кIелхьараваькхинарг. Нагахь и мотт ца хиллехьара,

кийрарчу кочачу йоьхьашца цхьаьний балано дIакхаьллина хир вара иза. Кхечу кепара хуьлийла а ярий? Мухха иза делахь а Кудзи кхуьнан хьаькам ма вара, гIуллакх муьлххачу агIор дерзо таро яра цуьнан...

Доцца аьлча, оцу дийнахь Кудзина хьалхахиана лелаш волу Николай цIеххьана цомгуш хилира, ткъа Гамбол — дагана кIеда стаг ву: мало ца еш, куралла йоцуш говр тачанкина ша дIаюьйжира хIокхо. Оо, кхунна дика хаьа Кудзи гIашлела лууш цахилар, нагахь шена тIаьхьа тачанка ца ягIахь, цо мохь хьоькхург хилар! Амма оццул генна яьсса тачанка муха хоьхкур ю, хьалххе дагалаьцна ойла кхочушъеш тачанкина тIе цхьа гали кIайн дама диллира Гамбола, складан сонашкахула иза лоьхуш жимма ша хьевеллехь а. ХIара кех араваьлла а валале, кхунна дуьхьалкхийтира Кудзи. Иза дагахь а доцуш иштта тIекхачарна макх а велла, ала дӧш а ца карош виснера Гамбол.

Деман галина-м хIун ден дара! Дерриге вон доллу, ца баьлча ца торуш санна, хьакхин чархан тIаьхьара ког гучубалархь: склад йолчуьра Гамбол кех ара а валале цунна тIера хIума дIаяьлла хиллера. Амма Кудзин бIаьрг сирла бу, цунах хIумма а лачкъалур дац — цунна оцу сохьта гур ду хьакхин гIогI.

— Цхьа хIума мосуьйттаза ала деза-кх шуьга? — элира Кудзис, хьаькам ша хиларе терра тIе а чехаш, леррина Гамболана тIе а воьрзуш: — Аса селхана Николайга ма аьллера хьалххе сайна тIаьхьа вола!

— Бехк ма биллахьара ахьа, Кудзи. Николай юха а цомгуш хилла, ткъа соьга оцу хьокъехь тIаьхьо бен ца хаийтира,— элира ийза а луш, бехказа вийларца Гамбола.— Цу тIе кхин цхьа бахьана а дара: селхана деанчу демах кIеззиг хьуна дархьама а дара сан жимма тIаьхьависар...

— Ги... гм... Нагахь иштта нисделлехь хIумма а дац. Ткъа Николайна хIун хилла? — цо жоп даларе а ца хьоьжуш, буьйр дира цо.— Делахь дIаяхийта... Говр дика Iалашъя еза, воча яьлла иза. Дукха ма хехка говр! Дашна ала, цIахь ур-атталла хьешашна хьалха дилла хIума а дац... — аьлла, меллаша тIетуьйхира Кудзис, хьакхин гIогIе корта а тосуш: — оцунна тIе а тасал хIума.

Гамболин хIилланах хIумма а ца хиллехь а, амма делахь а шен мекарлонех тоам хилла вара иза. Гали дама тоьар ду Кудзина — дерриге дIадала-м ца деза цунна! Гамбола новкъахь шен цIентIе дIаерзийра та-

чанка. Ела а йоьлуш цунна дуьхьалъелира Фати, кхуьнан зуда. Амма юьхьа тIера тамехьа елар хийцаделира батт сетторца, Гамбола, массо агIор дIаса а хьоьжуш, хьакхин жижиггий, хIоаш чохь долу тускаррий дIакховдийча: иштта кIезиг хIунда ду уьш? — боху хаттар дара зудчун дагахь.

— КудзигIаьргахь баккхий хьеший бу,— элира цо меллаша.— Дика даа хIума а кечдай, цаьрга дIахьо иза. Хезий хьуна? Дика кечъелахь. Хуунда шена: Гамболас коьртахь куй эрна ца лелабойла! — Шен дош чIагIдеш санна шад тоьхна говр дIаэккхийтира цо.

Кхин масех минот яьлча, Кудзин керта кхечира иза. Мохь беза хиларна халла са а доьIуш, деман гали шолгIачу этажа тIе даьккхира цо. НеI дIайиллира Кудзин зудчо, ерстина, цIен бос болуш йолчу Зояс. Куьйгаш а хьакхийна, хазахетта елаелира иза, шен ховхачу чIиштагалгашна тIехь оьрнаш а хIиттош, цара хьераваккхаза вуьтура Гамбол. Бух боцуш долчу шен хечи кисана куьг а дахийтина, цу чуьра леррина дIахьарчийна йолу шоколадни конфеташ схьаехира цо.

— ХIорш хьуна эцна аса, Зоя. Цхьа кIира ду-кх аса хIорш киснаш чохь лело! — элира цо, бехкала вахана корехьа а волуш.

— ХIара конфеташ санна иштта мерза хуьлда хьан дахар! — элира Зояс, конфетийн чам хIинца а хаа ша кхиаза елахь а.

Вагош довхачу дийнахь хьоькху шийла мох санна тамехьа дара Гамболана Зоян аз. Ша тайпа дикачу дешнашца жоп дала лиира цунна, амма цуьнан бIаьргаш а гина, цара шовкъ яийтинчу цуьнга халла аладелира:

— Кудзех хьоьгуш ву-кх со!

— ХIунда, Гамбол? Алахьа, аса доьху хьоьга! — элира Зояс хIилланца, цIий а луш, цуьнан балдаш тIехь хаалуш дара къайлаха елар. Гамболана юххе тIе а еана, чехкка элира цо: — Стенна лечкъадо ахьа? Алахьа соьга... алахьа...— бохуш доьхура цо.

Гамболан дегIера дерриге цIий меттахъхьайра, схьалаьцначу акхачу олхазаран санна сиха детталуш дара дог. Шен диэго куьйгаш Зоегахьа кховдийра цо, амма... сеничуьра чухезира хьеннан делахь а когийн тата. Гамбол вегийра, ткъа куьйгаш охьадахара. Зоя сихха юьстах а яьлла, дама чохь долчу гали тIе куз таса хIоьттира.

— Схьахетарехь, шун хьеший хир бу уьш, — элира Гамбола.

— Мила хьешнӏ? — Зоя цецъелира.

— Кудзис элир-кх соьга, шуьгахь цхьа хьеший бу. Амма милла а цигахь велахь а...

Неӏ туьйхира. Ца догӏучу дагца иза дӏайиллира Гамболас. ЦӀа чу еара йоккха стаг, Зоян гергара зуда, кхуззахь, гӏалахь ехаш йолу.

— Со ваха воллу. Хьан хьешо бехк ца буьллур-кх суна — чӏогӏа сиха ву со, — элира цхьана эшшара Гамбола, амма цуьнан бӏаьргаша бохура: суна хьо еза!

— Кхин а Ӏий велира хьо. Хьаша-м суна арахьара яцара. Цунах-м ийзавала оьшуш дацара.

— Сиха ву со! Соьга Ӏе баха оьшуш дацара — суна кхузахь сайн цӏахь санна хета! — элира эхьдайъина Гамбола, чуьра ара а волуш.

Зоя цунна тӏаьххье араелира.

— Юха маца вогӏур ву хьо? Вайша чекх ма ца даькхина вешан къамел. Суна синтем хир бац... — юха а леррина Гамболе дӏахьаьжира иза.

Гамбола ондда Зоин куьг Ӏевдира:

— ТӀаккхахула! — элира цо, дегочу азца.

Гамбол кех араволуш, цуьнан дог тамашийна детталуш дара, ткъа юьхь цӀе летта йогура. Цкъа-шозза шад а тоьхна говр дӏахаьхкира цо. ГӀалел араваьлча, доккха садаькхира цо:

— ЭхӀ, Зоя, Зоя! Оцу туьйригца къанлур ю-кх хьо! Лазаро дог Ӏовжош цӀеххьана цхьа ойла иккхира цуьнан дагчу.

«Далла хастам бу-кх, хьо иштта дика чекхдаьллачу! Баккъалла а дика ду-кх! — бохург дага а деана, сапаргӏат велира Гамбол. Мичара вели а ца хууш гучувала тарлора и йилбаз Кудзи. ХӀан, нагахь цо цӀеххьана шен зудчуьнца со схьалаьцча? ХӀун хир дара тӀаккха? Тхуна-м ур-атталла неӏ дӏачӏагӏа а дицделлера. Ткъа Зоян юьхь-х цӀергахь санна йогуш яра! Сан ирс ду со лергана сема хилар: оцу зудчун когийн тата шен хеннахь хезира суна. Нагахь тхойшиъ Кудзис схьалаьцнехь? Охкууш цициган коьрте а кхаьчна дахка, бохуш дуьйцу. Цо дендерг а дар-кх изза! Со-м «охкур» варий хьавха, аса-м хьаха вара шен метта охьахаор! Зояна шена а хаьа дерриге. Делахь а Кудзис лелош дерш дерриге а-м ца хаьа цунна а. ХӀан, нагахь цо оцу озачу Мишуратаца я мара сеттанчу самукъанечу Афассаца лелийнарш... Амма уьш боцуш кхин хила тарло — церан хьокъехь-м

суна а ца хаьа! Нагахь иза дерриге а ма-дарра Зоя а йолчохь дIадийцича, тIаккха хьожур вар-кх со Кудзига! ХIан-хIа! — Гамболан ойланаш сихха кхечу агIора хийцаелира. — Суна стенна оьшу Кудзица йолу юкъаметтигаш талхор? ХIун пайда хир бара суна? Цо оцу сохьта со балхара цIавоккхур вара. Шен мотт шен багахь сацо беза! Иза тоьлашха хир ду. Цхьана дала со ир-кара хIоттавора, вукхо — сецавора. Дагахь латто деза: нагахь нехан хIуманна хьан цергех хиш эхахь, тIаккха и хIума чIогIа хууш а, леррина а схьаяккха еза, амма иза йолчу ден хьох ур-атталла дегабаам а хир боцчу кепара... Хьоьга а хьоьжуш цо эрриг... «Беркат хилда хьуна сан хьоменig, беркат хилда хьуна цунах!» Дерриге а хьекъалца, ларлуш дан деза, иштта иза ахьа ца дахь, цергех оьху хиш дакъа а делла вуьсур ву хьо,— цергаш охьаоьгур ю!».

Хьалха шен начальник хилла волчу Кудзин башхачу тачанки тIехь бIегIийла йолуш дIа а нисвелла волу Гамбол иштта ойланаш еш вара. Малх лаккха хьала а баьлла, дикка йовха яра. Кхечу агIор ха а хаьрцина, малхана букъ тоха Гамбол кечлучу минотехь кхуьнан бIаьрг кхийтира шолгIачу этажан корехула арахьаьжинчу, ханна пхийтта шо хир долуш, къорза цIена коч а юьйхина, еха Iаьржа кIажарш йолуш йолчу йоIах.

— Хьо тхоьга вогIуш-м вац? — элира цо тешаш, дагах чекхдолуш долчу, ша тайпа цIенчу хьажарца.

Гамболана оццу сохьта ца гира йоI. И аз хезча вегийра иза.

— Хьо Рамазанан йоI юй?

— Ю-те, Рамазанан йоI ю со.

— Ткъа мичахь ю Вера... Вера Казмагометовна?

— Иза тхо долчохь-м яц.

— Деллахьа, бехк ма билла, суна йицъелла хьан ненан де цIе...

— Цуьнан да Мусост хилла.

— Нийса ду! Суна иза муха йицъеллера? — аьлла бехкалавахара Гамбол,— тетрада тIе дIа ма язйинера аса иза!

— ХIан, гIо дел суна! — элира Гамбола Тачанкина тIера охьа а вуссуш, йоI охьа а еана, шена тIееача, вела а велла, элира цо: — хIара тускар дIадахьалур дуй хьоьга?

— Оцу чохь хIун ю? — хаьттира цецъяьллачу йоIа.

— Со хьан да волчохь завхозан болх беш ву. Цунна цхьа жимо совгIат деанера аса. Цкъа хIара вовшийн девзар вайшинна! — Шен ги дезда гали диллиерриге хIумнаш хьала тIейохур ю вайшимма, тIаккха — ра Гамбола.

ХIун дийр ду ца хууш лаьттара йоI.

— Мама хIинцца схьайогIур ю. Собар дича дика хир дара...

— Бехк ма билла — со сиха ву! — аьлла, цуьнан дош а хадош, лами тIехула хьалха а ваьлла, дIаволавелира Гамбол.

Реза йоцуш, дан дезарг а ца хууш, цунна тIаьхьа йолаелира йоI.

—ХIан, дика ду! — аьлла парггIат садаькхира Гамбола, гали сеничу цIенкъа охьа а хIоттош, — нене ала, хIорш Гамбола ша шегара еана. Кхин а ала, хIокху цуьнан складехь къен хьал ду — совгIат жима хиларна дегабаам ма бе ала.

ЦIа чохь телефон йийкира.

— Цхьана минотехь собардехьа! — сихха едда телефон екачу цIа чу а йоьдуш. — Туькана яхана мама. Дика ду, дIаэр ду аса цуьнга... — бохуш, цо дечу къамелан аз хезира Гамболана, — Завхоз Гамбол ву вайгахь... ЦхьаI-м еана цо... Аса-м схьа ца оьцура, папа... Амма цо соьга ла ца дуьйгIир-кх... Дика ду, схьакхойкху аса.

Трубка стоьла тIе охьа а йиллина, Гамбол волчу чу елира иза.

— Папас телефоне кхойкху хьоьга...

— Телефон мичара етта? — хаьттира Гамбола, сихвелла телефона тIе а вогIуш.

ЙоI цунна тIаьххье чуяхара.

— Со ладугIуш ву-кх! — элира трубка схьа а эцна, самукъадаьллачу Гамбола. — Аса... Суна шуна оьшу моьттура... Вайн белхахойн хьокъехь бах ахьа? Церан гIайгIа ма бе ахьа — царех дерг аса дIанисдийр ду. Дукха хьолехь эладитанаш дуьйцу. Шек ма вала хьо — адамана хIума хуур дац! Оцу гIуллакхашна тIехь-м аса дийнна жIаьла диана хьуна! Со шун доьзалан хьокъехь гIайгIа а ца бича, тIаккха со хIун белхахо хир вара?— Муха?.. Со ца кхета ахьа бохучух. Алло, Алло!..

Эрна дара Гамбола трубки чу мохь беттар — жоп луш цхьа а вацара. Цхьа хан яьккхира цо, цIенкъа юккъе а хIоьттина, телефон екаре хьоьжуш. Амма иза ца екара. ТIаккха сени чу а ваьлла, гIанта тIе охьахиира иза. «Ванах хIара хIун хила тарло? Собарде ма элира цо...» Амма шен керлачу хьаькамо шега динчу шогочу къамелах шек вара хIара.

— Со-м вац хIоккунах кхеташ! — элира цо виц а велла, хозуьйтуш. — Аса хIун вон дина цунна? Дерриге а оьшуш дерг цIа а деана охьадиллина-кх...

— Цхьажимма хан яьлча, ваша, дерригенах а кхетар ву хьо! — элира леррина йоIа, ткъа хIара и йиц а елла Iаш вара.

Оцу дешнаша гуттаре цецваьккхира иза. Киснара юьхьах хIокху йовлакх схьа а даьккхина, бос байначу, шийла хьацар тоьхначу юьхьах хьаькхира цо. ТIаккха ойла а йина, цIеххьана когашна тIе хьала а иккхина, сихвелира Гамбол:

— Гали хьалаайба гIодехьа суна, йоI!

Деза гали гидолла цунна гIо а дина, къайллаха елаелира йоI.

Шен гирчу галин дозаллина кхолха букъ а саттийна, меллаша лами тIехула охьавогIуш вара Гамбол. Даг тIехь синтем бацара цуьнан. Тачанкина тIекхоччуш бен корта хьала ца айбира цо. Ткъа хIун дара цунна гинарг.

Даккхийра догIмаш а, деха дукъа мекхаш а долуш волу ши милиционер вара, цIена кIайн кительш а юьйхина, мекхаш кIел вела а къежаш, тачанкин шина а агIор дIа а хIоьттина, хIинца кхуьнга, леррина бIаьргаш тIе а доьгIна, хьоьжуш латтара ши милиционер. Дукха вохарна гира гали охьадожийра Гамбола.

Некъан кIедачу ченала охьа буьйжира берстанчу уьстагIан жижиган атIо. Цхьацца агIора охьаийгира дакъийначу йоьхьийн кочарш. Голландски кIалдан цIен корта текхна говран когашна кIел бахара. Ткъа цецъяьлла говр, хьожа баькхкина, цунах ког а Iуттуш, корта а айбина, чIоггIа терсира. Иза иштта чIоггIа, ехха тарсаро кхин а догдатIийра Гамболан: шех иза а тIехь йоьлуш санна хийтира цунна.

«Хьай сийдоцу хьайба яI! — элира холчу хIоьттинчу складан заведующис. — Хьажахьа, хIара говр а дера хьоьжу, мискачу Гамболе ца ешаш!».

НЕВАНА ТIЕХЬ

1.

ТIуналлех юьззина гуьйренан дуькъа дохк хIоьттинера Ленинград дIалаьцца. Дахкаран уггаре букъа кIур бара Нева хи тIехь. Нева сецча санна хеталора. Дохк хиларна ларлуш догIучу хIорд-кемано ша тайпа хин лар юьтура шена тIехь. Хинан тулгIенаш, бердах а етталуш, юхакхийсалора.

Невана тIерчу тIай тIехула трамвайшший, автомобилашший, гIашлой лелара.

Сарди вара тIай тIехь лаьтташ, ойланаш ярца Невага а хьоьжуш. КхозлагIа шо ду и Ленинградехь доьшуш волу. ХIетте а цунна хIинца а дукхах дерг ца гина хIокху башхачу гIали чохь. Дешаро йиттане а ца юьту мукъа хан, цул совнаха, иза институте а веанера дика кечам боцуш. Экскурсешкий я кхечу синкъерамашкий са тийса хан ца хуьлура цуьнан. Дукхазза а оцу хьокъехь шен накъосташца къийсамаш хуьлура цуьнан.

Зина яра къаьсттина резайоцуш. Нислора иштта меттиг а, оцу я кхечу дийнахь экскурси хир ю олий, Зинас Сардига хаам а бора, нагахь иза цига ца вагIахь, цуьнца чIогIа дийца дезарг хилар дIа а хьедора. «Экскурсе ца вар хьан тIаьхьайисина ойланаш ю!» — олура йоIа.

Нагахь вовшашца дар-дацар хилахь а, Сардиний, Зининий юккъера юкъаметтигаш тIеттIа чIагIлуш яра. Церан сагатлора вовшийн газа дукха хан яьлча, шайн гергарло иштта чIогIа хиларан бахьанехь.

Тахана Зинина луург а дина, кхечу студенташца цхьаьний Зимни двореце экскурсе а веана, экскурсоводе леррина ладуьйгIуш вара Сарди. ТIаккха Зиница цхьана агIор юьстах велира иза. Паччахьан трона хьалха сецира и шиъ. Еххачу хенахь ойланаш еш хьоьжура иза оцу троне: «Паччахь Николай хIинца а кху гIанта

тIехь (троне) Iаш велахьара, сох хIун хир дара техьа?» — бохург дара цуьнан дагахь.

Сардий, Зиний цхьана курсехь доьшуш ду. Церан вовшашца йолу уьйр цхьанне а ца го. Уьш шаьш бен ца Iемина, оьшуш, вовшийн дагахь дешнашца а доцуш долчух кхета.

Сардина галстук лелаяр а, хIинцачул ши шо хьалха, эхье хIума хетара. ХIирийн мехкарий дагабаьхкича, цунна оцу сохьта дагадогIура ша винчу мехкан тIовгIане ловзарш.

Ленинградерчу дахаро, дешаро нацкъара тоьттура хьалхалера шира акха гIиллакхаш — уьш дицлора.

Зинига шен безамах лаьцна Сардина ала луу дуккха а хан яра. Аьтту болуш меттигаш а хуьлура, амма жима стаг шен дагахь дерг дIаала хIуттуш вацара. Шен безам алсам мел болу кхин а чIогIа кхоьрура иза йоIа дуьхьало ярх.

Ша тIевоьлла доьшуш волчу хенахь а йоI дагара ца йолура Сардина.

ХIинца, дворецехь экскурсехь волуш, цо тIаьххьара а сацамбира, йоIе шен дагара дIадийца.

— Зина, сан хьоьга леррина ала дезаш цхьа хIума дара-кх...

Амма и аьлла валале, цу шинге экскурсанташа шайн тобана юкъа дIакхайкхира.

Сардис дагахь сацамбира, шен дагара я тахана дIа эр ма ду ша, я цкъа а эр ма дац, аьлла. И шиъ ший а гIайгIане дара, ший а накъостех кIез-кIезиг сецаш тIаьхьа соьцура.

Экскурси чекх ма елла, студенташ столове баха сихбелара.

ХIинца Сардий, Зиний Неван йистехь лаьтташ ду. Уггаре коьртаниг дара ала дезаш.

— Суна лаьа вайша даима а цхьаьна хуьлийла... Зина, хьо суна чIогIа гергара хета!.. Вайша дуккха а хенахь девзаш санна, вовшех доьлла вайша, — бохура Сардис. Цо йоьIан куьг схьалецира. Амма Зинас дуьхьал хIумма а ца элира, мухха а цунна реза йолуш лаьттара иза. Жима баттий, таьIана Iаьржа бIаьргашший болчу Зинин юьхье хьоьжуш лаьттара Сарди; цунна иза башха хаза хетара. И шиъ ший а мелла а ойлане, амма ирсе дара.

— Трамвай йогIу! Сарди, делахь, бехк ма билла, со

сиха ю! — алан бен ца кхуьуш, трамвайна тІе а хиана, дІаяхара Зина. Трамвай къайлаелира, чолхе ойланаш яра Зинин кийрахь. Цунна моьттура, гонах массо а шега хьоьжу, шен дагахь долчух кхеташ.

Сарди хин бердан йистехь висира. Нева сецна лаьтташ санна хетара. Суьйрéнан серлонаш гора хи чохь лиэпаш, меллаша, шена некъ лоьхуш санна, дотІура хІорд-кема.

2.

Безам шен некъа тІехь дуккха а новкъарлонаш йоцуш ца хуьлу. Сардиний, Зининий шаьшна вовшийн дезийла хаахь а, церан безама тІехь дуккха а ца кхеташ дерш а дара, шеконаш а яра. ШозлагІчу сарахь Сарди юха а вара йоІе хьоьжуш хийистехь. Цунна шен дахар юха дІадолалуш санна хетара, керла дара иза. Мацца а тохара ша ХІиречуьра Ленинграде вогІуш, цо дешаран хьокъехь бен ойла ца йора. Бакъду, цІахь волуш иза хьийзавора, церан лулахойн йоІ иза везаш ю, бохуш. Сарди а вара иза шена еза моьттуш. Амма и йоІ кестта кхечуьнга маре яхара.

Ткъа хІинца Сарди Ленинградехь Неван йистехь, шена еза йоІ хи йисте йогІу ларъеш ву. Сингаттаме ойланаш оьху цуьнан коьрте: «Зина Ленинградехь кхиана а, профессоран йоІ а ю. Со-х ца кхета мега Зина. Я цуьнан дена со ца веза тарло. Иза ядо-х яций йиш! И ойла ян а ца оьшу! ХІан-хІа, нуьцкъала маре дойту хан дІаяьлла...».

Иза вара йоІ яре хьоьжуш. Ткъа Зина гуча ца йолура. Левина техьа?.. боху шеконан хаттар иккхира кІентан дагчу. Кхин а ах сахьт делира. Сарди дІаваха дагахь вара, амма ца хІуттура. Зина трамвай ларъеш хир ю кхуза ян, хІара санна иштта сих а елла, — аьлла хетара цунна.

Суьйре тІеара. Йоккхучу гІалин гІовгІа лагІъелира. ТІехбуьйлучарна юккъехь цІеххьана Зина гира. Ша цхьа йогІуш яцара йоІ, цхьана стагана чухула пхьарс баькхкина йогІуш яра иза.

«ХІан, нагахь хьо цхьогал делахь, тІаккха со хьан цІога хир ду!», — аьлла, дагадеара цунна шира хІирийн кица.

Урам хадош дехьа агІор а ваьлла, цхьана цІийнан пе-

нах дІатаьІира иза. Цара хІун дуьйцу хаа лаара цунна, амма кхин а улло ваха Сарди ца хІоьттира.

ЙоІ дуккха а лийлара оцу стагана чухула пхьарс а баькхина. ХІинца Сардина моьттура, и стаг иштта жима а ма вац, бохург. Кхин кІеззиг хан яьлча, юха тІай тІе а баьхкина дІабахара уьш. Сарди жимма волавелла а лелла, меллаша, гІийлла, ойланаш а еш общежитегахьа дІавахара.

3.

Цул тІаьхьа Сарди Зинех къехкаш вара. ГІайгІа яра цуьнан дагчохь. Занятешкахь а, собранешкахь а иза гІийла гора. Накъостий бара цунна хІун хилла хаа гІерташ.

— ХІумма а ца хилла, кІадвелла со, — бен кхин хІума ца олура Сардис.

Амма дешарна и тІаьхьа ца вуьсура, хьалхарчех цхьаъ вара иза.

Цкъа, лекци дІаяьлча, аудиторина чувеара парткоман секретарь Константин Светлов. Хьалха Константин Светлов институтан пенан газетан редактор вара, ткъа Сардис хІор номере аьлла, материал а лора. ТІаккха кхечу курсе хІорш бевлча партийни комитетан секретарь хаьржира Костя.

— Сарди! — аьлла кхайкхира Светловс. — Цхьана минотана со волчу парткома чуволахьа. Хьоьга ала цхьа хІума дара сан. Иза-м хІинца ала а дера тарлур ду. Хьуна цхьа гІуллакх тІедилла воллура со... Хьайна гІоьнна цхьаьнга кхайкха а кхайкхий, масала, Зинега, стенгазетан рогІера номер арахецахьа. Вайн стенгазета арадалар чІогІа ледара ду. Аса айса а гІо дийр ду шуна.

— Дика ду, — элира Сардис.

Амма бакъдерг дийцича, иза ойла йоьхна висира. И гІуллакх тІе ца лаца тарлуш дацара, — комсомольцана товш дацара шена тІедилланарг кхочуш цадар. Зиница къамел дар а дара хІара реза воцуш. Шаьшшинна юккъехь цхьа а барт эгІар ца хилчаха, и кеп хІоттош ІадІийча хІун дара техьа?..— боху ойла йора Сардис.

Амма цунна диц ца лора, шега хІара волчу йогІур ю а аьлла, и кхечуьнца яхар. ХІан-хІа, оцу гІуллакхан йист яькхича тоьлашха хир ду.

Оцу ойланашца шозлагIчу дийнахь институте вахара Сарди.

Зина диъ а далале еанера.

— Со тIаьхьа-м ца йисина? — аьлла хаьттира цо, ела а елла.

— ХIан-хIа, мелхо а хьалхе еана хьо-м, — аьлла, шога жоп делира Сардис.

Жимма хан яллалц дист ца хуьлуш Iийра и шиъ.

Зина ца кхетара Сарди тIекарваьлла цахиларх. Мосуьйттаза цуьнга цунах лаьцна хатта юьйлира иза, амма ца хIуттура.

— Хьо хьалхе яр дика ду. Сихха гIуллакх чакхдоккхур ду вайша, — элира Сардис.

— ТIаккха жимма долалур дуй вайша? — аьлла хаьттира йоIа.

— ХIан-хIа, со вогIур вац, — аьлла жоп делира Сардис.

— Хьайна луъург де-кха! — элира Зинас, цо аьлларг ца товш. — Амма со ца кхета, аса хьуна хIун халахетар дина, хьо оьгIазваххал... Кестта дешна довлу вай. Вай даима а дика доттагIий ду моьттуш яра со... Ткъа хIунда оьшу вай вовшийн мостагIий долуш санна дIасакъастар?

БIаьргаш хих а дуьзна, Зина уьш ца гайта дIайирзира.

Сардига кхин болх ца балора.

— КъинтIераяла суна! Цкъацкъа со сайх тера ца хуьлу... ХIан-хIа, со хьо оьгIазъяхийта дагахь вацара... Амма суна чIогIа халахета, ахь со леварна... ХIетахь... сарахь, дагадогIий хьуна?

— Ткъа, суна ахьа со лейича санна ма хета,— оьгIазяхарца элира Зинас. — Бакъду, со тIаьхьа-м йисанера, ткъа хьо вацара-кх...

Суьйранна, къора а тухуш, чIогIа догIа деара, якхий Iовраш а хIиттош. Новкъабоьлхурш цIенойн подъездашкаххьий, кевнаш кIеллий лечкъара. ДогIана кIел нисделира Сарди а, Зина а. Уьш а цхьана подъездана кIел бевдира.

— Сарди! — аьлла, цIеххьана йистхилира Зина,— хIун эр дара хьан дассий, нанассий, ахьа со хьайца дIайигича?

— Зина, сан да вац,— элира Сардис гIийлла. — Суна и дага а ца вогIу. Амма сан нана-м дийна ю. Цунна

со веза. Сан ненан дахар хала хилла. Жима йолуш йиса а йисина, кхин маре а ца йоьдуш Iийна иза...

Жимма вист ца хуьлуш а Iийна, Сардис тIетуьйхира: «ХIинца колхозехь болх беш ю иза».

ЙоIана хаа лиира муха, мича хьелашкахь велла Сардин да.

Шена ненера дех лаьцна хуург дерриге а дIадийцира Сардис. Болх лоьхуш, нах ХIиричуьра Америке а оьхуш хала заманаш яра хIетахьлернаш. Кхуьнан да вахара цига кхечаьрца цхьаьний. Амма иза Америке дIа ца кхечира: хIордкеманна тIехь цхьа тамашийна цамгар а кхетта, велира.

Сардий, Зиний, дист а ца хуьлуш догIуш дара, шайн ойланаш а еш. ЦIехьана Сардина гира шайна дуьхьалвогIу стаг. Цунна вевзира иза, Зинеца гинарг вара и стаг. Зина хазахетарца, ела а йоьлуш, оцу стагана тIеяхара. Сарди дIаверза вуьйлира, амма Зинас сихха элира:

— Сарди, хIара сан да ву, хьошалла тасахь кхуьнца!..

— Борис Михайлович, — элира доттагIалла дезарца дас. Сардига, шен сийначу бIаьргашца хьажа а хьаьжна, меллаша куьг делира цо.

Сарди цIийвелира. Шен цIе а яьккхина, цуьнан даггара куьг лецира цо.

— ХIара ву-кха и, папа, — аьлла тIетуьйхира Зинас.

— Кхета, — аьлла жоп делира Борис Михайловича, ткъа Сарди кхийтира Зинин дена массо а хууш хиларх.

Профессор къона а, тIекаре а вара. Сардин дог-ойла айба лаара цунна.

— Неван бердан йистехула дуьйлало вай? — элира профессаро. — ХIинца сан са доIуш волало хан ю.

Неван уггар буххера схьакъеда моьттура бутт. Невас шен хиш меллаша хIордехьа хьора.

— Аса аьттехьа а па дуьтура, Зинин ишта къона да хилар, — элира Сардис, ша хьалха динчунна бехкал а вахана.

— Со хьалха а леррина хьо вовзархьама веара Зиница, амма хьо дIаваханчух тера дара, — элира профессоро.

Кхоь а бердайистехула догIура уьш. Сарди, вист а ца хуьлуш, Неван чохь къегачу батте хьоьжура.

— ХIан-хIа, со бакъ вацара хIетахь, — аьлла ойла йира цо, — ша деш долчу хIора гIуллакхан дика ойла ян еза, шена хьалха хеттарг а ца деш. Хьалха хеттачо стаг цунна ваха луучу метте ца кхачаво, оцо иза некъа тIера галваккха тарло.

ДЕКХАР

1.

Массарна а вевзара воккха стаг Керим. Эвлахоша а, луларчу ярташкарчу наха а дуьйцура цуьнан оьздангаллин хьокъехь. Цуьнан сий дора цо ша а нах лоруш а, церан сий деш а хиларна. Иштта вара воккха стаг Керим. «ГIиллакхен стаг, шен цIахь а хьаша ву», — олура цо кест-кестта. Цундела шен доьзална юкъахь а, хьешан гIиллакхехь, оьзда лелара иза.

Керимана дагахь лаьттара «Комаьршачу стеган кIант гуттар а декхарийлахь ву» бохуш долу хIирийн кица. Оцу кицанан ойланехь кхио гIертара иза шен кIентий а. «Со шун дуьхьа вехаш ву, — олура цо цаьрга — хIокху кIайчу дуьнене бIаьрг тоха а, болх бан а сан таро мел ю, меца а, дерзина а хир дац шу. Ткъа сутара а, хьал гулдеш а хир вац со. Хьолах-м шайтIа а дузур дац. Комаьршачу стагна хьал шашаха тIедогIур ду. Комаьрша хила, бакъдолчу гIуллакхехьа къийса, сий де халкъан. Шун хIор а дош а лоруш хилийта цуьнга».

Кериман кхаа а кIантана веза а везара, цара лара а лорура шайн да, гIо а дора, терго а йора цара цуьнан. Воккхаха волу Мохьмад лор хила кечлуш Москвахь доьшуш вара. ШозлагIниг, Муради, Ленинградски авиационни школе деша ваханера. Жимахаверг, Умарби, деца Iаш, юккъера школа чекхйоккхуш вара; иза доьшуш а, комсомольски организацехь жигара болх беш а вара.

Керимана гора ша хьегна къа эрна хилла ца хилар: цуьнан кIентий нийсачу некъа тIехь бу. Иза ша хьанала ваьхна, хIинца рагI цаьргахь ю.

Цкъа, шен кхуьй а кIант цхьана нисвеллачуьра аьлла, цхьа ларамаза олучуха, цо цаьрга элира: «Сой, шун наний хIинца жима дац. Тхешан къеналла тIеяр хаало суна. ГIуллакх хIинца шуна тIехь ду. Шу даккхий а хилла, ондадевлла. Майрра дахарна юкъагIо. Аса хьа-

налчу къинхьегамца кхиийна шу; айса ца йиъна а, амма шу дуьзна хилийта гIерташ вара со. ХIинца шу а хила ишттa!».

Воккха стаг ойланашка велира. Цуьнан дуткъийн балдаш, хезаш аз доцуш, кIайчу мекхашна кIел меттахъхьеш дара. Массо а вист ца хуьлуш Iара.

— Дада, — вела а къежна элира Мохьмада, — дукха хьалхе схьало ахьа тхоьга хьайн декхарш, хьалхе шек ваьлла хьо хьайн ницкъех!..

— Хан-хIа, сан кIентий,— жоп делира Керима,— лагIлуш лаьтта сан ницкъаш. Дагахь латтаделаш, шайн дена шел а дукха хьанала адамаш дезаш хилла хилар. Шайн ирс цкъа а кхечарна бохам беш ма лахалаш. Дагахь латтаделаш: адамана дуккхах дерг Iаламо луш хилар, амма цуьнгара дерриге а схьаэцархьама Iама деза. Къонахаллица дуьхьалонаш а эшош, бакъдолчуьнгахьа ца кхоьрруш къийсам латтон беза!

Ша дукха хенахь дуьйна ала дагалаьцнарг дерриге а эххар а дIааьлла хиларх воккхавеш санна, синкъерамечу бIаьргашца хьоьжура воккха стаг кIенташка.

Оцу дийнахь дуьйна уллорчу лулахошка бен ца воьдура иза. Дукха хьолахь, аьхка а, Iай а шен цIийна уллохь, Iожан дитта кIел хиъна Iара иза. Ткъа цунна уллохь хуьлура, цуьнан дехачу дахаран тешамен некъашхо йолу цуьнан зуда Сона.

2.

Лаьтта тIера дерриге а адамаш цхьабосса ирс долуш ду, шен кхузткъей итт шарахь ша а эрна ца ваьхна, дуккха а дика гIуллакхаш а дина, ша дIаваьлча а халкъана ша диканца дага а вогIур ву моьттура Керимана. Оцу ойлано воккхаверах дузура воккхачу стеган дог.

Ша къона волуш дийгIинера цо шен цIеношна уллохь дитташ. Иза маца дара цунна дицделлера. Дитташ цуьнца цхьаьна кхуьуш а, дехаш а дара. Цунна дагадогIура: «Нагахь кхара шайга ма-баллалун дукха стоьмаш лучу хене кхаччалц вайшиъ дахахь, вайшинна дукха шераш хир ду», — аьлла долу шен зудчун дешнаш.

Дукха хан ю дитташа дика хьийкъина стоьмаш лун. Церан гаьннаш цIенойл а лакха хьала дахана. Аьхке-

нан йовхачу буьйсанашкахь лам тІера хьоькхучу мохехь яйн гІовгІа йо церан гІаша. Церан гІовгІа хезча, бацо а, сагалматаша а — гондхьарчу дерригено а ирсен садоьІу. Ткъа Керимана лаьа шен дахар юха, керлаха дІадолон. И лаам цуьнан кхин а чІогІа алсамболу, бІаьстенан декхначу дийнахь юьрта йисте а ваьлла, колхозан аренашка, кхашка, хьун хьокхучу чорхе, пхьалгІе, ферме, стоьмийн бошмашка иза хьоьжуш...

Цкъа, аьхкенан юххьехь, уллорчу дежийлашкара меллаша цІа вогІуш вара Керим. Баьццара кузаш санна Іохкура генара аренаш. Мелчу мохо схьайохьура цанашна юкъарчу зезагийн хьожа. Синкъераме гІовгІа яьккхинера, цкъа лакха хьаладовлуш, юха диттийн гаьннашна тІе, керташна тІе, телефонни серашна тІе ховшуш лелачу кегийчу олхазарша. ХІаваэхула уьдура чІегІардигаш. Маьлхан товнах а, горанех а кІелхьарабаькккхина бажа хи тІе балийнера бежаІуьно.

Арахь ловзуш, маьхьарий детташ, гІовгІа яьккхинера бераша. — «Юхадерзо йиш елара сан и шераш!» — ойла йира Керима, цаьрга а хьоьжуш.

«ТІом! ТІом! Ларло!» — маьхьарий хьоькхура бераша, дечган шаьлтанашца вовшашна чу а уьдуш.

— Иза хІун ду цара лелориг? — ойла йира воккхачу стага. — ТІом! Хьан Іамийна царна и дош?

Шен болар сихдина, цІехьа вирзира Керим. КІетІахь лаьттара Сона, цуьнан бІаьргаш хих буьзана бара.

— Хьуна хІун хилла? — хаьттира Керима. — Цхьа бохам-х ца хиллий?

— ТІом... ТІом болабелла! — кхераяларна лохчу озаца элира зудчо.

— ТІом?! Хьаьнца?..

Умарбис царна тІе а веана, ша цхьанхьа сихвелча санна, сиха къамел долийра:

— Вайна тІе немцой летта... Барт бохийна... ХІинцца радиочухула дийцира. ТІом а ца хьебеш тІелетта.

Керимана ца хезира кІентан дешнаш. ГІента охьа а лахвелла, корта лохха охьа а бахийтина, бІаьргашна юккъе шад гулбира цо.

Іаьржачу морхаша малх къайлабаькккхича санна хетаделира. ГІайгІано дІалецира гонахара дерриге а...

3.

ТIехIоьттира хала денош. Юьртахь севцира эшарш. ТIеттIа лахлуш лаьтта божарий чохь бисна долу цIенош. ХIора стага хIинца шинна, кхааннa меттина болх бо. КIадо йоцуш белхаш беш болчу нахе а хьожуш: «Тхан юрт цхьа цIа санна ду-кха», бохуш ойла йо Керима. Белхан куьйгаш колхозехь тоьаш ца хилар го Керимана. Селхана хьера тIе доьду татол дохийна хино — хьер саца мега, адамаш ахьар доцуш дуьсур ду: тахана лаьхьано къовзийна етт, хьайбане хьажа стаг вац. Цуьнан кIентий цIахь белхьара, гIо дийр дара...

Халчу ойланашца эвлаха волу воккха стаг, генна ара.

Цхьана дийнахь цунна гира, юьртахь бисинчу кегийрхоша тIеман гIуллакх Iамош. Царна юкъахь вара Умарби а. КIенташа мунданашна цамзанаш Iуьттура. Цул тIаьхьа шен накъосташна Умарбис цхьа книга йийшира: цо доьшура тIам тIехь толам нийса тоьхначу тоьпаша баккхийтина ца Iаш, амма довхачу, майрачу, шайн Даймохк безачу дегнаша а бахьаш хиларан хьокъехь.

Керим тIех а ваьлла, дIавахара. Мохо цунна тIедахьара «Ура» бохуш детташ долу маьхьарий.

Умарбина тIе а кхечира рагI. КIант тIам тIе ваха новкъа воккхуш гIийла йоьлхура нана. Сонта хIунда лела бохуш, зудчуьнга луьйра Керим, амма ша а вара къайлаха бIаьра-хиш дIадохуш.

ДIасакъастар доца хилира. Умарби а, цуьнан масех накъост а вордана хиира. Берриге а юьртахой баьхкира уьш новкъабаха. ХIораммо а царна новкъа яхьа еанера шен таро ерриг: мерах хьокху йовлакх, кхаьрзинчу жижиган потта, пирог. Говраш дIаюьйлаелча, дIабоьлхучех цхьаммо партизанийн хьокъехь йиш дIайолийра. Синкъерамечу аьзнашца тIаьхьара элира кIенташа, ткъа говраша уьш бовдийна гена дIа а бигира.

Пхьуьшаца бIаьра хиш дIа а даьхна, дIабаханчарна вехха тIаьхьахьийжира Керим. ХIинца гуш яц вордаиаш а, амма илли-м ду хIинца а декаш.

ДІадевлира дуккха а денош. ПхьоьгІана оьхучуьра сецира Керим: белхан куьйгаш тоьаш дацара, шен болчу ницкъаца колхозана гІо дан вуьйлира иза. Кест-кеста соцура хьер, Керима тойора йоьхнарг. Шен къаналла йиц а йина, кхидолу гІуллакхаш дан а хІуттура иза. ХІор дийнахь хуьлчу гІайгІанашкахь, Керимана ца хаделира шен зуда хийцаялар, цуьнан йохь-сибат аздалар.

КІентийн дахаран хьокъехь йолчу гІайгІано самалха ца долуьйтура Сонин. Іуьйранна дуьйна, буьйса йоллац йоьлхура иза, берийн ойла еш, юург а, наб а йицйина. Кехаташ даре сатуьйсура цо. ХІун хаамаш бахьар бу цара цунна?

Цхьана дийнахь Іаьржачу хІордан бердан йистошкара кхечира кехат. Ведда школе а вахана, кехат деша цигара кІант валийра Керима. Баьхкира лулахой. Конверта чохь яздинчу кехатал совнаха, газета тІера заметка а яра, шена тІехь бІаьхочун сурт а долуш. Иза Умарби вара. Школьнико доьшура кехат:

«Хьомен да-нана! ДІаэца шайн кІант Умарби мехкаш-дІалецархошца турпалаллийца леташ волчу тІемалойн декъан бІаьхошкара а, командирашкара а даггара долу бІаьхаллин маршаллаш. Оха массара а дозалла до шун кІантах. Шен накъосташца цхьаьна цо сий даьккхина тхан тІамалойн декъан. Дукха хан йоццуш Умарби шен группаца цхьаьна леррина долчу тІедилларца немцойн тыле вахийтинера. Исс дийнахь хьийжира тхо иза вуха варе, аша ма гатдарра, цунна са а гатдеш! Уьссалгlачу буса вуха вирзира иза. Дукха хазахеттачу бІаьхоша куьйгаш тІе хьалаайбира иза. Тхан инарлас мара воьллира Умарби. Шун кІанта, шен накъосташца цхьаьна турпалаллин гІуллакх дира: цо тІекІел яьккхира танкаш а, гІаш-салтий а тІехь болу немецки эшелон.

ХІинца оха хазахета кхаъ боккху шуьга. Хьуьнар а, турпалалла а гайтарна Умарбина ЦІечу Байракхан орденца совгІат дина. Даймехкан мостагІашна дуьхьал майра леташ волу къонаха кІант кхиийначу шуна довха баркалла боху оха. Бехк ма билла кІезиг яздарна. Шун

кIентан Умарбин хьуьнарийн хьокъехь дуьйцур ду шуна тхан фронтовой газето.

Даггарчу маршаллийца майор Иванов,

капитан МИЩЕНКО.

март 1942 ш.

Тхан адрес: п/п038011".

Хазахеттачу Кериман корта хьийзара.

— ХIорш бу-кх хьуна, йоккха стаг, кIентан хьокъехь хаамаш а. Ткъа хьо сахьийзош ю! — дозаллийца элира цо зудче.

— Жоп дала деза царна, — элира цхьана колхозника.

Керим ойлане велира.

— ХIара, — элира цо, — язде цаьрга, къеначу Кериман кхуьй а кIант мостагIашна дуьхьал леташ ву, алий. Суна хетарехь, сан важа ши кIант а вац кIилло. Ткъа церан дас, къена велахь а, ницкъаш ца кхоош къахьоьгур ду... Сан а, йоккхачу стеган а цIарах баркалла ала вайн бIаьхошна а, командирашна а. Баркалла ала царна, царна баккхий нах биц ца баларна.

5.

Умарбин хьуьнаран хьокъехь хаам хилале хьалха, юьртахула дуьйцуш дара Кериман кхуьй а кIант хIаллак хилла бохуш. Воккхачу стагана иза хаьа, амма цо иза зудчух лечкъадо, бохура зударша. Оцу хабарех хIумма а тосаделла яцара Сона.

Кехат кхаьчначул тIаьхьа масех бутт баьлча, дагахь а доцуш Сонех кхийтира геннарчу, лаккхаьа юккъехь ехаш йолу цхьа зуда. Цу шинна вовшийн кIезиг йовзара, амма зудчо цуьнга элира, шена иза дукха хенахь дуьйна еза, шаьшшиъ наггахь бен гуш яцахь а, цундела цунна чIогIа къахийтира Сонех, цуьнан кIентий хIаллак хилла бохуш массара а дуьйцуш. Ткъа хIинца иза массаьрца а цхьаьна йоккхае Сонех, цуьнан массо а кIант, дала ваийтахь, могуш-маьрша вуха а воьрзур ву.

Оцу дешнаша Iадийра нана. Зуда дийцина ялале, цIа едира иза. Беза бала а, шекьялар а деара цуьнга: кIентех милла хиллехь а халлак хилла хир ву, ткъа Ке-

рима иза цунах лачкъийна. Инзаре-боккхачу кхераман шело сара хIинца цуьнан даге. ДегI малделла, маьнги тIе охьаюьйжира иза. Кхетамчуьра йолуш лаьттара. ЧIогIа цомгуш хилира иза.

Оцу дийнахь бода боллац хьерахь хьевелира Керим. Гуьйренан сарахь гондIахьара дерриге а IаьржачУ бодано дIалаьцнера. ТIом хилале хьалха оцу тайпанчу суьйренашкахь юьртан хIор цIа чохь йогуш электрически серло хуьлура, урамашкахь хезара кехат-пондаран аьзнаш, кегийрхойн синкъерамен эшарш. ХIинца есачу арахь санна бодане а, тийна а ду. Цхьанаэшшара, къора тата дечу хьеран тIулгийн а, берана кIел детталучу хинан а бен гIовгIа яц хезаш.

Керим хьера чуьра аравелира. Лахахь, хина тIеххула дIайоьлхура IаьржА морхаш, догIура дерз. «Некъ талхор бу, кхана-м кхуза ван а лур вац», — ойла йира Керима. НегIарш охьа а дахийтина, татолчуьра хи дIадерзийра цо. Бера сецира, дIатийра хьеран тIулгаш. Керим хьера вуха а веана, дерригене а хьаьжира, тIаккха неIарна догIа а тоьхна, цIа ваха новкъа велира.

ЦIеххьана, некъа йистошца цхьа бIарлагIаш йогIуш санна хетаделира цунна.

— Мила ву цигахь! — кхеравелла мохь туьйхира цо.

Цхьаммо а жоп ца делира. «Къуй», — дагатесира цунна. Чехкка хьера вухавирзира иза. Дукха хан ялале боданехь цунна гира шена тIейогIуш йолу адаман бIарлагIа.

— Мила ву?! — мохь тоьхха элира цо.

— Керим? — меллаша хаьттира вевзаш воццо.

— ХIаъ, со Керим ву. Ткъа хьо хIун стаг ву? — ХIокху хенахь хьо хIунда ву кхузахь?

— Со вешан ву, — жоп делира цо. — ХIокху хьеран да дагавогIий хьуна?

— Тайп-тайпана дай дукха хилла. Амма...

— Со Елкан ву, — беша юккъе а эккхаш элира цо.— ДагавогIий хьуна со?

— Елкан?! — Мичара ваьлла, стиглара охьа-м ца воьжна хьо?

Керим улле вахара.

— Хьуо ву хьо, Елкан?

— Суо ву. Цкъачунна лачкъа дезаш а ву...

— Муха лачкъа, хIунда?

Хаттарна жоп а ца луш, Елкана элира:

— Суна дика дага вогIу хьо, Керим, со вухку тайпа стаг вац хьо...

— Ахьа дуьйцург хIун ду, — мохь белира Кериме.

Воккхачу стагана кхин а герга тIе а хилла, лохочу озаца элира Елкана:

— Со дIа ма вийца... Суна хаьа, хьо кхетар ву сох. Суна уьш ган а гина, со церан ницкъах а теша. Тешалахь аса бохучух, уьш эшон таро яц... Кестта кхузахь хир бу. ХIирашца дика бу уьш. Хьо санна гIуллакх девзаш болу баккхий нах хьашт хир бу суна. Хьалххе кийча хила деза вай халкъана гIо дан, хьовса деза юьртахойх цхьа а хьуьнах ца вахийта... Аса дуй боу хьуна, бахархойх цхьанне а зулам дер дац... Хьуна цхьаъ эшахь, аса тIо дийр ду хьуна...

Керим вист ца хуьлура. Цунна дагабогIура Елканан хIиллане а, оьгIазе а ши бIаьрг. Цкъа а ца хьовсура уьш нисса тIе. Дикчу стага цкъа а иштта дIаберзор бац бIаьргаш. Юьртахь цхьанне а ца везара Елкан. Цхьа хIиллане велакъежарца, мекара, мерза къамел дора цо гуттар а. Сетта мотт, амма йу санна долу дог. Веррий, лачкъоррий хьуьнар лорура цо хIетахь. Мила вара Елкана Iехоза. Нехан дин — цуьнан дин, нехан ка — цуьнан шашлык. Массо а ловзаршкахь иза хуьлура, массеран а гергара хила гIертара. «Массанхьа а бу сан гергара наххий, йижарий. ХIор цIа чохь а карор ю суна аракан графинчик». Дукха хан яра нахана и хIилланча вевза. Юьртахь колхоз вовшахтоьхча, ша-шена, къаьсттина болу, гIала боьду некъ баькхира Елкана. МаьIмаьIнехь белхаш бора цо. Балхара ша дIа а воьдура, дIа а воккхура. ТIаккха хи чу воьжча санна тIепаза вайра. Ткъа хIинца кошара гIаьттича санна, кхузахь гучувели и стаг. Керимана хаалора ура-атталла хIинца бодашкахь а Елкан шена нисса бIаьра хьоьжуш ца хилар. Адамашца цкъа а оьгIазе къамел дина вацара Керим, амма хIинца цуьнга са ца тохаделира:

— Хетарехь, хьуна хаьа хир ду Керим мила ву?! Хьуна хаа деза вайшинна юккъехь мел боккха боьра Iуьллу. Со мичхьа ву, ткъа хьо мичхьа ву. Хьо ган а ца лаьа суна!..

Елкан бодашкахь сихха къайлавелира. Иза дерриге а шена гIенах дуьхьал тесча санна хетаделира Керимана. ДогIа марса делира. Воккха стаг юьртехьа волаве-

лира, амма иза цIа ца воьдуш, ткъа юьртсовете вахара. Новкъа воьдуш ойла йора цо: «Хоттур ду хIунда ца сацийра, схьа хIунда ца валийра? Ткъа аса муха дийр дара иза? ДIаалар бен кхин хIума ца дисна...».

6.

ГIийла а, кIадвелла а веара Керим цIа. Сона цомгуш, дагар тIехь а долуш Iуьллура. Хилларг а дийцина, цуьнан сагатдан мегар дацара.

— ХIума кхоллур яцара ахьа? — эсала хаьттира цо цуьнга.

Буьйса гена яллац Iийра иза маьнги улло гIента охьа а хиъна. ЦIа гIийла серладаькккхинера жимчу лампано. БIаьргаш дIа а биллина, майрачуьнгахьа а йирзина, маьнгана тIехула кхозу шен кIентийн сурт шега далар дийхира Сонас. Ехха хийжира иза цаьрга, тIаккха гIайби кIел дIадиллира.

— ГIолий хетий хьуна? — хаьттира Керима.

Сонас жоп ца делира, пенехьа дIа а йирзина, харц луьйш санна, къамел долийра цо:

— Вай сан дела! Къинхетам хIунда ца бо ахьа тхох? Хьайн оьгIазалла хьаналчу адамийн мостагIашна тIе хIунда ца ерзайо ахьа? Муха лов ахьа тхан берийн цIий муьйлуш долу къинхетам боцу экха? Мичхьа ду хIинца уьш, сан бераш? Мичхьа ву сан Мохьмад а, Мурат а? Мичхьа ву сан Умарби? Мичхьа ду шу синкъерамениш, майранаш? Iаьржачу хьуьнахахь, арахь догIанна кIел, меца, чов хилла ду те?.. Аса сатуьйсу шуьга, сатуьйсу!.. Ва дела, гIодехьа сан! ГIодехьа!..

Иза йилхира. Керим и теян вуьйлира.

— Дала дац гIо, ткъа адамаша, адамаша садукъор ду экханан. Ткъа хьо, ма хур... (сан малх) ма елха, чIагIло, сатоха. Цамгар дIаер ю.

Сона хьалаайаелира. Цуьнан юьхь оза а, беса а яра. Генна чукхетта ши бIаьрг бехк баккхарца хьоьжура майрачуьнга. Хала са а доьIуш, элира цо:

— Сан кIентех цаI велла хилар хIунда лечкъадо ахьа сох? ХIунда? Иза муха даделира хьоьга?

Цуьнан корта гIайби тIе охьабуьйжира, иза елха йолаелира.

Боккха бала беара Кериме. Хьалха дага хIунда ца деара цунна иза балехь хилар, цуьнан могашалла тел-

хина хилар? ХIинца хала хир ду цунна тояла, кеста гIоттур яц иза меттара.

Шен къоьжа корта лахха охьа а бохуьйтуш, маьнги йисте охьахиира Керим.

Цуьнан шелделла куьйгаш схьа а лаьцна, шен коьрта тIе таIийра Сонас. Дехха Iийра и шиъ дист ца хуьлуш. ТIаккха воккхачу стага меллаша элира:

— Аса иштта хIунда дира хоьтту ахьа? — ХIа-а... Кхечира соьга кехат. Извещени. Ткъа дагадогIий хьуна, шен тIаьххьарчу кехата тIехь Мурата яздора, «Нагахь соьгара кехат ца дагIахь, Iожаллел хьалха дIа ма воллалаш со... Хьовсалаш тIом чекхбаллалц». ДагадогIий хьуна? Цундела ца теша-кх со иза хIаллак хиларх... ХIан-хIа, иза дийна ву! ТIом чекхбер бу, иза цIа а воьрзур ву. Хьо а теша цунах. Эрна хIаллак ма е хьуо, вайн кIенташна ларъе хьуо...

— Ахьа а садаIа, — лохха элира Сонас, — садаIа, кестта садаьржар ду...

Цуьнан дешнашна жоп луш санна, юьртахь цхьанхьа-м йийкира боргIал, тIаккха шозлагIниг, кхозлагIниг.

КIадвелла Керим маьнги тIе дIатевжира.

7.

Денош сихха дIаоьхура. Сингаттаме ойланаш йора баккхийчу наха. Цкъа Керимана гира луларчу ярташкара баккхий нах а, зударий а, бераш а дIабоьлхуш. Уьш дIабоьлхура хьун йолчхьа. Цхьаверг говрахь, важа ворданахь, я гIаш. ХIара бедда богIу, шен букъ тIера ястаеллачу ларчанах кхерабелла етт. Воьлхуш цунна тIаьхьа уьду кIант, амма схьа ца лацало. ДIо воккха стаг, — цхьа бер цуьнан карахь ду, важа букъа тIехь доллу, кхозлагIниг куьг а лаьцна валаво. Кхерабаларна беснаш а дайна йолчу яххьашца уьду нах хьуьнха, уьнах бевдда боьлхуш санна. Буьрсачу шакарца оьху царна тIаьххье яккхийчу тоьпан хIоьъначу, охьа эга, лерг къардечу гIовгIанца лелха юьртахь, цIенош а дохош. Цхьа хIоъ Кериман цIеношна уллохь эккха. Мангало хьаькхча санна охьаэгна дитташ. Амма воккхачу стагана зулам ца дина.

Вайн бIаьхой тIехь болу машина йогIу керта. Уьш

буьйлабелла лелара, хIоьънаша даьхна оьрнаш, стенна делахь а, дуста а дустуш, цхьа хIума-м дIа а яздеш. Церан командир волу, лекха хаза жима стаг оцу сохьта везавелира Керимана. Цо хаьттира воккхачу стаге:

— Алахьа, мичхьа ву колхозан хьеран хьархо?

— Со ву хьархо, — оьрсийн маттахь жоп делира Керима, шен мотт хиъна Iаш ша ца хиларх дозалла а деш.

— Хьо а дIаваха везара хьуьнаха, — элира командира. — ХIара юрт йита дезар ду, ницкъаш кIезиго бу. Схьабаьхкинчу немцоша хьийзор бу бухабиснарш. Цул а дIагIохьа, тIаьхьа доцчуьра.

— ДIагIо, дIагIо, воккха стаг, — бохура бIаьхоша.

— Iожаллех ведда воьдург, сихахо хIаллак хир ву, — жоп делира Керима. — Со къанвелла, стенга гIур ву со? Йоккха стаг а Iуьллу цомгуш. Хьанна тIе тесна юьтур ю аса иза?

Командире а, бIаьхошка а ша волчохь совцахьара аьлла дийхира Керима... Суьйранна пхьор даош хьошалла дира цо царна.

— Сан ккуьй а кIант ву тIам тIехь, — дуьйцура цо командире. — Аса сайн кIенташна Iамадора адамаш деза а, лара а, ткъа хIинца, гой хьуна, нах байъа деза церан. Дан хIума дац. Иштта хан ю-кх.

Жимма соцунгIа а хилла, воккхачу стага командире дIаделира Умарбин хьуьнаран хьокъехь дуьйцуш долу кехат а, газета тIера яьккхина заметка а.

Командира корта ластийра.

— Хьан кIант бакъволу турпал ву. Иштанаш белара вайн дуккха а... ХIара кехат а, газета а дIалачкъаде: немцошна гахь вуьйр ву хьо.

ХIусамдас а, хьешо а кхиндIа а дехха дийцира мостагIчун къизаллин а, акхараллин а хьокъехь. — «Ой, ой, ой!» — бохуш корта лестабора воккхачу стага.

Уьш уьйтIа бевлира. Седарчий доцчу стигалхула дIаса шершара прожекторан серлонаш. Цхьанхьа лаккхахь гIовгIа йора хIаваан кемано.

— Хьуьнах дIаваха веза хьо, — юха а элира командира.

— Цхьанххьа а гIур вац со. Вуьйр ву? Вуьйн шайна...

Йоккха стаг ма-ю цомгуш. Стенга хьур ю аса иза гехь? Ткъа иза йита стаг вац.

Командир цхьа пост талла вахара, ткъа воккха стаг кертахь висира... ХІаваан кеманан гІовгІа гергакхочуш лаьттара. Прожекторийн серлонаш цхьаьна агІор дІахьаьвдира.

8.

Немцой юьрта чу лилхира. Дукхах болу бахархой хьуьнах баха кхиира, цхьаберш бисира.

Куриева Мысырхан йоккхаюьйш яра. Уггаре а тоьлла коч юьйхина, шеца кхо пирог а, арака чохь долу графин а эцна оккупанташна дуьхьал яхара иза. Царна хьалха сетташ, массо а агІор ша еанчу хІумнашка хьоьжуш яра иза.

Немцойн эпсарех цхьаъ — полковой разведкан взводан командир, таьІна баьццарчу басахь шинель юьйхина волу, обер-лейтенант фон Швайн тІевеара цунна. Цхьана миллиметрана гІалат ца волуш ша иза юста воллуш санна, коьртера когашка кхаччалц Мысырхане а хьаьжна, фон Швайна пироган хьожа а яькхина, чІечІкъашка а вахана, куьйгаца дІатеттира бошхап. Кхоссаделла дахана, пирогашца цхьаьна юьстаха иккхира иза. Цецбевллачу бІаьргашца хьаьжира Мысырхан тІингар йолчу, яшанза можа маж яьлла волчу, аьтту куьйган боккхачу шина пІелга тІехь дашон доккха ши мухІар долчу эпсаре.

Ширчу партизана, гражданскн тІеман дакъалацархочо кор боцчу Знаура, Мысырханна тІе а веана оцу бетах шеташ туьйхира цунна. МехкашдІалецархошна наьІалташ а кхайкхош, астагІа а лелхаш, сихха юьстах ваьлла, цхьана тоьлий чохь къайлавелира иза.

Амма вара кхин цхьа «заьІапхо» а — Тубеев Харитон. Иза, немцой тІебахкале массара а цомгуш стаг лорура: халла лелаш вара иза. Ткъа хІинца, шена тІемаш девлча санна, цхьана цІийна тІера вукху цІийна тІе уьдуш лела иза, уьду, мохь бетта:

— Уьш-х берзалой яц, цхьа а вуур вац! Стенна лечкъа шу! Аса дукха хенахь дуьйна бехира шуьга, Гитлер эшалур вац.

Юьртана тоьпаш еттара. Тубеев подвала чу лачкъа

вуьйлира, амма чуволлучохь цхьаммо-м коьртах гІаж туьйхира цунна. Иза охьа а воьжна, дІатийра.

Юьртахула кегийчу тобанашца лелара немцой, цара дІалоьцура цІеношш, арсаш хьоькхура котамашна, дойъура жІаьлеш. Немцойн къомах воцчу шина эпсаро Кериман цІа чу а ваьлла, дІахьедира шаьшшиъ цуьнан цІеношш чохь Іийр ву, ткъа иза тоьли чу вала веза, аьлла. Кехата тІе шаьшшинан фамилеш а язйина, и кехат неІар тІе дІа а латийна, дІавахара и шиъ. Дукха хан ялале схьакхечира немцойн салтий. Эпсарша дІалатийна кехат дІа а кхоьссина, шен цомгушчу зудчуьнца цхьаьна Керим ара а кхоьссина, чоьнаш дІалецира цара.

Керим Сонин дог тедан гІертара, амма цо хала са а доьІуш элира:

— Уьш схьабахкале еллехьара ирс долуш хир яр-кха со.

Кхоьлина, шийла де дара. Тоьлий чохь кхин а шийла яра.

Едда еанчу Мысырхана йоккха ерца хабар долийра:

— Муха ю цомгушниг? Со хІинцца комендатурехь яра. Керим хьох стараста ван бохку уьш. Ткъа хьеран догІанаш соьга ло аьлла...

Ца тешаш, кІелдІашхула цуьнга а хьаьжна, Керима хаьттира.

— Хьуна мичара хаьа и дерриге а?

— Соьга Елкана элира. Доккхачу гІуллакхе хІоттийна иза немцоша. Цо билгалваькхкхинчух тера ду хьо а.

Мекарлонца воккхачу стаге а хьоьжуш, Мысырхана тІетуьйхира:

— Собране кхойкху хьоьга.

Шен тохаделла дог ца хаийта гІерташ, Керима жоп делира:

— Иштачу собране со гІур вац. Ткъа хьо, Мысырхан... хьо Іелург хир яц ца йоьдуш.

— ГІур а яра... Амма немцой вайнаш санна бац. ХІан-хІа! Собране цхьа баккхий нах бен ца кхойкху цара. Я кегийрхой а, я зударий а хир бац цигахь.

Керимаца ца къийсаяла сацийра Мысырхана: хІун хаьа иза староста хоржий а. Хьеран догІанийн хьокъехь кхин хІума ца хьахош дІаяхара иза.

Іаламат хала дара доккхачу шина стагана готтачу тоьли чохь Іа. Церан коьрта тІеххула, бохург санна, хезаш ду кхайкхазчу хьешийн когийн тата, мелла бехначу салтийн гІовгІа, маьхьарий. ЦІеххьана герзаш кхийса долийра. Керим кхийтира: тохарлерчу эпсарша цІа чуьра ара боху немцойн салтий.

Сонас узарш дора, иза чІагІъеллера. Цомгушчуьнца цхьаьна хьуьнах дІавахана ца хиларх дагахь баллам бара воккхачу стагана: амма хІинца тІаьхьа ду — юьртах мел ваьллачуьнан хІораннан а цІенош дагор ду аьлла дІахьединера немцоша, цу тІе гондахьа лаьтташ хаш а дара.

...Елкан ван а вара комендатурехь гІуллакхехь. Шеца ши эпсар — Ганц Шмуцке а, Пауль Шварц а валош Керим волчу веара иза.

— Хьо староста харжа дохку-кх тхо, Керим, — мекара, хьесталучу озаца элира Елкана,— хьоьга кхайкха бахкийтира оха, амма, хьо ца веара. Иза чІогІа ца тайра хозяинашна. Хьуна цара цхьа бохам барна кхоьру со. Цундела со суо а веана кхаьрца.

Воккхачу стеган къоьжачу цІоцкъамашна юккъе шад хІоьттира.

— Хьуна ма хаьа, Елкан, староста сох хир воцийла. Сан-м хІара цомгашниг яй, гой хьуна? Хала ду кхунна. Аса муха юьтур ю хІара? Цу тІе со къена а ву... ХІан-хІа, со вогІур вац собране, — духатуьйхира Керима.

Шмуцке цхьа чІиркъе а, оьгІазе а вистхилира Елкане. Цо Керим кхетийра: кхо хьоьга болх дІаболабе бохуш буьйр до, аьлла.

— Хала адамаш ду хІорш, тІетуьйхира цо, — ахьа кхеран буьйр кхочуш ца дахь, кхара хІуъу а дийр ду. Дика ойла а яй, резахила, Керим. Хьайна а тоьлашха хир ма-ду хьуна...

— ХІан-хІа, йиш яц сан! Со хІокху эпсаран салтий вац, суна тІехь команда дан бакъо яц кхуьнан.

— Бал, бал, бал! — йистбІаьрга иккхира цунна эпсар, аьтту куьйган пІелгаца кхерам а туьйсуш. — Ми знай, стари цаловек буде работай! (Тхуна хаьа, воккхачу стага болх бийр бу!).

Эпсар сихха аравелира, цунна тІаьххье — важа.

Хьалхарчо Елкане цхьаъ-м элира. ТІаккха машина чу а хевшина, дІалилхира уьш.

Тоьли чу воллучохь лаьтташ хилла Керим царна тІаьхьа а хьаьжна, зудчунна тІевеара.

Кхераделлачу бІаьргашца, хаттар дарца хьоьжура Сона цуьнга.

Воккхачу стеган бІаьргаш оьгІазе къегара:

— Суна тІе хІунда чеха уьш! Со хІун ву, цара суна кхерам тийса?! Шайна луъург долда цара сох. Керим цхьанххьа а гІур вац!..

Оцу минотехь тоьли чохь юха а гучувелира Елкан.

— Дукха хан юй хьо иштта майра ваьлла, Керим? Іожалла... иза хІун ю! Ткъа уьш Іожаллел а ницкъ болуш бу...

Елкана, шеца цхьаьна чубаьхкинчу салташна тІе корта ластийра.

Керим курра хьаланисвелира:

— Цара соьца декъа хІума дац, цара хьалакхиийна вац со!

— Хьо бакъхила а мега, — элира Елкана, — амма хІинца церан агІор бу ницкъ, вай царна муьтІахь хила а деза... ХІара, — элира цо луьрра—яссаел тоьла. Хьайн зуда лулахошка йига... Ткъа хьо оха лоцур ву. Сихха лелий валал!..

Салташа теллира тоьла. ТІаккха, воккхачу стаге цомгуш зуда пуьцкъаха лулахошка йигийтира, ткъа иза ша комендатуре дІавигира.

10.

Лулахойн тоьли чохь и юьззина нах бара. Цу чохь дара бераш а, зударий а, къанбелларш а. Дукха бара цомгушнаш.

НеІарна генна, боданечу сонехь Іуьллура Сона. Иза меттах ца хьалора. Цо кест-кестта хи доьхура. Цхьаммо-м хи делира цунна. Амма хьогалла дІа ца йолура, цо хьийзайора иза. ХІор минотехь гІеллуш лаьттара иза, амма цуьнан лааман ницкъ боккха бара. Ша гІелъелла а, са ца даккхалуш а йоллушехь, къеначу Сонас когаш тІе ира а хІоьттина, халла неІар тІе а яхана, неІарх буйнаш а бетташ, йоьлхуш мохь туьйхира:

— ДІаелла, жІаьлеш! НаьІалт хилла акхарой! Мичхьа ву сан майра?! ДІаелла!

Кхин цхьа зуда а юьйлира неIарх хIума етта. Эххар а неI дIаеллаелира, шийла хIаваан тулгIе, оцу минотехь Iаьнаран тIуналла дIаюьзначу тоьли чу еара.

— Мила вара мохь беттарг? — хаьттира Елкана. Цунна уллохь лаьттара Пауль Шварц. — Бежнаш-м дац шу оцу тайпана маьхьарий детта? Ма кхера, шу тхуна диц ца делла. ТIом чекхбели. ЦIа даха мегар ду шуна. Амма юьртах довла ма гIорталаш, и дахь, тоьпаш тухур ю шуна!

Елканан тIаьххьара дош чекхдолуш, Сонас корта хьалаайбира:

— Мичхьа ву сан майра? Стенга вигна иза?

Шен тIаьххьара ницкъ гулбина, ира а хIоьттина. эпсарна тIе а яхана, мохь туьйхира цо.

— ХIай, шу... цIеша дуьзна адамаш!

Шварц иза дIататта вуьйлира. Сонас цуьнан куьйгах цергаш йоьхкира. Лазийначу эпсаран мохь белира, схьаэккхийтина тапча туьйхира цо. Аьрру куьйга некхах ка а тоьхна, меллаша лаьтта охьалахъелира къена Сона.

Иштта елира Кериман зуда.

Тоьли чуьра арабовлуш болу нах, кхоьруш, маьIмаьIIе дIасауьдура. Сонан декъана уллохь масех зуда йисира, уьш белхарца тийжара:

— Декъаза Сона... Шен къентий цIа бахккалц а ца ехи, я майра а ца ги! Цулла а цуьнца цхьаьна хIаллак хилча тоьллера!..

ЦхьаI-м аьлла мохь хьаькхна, уьш аралаьхкира эпсаро.

Йийначу къеначу зудчун дакъа бен ца дисира тоьли чохь.

II.

Комендатурехь сийсаза ваькккхина, Керим хьийзош бара немцой:

— Лакхахула тIома лела хьо, воккха стаг? Чу ма вожахьара хьо! Вазлуш хир ву хьо?.. Къена-м вара хьо, ткъа амал-м ю хьан комсомольцан санна. Схьадийцал цулла а, хьан Iамийна хьуна оха бохург ца дан?

Боьлуш кIежъоьхура немцой.

— Абштоссен,— элира эпсаро. Иза вара Ганц Шмуцке цIе ерг.

Зоьрталчу ефрейтора туьйхира воккхачу стагана. Керим когаш тІехь ца латтавелира.

Шмуцкес ефрейторе бІаьрг таІийра. Ефрейтора кхин цкъа а туьйхира Керимана, тІаккха цуьнан куьйгаш хьийзон вуьйлира иза. Воккхачу стеган мерах, цуьнан хаза яьллачу юькъачу, ло санна кІайчу можа тІехула цІий охьахьаьдира. Юьхьа тІехь Іаьржа томмагІнаш гучудевлира.

— Вортен,— элира Шмуцкес.

Ефрейтора сацийра ша беш болу ницкъ.

— Партизанех мила хилла хьо волчохь? Стенга вахана? — хоьттура цо талмажехула. — Маса кІант ву хьан? Мичхьа бу уьш?

— Сан кхо кІант ву, кхуьй а фронтехь а ву.

Шмуцкес кхайкхарца цІа чу деара Елкан а, Мысырхан а.

Керим кхийтира ша аьлларг цара тІечІагІдина хиларх. Шмуцкес Керим дІавига аьлла буьйр дира.

Буьйсанна иза комендатура чуьра араваькхира. Цуьнца цхьаьна пхиъ цІеэскархо — кхоъ оьрсий а, шиъ хІирий а волуш. Уьш массо а чІогІа чевнаш хилла вара. Халла когаш бохуш, охьаветталуш вогІура Керим. Царна ха деш вогІучу ефрейтора тоьпан бух бетташ хьалагІаттавора иза. ЧІогІа ницкъ барна гІелвеллачу Кериман синкхетам банза бара. Воккхачу стеган бІаьргашна хьалха хІуьттура шен кІентийн юьхь-сибаташ. Шен деган къайленашкахь иза тешара уьш бухабоьрзург хиларх, иза дог-йовха вара цомгуш зуда кІелхьараяккхалург хиларх. Оцо алсамбохура ницкъаш.

Эвла йистехь уьш тІулган подвала чу кхийсира. Подвала чохь кхин а бара лецна нах. Цу чохь вара ког боцу Знаур а.

— Кхана аренга а даьхна тоьпаш тухур ю вайна. СадаІа тІаьххьара а,— гІийла вела а къежна элира чевнаш хиллачу цІеэскархойх волчу цхьана къоначу хІиричо.

Берраш а цуьнгахьа бирзира.

— Иштта амал ю церан, — кхин дІа а элира цо. — Лецнарш ара а бохий, цаьрга массаьрга а цхьа каш доккхуьйту, тІаккха — автомат туху...

— Ткъа хьо лаппу (кІант) хІун динчунна лаьцна? — хаьттира Керима, уллохь хиъна Іачу кІоначу стаге.

— Со — дукха фашисташ хІаллакбарна а, — доккха

садаьккхира къоначу бIаьхочо, — патармаш соьгахь ца дисарна а. Дийна а волуш дIалоцур вацара цара со... Ма кхера, накъостий, ЦIечу Эскаро толам боккхур бу! Кхин цхьа де а фронтехь даккха-кха!.. Хеназа чов йина.

— Кхузахь а ю фронт, — вистхилира оьрсий.

Вовшашна герга таьIна, вист а ца хуьлуш Iара массо а. ТIаккха Знаура лекхира:

ХIиричоьнан кегийрхой
Майра лоруш дара шу,
Къийсаман де тIекхаьчна, хIей!
Вайн хазчу лаьмнашка,
Вайн шуьйрачу арешка
Iаьржа мостагIа веъна, хIей!
Вай лоруш болу баккхий нах
Сийсаза боху тIебаьхкинчу йовсарша!
Вайн кегийн бераш
Вайн хьомечу йижаршца,
Iаьржачу хьуьнха уьду, хIей!
ХIиричун цIе лелориг,
Ша къонаха хетарг,
Кхин дIа а ваха луург, хIей!
Майрра хьалагIовттур вай!
Вешан мостагIий хIаллакбер вай!
Юха а машарехь дехар вай, хIей!

— Со тешаш ву, — элира Знаура, ша лекхна ваьлча,— вайха милла висна а дийна вуьсург хиларх. Жимма вохлур вар-кха... комендатуран кертахь Iоххучу чIийшех цIе а тесна, вохвала ма-веззара, вохлур вар-кха...

ДIадоккхучу догIанан тата а, йиш хаьллачу хехочо леен бага а хезира. НеI дIаеллаелира. Керим виссалц массо а йийсархо подвала чуьра араваьккхира. Керимана хезира машина тIейогIуш. Цунна хезира нах байархойн аьзнаш. Цхьа минот яьлча машина дIаяхара.

Керим подвала чохь висира. «Мичхьа ю зуда? ХIун хилла цунах?» — ойла йора цо.

— Ткъа царна... тоьпаш тухур ю-те? — Гондахьа дерриг а дIатийра, амма лерехь хIинца а декара Знауран илли.

ТIедеара де. Хан дIайоьдура, амма цхьа а ца вогIура. Шмуцкена вицвелла-те Керим? Эххир иза а юьрта, эпсарна тIевигира. Иза Шмуцке а воцуш, ткъа кхин вара. Вела а воьлуш, эпсаро хала а, атта а кхетийра Керим, иза подвала чохь эрна валлийна хиларх а, цунна пагIат цIа ваха мегарг хиларх а. Амма эпсаро Кериме

цхьана протоколна тІе куьг а таІадайтина, тІаккха ккхунна хІун ю а ца хуу справка елира.

Талмажо ккхин а цаІ-м дуьйцура, амма воккха стаг цуьнга ладоьгІуш вацара. Иза ураме велира.

«Со эца бохку. Хир дац иза!» — аьлла ойла а йина, шен цІехьа волавелира иза.

Морхаш дІаевллера. Яйчу дахкарна юккъехула схьакъедара маьлхан зІаьнарш. ГІайгІа яра Кериман кийрахь. Цуьнан юьхь худаелла, ккхин а чІогІа къанъеллера. Корта хьийзара. ГондІахьара дерриге а — урамаш а, цІенош а — хийцаделча санна хеталора цунна. Керташ вовшах а яьхна, ягон дІасаехьнера салташа. Клуба чохь цара латтайора яккхий, вайчех тера йоцу, месала когаш а, даккхий ленаш а долу шайн говраш.

Керим школана уллохула чекхволуш, салташа валош вара, чІогІа цомгуш волуш, къайлавала ца кхиъна волу къона хІирнй. Иза литературан хьехархо вара. Цуьнан куьйгаш тІехьа дІадихкина дара.

— ГІур вац со шун гестапо! — мохь беттара хьехархочо оьрсийн маттахь. — Тоьпаш тоха суна, йовсарш!

Стоммачу, къорзачу салтичо хьехархочун юьхьа тІе автоматан бух туьйхира. Иза лестира. Цуьнан хазчу кІайчу хьаьжтІехула цІий доладелира. Салтичо цуьнан аьтту пхьарс схьалецира, хьехархочун коьртара охьайоьжначу габардинови сирлачу кепки тІе этка а йоккхуш.

Саца а сецна, чІогІа инзарваьлла Іадийна оцу суьрте хьаьжира Керим. Улло а вахна цаІ ала гІоьртира иза, амма хьерваьлча санна мохь хьаькхна, юханехьа некъ гайтира цунна салтичо.

Хьехархо ша ца воьдура — иза текхавора. «Дуур дац аша тхан ялта, мер дац тхан хи!» — мохь туьйхира цо. Цхьа лаамаза вуха хьаьжира Керим. Оцу минотехь герз дийкира. Пхьаьрсах цхьа Іаьржа лента дихкинчу эпсаро тапча туьйхира хьехархочунна. Шек а воцуш, аьрру агІор ккхозучу хумпІар чу йиллира цо шен «парабеллум».

— ХІунда дина цунна иза? — хаьттира Керима кевнах арахьоьжучу къеначу зудче.

— Комендатуран кертахь долчу чІийшех цІе теснера цо, цигахь дІалачкъийна мина яра, — аз лахдеш элира зудчо.

Керим кхийтира Знауран дешнех. «И дарийца иза»— ойла йира воккхачу стага. Цунна дагадеара Знауран исбахьа илли.

ЧIогIа дог Iийжара Кериман даьгна цIеношa, дитгийн меттана, уьш хедийна буха йисна маьттаза юьхкаш а гуш.

Иза шен цIийна тIе кхечира. Йоьлхуш цунна дуьхьал еара йоккха стаг — лулахо.

— Ва-а, къена Керим! Хьайн дерриге а дахарехь эхь тIедарна кхоьруш вара хьо, ткъа хIинца тIедеа иза хьан къоьжачу коьртана. Боьхачу хIуманан карах ели Сона, цхьа а вацара цуьнан бIаьргаш тIечIагда. Стигалан цIаро багабойла наьIалт хилла мостагIий! Ва-а, жоьжахатен цIаро багабойла и Гитлер боху лаьхьа!..

Кериман цIийна уллохь тоба йина лаьттара эпсарш. Йоккхачу стаге а хьоьжуш, чIогIа буьйлура уьш. Царех цаI Керимана тIевеара:

— А-а! Козаин прихал! Козаин... (А-а! хIусамда веана! ХIусамда...).

Керима корта хьала ца айбира, меллаша лулар̆ду тоьли тIе вахара. ХIинца а тешаш вацара иза шен зуда шега йист хир яц бохучух...

Хьун йолчу агIорхьара цIеххьана яккхий тоьпаш туьйхира. ГIорийнчу лаьттан гIорзанаш дIасакхуьйсуш, йоккхачу гIовгIанца лелхара хIоьънаш. Цхьа хан яьлча юьртана тIехула гучудевлира хIаваан кеманаш. Бомбанийн цIийзар а, уьш лелхаш яьлла гIовгIа а, хIаваэра юьртана чухехкалучу болатан аьрзуйн угIарца цхьана ийнера.

Керим тоьлин пенах дIатаьIира. Жимчу корах цунна гира, ша хIинцца хьийзийна волу цхьа эпсар, вайн летчикан пулеметан дIаьндарго тоьхна вожош. «Бакъонца беламен ю, кхечуьнан Iожаллех воьлуш волчун Iожалла!» — аьлла ойла йира Керима.

Хьун йолчуьра схьа, кхунна уллохула, хьалхалаьцна автоматаш а йолуш, бевдда богIура цIеэскархой:

— ХьалхатаIа, накоъстий! Даймахкехьа! ХьалхатаIа!

Кериман корта хьийзара: «ХIун хир-те? ХIун хир-те?..».

Кхаа агIорхьара Iаламат чехка тIелатар дарца, советски тIемалойн декъо дIалецира юрт. Иза дагахь а доцуш болу оккупанташ, герзаш дIа а кхуьйсуш, хIинца а паргIатболчу новкъа дIауьдуш бара. КIезиг ца биси-

ра уьш байъина Іохкуш урамашкахь а, керташкахь а. Амма Іуьйранна юьрта йисттехь юха дІаболийра тІом: мостагІаша тІелаьхкира керла ницкъаш. ЦІечу Эскаран дакъойн хьуьнаха духадовла дийзира. Юьртахь юха а доладан буьйлира мостагІий.

12

Уьш чІир екха буьйлабелира. ХІинца, тІекхаьччарг схьа а лоций, кхин левар доцуш воьра цара. Воьра вист ца хилча а, воьра къамел дича а.

Кериман цІенош дІалецначу эпсарша, цуьнан шайга цабезам буй хууш, цуьнга болх бойтура, воккха стаг сийсазаллийца хьийзавора.

«Цулла а велча тоьла!» — ойла йора воккхачу стага. Суна суо гуттар а хеташ хилла Керим ву-ткъа со? МостагІчунна декха хІунда ца доькху аса? Мичхьа бу сан хьалха хилла ницкъ?

Массарел а чІогІа воккха стаг хьийзош верг эпсар Гертер вара.

— О, дедушка должна наш слуга бить, слуга германски офицер (О, дада тхан ялхо хила веза, германски эпсаран ялхо).

Немцойн эпсаршна дика хаьа шайн накъосташа дукха хан йоццуш Кериман зуда йийна хилар а, воккхачу стеган дагтІехь бала хилар а. Амма шайн самукъадаккхархьама царна лаьа Керим хелха муха волу хьовса:

«Эй, старый цаловик! Сечас танцуй! Ми хочу смотрет, как танцуй горский джигит!» — («ХІей, къена стаг! ХІинца хелха вала! Тхуна хьажа лаьа ламанан къонаха хелха муха волу!»),—бохуш мохь хьоькху майора Гертера.— Ну, ну! Обизян, зачем стой! Шнел!.. Как это по-русски шнел будет?.. Бистро, бистро! (Ма Іел, ма Іел! Маймал, стенна лаьтта хьо! Шнел! Муха хир ду оьрсийн маттахь шнел бохург!.. Чехкка, чехкка!).

Цхьаммо-м эндаже дІатотту Керим.

«ХІан-хІа! Иза цкъа а хир дац. ХІокху эхь доццчу къамкъаргаша сох жухарг йийр яц. Цулла а Іожалло дІаоьцулда Керим!»...

Хетарехь цо барта олу и дешнаш. Иза мостагІашка дукха боккхачу цабезамца хьажарна, ур-аттала Гертер а дІавоьрзу, цуьнан буьрса хьажар лан а ца ловй.

Шен кIилло хиларх эхь хета цунна, и къайладаккха гIерташ юьстаха волу и. Воккха стаг кхечу тайпана муха хьийзор вара-те бохучун ойла еш хир ву иза. Амма эпсарш кхин ца боьлу.

Шен Iалашоне ша цхьа гIулч яьккхича санна хетало Керимана. Хьалхара гIулч яьккхича, шозлагIниг яккха аттахо ду...

13.

Оцу буса Керимана дагадеара дерриге а... дехачу дахарехь гина долу дерриге диканиг а, вониг а. Нийсонан а, къинхьегаман а дуьхьа вехаш вара иза, дезара хьанала дахар. Мичхьа ду хIинца и дерриге а? Оццул шерашкахь иза шен хьомечу доьзалца ирсехь цхьаьнаваьхначу, шен кIентий хьалакхиийначу хIусамехь дерриге а хийцаделла. Кхуо хьалха, къинхьегаман де чекхдаьллачул тIаьхьа садоIуш хиллачу маьнги тIехь керчаш ю и стомма хьакха Гертер.

Кериман доккхачу цIа чохь Гертерца цхьаьна Iаш вара кхин цхьа эпсар а. Вукху чохь пхьиъ унтер-эпсар. «Еллачу хIуманна уллохь хьалаяьлла буц, алана мегар яц», — ойла йора Керима, цабезамца гондIа а хьожуш.

Буьйса дикка гена яьлча тоьли чуьра аравелира иза. ЦIа чу воьдуш, лами тIе а ваьлла, балкона тIехула чуваха дезара. Цигахь Iохкуш яра, цхьана хенахь Керима цIеношна ремонт ян дагахь гулдинчу аннийн оьла. Кериман цхьана буьйнахь мехкадаьтта чохь долу ведар а, сирнакаш а, вукху буьйнахь шаьлта а яра. Тишчу эткийн меттана цо кога буьйхинера кIеда кIархаш, гуттар а лелош хиллачу кетаран меттана цунна тIехь сатинан юткъа гIовтал бен яцара. Тата ца деш а, тешам боллуш а вогIура иза...

ЦIенчу стиглахь лепара седарчий. Iаьмнашчуьрчу хинна бинчу буткъачу шана чохь гора беттан серло. Ло диллина лаьмнаш а, юьртана арахьара гунаш а, цкъа къайладохуш, юха гучудохуш мохо лестабора божална уллорчу къеначу ахтарган бухь. Керимана хеталора ахтарг цхьана меттехь а лаьтташ, ткъа меттах а девлла дIаоьхуш лаьмнаш а, гунаш ду. Цунна дагадеара оцу лаьмнашкахула, хьаннашкахула, хьомечу, дагна дукхадезачу хIирийн лаьттахула ша мел лелла. Сутара цкъа

а вацара иза, амма оцу шуьйрачу аренашка, лекхчу лаьмнашка, оцу паргIатчу аренашка хьежан кIордош вацара. Хьомечу махкана дIабеллера цо шен безам. ПаргIатонах воккхавера иза кхузахь. «Къушна муха гечдийр ду сан хIусам сийсаз яккхар! Муха гечдийр ду зуда ер. Ткъа оццул беза лоруш болу Даймохк?! ХIанхIа, чIир екха еза! ЧIир екхар дика ду, хьомечу лаьттан сий лардеш иза йоькхуш хилча. Кху сохьта къена а, къона а хила веза тIемало», — иштта яра Кериман коьрта чу хьийза ойланаш.

Iин долчу агIорхьара хьоькху мох чIагIбелира.

«Шабар» деш гIовгIа яькхира цIийна гонаха чуерзоза йисинчу хьаьжкIийн гIаша. Ведар цIенкъа охьа а диллина жимма неI дIайиллира Керима. Йовхонан то а, спиртан хьожа а кхийтира ара. Эпсарш наб еш бара...

Мел хан яькхира Керима цIенош чохь? Цхьа миноташ бен ца хила а мега, амма иза араваьлча, цуьнан карара шаьлта цIеша юьзна яра. Нийса а, чIогIа а тухура Керима: цуьнан мостагIех цхьа а ур-аттала мохь хьакха а ца кхиира.

Мехкадаьтта чохь долу ведар схьа а эцна, цIеной пенех мехкадаьтта туьйхира цо. ЦIе тесира. Декъачу аннех оцу минотехь цIе кхерстира. Цхьана минотехь лаьттира Керим шен цIенош хIаллак деш долчу цIеран экхане хьоьжуш. Юрт хIинца а тийна Iара.

Хи лекъначу татолна тIе а хьаьдда, цу чухула хьун йолчухьа сихха дIаволавелира иза. Юха хьажар доцуш дIавоьдура иза. Шерачу аренга ваьлча, хехочунна тосавелира иза. «Хальт! Хальт!» — («Сацийта!») — хезира Керимана шена девзаш доцчу хийрачу меттан аьзнаш. Амма воккха стаг ца сецира: кхин жимма дIаваьлча хьуьнхахь хир ву иза...

Шок локхуш тIехбелира тоьпан хIоъ, кхин цаI, кхин а, кхин а... «Хальт!» — хеза юха а. Борза тIе волуш, Керим хехочуьнгахьа вухавирзира. «Вай юха а вовшахкхетар ду, сих ма ло», — ала воллура иза, амма некхах цхьа хIума кхийтира, бIаьргаш чу бода хIоьттира. Иза охьавоьжна, борзан басах хьун йолчу агIор чукерчина, кхетамчуьра велира.

...Оцу буса ЦIечу Эскаро мостагIчун дуьхьало а йохош, хьалхахьа тIетаIар дIадолийра.

Кериман цIенош догуш дара. Амма догура гитлеровцаша цIетесна кхидолу цIенош а, йогура мина кхет-

та иккхина школа, колхозан амбараш. Шаьш дIауьдуш салташа дохадора тIеш, йохайора гондIара ерриге а, юьртах буха дийна хIума ца йитинера цара.

Iуьйранна юьртана улло кхаьчначу советски бIаьхошна карийра Керим. Иза Iуьллура кхетамчуьра а ваьлла, амма цуьнан дог хIинца а гIийлла детталора. Цуьнан кисанахь карийра Умарбин хьокъехь долу, тIемалойн декъера деана кехат а, оккупанташ тIебоггIучу хенахь арахецначу районни газетан цхьа агIо а. Цу тIехь яздора: «ЦIийна дуьхьал цIий! — ишшта ю вайн лозунг. — ХIокху деношкахь къастош ю Даймехкан кхел. Вайна даха лаьа. Вайна лаьа вешан ХIирийчоь йоккхаерах юьзна а, зазадоккхуш а вайн Союзан халкъийн бертахьчу доьзалехь хуьлийла! Вай ларбан беза вешан социалистически Даймохк — СССР.

Даймехкан сийлахь кIентий, схьаэца герз! Къинхетам боцуш хIаллакбе кхечеран мехкаш дIалецархой!!!»

Керим юьрта валийра. Иза кхетамчу веара. БIаьргаш дIабиллича цунна шена гонаха гира девзаш доцу адамаш. Леррина царех цхьанга хьаьжча, цунна вевзира, тоххара ша волчохь сецна хилла волу лейтенант, тIаккха дагадеара цуьнан цIе Сергей хилар.

— Сергей, сан кIант! — гIийлачу озаца элира цо.— Аса сайн декхар кхочушдан..

Сергей цхьана минотана цец а ваьлла висира, амма Керим вовза а вевзина цунна тIехьаьдира иза.

Шен гIелделлачу куьйгашца лейтенант маравоьллира Керима. Ша Умарби маравуллуш санна хетара цунна. Воккхачу стеган дог дуьзира цхьа тамашийначу дозалло.

Цхьанхьара схьахезара танканийн гIовгIа а, бIаьхойн «ура» а. Латта дегадора юьйлучу яккхийчу тоьпаша.

Керим кхийтира мостагI эшориг хиларх.

Гіебартойн-Балкарийн яздархой



ХЬО ВАЦ ТЕРА КХИБОЛЧАРЕХ

Хьо вац тера кхиболчарех,
Соь хьаьжжинчохь буьсу уьш.
Ткъа ас туьйсу са хьо варе,
Хьо лела некъ бІаьрга зуьйш.

Хьо вац тера кхиболчарех,
Цаьрца эвхьаз хуьлу со.
Хьоьца хилча — дагехь алу,
Амма хьоьхьа гІерта дог.

Хьо вац тера кхиболчарех,
Царна ду цхьа шовда со.
Некъахочо, оьций канахь,
Молий хьагал йохайо.

Хьо вац тера кхиболчарех,
Цара со ю лоьруш шайн.
Хьуна — зезаг ломан алехь,
ХІо лелачохь цІена, дайн.

Тера вац хьо кхиболчарех,
Цара кедахь молу со.
Ахьа, лоьруш массо кхане,
Цхьацца тІадам къестабо.

Хьо ма вала сох, хьан шовдех,
Кедахь, шортта мала ахь.
Ларде доггах лаьмнаш ховха
Безам лар ма-барра ахь.

ЛАЬМНАШКАХЬ ІУЬЙРЕ

Ламанийн бахьаш ду дІатийна, геннахь
Невцарий санна, уьш кІелдІашха хьоьжу.
Моьттур ду цара са тоссучу хенахь
ГІуьттучу дояркех йоІ къасто лоьру.

КIайн къега халаташ, морхийн бIо санна,
ЧIабанаш яьстича хIоттабо бода.
Уьш бела ма-белли делало Iаннаш,
Даржадеш мехкарийн беларан оза.

Дояркийн белхан мур болало зевне,
Шурийн теш дуьйлало чилакаш деко.
Лаьмнаша ладоьгIу эшарийн зевне,
ДIатийна лаьтта йиш мел хеза ека.

Мехкарийн кIайн духарш. ПIелгаш ду онда,
Ирс сацо нуьцкъала ду белхан куьйгаш,
Белахь а церан ницкъ хьовзаба корта,
Ас дахар лур дара цаьрга, ца къуьйсуш.

Суьйре ю лепадеш дояркийн балдаш,
Мох а бу беснеш тIе кхийдадеш барташ,
Ткъа куьйгаш луьйцуш ду шал шийла шовда,
Йиш лоькхуш санна, яйн яржаеш гIовгIа.

Лаьмнаш дIахIиттина, невцарий санна,
КIайн чоэш дуьйхина лаьтта уьш гонах.
Кхузахь ду ловзарш хир гурахь хIор денна
Кхоьру со цига ца кхачаран вонах.

ДОТТАГIАЛЛИН СОВГIАТ

Ас цхьа совгIат хьуна деъна,
Дорах совгIат иза дац —
БIаьхо ГIебарто ву веънарг...
М. Лермонтов.

Топ я шаьлта сайгахь йоцуш
Iура новкъа волу со.
ГIагI а дац ас дегIа духуш,
Ларбан цуьнца некхан гуо.

Болар деш со волавелла
Ломан буьххье волу цкъа,
Цхьа́ со волуш сагатделла
Нах гаре ас тосу са.

Буьйса ю сан кхерам боцуш,
МостагIий гар кхоьруш вац.

Вуьжуш сайн дин когах боьххуш
Кхерам дагахь латтабац.

Со дIакхочу Дагестане
Воккхаве со, дуй бу сан,
Кхаьчна моьттуш йолчу нана,
Йоккху паргIат цигахь хан.

Лаьмнаш буьххьехь, йолчохь морхаш,
Декаш шовда оьгучохь,
Ламанхо-йоI хьожу паргIат,
Гича кхоьруш хилац сох.

Юьртахь цхьа а сих ца велла
Орца доккхуш, гича со.
МостагIа со ву а аьлла,
Суна тохан дошан хIоъ.

Кхузахь ширчу хенах дуьйцуш
Хуьлу ширчу хенан йиш,
Каш, я лар шен чхар тIехь юьтуш
ДIаьндарг кхетта шира сиз.

Ас ца дуьйцу мила Iуьллу —
Хьенан ду и шира каш...
Дагестане ваша хилла,
Майрра богIу гIебарташ.

Айа кедаш!
ДоттагIалла
Хастош илли эр ду вай,
Дог дIаделла и вошалла
Хестош, сий деш хир ду вай.

БИЭЗАМ

Шовзткъей итт шарахь хьайца новкъа лелла
Со йитий ма гIолахь. ДIайига хьайца со, —
Аьлла, цамгаро хьавзинчу хIусамдега
Дехар дина цуьнан шен къеначу зудчо.

ХIан-хIа! Яхалахь, хIун хаьа со воцуш,
Де дика хилла, хьан яхар талой а, —

Аьлла, дIавирзи хIусамда шен бIе шо кхочуш,
Готтачу лахьтийчохь нисъйинчу гIовла.

ДIаволуш майрачо шена тIедиллинарг —
Декхаршца, сагIийца кхочуш а дина;
Iаьржачу духарца каш тIехь а тевжина
Къанъелла Урар * а цуьнан метта йижна.

Моттара цунна, гондахьа дой хьийзош,
Кирхьана кIел хIотта, замойшца ша йогIу;
ДIо генна дIадахна шен къуона и ирс а,
Морхашна тIехьара схьадаьлла тIедогIу.

Де-дийне мел делин цамгийло, чIагIъелла, –
ГIелйина йоккха стаг ехьара лазартне.
Цамгийлех и яккха массо а айвелча
Урара, ма хуьллу, сатесин цу каше...

Iуьйренца йоккху стаг Iожалле йирзача
Урара хьаббинчу буйнара даьхнера,
И таян, лоьраша лиэлийна молханаш.

---

* Урар — зудчун цIе.

ПАРТИГА

Нагахь морхаш лохха кхазахь,
Стиглахь кхерсташ хилахь ткъес,
Цинцаш детташ бердаш къагош,
Хилахь тулгIенийн и кес,

Эрна хир ду ницкъ а боцуш
ГIортахь вайна зулам дан.
Кема, вайниг, тулгIеш охуш,
ГIур ду мостагI хIаллакван.

Кема, вайниг, зийна даьлла,
Дуьгу партин хьесапо,
И хьесап ду вайга делла
Ленинан цу Iилмано.

Парти ахь бу некъ схьахьоьхуш
Къинхьегаман, машаран.
Даймохк ахь бу хьалха кхоьхьуш
Коммунизман ирс далан.

Парти ахь ду дуьне кхолуш,
Сийлахь ду хьан гIуллакхаш.
Къинхьегамхойн дахар кхолуш,
Серло ю ахь кховдаеш.

Малх бу боде хьоьца бустан,
Илли доккхуш хилча хьох.
Толамаш ахь боху луьста,
Майрра хьалха дуьгуш тхо.

Космосе ракета кхуьссуш
Хьоьца чIагIо оха йо:
Коммунизман ниIмат дуссуш
Хилар тхуна шера го.

ТIУЛГА ТIЕХЬ ЙОЗА

Хулама тIехь, ломан буьххьехь
Хьийзаш, мохо етта шок.
Лахо юькъчу баца юккъехь
Ежаш лела тур а го.

Юьртан гIарол санна лаьтташ
Лаьмнийн бердаш лаккхахь ду,
Церан гIовгIа, къора екаш;
Йоьду боьранашна чу.

Iинна чу а оллавелла
Бердах тасавелла со,
Текхаш, зингат санна, халла
Ломан буьххье валало.

Хьийзаш долчу лайн цу дарцо
Бердаш къиза чехадо,
Къегаш генна лаха, орцахь,
Юьртан цIеношбIаьрга го.

Лахахь, хи чохь, малх бу лепаш
Лаккхахь боде хета де,
Морха санна, аьрзу лелаш
IиндагI тосу суна тIе...

Схьагулбина берриг ницкъ а
Буьххье тIе со валало,
Дозал до ас сайн цу ницкъах,
Лома буьххье валарх со.

Дозал до ас кхиарх лаьттахь,
Гонах мел дерг гойтучу,
Сайн цIе язйо ас тIулга тIехь,
Кхин цIе уллохь гуш а ю.

ТIулган пен тIехь йоза лепа
ЦIе ю и «Иван Светлов»,
Цо некъ сайна билларх кхетий,
Вокхавер сан долу сов.

Суна атта хилийта сан
Вашас и некъ биллина,

Йоккхуш киртиг ког дIатаса,
СадоIийла кечйина.

Воккха ваша оьрсий хилла
Соьга ирсен мукъ схьалуш,
Седа санна, и цIе хуьлда
Лаьмнийн ярташкара гуш.

Тхойшиъ гуттар цхьаьна хилла
Хер а ца луш вовшашна,
ТIулга тIера и цIе гойла
Дерриг лаьттан халкъашна.

АЬХКЕ

Іуьйренца къийсамна
ГІаьттича санна,
Лепаш ду Нартанан
Дууштон лаьмнаш.
Бирмамытан бошмийн
Лепар а гарна,
Стиглара седарчий
Хета бос байна.

Буьйса тІекхоччушехь
Сийначу стиглахь
Седарчий цхьабосса
Схьакъеда хІиттахь,
Эзарнаш лампанийн
Къегинчу малхо
Хетало стиглара
Деши дІакхалхош.

Мерза ю, ховха ю
Іуьйренан набарш,
Буьйсанийн тхино бай
КІеззиг бу тІадош.
Амма яц аренаш
Цкъа а дІаюьйшуш,
Хаддаза цигахь ду
Белхан дур уьйъуш.

Тойне гулбеллачохь
Илли ма декка,
ТІаьхь-тІаьхьа цхьа томе
Аз долуш лаккха,
Ялта чудерзоран
Илли ду гІоттуш,
Аренийн массо а
МаьІе а кхочуш.

ДІадаьржа и илли
Сан дог а гІаттош,
Декадеш ГІебартойн,
Балкарийн латта.
Дешин хІорд баьржинчохь
Хьоьсту цо кенаш,
Массо а буьртигна
Эшшарехь Іенаш.

БАГА

Стиглахьа шайн баххьаш кхийдош,
Ирхене лаьмнаш дІадевдда,
Шелоно цигахь совцийна,
Кхин дахар доцуш уьш севцца.

Шен зІаьнарш царна ло малхо,
Амма ца ло царна йовхо.
Малхо уьш дешица кхалар
Дац болуш ницкъ дахар кховдо.

Стиглано оьгІазе морхаш
ТІейохкий кхоладо баххьаш,
Дарцо уьш човхайой хохкий
Сира чоьш нйзош бух доху.

Ткъа кхузахь бердана йисттехь
Цхьа къена бага ду лаьтташ.
Корта бу морхашна юххехь,
Сийна бохь дарцо бац саттош.

Орамаш цо кІорга хецна,
Пхенашкахь кхерсташ ю йовхо,
И йовхо малхера эцна
Кхачайо цо лаьтте човха.

Эльбрусо буьрса са доьІуш,
Баганна тІе мехаш хоьхку.
Мохо берд охку тІехьоькхуш,
Сеттадеш дитташ бух доху.

Буьрса дарц тІекерча дулу,
Шен ткъесан цергаш а етташ.
Іаламо мел дегІарх гураш,
Дахарх дІахедаш дац латта.

ХИНДОЛЧУН ДОГ

Дахкалур ду дуьне боданан, къоьллин...
Толамний, ирсаний бу вайгахь ницкъаш,
ГIебартойн-Балкарийн латта а доьлла
Заздаккха, Ленинан малх тIе ма кхитти.

Массарна яьржина цу маьлхан серло
Ламанхойх хIоранна даг чу а кхочуш.
Йогуш ю хьомечу лаьттахь товъевлла
Кхолларан, вошаллин цIераш ю йогуш.

Цхьа маьлхан зIаьнарш яц массанхьа йогурш
Цхьанхьа а гулъелла шайн серло етташ,
Советийн халкъийн и седарчий догу,
Октябран боларо къегадо латта.

ЗIаьнарш дIахецна цо дерриг дуьненна
Лоллехь мел ваьллинчун некъ серла боккху.
ПаргIатчу Румынис, Болгарис, Венгрис
Нисдина шайн лолло сеттийна баккъаш.

Къеначу лаьтта тIехь къона гIулч йоккхуш
Октябрь дIакхочу массо а метте.
Лепадеш дуьненахь машаран зовкхаш,
СтелаIодо санна, цо серло етта.

Дахарехь халкъашна накъост а хилла,
Октябро тIеуьйзу ойланаш, дегнаш.
Хиндолчун дог хилла дегнашкахь Iуьллу
Партин дош, гIиттабо цо ирсах хьегнарш.

АСЛИЖАН

Юьртан лакхъхьа, эвла йисттехь,
Лома юххехь шовда ду.
Цунна гена доцуш эццахь
Хи лам тIера догIу чу.

КIудал оьций шовда долчу
Йоьдуш хуьлу Аслижан.
Тера ду цхьа бахьна долчух,
ГIертачух и цаI-ам ган.

Некъа йистехь цIа ду лаьтташ
Кораш хуьлу диллина.
Къайллах цIийне бIаьрг а бетташ
ЙоI тIехъюьйлу йиллина.

ЦIийне Аслижан нислушшехь
Хьамид ара волуш го.
ЙогIуш йоI шен бIаьрга гушшехь
Дог цхьа сихха деттало.

Хьамид, хьо ма латта вогуш,
Аслижане вистхила...
Хьамидан дог хIунда догу
Хууш, накъост, хьо хила.

БИЭЗАМ

Лаьттахула биэзам лела
ДогIа санна, санна мох.
Къона, къена доцуш белла,
Дог дIалоцуш хьаьрча хьох.

Буьйсанна хьан наб цо йойъу,
Дойъу собар, бойъу тем.
Ойла йоIе, кIанте йойту,
ДегIах хьаьрчий, ца беш хьем.

Хуьлуш ду и: дагахь доцуш
ГІоттий дІа цо лоцу дог.
Алу гІаттош, дегІ цо морцу,
ЦІаро санна вотту цо.

ТІе ма барра дІа а бодий,
Цхьаверг эрна тосу цо.
Кхечун дахар схьа а лоций,
Йийсар дой тІеверзаво.

ГІАРАГІУЛЕШ

ГІарагІулеш лела бІаьста
Тхан юьртана тІехула,
Церан аьзнаш шера къаьсташ,
Аса цаьрга доьгІу ла.

Гурахь гІарагІулеш йоьлху
Довха мехкаш долчухьа,
Суна хаьа: уьш ю йогІур
Сан бІаьстенан махка схьа.

ГІуо шу, гІуо шу сан хьоменаш,
Гена маьрша гІолаш шу.
Машарен шайн аьзнаш Іеношш
Шу лелар со лууш ву.

Екхначу сан хазчу стиглахь
Ма хуьлда кхин «олхазарш»,
Іаьржа зулам кхоьхьурш шайгахь,
Стигал, хІаваъ бехден дерш.

* *
*

Цхьаннан а некъ ас ца хадийна,
Стаг Іехош харц а со ца лийна,
Цхьаннан а ирс ас ца дадийна,
Лаг лаьцна хорам а ца бина,

Доккха а, жима а бакъ доцург
Дерриг а сайн дагца ца дезна.
Ма барра некъ хадош харц волчун,
Юьхьдуьхьал ца олуш ца сецна.

БЕЗАЧИЙН БІАБРГАШ, ДОТТАГІИЙН КУЬЙГАШ

Безачийн бІаьргаш, доттагІийн куьйгаш,
Шул хьомен сан хІума дац.
Къийсамийн луьсттехь бала дІауьйуш
Хилла шу дицлуш со вац.

Яккхийчу тоьпийн цІе луьста юьйлуш,
Іожалла хІоьттича тІе,
Кхерам ца бевзаш, майрра гІулч туьйсуш
Тхо дара ца тухуш пе.

МостагІий отуш, аренан ченаш
Кегийра беха некъ беш.
ПаргІато къуьйсуш, Даймехкан бераш
Летарна латта ду теш.

МостагІийн тохарх, тхайн нана лоруш,
Ларбира, хІай Даймохк, хьо!
Буьрсачу дийнахь, хьо тІехьа лоьцуш,
Лаьттара цу цІергахь тхо.

Цхьабосса гІуьттуш, ирсехьа къуьйсуш,
Лардира, Даймохк, хьан сий.
Ларбарехь машар, хьостанах кхуьйсуш
Хийламмо Іанийра цІий.

Дорцаша теІош, догІнаша тІадош
Лийлира хьан терго еш.
Буьйсанца, дийнахь безачийн бІаьргаш,
Шу дара тхуна гІо деш.

Безамийн куьйгаш дара гІо кховдош
Церан сурт дицлур а дац.
Цхьамзанаш хилла нуьцкъала гІотту
Церан нищкъ эшалур бац.

Къийсамна гIиттош, дегIе ницкъ кхачош,
ГIайгIанах лардора дог.
Кхуьура гуттар оьшшучохь кхачан
Лоцура салтичун гIо.

Безачийн бIаьргаш, доттагIийн куьйгаш,
Шул хьомен сан хIума дац!
Къийсамийн луьсттехь, бала дIауьйуш,
Хилла шу дицлуш со вац.

ОЙЛАНАШ

Къоналлин доттагIий аьрзуш сан хилла,
Некъахой — ойланаш, ойланаш соьца.
Аьрзуша шайца дIа со ца идийна,
Амма сан ойланаш яц со дIахоьцуш.

Аьрзунийн тIемашца къоналла яхна,
Стиглахь, ткъес деттачохь, некъ буьллуш шена
И юха йогIур яц, йогIур яц тахна,
ХIора а бIаьстенца йолу и гена.

Еккъа сан ойланаш ю соьца йисна,
Ас уьш ца яйъина некъ хиларх беха.
Деба уьш хIора а бIаьстенан хиша,
Цкъа а дIа ца къаьсташ соьца уьш еха...

Соьца ю некъ беш уьш массо а меттехь,
Со лела некъаш ган хьуьнар луш дегIе.
Iин долчохь сан динан ког шарша гIортахь
Со цара дIанисво нийсаниг хьоьхий:

Ойланаш, моссаза аш нисдин новкъа
Кхолламо делла сан тем боцу дахар.
Делахь а шун ницкъ бац дерриг а довза,
Я суна довзийта тIаьхьара дакъа.

Къоналлин доттагIий аьрзуш сан хилла,
Некъахой — ойланаш, ойланаш соьца.
Аьрзуша шайца со дIа ца идийна
Амма сан ойланаш яц со дIахоьцуш.

КІАЙН КЪЕГА ЛО

Іаннаш тІехь малх а бу суьйренга лесташ,
Лаьмнаш тІехь ло къега даржийна суйнаш.
Хаьа сан бац хІинца ницкъ цу тІехь кхерста,
Амма сан кІант хир ву цунна тІе вуьйлуш.

Со цига ца кхачарх сан кІант ву кхочур
Мел ирхе делахь а ламанийн некъаш,
Аьрзун дог кийрахь ду, новкъа дац очакх,
Муьлхха а дарц лан ницкъ бу цуьнан некхан.

Сан кІентан дукха бу доттагІий майра,
Сирла а, паргІат а ду церан дахар.
Церан лан дезар дац шайн дайша лайнарг,
ХІоранна кхочур ду шен ирсан дакъа.

Лаьтта тІехь ирс долуш паргІат уьш леларг,
Синкъераме дахар хилийта церан.
Къийсамехь вай берриг ницкъаш дІабелла,
Махкана тІелетча мостагІийн гІера.

Ламанийн баххьашкахь кІайн ло ду къегаш,
Морхаша некъ беччу соьга дІакхойкхуш.
Амма цу тІевала гІора дац соьгахь,
Ас и лам ларбина, мостагІий бойъуш.

ХАЛКЪАН ЙОІ

«Фоу» — моз бохург ду чергазийн,
Фоусат сох элин дас-нанас.
— Моз да! — бохуш бераш цІийзарийн
Аз ду хезаш суна кхІинццалц.

Нене йист хуьлура со йоьлхуш:
— ХІун цІе ю? Цул вон хІума хир дац! —
Ткъа нана хуьлура сох йоьлуш:
— Ден дас тиллинарг бен кхин цІе яц!

Ден да волчу хьодура сихха:
— КъорІанна тІехь аьлла Фоусат —
Халкъан йоІ, халкъан зезаг башха —
Іаьрбийн маттахь маьІна ду цуьнан.

Мазал мерза цІе хьуна тиллин,
И цІе хьайна хьакъ ахь хилийта —
Вайн халкъан хьоме йоІ а хилий,
Некъ бе. БІаьргех хиш ма эхийта! —

Кхин а чІогІа йоьлху со доьхуш:
— Лаац суна нехан йоІ хила,
Сан цаІ ю нана, кхин ца оьшу,
Ткъа, аша суна кхин цІе тилла!

Шераш уьду... тІом... Іилма Іамор...
Ткъа хІинца елира со ларор
Халкъана хьакъ йоллу йоІ хила
...Кхин ирс суна хьашт а ца хилла!

БАКСАНО БУРОШ ХЬИЙЗАДО

(Илли)

Бурош хьийзош хьаьдда Баксан
Маьлхан серло яьржина.
Мичахь ю хьоме Марьян? —
ЙогIий те со хаьржина?
Хьаьдда Баксан, кхехка Баксан,
МаьркIажан бода богIу,
Хьо йогIий со хьоьжу Марьян.
Сан даг чу тулгIеш йогIу.

Буьрса Баксан, дера Баксан,
Бердех шен тулгIеш етташ,
Хила мега хьоме Марьян,
Сан безамах ца тешаш...
Сов тамехь дека хьо Баксан,
Бурош а хьийзош керчаш.
ЙогIуш лаьтта и сан Марьян
Со волчу елакъежаш.

БАЬЛЛИЙН ДИТТАШ

Беран хенахь цара беша
Баьллийн ши дитт дуьйгIира,
Цара ирс тIедаре хьежа
Ший а реза хуьлура.

Кхуьуш дара ший а дитт а
Юх-юххехь сов хьийкъина.
Бераш кхуьу, кхуьу дитташ
Бераша хи диттина.

Цхьаьний кхуьуш даккхий хилла
Дитташ, бераш кхиира,
Баьллаш тIехь йиш лоькхуш хийла
Лечкъардигаш дийкира.

Кестта баххьаш вовшех ийна
Дуьйлира уьш шабарш дан,
ТIом иккхинчу дуьрчу дийнахь
Вахара кIант мохк ларбан...

Хала некъаш дукха лайна,
Вахчавина халоно,
Ша цIа воьрзуш, шена дайнарг
Дагахь латтадора цо.

Ша цIа кхоччушехь, мох санна,
КIант шен беша хьаьдира:
Цхьа дитт дакъаделла ана
Лаьтташ цунна карийра.

ГIайгIано дIалаьцна кийра
Чувирзира тIаккха и.
Пенах тоьхна сурт карийра
ЙоьIан, шеца волуш кхин.

Сихха хиллачух а кхетта
Чуьра аравелира, —
Бералла, хьо гена дедда, —
Цо ша-шега элира...

Адам ма дац дечиг санна,
Лазош хуьлу цуьнан дог.
Дагах ловза цхьанаъ ханна
Мегар доций хаа, йоI.

ТIамехь йинчу муьлххачел а
Хала ю лан деган чов,
Даго дерриг ша дIаделларг
Дихьча цхьанна а ца тов.

БАЙНА БЕЗАМ

Ширделла гIан санна, лаьтта
Суна хьалха яхна хан.
Сан ший а куьг буйна лаьцна
Лаьтта моьтту везарг сайн.

Бос а байна, бало хьаьшна
ГIора доцуш лела со.
Сан доттагIий, соьга хьаьжча,
Кхулу, доцуш лаца гIо.

Буьйса тоьлаш хета дийнал,
Дека хьан аз сан лерехь,
Хьалха санна хьо ган хийла
Йолу со хьан цIийнал тIех.

Хилла дарий дагахь суна
Езаялар хьуна кхин,
Хьуо сил дукха везачунна
Ахь хоьцур дуй бIаьргех хи?!

Хьо ву бохург кхечун долахь
Сан дагна лан хала ду.
Ахь и хьоьсту хир ю олий
Хьалха хIуттуш бода бу.

САЙН ДЕШАРХОЧУЬНГА

Ирс долуш вехийла хьо,
сан дешархо!
Хьайн сирлачу хIусаме со веъча,
ХьагI йоцуш, биэзамца тIеиэца ахь со,
Ло суна меттиг а хьайн кхерчахь.
Ас боккха гIирс а хьоьгара боьхар бац.
Хьан даге некъ лоьхуш лиэла со.
Цу новкъа со тахна дуьххьара ваьлла вац,
Делахь а, атта дац суна и карон.
Сан деган лаамна хьо орцах вала —
ДIавига со хьайца цхьаьна цу новкъа.
Со кийча ву — хьан деган лаамна.
Ткъа хIун дер, вац со матта говза,
Делахь а,
и къоьлла осалал яц-кха.
Къийвелла висанчохь кхакха а ду дезар.
Хьан хьехархо мила ву? —
ахь соьга хаттахь:
И Кязим ву*, аьлла ас хьуна жоп ло.
Баттара даьккхина тур санна ирбеш,
Шен хIора могIа а лерина язбеш,
Дахчийна дог эцна велира и тIаме.
Хьехархочунна тIаьхьакхиар тарлац сан,
Со бери ледар ву, дин а иштта бац.
Сан нийсархо Керим** ахь аьлча и ша ду,
Тхойшинна дой цхьабосса лиэлаш ду.
Шед тоьхна ас луьйта таIийча,
Цул хьалха-м вала а меги со.
Назманаш йоцу халкъ — декъаза тIаьхье ю,
Назманаш йоцу халкъ дийнахь а дехар дац.
Ламанхойн дог-ойла ца шелъян —

---

* Кязим Мечиев — гIараваьлла балкарийн поэт.
** Керим Отаров — балкарийн хIокху заманан поэт.

Хаалахь, назманча а ца хилча валац.
Ирс долуш вехийла хьо,
сан дешархо!
Хьал-де шортта латтийла хьан хIусамехь,
Дог хьостуш, собар лойла хьан хIусамнений а,
Иштта бах хьоьга ас —

Кулин Кайсына.

ШОВДАНАН ИЛЛИ

Ламанах схьадаьлла
ДогIу со — цхьа шовда.
Мичахь бу шун чами?
Сан чоме шу хьовса.

Диканна — кийча ду,
Шаьш хьаглахь сох кIурд бе.
Сан тулгIен шелонца
Сиэданан цIано ю.

И сийна бай цоьстуш,
Хьун хьоьстуш, догIу со.
ДIо лекха поп бека —
ДегI соьца ловзош.

Iуьйренца кхеташ
Хьогуллех сту баькхи,
Ламанан мехкарех
ЙоI, лийчош, ас кIаййи.

ГIел ца луш лиэла со
Берд бе а новкъа бац.
Стигларчу морхера —
Туркх бен со кхин хIум дац

Гой хьуна сан чопа?
Сан букъ тIехь кхин мохь бац.
Ламанан со шовда
ХIорде бен сан некъ бац.

Лилбазал кхин доцуш,
Иштта ю сан амал.
Ма-дарра ас олу:
Со доцуш хIорд а бац.

ДАКХ

Шийлачу цу мохо ловзадеш,
ДІо лаьтта и хаза, кІайн дакх.

ГІелделла и, наб а ю тІегІерташ.
Гуьйренца мажделла цуьнан гІа.

Да хилла, тІейирзин и гуьйре...
Назмеца шарделла лаьтта дакх,—

Оьрсийн поэтийн дегнийн тем —
Хьох хилла гуьйренан хьуьнан да.

Хьо деъна тхан хьоме Кавказе.
Даймахке сатесна, чов хилла.

Башломе бІаьрг бетташ Лермонтовс
Хьо лийхи, хІай оьрсийн кІайн дакх.

ПОЭЗИ

Герзо санна морхаш хедош,
Лакхабаьлла лам бу хьо;
Дистинчу хин юьхьах терсаш,
Ахь хьайн маттахь къамел до.

Хьо ю толам кховдо байракх,
Мохо курра лестаеш,
ЧІогІа ю хьо, лаьмнийн гІайракх
Хьайн аьзнашца елхаеш.

ТІамехь лиэтан салти санна,
Стиглахь гІуьттуш детта ткъес;
Дезчу дийнахь еларцанна
Хуьлу къона хелхар деш.

Беречун и верта дегош,
ДогІа туху, декош Іин,
Хилла кемсийн хорхаш къегош,
Лепадо Іуьйренца тхи.

Говзаллица шаьлта артйо,
Іеманчун хьо говзал ю.
Эшадеш и лаьмнаш, аьрцнаш
Кхоссаялар хьоьца ду.

Хьо ю сан цу кІентан велар,
Баккхийчеран ойлехь ю:
Сийна гІо хьо — куьйгех леташ,
Ненан гІийла кхайкхам бу.

Хьо ю хьомечун и куьйгаш,
Со вина сан латта хьо.
Цигахь, хинна йисттехь, Іуьллуш,
Стигла берахь хьежна со.

Суна хьоме мел дериг а,
Дог дохдар а хьоьца ду.
Хьоьца бен бац вахан ницкъ а
Поэзи, со хьан кІант ву.

Дика дин ахь соьга белла
Тешамен цо лелаво...
Иштта ницкъ ахь соь ца беллехь
Сох хир бара бекъа поп.

* * *

БIаьрхишца доьлххушехь нанас
Некхах дIадоккху шен бер.
Амма ша дакхийтичхьана
Цо кхача лехац кхиберг.

Ша цхьаммо буьйцучу маттахь
Цо нене шен дехарш до,
Сатуьйсу, шен дехарх кхетта,
Массаьрга лацийта гIо.

Сов дика хууш ду нанна
Бераниг хIун дехар ду.
Бер делхар массо а ханна
Хиш хIиттош ду бIаьргаш чу.

Са бIарзлой, цкъацкъа и юлу
ДIабаккхан некхера кIурз.
Балдаш шаьш шабарш дан дулу:
«Некхах бер дац къасталур...»

Шен ненан шурин и марзо
Йиц ца еш и бер хилахь,
Хин ладарш цу ненан бIаьргех
Оьгур дац, тIаьхье еш къахь.

ФИЦА

ЭхI, тхан Фица, хьо ма гIийла,
Сингаттаме тахна го?
Болатан хьан говро тахна
Латта ма ца дегадо.

Товш ду хьоьгахь белхан духар,
Товш ду Iаьржа цIоцкъамаш,
Ховхачу вайн мехкарша хьо
Гуттар хуьлу хьехавеш.

КIеззиг йоIа хьо ца ларахь
Суьйре санна кхулу хьо.
Кхоччушехь хьо Ляна йолчу,
Iуьйре санна векхало.

Дерриг шарахь балхахь кхехка,
Балхо цкъа а кIад ца во.
Бригаде хьо схьа ма кхеччи
Поваро дов гIаттадо.

Вайн «Победи» тIе хаийна
Ляна хьуна ялор ю.
Хьан доттагIаша колхозхоша
Баккхийбеш са къоьрур ду.

ЭхI, тхан Фица, онда къонах
ОьгIазе хьо хIунда ву?
Тхуна цкъа а гина ма вац
Хьо гIайгIане хIинцачул.

Иштта хаттар оха дича
Фица гонах хьаьжира.
Цхьанне а шен дош ца хеззарг
Меллаша цо элира:

«Сарахь тхойша цхьаьнакхетча
Сан Ляница хилла барт,
Деза денош тIе ма кхеччи
И соь еъна ловзар дан.

Амма и де тIекхаччалц и
Къайлах лело деза тхан.
И тхайн къайле ларъярхьама
Кхола гIерта деза сан».

ЮЬРТАРА ЭЛЕКТРОМОНТЕР

(ЙоьIан дешнаш)

Нагахь нислахь сара хаьдда
Иза вовшах тосу ахь,
Тоьлаш дара хаьдда безам
Хьоьга вовшах хотталахь.

Бехк сан боцуш цатам бича
Дагехь бода хIутту сан.
Амма оьгIаз со ца йоьду —
Дагахь амат лаьтта хьан.

Тхешан чуьра лампа цIанъеш
Дагахь къамел хьоьца до.
Иза хьала летча суна
Моьтту сайна воьлу хьо.

ХIор суьйранна массо чоь ахь
Серло тухий къагайо.
Шо гергга ду, хьоме Хьасан,
Волу сан дог дагош хьо.

Вон ду кIант-стаг везавийча,
Ца лерича безам цо.
Сан ирс, хьомениг, хьо кхета,
Хьоьга гIерташ ду сан дог.

А. Шомахов

БІЕ ШАРАХЬ, КІАНТ, ВАХА ХЬО

«Нагахь дика кІант хьо велахь,
Къеначуьнгахь мохь а белахь,
Цунна новкъахь гІо ахь де:
И мохь цІа ца хьош ма Іе».
Ишшта хьехарш Худна дора
Ишшта хила и кечлора:
Нагахь кхетахь къенанига
ГІо ца деш ца вита и.
Олуьйтур ду аса сайна:
— Къонаха хьо ву сов тайна.
Иза кІезиг хІума дац.
Далур доцуш со а ваш.
Цкъа, школера цІа ша вогІуш,
Худна гира къена стаг,
Деза гали гихь а долуш
ВогІуш, халла бокхкуш кор.
— Вайша цхьана новкъа воьду,
Хьан юьхь тІера хьацарш оьгу,
Воккха стаг, ас дийр ду гІо,
Гали соь лой вола хьо!
Воккхачо, цкъа Худе хьаьжна,
Элира шен куьг а тесна:
— ХІара гали деза ду,
Жима хьо кхо талхор ву.
КІентан белш ю онда, чІогІа.
— Книгаш хьуо ахь, мохь схьалохьа!
Гали дахьаш Худна ву,
Портфель дадигахь а ю,
Элира цо Хунде, хастош:
— Хьан гІо хир со дагахь латтош
БІе шарахь, кІант: ваха хьо,
Дин ахь суна доккха гІо!

САЙН ХЬЕХАРХОЧУЬНГА

Бицлур бац, бицлур бац цкъа а –
Хьоме хьан амат, сан дагна,
Кховдош соь хьекъалан дакъа,
Хиларна ахь къа сов хьегна.

Де дийне мел дели Іемаш,
Кхетан ахь гІо суна дора.
Ца хилларг юьхьанца кхеташ
Довзуьйтуш со Іамавора.

Схьабуьйцуш дешнийн чулацам,
Ахь суна йоьллура къайле,
Іамавеш хьекъале кхача.
Йовзуьйтуш зама шираллин.

Яра хьо шуьйра дІайоьллуш,
Со Іамо, Іилманийн хьоста...
Къийсамехь сох дІа ца херлуш
Хьан амат бара со хьостуш.

Кхераме я маьрша зама
Хьо соьца йоцуш ца яьлла.
Ахь сан некъ сирла бичхьана
Дахарехь со гал ца ваьлла.

Селхана суна гин гІенах
(Я иза селхана хилла?):
Ахь новкъа, боьдучу гена,
Суо ваккхар, кхетам а белла.

ДАХАР ГІАЬТТИЧА...

Ломах къаьсташ боьжча чхаро
Іаннаш, бердаш декадо,
Тийна догІу шовда оцо,
Чу а бужий, лакъадо.

Цхьацца тІадам гулбеш, шовда
Чхарца къийсан долало.
Гуттар тийна хилла хьоста
Кхехкан, цІийзан йолало.

ГІовгІа йоккхий, Іаннаш декош,
И чхар нацкъар кхуссу цо,
ЗІенаш цоьстуш, гІоьмаш хедош,
Йоккху шена пургІато.

Хало, Іазап гуттаренна
ХІордан бухе дІахьо цо.
Керла дахар хІор а денна
Серладалан долало.

Іалам хьостий сама доккхуш,
Іаннаш чохь дІадаьржа хІо.
Олхазарш а, дог сан гІаттош,
Эшарш лекхан дуьйлало.

АСИЯТ

(Дийцар)

Аренийн паччахь-хьаьжкIаш кIелхьараяхан гIаьттира комсомольски звено. Сарахь асарна цуьнан тIетаIар тIамехь эскаран гвардейски взводан тIелатарх тера дара. Геннахь хезара «зап-зипп», «зап-зипп» лоьлхуьйтуш еттачу метигийн татанаш.

Лам тIера юкъ-юкъа схьахьоькхучу байчу махо ловзош, баьццара хIорд санна, арахь тулгIенаш етташ лаьттара гIодаюккъелц йогIуш лакхаяьлла хьаьжкIаш, гIийлла шур-шур а деш.

Меллаша дахлуш лаьттара суьйренан Iиндагlаш. ТаьIно-баьццарчу арахь, дешча санна, дIадайра уьш, тIаьххьара а малх ламанийн даккъашна тIехьа къайлабаьлча.

Болх чекхбелира. Еттачуьра севцира йохъелла метигаш. Бегаш-забарш йолаелира комсомольцийн-кегийрхойн звенорачу кегийчу наханий, мехкаршний юккъехь. Декаш долу даггара белар оьккхуьйтура цара юкъюкъа.

Геннара схьагучуелира грузовик. Иза схьакхачаре хьоьжуш звено Iачу йогIура иза хьаьжкIийн аренца дIаIуьллучу новкъахула, кIайн ченан кур а гIиттош. Улло схьа тIекхечира иза. Юха а хьовзийна, машина цIехьана сацийра къоначу шоферо, ткъа и бахьанехь машина, маршалла хоттуш санна, жимма охьатаьIира кегийрхойн синкъерамечу тобанна хьалха. Вовшашка куьйгаш а луш, чекхка цунна тIе хевшира кегий нах а, мехкарий а. ЦIехьа, юьрта боьду некъ юьхьарлецира машино.

Сарахь клубехь хелхарш хир дуйла а, цул тIаьхьа кино хир юйла а хиира кегийрхошна.

Хелхарш деха ца лаьттира. Клуба чуьра арадевлира адамаш. Билеташ дохкан йолаелира билетни касса.

ГIовгIанаш а еш, меллаша тIе а хуьлуш, рогIехь билеташ эцна бевлира массой а.

Кинога хьовса, юха а клуба чу бахара массой а. Амма Асияттий, Iалий-м ца дахара. ГIанта тIехь хиъна Iара и шиъ. Вовшийн дукхадезаш долу хийла йоIкIант Iийнера оцу гIанта тIехь, вовшийн безамна ямарт ца хилан дуйнаш а бууш, дато басахь кIайчу акхтаргаи гIаша, шекдевлча санна дечу шур-шуре ла а доьгIуш. Амма иштта вовшийн догъоьцуш гуттар а ца хуьлу кху тIехь Iийраш.

— Тешалахь, валлахIи, биллахIи, я хьо соьга маре йогIур ма ю, я со ирах а оллавелла лийр ма ву. Амма хьо маре яххалц собар дийр ду ас. Хьо шена йигинчун некхах хIара урс дохуьйтур ду ас, макъаро саццолц. Цул тIаьхьа шун цIеношна хьалхха ирх а оллалур ву-кх. ТIаккхий бен хуур дац хьуна хьуо хьанна чIогIа езаш хилла. Амма тIаккха тIаьхьа хир ду хьуна, Ася, оцу дерригенах а жоп далан!

— АхIу-хIай! Хьажахьа, суна хаа а ца хаара хьо иштта артист вуйла, хьуо чIогIа холчохь волчуха сурт хIотто дика хаьа хьуна. ЙоI езачо шен къамел цунна кхерамаш тийсарна тIера дIадолош хуьлу? Со кхеро ойла хIунда сацийра ахь?

— Хьо кхеро ца гIерта со. Хилан тарлург ду ас бохург. Цу хьокъехь ойланаш еха йийр йолуш вац со.

— Iалий, цхьацца ннех лаьцна дуьххьалдIа хьайга хатта бакъо лур ярий ахь суна?

— Хаттал хIета...

— Хьанна хаьа, дуьххьалдIа а, ира а хаттар дича, хала-м хетар дац хьуна?

— Хетар дац. Ас дуй боу-кх хьуна, делор хетар дац-кх! Амма бакъдерг бен-м ма ала. Алал.

— Ахь болх хIунда ца бо?

— Ой, сан дас, нанас болх беш доккхург тоьар дац суна ткъа? Болх кIезиг-м ца бо цара? Кхечарел вон бехаш бац тхан доьзал-м, иза хьуна хьайна а го. Хьуо а хьажал хьо, Асият, сан чул тоьлашха бедар хьенан ю?

Шен къорза коччий, цIузамаш санна, готта когаш болу сийна хечий гайтира йоIе Iалийс.

— Цул совнаха, хIор сарахь барамал тIех сакъералуш хIунда хуьлу хьо? Нийсса дIааьлча, малар хIунда муьйлу ахь?

— Ахь соьга маре ян сецца дош ца далар бахьанехь

муьйлу ас. Нагахь хьуна хаан лаахь, декъа молха санна эккхан кийча ду сан дог.

Вега а вешь, цергаш а хьакхийна, ши бIаьрг Асиятана тIебуьйгIира Iалийс. Асият цкъа жимма елакъежира. Ткъа цул тIаьхьа парггIат йистхилира:

— ХIа-хIан, кIант, сих ма лол. ЧIоггIа ойла елахь. Вайн нехан олуш ду: «Дукха сиха дахна хи хIордах ца кхетта». И ду, цкъа-делахь. Ткъа, шолгIа-делахь, ша болх а ца беш, стаг кхечеран къинхьегаман чоьтах вахар нийса ца хета суна. КхоалгIа-делахь, муьйлучаьрций, девнаш дохучаьрций, аьшпаш буьттучаьрций, шаьш шайн хесточаьрций, стилягащций гергарло ца тасан айса сайна чIагIо йина ас.

Амал еана говр шедо санна морцура Iалий Асиятан тIаьххьарчу дешнаша. Бехкала вохуьйтуш корта охьабахийтира, синтем байна бIаьргаш лаьттан бIаьра хьовсийра цара цуьнан. Шен лере мел кхаьчна хIор дош шен йогучу бесни тIе тоьхна шийла тIара санна хеталора Iалийна.

Вист ца хуьлуш Iийра Iалий вехха, корта а теIош, тIаккха, чIоггIа куьг а тесна, элира цо:

— Дика ду! Хинда шена ахьа ма бохху! Оцу ахь дуьйцучу сакхтех цхьадерш сох а дохку. Сихлур вац со, собар дийр ду ас. Сайн образованега хьаьжжина болчу балха а гIур ву со. Хьуна хуьлийла ма лаъара хилан дош ло ас. ДIахьажал, и хьаллара стигал а, хIара латта а тиэш ду-кх цунна. Амма, ткъа ахь лой дош соьга маре ян. Ло ахь я ца ло ахь?

Асиятан делакъиэжачу Iаьржачу бIаьргашна чу хьаьжира Iалий. Собаречу, синтемечу йоьIан деган къайле ган гIертара иза цуьнан бIаьргашна чохь. Жимма йист ца хуьлуш Iийначул тIаьхьа кIеззиг корта таIийра Асията. ЙоIа дош даларан билгало яра иза.

Асияттий, Iалий къамелаш деш, вовшийн бIаьра хьоьжуш Iашшехь кино чекхъелира. Электрически лампанаша серлаяьккхира клуб, дIаеллаелира наьIарш, гIовгIанца ара таттаделира адам. Вовшийн дезачу йоьIан, кIентан даггара ден къамел хедира.

Клуба чуьра арабевллачу шега нийсачу мехкаршна тIеяхара Асият, кегийчу нахана тIе Iалий а вахара. Шайн-шайн урамашка гIовгIанца дIасабекъабелира кегийрхой берриг а. ЦIа доьрзу хан яра. Кхана Iуьйранна сатосуш балха тIехь хилан дезара.

ХIинца шен хеннахь цIа веара Iалий, амма наб ца кхеташ вехха Iиллира. Буьйса юккъе яхан герггалц ойланаш йира цо. Цкъацкъа, Асията даьхна биэхкаш шерра къаьсташ декара цуьнан лерехь, ткъа юха, шеквоккхуш а, бехкбоккхуш а хилла Асиятан цхьа кIеззиг елакъежар гуш хеталора цуьнан бIаьргашна. Асията шена дош деллехь а, амма цо иза дикка ойла киэрчаш а йолуш деллийла хаара Iалийна. Ондда бахьана долуш а дара Асиятан ойла керчар. Амма, хIун дан деза ткъа? Асият реза ярхьама, шен амалш хийца еза Iалийс, кхин стаг хилла дIахIуттуш хийцавалан веза. Ткъа иза иштта атта дац. Вон гIиллакх атта марзлуш ду, амма атта диталуш дац, олу.

Бакъду, болх-м атта карор бу, амма бан хаан деза-кх иза а. Девнаш ца дохуш саца а лур ву. Амма и «шайтIанан хи» ца молуш муха Iалур ву и? Малар ца малан а, цигаьрка ца озан а собар мичара карор ду Iалийна? Иштта собар долуш Iалий хиллехьара, цхьа а воьлур вацара цунах кхаьрдаш. ЖIаьлеш вовшахлеташ гича, я цицгаша ка-мIараш етташ гича, я тIилдигаш цIех а юьзна дера тийсалуш йохку нIаьнеш гича, Iалийх белар дора забар яц говзачара. Ваха а вехий, бахьана а доцуш дов а доккхий, лиэтачу Iалийх тарлора царна уьш.

Цхьана сарахь, пхьор диъначул тIаьхьа, ча санна дерачу шен зудчуьнга вистхилира онддачу лохачу дегIара Iалийн да — Добай Саматов:

— ЛадогIахьа, Хахин йоI, воццчо велара ца аьн долчу оцу вешан кIантана вай зуда ца ялаяхь, цIа а, кхерч а доцуш, кхиэрсташ лелар ву иза, нахала а ваьлла. Суна ца тови амалш дукха ю цуьнан. Буьйса юккъе яххалц цIа а ца вогIу, нах санна Iуьйранна хьала а ца гIотту, делккъалц вуьжий Iуьллу иза. Сацо стаг воцуш лела, амма сацо-м везара.

— Моьттур ду-кх, хьо цуьнан гIайгIабеш ву! Оцу логан пхенах мIара а тесна хьийзаво-кх ахь и кIентан миска. Нахана-м шайн стечун кIентий а ма беза, ткъа иза-х хьан цIийх схьаваьлла ву. Хьох тера ву-кх иза. Дагалацал ахь хьуо жима хилла хан! И санна болу кегий нах, — бахара Хахин йоIа, Добайн зудчо, — цIа ца богIуш ши-ккхо дебуьйса а долу, цIерачарна царах хIумма а ца хууш. Цара ма ца ягайо церан юьхь. Кхечарел дукха ца лела вайн кIант сакъоьруш. И кхиэрсташ а ца лела. Хьашт доцуш ягайо ахь цуьнан юьхь. ХIинццалц схьа цо вийна

стаг а вац, я набахтехь а ца ваьллина иза. Ткъа цунна яло зуда-х яц. ХIа, мила ялор ю? Юй ткъа кху юьртахь сан кIентан зуда хилан хьакъ йолу йоI?

— АхIа, суна диц ма деллера хьоьца къийсарх гIуллакх хирг цахилар. Ас хи охьанехьа доьду алахь, и хьаланехьа доьду аьлла а со къарвийр волуш ма юй хьо-м. Вайн кIантана и ша санна йолу йоI каро хала ду бохург а нийса ду. Хьайн кIант мел маьттаза ву нахана ца хаьа моьтту хьуна?

— Везан дела яI, — элира Хахин йоIа Нальтеха, цIий а елла,— и сан лечанан кIорний айхьа мел сийсаздо ца хаьа-кх хьуна! Хьуна хаан лаахь, бIаьрг тIера дIа ца тилош цунна тIаьхьабевлла лелаш мехкарий а бу.

Йоций настарш йолу Нальтеха, боьмаша басарчу букътухучу гIента тIера хьала а гIаьттина, буьрса шен майрачунна тIейолаелира. Курра хаьнтIе ши кIуг а хIоттош дIахIоьттира иза цунна хьалха, шен баьццара, кегий, горга, оьгIазен бIаьргаш цунна тIе а боьгIна.

И дерриге а гуш а, хезаш а волу Добай хьалха а санна собареп варна. Цул сов, мелла а сакъераделла, вокхавеш вара иза. Къайле тосаеллера цунна. Шен зудчуьнга иза хьостуш вистхилира Добай:

— Хаьа суна, сан хьоменнг, сан бIаьргийн пур, ахьа цхьа бакъахьара гIуллакх ваьштадалийнийла. Иштта дуй и? Хьенан йоI ю боху ахь вайн кIантана тIаьхьаяьлла? Хьанна хаа, вуно куц долуш а, вайн нус товр йолуш а хилча тара-кх и...

— Иштта ду хьуна, вайн кIант суна дика вевза хьуначул, — дозаллаш дора Нальтеха.

— Нийса ду, хьуна дика вевза. Цунна шек вац со. Амма, мила ю и йоI? Я сох, хьайн майрачух, лечкъадо ахь иза?

Шен майрачун и тIаьххьара дешнаш тайра Нальтехана. Вагон нитташ санна морса йолчуьра хаза хьожа йолу зезаг хилла кIадлуш йоелира иза, жим-жимма йуолуш. Цундела, майрачунна езаеран кепахь делира цо жоп:

— Далла-х хаий иза, сох дуккха а хIуманаш лечкъадо ахь, ткъа ас хьох цкъа а, хIумма а ца лачкъадо.

— Хаьа суна, сан диканиг, хаьа.

— Цул совнаха, майрачо аьлларг юьртах чекхдоккхучу зударех а яц со. Иза хьуна хьайна а хууш ду.

Юха а оьгIазъоьхура Нальтеха. Чухула дIасаоьхуш лелара иза.

— Бакълоь хьо, сан диканиг, амма, алахьа, мила ю и тохара ахь йийцина йоI? Хьо оьгIаз ма тIол хьо. Со да ма ву. Вешан кIант ваха чуверзоран гIайгIа шиммо а цхьаьна бан ма беза вайша. Мила ю и йоI?

— Жашарбекан хьалхалерчу зудчо йина йолу йоI ю ас юьйцург. Селхана сарахь, хитIахь, вайн кIантаца кIеда-мерза къамел деш лаьттира иза, ехха. Хелха а цхьаьна долу боху и шиъ. Цу шиннан юкъаметтиг ерриг юьртана а хаьа хIинца. Ца кхета волу хьо цаI ву-кх и ца хууш.

Добайс воккхаверца хаьттира:

— Асият бохий ахь? И ирс-м мичара хир дара вайн! Дала иза вайн нус йинча, барам боцуш воккхавер вара со. Дала вайн нус йойла иза.

— ЭхI, боккха болх а бай и! Вайн кIентан хелхаран меха а яц иза.

— ХIан-хIа, ойла ян еза: цхьана хелхарх вахар хир дац, болх бан а хаа деза. Хелхар а дика ду, илли а дика ду, амма дахаран бух — болх бу уггаре а хьалха. Лаан ца боху: «Болх ца бечо — ца йоу». Асият санна йолу хьуьнарен белхахо миччахь а ларор ю. ХIуъу дина а иза вешан нус ян еза вай, — элира Добайс, юхахьара амал йолу Нальтеха шена хетачунна тIетаян дагахь.

— ХIай, къонаха, — элира Нальтеха, — нагахь и Асият боху тIелхаг вешан кIантана вай ялийча а, цуьнан писчу дестечо, Камарията иза яийта ма езза йоуьйтур ю моьттиг хьуна? Шортта совгIаташ ца дахьа долу нус ца оьшу суна. Хьан несо хIун еана аьлла лулахоша хаттахь, ас хIун эр ду цаьрга?

Амма тIетаян аттачех яц Нальтеха. ЦIара тIе гIортийна цициг санна юхагIоьртира иза. Нальтехин сонтачу амалах кхоьручу Добайс ларлуш олура ша цуьнга эриг. Хазачу дашца хьостуш и тIетаян гIертара иза.

— Нагахь иза дика зуда хилахь, хIуманаш а хир ю, ирс а хир ду, кхетал хьо, сан хьоменига. Цкъа а нехан хIумане са ца тийсина ас. Хьаж тIе хьацарна пIелг а хьоькхуш сайн куьйгашца бечу балхах веха со. Дагадогlий хьуна хьайна а? Ас хьох беллачу томан меха дара ахь деана совгIаташ? Дагалацал ахь.

Добайн оцу дешнаша мелла а йойира Нальтеха. Цу шинна юккъехь эккха кечделла дов дIадижа доладели-

ра. Дикка ястаелира Нальтехин ойла, тІаьххьара а, реза хилира иза Добайс бохург дан — шен кІантана Асият яло.

Шен аьрхачу амалех Асият бахьанехь дикка юхаваьллера Іалий. Хьанна хаьа, хІилла хила а мегара и. Схьагарехь, бакъалгахьа веанера иза. «ЙоІе шега йола бохучу кІентан четахь и дуззий харцдерш хуьлу»—олуш ду. И хуучу Асията я тешамана Іалийга кера хІума а ца лора, я цунна башха чІогІа дош а ца лора. Ойла керчаш яра иза. Делахь а, Іалийга маре яхан, олуш ма дарра, яллалц цуьнца Іан ойла соьцура цуьнан.

Іалий волчу чу яхара Нальтеха. Байчу когара кІантана юххе а яхна, къамел долийра цо:

— Іалий, сан а, хьайн ден а дуьхьа алалахь бакъдерг. Хьайна хетарг дуьххьал схьаалалахь, эхь а ца хеташ. Вай хьох доьзалан да вича хІун дара техьа? Вуьшта аьлча, хьуна зуда ялийча? ХІинца хьан нийсархошна юккъехь цхьа а ма вац зуда ялоза. Со лойла хьан, бакъдерг ца аьн делахь...

Іалий цкъа бехкалавахарха хилира, ткъа цул тІаьхьа сацам боллуш элира цо:

— Нана, харцахьаранаш дукха лелийна ас хІинццалц схьа. Аш боххург дийр ду ас хІинца. Аш харцахьарачу... новкъа воккхур ма вац со.

— Дера, сан хьоменига, оха харцахьарчу новкъа ваккхалц хьо вахахь, дуккха а вехар ма ву хьо. Цунах тешалахь. Кхин цаІ а хатта лаьа суна: хІун хета хьуна, Асият бакъахьара йоІ юй?

— ХІунда бах ахь? ХІун ду цуьнан бакъахьара доцуш? Сол уьттазза тоьлашха-м ю.

— Сан еллачу ненан сара, иза сайн нус хилча, сайл ирс долуш кху юьртахь цхьа а хетар ма вацара суна. Дика ду хІета, сан кІорни, хьекъаленига, дІадижа, набъе. Хьо велла тІаьхьа ма юьсийла со.

Шен аьрру куьйган кераюкъ, кхел лозуш мочгІал лаьцна Іаш санна, чІенги кІел а гІортийна, стоьла тІе а тевжина Іара Добай, юха Нальтеха сехьа еача. Набаран тар туьйсуш Іара иза, кІанг зен яханчуьра иза юхаяре хьоьжуш. Юьхь цІеша а юьзна волу шен вехна кІант дуьхьал тосура цунна цкъа, асар деш йоллу Асият дуьхьал тосура юха. ХІетте а, Нальтеха чуеача, кІеззиг екхаелла йолчу цуьнан юьхьах бІаьрг кхийтира Добайн. ТІаккха леррина цуьнан бІаьра хьаьжира иза.

— Къонаха, — элира Нальтеха, — кIантана зуда ялоран гIуллакхан йист яккхан еза вай. «Аш боххург дийр ду ас», — боху цо. Ткъа ас и эхь доцу Асият хьахийча, цунна реза волу сурт хIоттийра цо. Схьагарехь, иза яло лаьа цунна.

Воккхавеш векхавелла хьала а гIаьттина, гIара ца волуш вела а велла, лохха дийца долийра Добайс:

— Цул тоьлашха йоI карор яц хьуна ерриг а юьртахь. Ирча ю? Хьуьнар долуш белхахо яц? Наха сий деш яц? Могашалла чIогIа яц? ХIун сакхт ду цунна тIехь? Хьекъал долуш а ю. Суна чIогIа товш ю иза. Ткъа цуьнан хIуманашший, сал-паллий жIезиг хиларх суна бен а ца хета. Хьекъаллий, могашаллий хилчахьана — хIумнаш а хир ю, ирс а хир ду. Асият болх дика беш а ю, йоза-дешар хууш а ю. Итт класс чекхъяьккхина цо. Лаахь, кхидIа деша йиш а ю. И хьовха, иза заочно доьшуш ю а моьтту суна. Хьанна хаьа, вайн кIант а волавала мегара-кх болх бан а, деша а. Аьлларг дан туьгур волуш вац иза вуьшта. И захало хьахо нах бахийтан беза. ХIун хета хьуна? Хьуна луъург дийр ду-кх вай.

— Со дика реза яц-кх цу Асиятана. Кхоьру со. Вайн кIант шен кера верзор ву муцIабоьлла бIаьргаш болчу Камарията, шен мерайоI вайн кIанте маре еанчул тIаьхьа, — элира, корта а ластийна Нальтеха шен майрачуьнга.

Амма шен кIентан хала амал дагаеара Нальтехана, жимма Iийча. Шен сацамна тIера дукха хьолахь юхавалан туьгуш вацара Iалий, и шен сацам нийса ца хилча а. Иза хаьара Нальтехана. Цу гIуллакхо йоялаза ца ялийтира иза. Цхьа муьста хIума кхаьллича санна, балдаш ваьшта а таIийна, чIогIа бIаьргаш хьаббира цо.

— Со а... реза ю. КIанте къамел де ахьа а. Соьга ша аьлларг цо нагахь хьоьга а алахь, тIаккха захало хьахо нах бахийтан беза кхана ЖашарбекагIаьрга, — элира Нальтеха.

ДIадижначул тIаьхьа а, наб ца кхоьтуьйтуш, дехха дийцира Добайссий, Нальтехий шайн кIантана зуда ялор дика дIадерзо дезарх лаьцна. Амма хьалхара котам декначул тIаьхьа набарш кхийтира царна.

Кестта Iуьйранна садаьржира. Добай а, Нальтеха а хьалагIаьттира. Амма Iалий паххехь наб еш Iуьллура. И самаваккхан бакъо ца елира Нальтехас. Добай балха вахан сиха-м вара, делахь а хIун дийр дара цо. Колхо-

зан бригадиранчул а чIогIа шен зудчунна муьтIахь вара Добай. Цундела собардан дийзира кIант самавал-лалц.

Вижначуьра хьалагIаьттинчу кIанта шена тIе хIума юьйхича, ларлуш, меллаша декачу озанца вистхилира цуьнга Добай:

— Делахь хIета, сан кIант, дукха вахарг, ас магабо Асиятан хьокъехь ахь бина сацам. Хьанна хаьа, кхин керла хIума дуй хьан алан, я оцу хьайна хетачунна тIехь соцу хьо?

Цкъа дега дIа а хьаьжна, юха чехкка цуьнгахьа букъ берзийра Iалийс, эхь хетча санна. Ткъа цул тIаьхьа:

— Мамега айса аьлларг бен кхин алан хIумма а дац сан, — элира.

Шаьш дагалаьцна гIуллакх кхочушдан сихо йира Добайссий, Нальтехий. Захало хьахо нах баьхкира Темиров Жашарбек волчу кестта.

Цхьа бутт баьллачул тIаьхьа и захало кхоччуш дийцина цхьалхадаккха а, той а деш дIадерзо а барт хилира. Болий а ца хууш чекхбелира бутт, амма Iалийс и барт бохийра, синкъерамен той хиллалц собар деш ца Iийра иза. Шен шина доттагIчуьнца барт а бина, Асият яздйра цо. Нуьцкъах яла а йина, шен ден шича Саметов Хажос волчу йоссийра цо иза. Iалийна доттагIаша— Эсенов Сульфагарий, Караев Барисбийссий — оцу саррахьехь кхайкхина Каирбек молла а Iалийна, цуьнга бусалба динан Iадатехь мах байтира, Асиятах Iалийн зуда еш.

Иштта, Асият дуьхьал схьа а ца ялош, цунах Iалийн зуда еш мах бира моллас. ЦIена пхеа соьман кехат кховдийра Сульфагара Каирбек моллега. Реза воцуш цкъа Сульфагаре а хьаьжна, тIаккха пхи сом жайни юккъе а диллина, иза че доьллира моллас.

— Дала ирс долуш дойла керла бахан хевшинчийн дахар. Барт цаI хуьлда, нус а, нуц а декъала хуьлда! — аьлла, кегийчу нехан Iодика а йина, шен шерачу Iасанна тIе а тийжаш, чехкка къайлавелира Каирбек.

— ХIинца гIуллакх чекхдаьлла, — бохуш, вовшашлахь дуьйцура шаьш шайх тоам хиллачу, Iалийна гIо динчу цуьнан доттагIаша, — хьенан бакъо ю мах а бина йолчу зудчун гIуллакхана юкъагIертан. Цуьнан шен а дац вайн лаамна дуьхьало ян гIертийла. Нагахь сан-

на цуьнан гергарчех я йиша-вешех берш муьлххарш а девне бовлахь, вай церан маIаш кегийир ю, кортош цIийха дузур ду.

Асият цхьаммо ядийнийла массарначул а хьалха Камариятана хиира, амма башха чIогIа иза гIара ца доккхуш IадIийра иза, хIунда аьлча, Асият мацца а хилла а Нальтехан нус хир юйла хаьара цунна. Асиятал совнаха Iалий а шен лаамна кIелвало дагахь яра Камарият, амма Нальтехин дагахь цунна нийсса юханехьа дерг дара. Цул сов, Камариятана шена бегIийла долуш хетара Асият ядийна йигар, иза маре йохуьйтуш дан дезаш хиллачу ловзарна харжаш ярх ша хьалхайолу дела. Халахетачуха сурт хIиттор бен и новкъа ца хетара цунна, мелхо а шен дагахь вуно йоккхаера. Йоккха муха ер яцара иза? Бер ца хуьлуш йолчу Камариятан куьйга кIел хьалха цхьа мерайоI бен яцара, ткъа хIинца Нальтехин кIант а хир ву.

ЧIогIа холчахIоьттира Асиятан да—Жашарбек. И де кхоьлира цунна. Аьрру куьйган берчъйоьлла шуьйра кераюкъ шен хебаршка ихначу хьож тIе а йиллина Iара иза.

— Нехан Iеддалехь сайн йоI бертахь маре яла таро йоцуш вара техьа со? — бохура цо. — Я соьца гергарло дезаш верг сох цхьана хIуманна чIир екха лууш хилла техьа? Сайн доттагIашна хьалха сан сий хIунда дайъи цо? Тхайх нахана белам а, кхардам а бойтур бац оха.

Хилларг шен гергарчу нахе дIаханйтира Жашарбека. Царах масех стаг веара Жашарбекагlаьрга. Асият ДобайгIаьргахь ю-яц хьожуш къайллах таллан ши стаг вахийтира, дегабаам Саматов Добайн кIантах беш хиларна. Амма кестта юхавеанчу цу шиммо схьахаийтира ДобайгIеран цIахь я церан кIант а, я Асият а цахилар. Асиятан гIуллакх Добайн кIантаца дозаделла хилар хIумма а бохург санна шеко ца юьсуш билгалделира.

Иза лоьхуш мел хьегна къа эрна хилира. Асият йигна меттиг ца карийра.

Амма шолгIачу дийнахь хиира Асият Iалийс ядийна йигний а, Саматов Добайн шича волчу йоссийна хиллий а, цунах Iалийн зуда еш бусалба диван Iадатехь моллас мах бинний а. Шайн невцаца, Iалийца, там бахьара аьлла СаматовгIара Жашарбеке дехаре бахкийтинчара аьлчий бен ца хиира царна иза а.

Цхьа кIира даьлча, вовшашца тайра захалш. До-

байгIаьргахь жимо ловзар хилира, цигахь юьртара кегий наххий, мехкарий кехатан пондаран эшаршца каден хелха а буьйлуш. Масделлачу нихан ах мелла кедаш хьалаайъина латтош, нус а, нуц а декъалдеш къамелаш дора баккхийчу наха, царна юкъахь Жашарбека а, Добайс а тIехь. Циггахь Добайна нус а гучуяькхира, Жашарбекана нуц а гучуваькхира.

ГIуллакх дикачу хорша дирзира. Вовшашна чу садиллина бертахь бара захалш — шиннахьаранаш а. Iалий а лортIа веара. Эрна кхиэрсташ лелар дитира цо, цхьаннахьа а болх беш а, доьшуш а иза ца хиллехь а. Зуда ялийначул тIаьхьа Iалий дикачу агIорхьа хийцавелла, бохуш дийцан долийра юьртахь лулахоша массара а. Асията а сакъералуш хIайтъаьлла бора болх. Цхьаболчу шен нийсархоша санна, шен мар валха ца вора цо.

Асият маре яхна бутт ма-кхеччи, Iалийн нанний, Асиятан дестечунний юккъехь чIогIа къовсам иккхира.

Цергаш а хьекхош, Нальтеха бохура:

— Цуьнан совгIаташа сан кIаййинччул бен дала юьхь ма кIаййойла сан несан! Дала эзар бале лоцийла иза. Цо со совгIатех санна, дала ирсах хьегайойла иза. Кхечу несарша шайн марнаношна тIорказашна чу а ца тарлуш дукха совгIаташ дохьу. Сан чу хьийзан хьакъ йоцчу хIокху тIелхаго, сагIадоьхурго, совгIатийн меттана суна кхардам беана.

Цо даръелла беттачу бартана жоп луш Камарията сих ца луш, гIеххьа сапаргIат бахара:

— Асиятан совгIаташна юккъехь ахь къахьегна хIумма а дацара. Хьан кIанта там кIезиг белла ца боху оха цхьаьнгге а. Кор а, корта а бац ахь дуьйцучун. Барт хIунда бетта ахь? Кхин хIун оьшу хьуна? Бакъду, Асият хIинца къен ю, хIунда аьлча, цо шен массо а хIуманаш хьуний, хьан гергарчарний дIаелла. Цуьнгара даккхан кхин хIума ца дисна хьуна, ша ахь цуьнан цIока ца якхахь.

Кхин а жимма хан яьлча, вовшийн яъал гамъелира Нальтехий, Камарияттий. Дуьхьал моссаза кхийти, вовшашна тIехбеттамаш бан йолалора и шиъ, шай-шай чIогIа тохан гIерташ маьхьарий а детташ. Церан марой а вовшашца гамбелира. Урамехь дуьхь-дуьхьал ца кхетархьама, вовшашна гатоссий тIехбовлура уьш, ткъа нагахь тилкхазбевлла дуьхь-дуьхьал Iоттабелча, вов-

шашка кIелдIахула хьовсура, маршалла а ца хоттуш. Нальтехин сутаралла бахьанехь дара иза дерриге а.

Шайн дай-наной иштта ийгIинехь а, Iалий, Асият бертахь Iаш дара. Баккхийчу наха вовшашна ен кхийсарш тергал а ца йора цу шиммо. Цул совнаха, цара лелочо шаьш шиннин а сий дойъуш хетара. Кхиэрсташ леларрий, мийларрий, хулиганаллий гуттаренна а дIатесна ша, Асиятаца вахан хиъчахьана дуьйна, бохура Iалийс ша а. Амма хIинца а балха ца вахнера иза. Бакъду, болх ца бийриг ца лорура цо ша, хIунда аьлча, цIахь Iаччухь стихаш а язъеш, зорбанан органашка кхоьхьуьйтура цо уьш. Амма цара уьш зорба ца тухура, цуьнан стихийн кхачамбацарш билгалдохуш жоп а доуьйтий IадъIара. Цуьнан стихаш стихех тера а яц, ткъа тера а, цул сов дика а ерш — кхечу поэтийн стихашна тIера схьаэцна ю, — бохура цуьнга. Амма шен стихаш ца магош жоп мел деа, Iалийс кхин а дукха язйора уьш, шен стихаш ца магош жоп лучарна кхин а чIогIа яппарш а еш.

Хьалха а санна, шайн колхозан комсомольски звенохь болх дика бора Асията. Ара балха яхале Iуьйранна а, балхара цIа еанчул тIаьхьа суьйранна а цIера дан дезарш дора цо: чу нораш хьокхура, цIенкъа горгам хьокхура, юург йора, хIуманаш йитта а ларайора. Массанхьа а кхуьура цуьнан каден ши куьг.

Мел и реза ян гIиртича а, шен марнана реза ян ницкъ ца кхочура Асиятан. Ткъа цул а коьрта, Асияте Нальтехан бIаьргашца хьежан велира Iалий а. Асиятана Iиттарш ян волавелира иза. Цунна тIечехаш мохь а беттара, цкъацкъа, мелла вехий цIа а вогIий, къиза етта а еттара цо, цхьа кIад а боцу бахьана а доккхий, цкъацкъа-м цхьа а бахьана ца доккхуш а.

Суьйре тIеяран а, болх чекхбаларан а, цIа ян дезаран а гIайгIа хуьлура Асиятана. Шен нийсархошна юккъехь лаьттачу хенахь сингаттамен ойланаш йора цо, уьш биц а лой. Вертанал Iаьржа, шал шийла бара цуьнан сингаттам. Машина юьртана герга мел гIоьрти, тIеттIа чIогIа детталора балхара цIа йогIучу хенахь Асиятан синтем боцу дог. Шен марнанас шега хIотто дерг хаьара цунна. Цуьнан Iиттаршкий, сардамашкий ла ца дегIа корта Iуьнкар хи чу эккха а кийча яра Асият. Цуьнан нанас бехк боцуш шена ен Iиттаршший, кхайкхо сардамашший майрачуьнга далхо гIоьртира

иза. Амма цо кIоршамен жоп делира цунна: «Хьо мегар елахьара беттар бацара цо барт. Кхидерг хаац суна, я сан ненан лаам кхочушбе, цунна кхитIе а совгIаташ а лой, я хIокху сан кех яла! И ду-кх сан хьоьга алан дерг. Кхийтин хьо?».

Эрна йора Нальтеха Iиттарш. Iалий шен зудчуьнца эгIа бахьана а дацара. Асията ден цIера шен хIуманаш схьаеъча, массо а цецбуьйлура церан дукхаллина. Амма и ерриг а хIуманаш цо Iалийн гергарчарний, йиша-вешиний совгIаташна дIайийкъира, ширчу Iадатана тIе а доьгIна. Нальтехана хьалха лаьтта несо совгIатана еанчу тайп-тайпанчу бедарийн, кIадийнийн барз цунна логгец богIура, бохуш дуьйцура.

Ша мел IаIийначу хIуманах елира Асият цхьана метте, чIим санна цIанлуш. Хьаналчу къинхьегамца цо мел гулдинчух иза яькккхинчу Iалийс дарлой мохь беттара: «Сан кех яла, боьха хIума!» — бохуш. Марнанас хьийзош са бIарздинера цуьнан. Балхара цIа еанчул тIаьхьа хитIа яхана хи а деана, уьйтIахь дечиг даккхан иза хIоьттича, дIахерйинчу наьIарехула къайллах цуьнга дIа а хьоьжуш, яппарш йора цунна Нальтехас. Асият, кухни чу а яхна, юург чохь йолу ишкап схьаелла йоьлча, Нальтехас мохь тухура: «Я хьан ден букъ а, я хьан ненан пIендарш а дац хьуна цу чохь» — олий. КIад а, мац а еллачу Асиятан цундела дукха хьолахь яазамалаза ша цаI дIайижа дезаш хуьлура, шена къахьделлачу цIа чохь.

Тохан са доцуш ша холчу хIоьттича, ден цIа а яхна, шен бала балхийра Асията. Добайгий, Iалийгий къамел дан ца хIоьттира Жашарбек: церан дог-ойла хаьара цунна. Амма Каирбек молла волчу вахара иза оцу сохьта. Цуьнга дийцира цо шен йоьIан гIуллакх, шен йоIаний, невцаний юккъехь мах бинарг иза хилча, Iалийс цуьнан даше ла дикаха дугIур ду аьлла хеташ. Амма моллегара гIо ца хилира. «Майрачунна там берриг дайтан кхоьллина зуда сийлахь-воккхачу дала. Майрачо бохург хIуъу а — цуьнан зудчунна закон ду. Нагахь хьан йоIана марера схьаялан лаахь, иза суьдан гIуллакх ду, сох хьакхалуш дац», — элира моллас.

ШолгIачу дийнахь районни центре а вахна, халкъан суьдахочуьнга арз дира Жашарбека. Ткъа цо, яз а дай, сельсовете арз ло, аьлла хьехар дира Жашарбекана,

цуьнга ла а доьгІна. Цул тІаьхьа Жашарбеках мелла а бехк баькхира халкъан суьдахочо Іусмана:

— Зудчунний, майрачунний юккъехь динан Іадатехь бина мах законо къобал ца бо, — элира цо, — керла цхьаьнакхеташ долу мар-зудий Загсе а дахийтина, цигахь акт а яздайтина, майрачуьнга а, зудчуьнга а, тешашка а цу тІе куьйгаш яздайта дезаш хиллера. И динехьара, хІинца атта хир дара и шиъ дІасакъастораш, бахам бекъараш гІуллакх дерзо. Юьххьехь дуьйна нийса ца дина аш, Жашарбек, гІуллакх. Закон ма дохаде мел бахан деза! Зудчунний, майрачунний юккъехь динан Іадатехь беш болу мах — иза нах Іехор ду. Мосазза баьхна шуьга иза? Динан Іадатехь мах барна хьайн йоІ ша а дуьхьал яра боху ахьа-х айхьа а, ткъа цуьнан лаам кхочуш хІунда ца бира аша, Загсехь документаш хІунда ца дайтира? «ДогІа сецначул тІаьхьа ца кхуллу верта», — олуш-м ду. Делахь а, шайн бакъо йита ца еза. Нагахь сельсовете гІуллакх ца далахь, юха суна тІевола. Загсехь дина документаш дацахь а, тешаша гІо дийр ду.

Амма Іусмана бохург ца дира Жашарбека хІинца а. Шен яхарх-Іерах хиндерг ца хууш ойла йоьхна холчахь йолу Асият бІаьрга ван а ца везачу майрачун цІентІе дІахьажийра цо юха а. Амма Асият, йоьддушехь цига а ца йоьдуш, ара балха дахана долу шен звенора зудабераш долчу яхара. Зудабераша го бира цунна. Цуьнан гІуллакх муха ду хаа гІоьртира уьш, амма Асията хІумма а ца дийцира. Селхана ша метаг лаьттах йоьллинчу а яхана, иза схьа а эцна, шен доттагІашна тІе юхаеара иза. Цара юха а го бира цунна. Хеттарш дан долийра Асиятан бала кхаьчна долчу зудабераша:

— Асият, балха тІаьхьа хІунда йисира хьо? Хьуна хІун хилла?

— Могуш яц хьо? Я Нальтехас халахетийтина хьуна юха а? Цо селхана Камарияте, ца олуш хІума ца дуьтуш, бага лиэеш хезира тхуна.

Коканаш санна Іаьржа Асиятан бІаьргаш хих дуьзира. Деха, Іаьржа бІаьранегІарш ваьштахьаьбира. Иштта лаьттира уьш цхьана минотана. Асият, бІаьргаш а биллина, шена гонахарчу зудаберийн бІаьра хьаьжча, дакхий хин тІадамаш хьаьлхира цуьнан чукхеттачу беснешна тІехула охьа.

ХIинца массара а тIетаьIIина хаьттира зудабераша Асияте:

— ХIун ду хьуна хилларг? ХIун бала бу хьоьгахь берг?

Хорам беш легашка хьалагIоьртинера Асиятана шен кийрара берриг а бала, цу минотехь иза дIабийцалучохь яцара иза. Амма, жимма меттаеъча, кIоргга доккха са а даьккхина, меллаша, сапаргIат, доттагIашна шен бала балхо йолаелира иза.

— Зудабераш, сан хьоменаш, айса сайн дакъаза яьккхина ас. Вай ца дезачо бен ма дойла ас динарг саннарг. Ерриг а юьртана йовзара и жуккар, цхьана сан ца кхечира-кх хьалххе и йовзан хьекъал. Хи чу кхоьссира ас синтем боцу сайн корта. Кога ирахIоьттичахьана айса вовшах мел тоьхна хIуманаш Iалийн нанний, гергарчарний дIайийкъира ас, цо ло аьл-аьллачунна. ХIинца, лергина баьлла уьстагIа санна, эккхийна кех яьккхина. «Сан нанна ца еза хьо. Сан керта кхин хьайн лар ма ялахь», — боху Iалийс. «Хьо кху чуьра дIаяьлла де маца гур ду техьа, ва эхь доцу шелIа?!» — бохуш, маьхьарий а детташ, чукхийссало суна цуьнан дай-наний а.

Шайна и хезча, чIогIа оьгIаздахара зудабераш. Асиятах къахетара царна массарна а. Асиятан догъиэца гIертара уьш.

— ХIан, дика ду, и дуьтур вай, — элира Асията.— Шайна цунах хало ма ел. Со бахьанехь шайн болх сацийна аш. Эрна хIиттина ца лаьттар вай.

Метиг белша тIе а йиллина, хьаьжкIашна тIе яхара Асият. Шен гIуллакхана асар а бехкен долуш санна, цо, ченан кIур а гIиттош, чIогIа еттачу ирачу метиган тата геннахь хезара. Асар деш шуьйрра аса дIахьора цо. Асар цIена дора. Йист а ца хуьлуш бора болх Асията, ткъа цуьнан доттагIаша Асиятан хьокъехь шайн къамел а ца сацош бора.

ХьаьжкIашна асар дина елира Асиятан звено. Амма, Iалий а, цуьнца кад муьйлурш а санна долу асарш карадора кегийчу нахана юккъехь. Цунах цатам баьллера зудаберашна, царна хьовха, кхечарна а. Сарахь цIа гуттар а эшаршца догIуш хилла зудабераш, цу сарахь, эшарш а ца лоькхуш, кхоьлина Iаш дара машина тIехь. ЧIогIа оьгIаздахана а дара царех цхьадерш.

Юьртан йисте кхечира звено. Хьалхарчу бригадан

базе дIахьаьвзира машина. Цу тIера охьа а диссина, шайн-шайн цIехьа дахара зудабераш массо а. Вуно дегаза шен цIехьа йоьдуш яра Асият а, Нальтеханий, майрачунний дуьхьал кхачарх ша кхерахь а.

Асиятан босбайна юьхь а, гIийла болар а гина, иза цIа эцна яхан сацийра Хьалиматий, Эзамий.

Юккъе хIоьттина йоьдуш Асият а йолуш, яхана ДобайгIеран кетIа кхечира и кхо доттагIа. Царех бIаьрг ма кхийтти, мохь бетта волавелира Добай, ирх а яхийтина лестош керахь шалго а йолуш:

— И эхь доцу шелIа хIунда даладо аш кхуза? Сан бIаьрга ма гайталаш иза. Шен ден цIа яхийта, цига яхан шена ца лаахь, шен хьашт долччу а гIо-кх!

Буьрсса кетIахьа схьаволавелира Добай.

— Ой, шен цIа йогIуш ма ю хIара. Шун нус, Iалийн зуда ма ю хIара. Асият цхьана баттана ялхо хилла шайга еана ю-м ца моьтту шуна? — элира Хьалимата.

— ХIинца ялхой бац, и хоалда шуна, — тIетуьйхира, шена хезначунна оьгIазъяхна делахь а, я эхьхетта делахь а цIийеллачу Эзама.

Цу хенахь цIеххьана дIаеллаелира ДобайгIеран цIеноЙн арахьара неI. Схьа араиккхира хIинццалц чуьра къайллах арахьоьжуш Iийна Iалий, схаьгарехь хIинцца ирдина къиэгаш долу диг а карахь.

Къаьркъа мийларна йиш хаьллачу, цIийзачу озаца мохь беттара цо:

— Тахана стаг вер хIумма а болх хетар болуш вац со. ХIара дов дахьаш даьхкинчун шун а, оцу сий доццчу олхазаран-къийган а цIий охьахоьцур ду ас кхуззахь! Яхийта кхузара массара а! Яхийта!

Ягийча санна чуьра араиккхира Нальтеха а, мохь а бетташ:

— IадъIелахь, сан хьоменига! Иза а йийна стаг вийнарг хилан ца оьшу! И мегар доцу жIаьла-м оха тхаьш а эккхор ду хьуна. Сих ма лолахь, сан хьоме кIант!

— Хьай, дIовшен лаьхьа яI! Хьай, саьрмак яI! — Асияте мохь беттан йолаелира Нальтеха. — ДIаяла бIаьргана гучуьра, кхин хьайн лар схьа ма ялахь кхузахьа!

— Ши йоI, шуьшиина го-кх кхара ен гIовгIанаш,— элира Асията.— Со а кхунна бехкен ю моьттур ду нахана. Дуьло, дIагIор вай, ерриг а юрт кхуза гулъялале. Эхь ма ду хIара.

Шен шина накъостаца ден цIа еара Асият.

Добайс а, Нальтеха а, Iалийс а Асият тIе муха ийцира Камариятана дIадийцира Хьалиматий, Эзамий, вовшашка рагI а ца кхочуьйтуш, шиммо а.

ТIаккха, Асиятан, Камариятан мара а иккхина, церан Iадика а йина, дIаяхара и шиъ.

Дукха хан ялале цIа веара Жашарбек. Да цIа вогIу гича, дехьа чу яхара Асият. Дена хьалха бIаьргех хи ца долуьйтуш ца Iаяларна кхоьрура иза, цуьнан дог дохо ца лаьра щунна.

— Ва къонаха, тахана иштта дукха хIунда хьевелира хьо? — элира Камарията. — Хьо тахана къаьсттана чIогIа кIадвелла ву моьтту суна. Схьагарехь ишта хеталуш ву хьо.

— Иза эрна боху ахь. Башха хье а ца велира со. Бакъду, косилкашна ромент йина яларе хьоьжуш жимма хьевелира со. Тахана и чекхъяккха гIерташ дара тхо, оха и чекх а яьккхира-кх. — Хьуна хьайна а ма го, сан болар мел каден, хIайтъаьлла ду. Кхин хIун дан деза? Хелхавала-м ца веза со? — бегаш бира Жашарбека.

ТIехь забарш а йолуш болчу кедахь ян а еана, Жашарбекана етташура елира Камарията, иза балхара цIа веанчул тIаьхьа гуттар а санна. Ткъа цо кад бете ма биххьи, Камарията, тилкхаз а яьлла, ша олий а ца хууш, дIаэлира цуьнга Асият эккхийна цIа яийтар. И ма хеззи, керара кад охьабуьйжира Жашарбекан. ЦIенкъа кхетта кад юккъешхула ши ах хуьлуш буьйхира, цхьа ах цхьана агIор, важа ах вукху агIор дIаса а йоьдуш. Жашарбекан Iаьржа ботинкаш кIайийра тIеэттаеллачу етташуьреша. Камарията аьлларг шена хезча, екхна лаьтта стигала цIехьана къевкъича санна хийтира Жашарбекана.

Цхьа жимма хан яьлча, халахетта холчу хIоьттинчуьра Жашарбек саметтавеъча, дехьа чуьра сехьа еара Асият. ТIекхетта да мара а воьллина, цуьнан некха тIе корта а биллина, догIа санна, йилхира иза. Дега хIумма а ца алалора цуьнга, йоьлхуш. Амма, цхьа жимма хан яьлча, дагана кIеззиг хьаам ма хилли, дега дIадийцира цо мел хилларг дерриг а.

Оцу саррахьехь сельсоветан председательна Сулиманна тIевахара Жашарбек, хьастагIа суьдахочо шега

ма аллара. Цуьнга балхийра цо шен йоIера бала. Суьда-хочо а санна, Жашарбеках бехк баьккхира сельсоветан председателла а:

— Ахь, дукхавахарг, гIалат далийтина. ГIалат а далийтина, юха иза нисдан гIертачул тоьлаш хир дара иза ца далийтинехь. Кхетамечу адамаша тоххарехь дIатесначу динан Iадатехь мах а бой йохуьйту шайн йоI маре ахь а, хьо санначу цхьаболчара а. И хIунда до аш? Законо бохург хIунда ца до аш? Районера телефон тоьхна соьга. ГIо дан хьожур ву со. Амма и шиъ зудиймар ларан документ дац и багахь бина мах. ГIуллакх дика дац, делахь а, гIо дан хьожур ву со.

Жашарбек кхийтира шегара баьллачу боккхачу бехках а, ша далийтинчу гIалатах а.

— Бакъ боху ахь, — элира цо, — гIалат далийтина ас, амма хIинца кхиан хIума дац цунах. Бакъду, хIара иштта чаьмза дерза тардалар дага а ца деара суна.

— Хилан тарлург хьалххехь ган деза. Хилла даьлларг хьуна гарх — иза хьекъал дац, ткъа хилан тарлург хьалххехь хьуна гахь — хьекъал иза ду. Иштта ду гIуллакх. Кхийтин хьо?

— Кхийти, — кIоргга доккха садаьккхира Жашарбека.

— Дика ду, делахь. Кхана Iуьйранна сельсовете вола, хьалхехьо. Ма дарра яз а дай, хьайн йоьIан арз схьало соьга. Законехь ма дарра къастор ду гIуллакх. Амма атта хир дара нагахь хьайн йоI маре йоьдуш динан Iадатехь мах ца байтинехьара. Яздина акт дац хьан йоIехь зудчан а, майрачун а, церан тешийн а куьйгаш а тIехь. Делахь а, кхана сельсовете вола. Къастор ду вай. Цхьалхадоккхур ду вай. ГIуллакх ма дарра хуучара гIо дийр ду вайна.

— Баркалла хьуна, Сулиман. Ахь ма бохху, яз а дина схьадахьар ду ас арз, — элира Жашарбека.

Бакъдерг иштта дарехь а, юьхьа дуьххьал а схьаолуш председатель хилар чIогIа тайра Жашарбекана, шен йоI маре йоьдуш динан Iадатехь мах байтар бахьанехь Сулиманна хьалха цIийвалан шен дезнехь а. ГIуллакх къасто цо деллачу дашах там хилла веара Жашарбек сарахь цIа.

Динан Iадатехь зудчун бина «мах» — бодане гIуллакх дуйла а, ткъа бодашкахь ор чу эккха тарлой а,

тIаккха цу чуьра хьалавала хала дуйла а хаьара цунна хIинца. Нийсонехьа хала къийсам латто безарг хиларх кхетара иза. Амма иза, и нийсо, шен йоIехьа юйла хаьара цунна.

Масех де дIаделира цул тIаьхьа. Асиятан, Iалийн гIуллакхан хьокъехь лиэбан нах сельсоветей, халкъан суьдей кхийлар чекхделира. Асияте а, Iалийга а, церан цхьаболчу юьртахошка а повесткаш яьххира халкъан суьдера. Барт а хилла дIадоьрзур ду гIуллакх, Асият Iалийга юха дIагIур ю, бохуш дуьйцура цхьаболчара. Кхечара нийсса цунна юханехьа дерг дуьйцура: — Кавказан лаьмнаш дIашарлур ду, и цуьнга юха ца йоьдуш, — бахара цара. Амма суд хуьлу де тIекхечира. Суьдан зал тIанкьаьлла юьзна яра адамех. Коьртара куй дIа а баькхина, суьдана хьалха лаьттара Iалий. ХIинца чIиркъен а вацара, кура а вацара иза, буьрсса бIаьргаш тIебуьйгIуш цхьа а кхеро а ца гIертара иза.

Суьдахой хеттарш дина а бевлира, Iалий жоьпаш делла а велира, тешаш лебина а бевлира. Ломахь мох санна, декара зала чуьра адамаш. Асият ен цо кхерам тийсарна а, цо цунна тешнабехк барна а, еттарна а Iалийна суьдо буьрса, амма нийса приговор кхайкхийча, зала чуьрчу адамаша тIараш туьйхира.

Къоначу, нуьцкъалчу шина милиционеро набахте виган араваькхира Iалий. Царна тIаьххьий сихха зала чуьра арадуьйлура суьде ладогIа даьхкина адамаш. Iалий муха воьду хьуьйсура уьш. Ткъа иза корта а оллийна воьдура.

Цул тIаьхьа масех минот яьлча, доьхна хьийзачу адамийн тоба гулъелира суд чохь йолчу цIенойн уьйтIахь. Хи чохь куршка а карахь цхьа йоккха стаг яхара цига едда. И хIун ду хьажан цига тIедахана тхо чIогIа цецдевлира. Ча санна дера, мохь бетташ, бIов бохуш а, дуккха а хенахь яьхна къена йоллушехь дегIехь ондда ницкъ болуш а йолу Нальтех яра дог гIелделла Iуьллуш. ЦIаста санна цIий а велла, хIумма а бохург санна воьхна а воцуш, гIе а хIоьттина шен зудчуьнга хьоьжуш лаьттара Добай.

Шен кIантана хан тохарна гIелделла ца хиллера Нальтехан дог, ткъа шен дерриг а хIуманах доьалгIа дакъа Асиятана хилла зен меттахIотто цунна дIадалар тIедожош суьдо кхел ярна гIелделла хиллера.

Асият шен да волчу цIа еара. ХIинца иза цхьаннах а кхера а ца кхоьрура, гIайгIанен а, кхоьлина а яцара. Шен нийсархошца цхьаьна ара колхозан балха а оьхура иза, хьалха а санна. Амма, делахь а, биэн бохийнчу чIегIардагах тера хетара цунна цкъацкъа ша. Маре йоьдуш динан Iадатехь «мах байтар» бахьанехь шен хIуманех цхьадолчу декъах яьллера иза. Амма, шега йола бохуш чуьраваьлла «тIехьийзачу кIанте», иза ма варра вевзина а валале, маре яхар мел телхина ду хаийтира Асията динчу марено цунна шена а, кхечу дуккха а зудаберашна а.

Амирхан Шомахов

САЛИМА

(Очерк)

Шийла яра гуьйре. Гуьйренца дуькъа дохк хуьлура, наг-наггахь дерз а догIура. Сан майра хIетахь Прохладнина гена воццуш эскарехь гIуллакх деш вара. Со кесткеста йодара иза волчу. ГIаш бора аса 30—35 километр некъ. Тхан колхозехь чIогIа кIезиг яра хIетахь вордан-наш, ткъа тIекхаьчнарг уггаре коьрта — ялташ чудерзоран мур бара, ерриге уьш арахь оьшуш яра. Боккхачу некъана юьстах лаьтташ яра тхан юьрт, некъа машина кхетар ю бохийла дацара. Амма со хIетахь къона яра, кIадъялар хIун ду цахаара. Со и волчу яхча, иза волчу эскаран декъехь сайн хьомечу майрачуьнца хан а йоккхий цIа йогIура со.

Цкъа соьца и волчу еара сан марнана. Шаьш, схьахетарехь, кестта фронте дIахьавсо мегаш ду, цундела, шаьш юха догIуш шайца кIант валавахьара аша, цуьнан Iодика йийр яра ша, элира тхоьга сан майрачо, тхо ша волчохь долуш. Цигахь башха дукха а ца Iаш юха цIехьа, Кубе еара тхойшиъ. Со сиха яра, амма марнана сиха ян ца лора, ткъа оцо сан чIогIа сагатдора. Чехко йолалахьара хьо цуьнга ала йиш яцара сан: йоккха стаг вуьшта а кIадъеллера.

Тхайн хьеший бехачу Карагаче кхечира тхо сарахь. КIеззиг ойла а йина, марнана цигахь а йитина, ткъа суо кхидIа, Кубе яха сацийра аса. Сихха бода булуш латтара. Арахула суо дIаяха кхоьрура со, амма дан хIума дацара.

Гобаькхина гонаха сингаттаме тийналла яра. Некъах цатилархьама Малкаш олучу хин бердан йистаца йогIура со, и хи юьртахула чекхдолуш дара. ЧIогIа сиха йогIура со, сайна девзаш долу цIенош бодашкахь гучудевлчий бен садаIа ца сецира со. Суна тIерчу аьхначу

тужуркина тIера, суна даьллачу хьацаран юькъа Iа гIуьттура...

Иштта дуьйцура ша шен майра фронте новкъа вакхкаран хьокъехь Баксански районехь Ленинан цIарах йолчу колхозан гоьяьлла хьелиозархо йолчу Паштова Салимас. Цунна гонаха, шаьш бинчу хьомечу нанна санна, хевшина Iаш бара мехкарий-хьелиозархой. Салима цхьана минотехь ойла еш лаьттара, ткъа мехкарех цхьаммо шен хабар кхидIа а дийцар дийхира цуьнга.

— Тхан цIахь цхьа вацара, — элира цо юха а, — бер лулахошкахь диснера. ДIакхоччушехь цаьрга яхара со. Сан кIант чIогIа наб кхетта вара, иза самаваккха къа хетара суна. Сахиллалц собар а дай, са а даIий бен дIа ма гIо, бохуш сецайора со лулахочо. Амма эшалон Прохладнера дIаяхарна кхоьрура со, цундела Iуьйранга яла таро яцара сан. Тхан хабаран гIовгIано кIант самаваькхира. Маьнги тIе охьа а хиъна, шен даккхийчу Iаьржачу бIаьргашца леррина соьга схьа а хьаьжна, даима а санна сихха луьйш, цо соьга хаьттира;

— Мам, мам, хьо цIа еана? Папа а валийна ахьа? Аса хIинца хьала а гIаьттина, хIумнаш тIеюху хьуна. Со-м суо вогIур ву цIа, ткъа хьо сихха дIагIо, папина яа хIума лол ахьа...

— ХIан-хIа,—элира аса цуьнга,— со хьуна тIаьхьа еана, папас хьо а валош ша волчу йола аьлла соьга.

Тхо кечдала хIиттича, цо соьга хаьттира:

— Ткъа папа мичхьа ву?

— Калечихехь[1] ву, — олий жоп ло аса цунна.

— Вайн юьртал еха юй иза?

— Дера ю, сан кIант, вайн юьртал еха а, вайшинна гена а-м, хIумнаш тIейохий валал, сан хьомениг.

КIантана тIе йовха хIума а юьйхина, некъа баа кIезиг кхача а эцна, новкъа делира тхойшиъ.

Чехкка дIакхачархьама уггаре дуьхьал йолчу агIора аренгахула дIадахара тхо. Жимма садаьIча, лаьтта охьавоссавора аса иза, тIаккха суна юххехь уьдуш вогIура иза. ЧIогIа Iаьржа яра буьйса, амма со хIинца кхоьруш яцара, суна юххеваьлла вогIуш «къонаха» хиларна хила а магара иза. КIантах вуьззина стаг хуьлийла лууш вара да. КIантана тIехь бакъдолу чергасийн

[1] Калечих — ехха гIала, бохург ду гIебартойн маттахь, Прохладнех и цIе йоккху цара.

Іаьржа чоа дара, оцу басахь холхазан куй а бара, ткъа хенехь кхозуш шех терра жима шаьлта а яра.

Сатоссушехь эскаран дакъа долчу дІакхечира тхо. Кхузахь дуккха а салтий бара суна бевзаш, майра сихха схьалаха цара гІодора. ХІинца а, со кевне дІа макхеччи, суна тІевеара гІарол — хьаьрса месаш а йолуш волу жима стаг, цо соьга оьрсийн маттахь элира:

— Дукха хан йоццуш берриш а вокзале дІабигна, тахана фронте дІабоьлху уьш. — Со дика кхийтира цо аьллачух.

— Дукха хан яц уьш вокзале бахна, хьоьга цига йола ала аьлла цо... Алахьа хІоккуьнан цІе Муса юй?

— Ю, — аьлла жоп делира аса, — Муса.

Оцу сохьта кІант ги а воьллина, вокзале дІаяхара со, салтичунна ур-атталла баркалла ала а йиц а луш. Сагатлуш дог лозура сан. Со цІерпоштан некъана дехьайолуш ехха, чІогІа шок туьйхира цІерпоштан яйно. Кхидерг хІумма а дага ца догІу суна. ГІайгІанах, сингаттамах дуьзна бІаьргаш а долуш, буьрса дуккха а адамаш станцехь хилар дагІадогІу суна, царна юкъара зударий боьлхура. Жима зудабер санна со а йилхира. Майра фронте дІавоьдуш хиларна а доцуш, ткъа дуьхьалдІа иза сайна ца гарна, тхайн вовшийн Іодика ян таро ца хиларна, айса цуьнга ала кечдина марзонан масех дош со дІаала ца кхиаяларна йоьлхура со. Адамаш дІаса а дахна яссаеллачу вокзалан перронехь сой, сан кІанттий бен кхин гуш стагга а вацара, тхойшиъ перронан цхьана йистерчу акхтарган диттах дІа а тевжина Іаш дара.

Буьйсанна хан яьллачу хенахь цІа еара со. Байлахь дисинчу тхан цІентІехь аса дуьххьара йоккху буьйса яра иза. Сахиллалц чохь гІийла чиркх бегира. Йижа а ца юьжуш, стоьлан йисте а хиъна сайна дукха везачу стеган-майрачун доккхачу сурте хьоьжуш Іийра со.

Почталелорхочо наггахь бен цатохара сан неІ, амма хІетте а хІор сарахь ринже а йоьдий, тІоьрмиг белшах а тосий вогІу почталелорхо тергалвеш Іара со. ДІуо тхуна дуьххьал долчу цІа чу воьду иза, тІаккха юха а урам а хададой, юха а кхечу лулахойн чу воьду. Дог а лозуш, со йолчуьра меттах а ца йолуш латтара со. Сан цІенна юххехула тІех а вуьйлуш дІаоьхура пачталелорхо.

Кхин цхьа шо даьлча ирча кхаъ беара сан цІентІе ...Даймохк ларбеш Харковна юххехь сан майра веран

хьокъехь, «Майраллица велла иза» боху дешнаш оцу хаамна тІехь хилар дагадогІу суна. Хаа суна, Даймахкехьа, шен ненехьа, кхечийн наношкахьа, берашкахьа, сийначу кирхьана кІеларчу хІокху лаьттехьа, ша аьхначу, шена тІехь ша ялта лелийначу лаьттехьа къийсам латтош иза веллий хаа суна... Нагахь гонаха дика адамаш, самукъане болх ца хиллехь айса и бала муха ловр бара хаац суна...

Коьртара охьадеана кортали дІа а тодина, ткъа тІаккха шен къинхьегаман куьг цхьана агІора дІахьажийра цо:

— Гой шуна Малка-хин берда тІера тиша рагІу. Иза яр-кх тхан ферма. Цига балха еара со 1941-чу шарахь. Колхозехь берриге а 20—30 бен етт бацара. Цу тІе и хьелий а башха шура луш а дацара. Докъар ца тоара, ткъа хІоъ балар-м хьехо оьшуш а дацара. Кица ду аьттан метта буьххьехь ю шура, бохуш: дика кхобий — атто дуккха а шура ло, вон кхобий — шура ялар кІезиг хуьлу, иза хІоранна а хаьа. Керлачу кепара болх бан лууш дара тхо, амма оцунна оьшуш долу я хьелаш а дацара, я таронаш а яцара. Диканиг дукха далур дарий ншттачу фермехь...

ДІаяхана хан дага а еана, ойлане елира иза, шаьш колхозан бахам юхаметта хІоттор а, шаьш шайн цакхоош къахьегар, дуьххьарлерчу кхиамаша шайна хазахетийтар дагалоьцура цо.

— ДагодогІу суна, хІетахь чІогІа къен яра мачаш,— бохуш дуьйцура цо, — ткъа сан балха тІехь цахилча йиш йоцуш чІогІа оьшура калош. Баксане базара а яхана, цхьа пара калош ийцира аса. Царех кхо мах баькхира соьгара. Амма калош фабрикехь йина, цІена яра. Цаьрга хьаьжча уьш лело кхоам хийтира суна. Кхин хІорш саннарш эца таро маца хир ю техьа аьлла хетара суна. ТІаккха аса уьш леррина цІенчу гатана юкъа дІа а хьарчийна, тхайн доьзалан тІорказа чу дІаехкира, ткъа со сайн тиша кІархаш а дуьйхина лелара. Тхан ферманах терра дара сан доьхна кІархаш а.

Жимма соцангІа а хилла, елаелира Салима.

— ХІинца иштта калош оьшуш хьал дац соьгахь. ХІинца хьелиозархойх хІораннан а ша тайпа тІедуху духар ду. Цу тІе тхох дуккхах болчарна хІор шарахь а совгІаташ до, оцу калойл механа дуккха а деза долу. Ши шо хьалха республикан юьртан бахаман Министер-

ствос суна, масала, совгIатана делира пхьаьрсах доьхку дашон сахьт, цул совнаха бедарш тоьгу чарх, кучанна тIергIа кIади, хуьтан польто. Районо бедарш тоьгу чарх а елира, колхозо ялх Iахар а белира суна. Ткъа кхо шо хьалха колхозо эса а, цхьа эзар сом ахча а делира суна.

Шуна, схьахетарехь тергалделла хир ду, ситтина гамзар маIаш йолу етт ша озийта кхечарел хьалха суна тIебогIуш хилар. И ду шуна колхозо суна хIетахь совгIатана делла «эса». Къаьсттина тидам беш хьалакхиийра аса иза. ХIеттахьехь дуьйна суна дагахь дара иза доккха а хилийтина тIаккха иза ферме дIадала. Иза кхочуш дира аса. Цхьаберш сайх цакхеташ боьлуш хилар хаара суна. Сан лулахочо Гуашас Iиттарш йора суна:

— Хьайна совгIатана деллачу эсанах айхьа оццул хала хьалакхиийна етт хIунда ло ахьа ферме юха дIа, иза-х хьан бу, хьанал къинхьегамца баькккхина. Хьан метта со хилча, хIуъа а хилла латтахь а аса-м лур бацара хьуна иза иштта дIа.

— Аса хIун до совнахчу аттах,— олий жоп лора аса, — нагахь колхозан хилча а сан иза хилча, аса хIун до цунах. Аса дIадаханчу шарахь хьанала бинчу балхана суна хIара ял елла: 38 центнер кIа, 6 тонн хьаьжкIаш, 7 эзар сом ахча. Керлачу шарахь дуьйна ял ахчанца ло тхуна. Январехь аса балха тIехь даькккхира 1331 сом, февралехь — 1673 сом, мартехь 1706 сом, иштта лакхара алапа оьцу аса хIор баттахь а. Сайна деллачу ахчанах дика цIенош дина аса. ХIинца хьеший тIеэца меттиг а бу, хьалха билла кхача а бу.

Корехула чухезара говран бергийн тата. Салимас корехула ара а хьаьжна, элира:

— Тхан заведующи Iала ву иза. Колхозан ферманаш ген-генахь ю, массанхьа а кхача веза, говра тIера охьа а ца вуссу иза. Амма кестта тхан ерриге фермаш, ткъа тхан уьш пхиъ ю, Малка-хин бердан йистонца хир ю. Гой шуна оха хьелашна еш лаьтта гIишлош — дийнна дохнан гIала ю-кх. Оцунна оьшуш дерг дерриге а ду тхан: хи а, электричество а, силосана оьрнаш а, саьнгарш а, сийна докъар а. Ерриге фермаш кхуза схьаялийча, болх бан атта хир ду, адамашна самукъане хир ду. Кхузахь клуб йийр ю оха, колхозан правленис тхуна телевизор эца тIелаьцна. Кхуззахь тхуна юххехь библиотека а хир ю, йохкархо а воцуш тыка а хир ю. Чу а во-

лий хьайна еззарг эца, ткъа сурсатех богIу мах лара а ларий кассе айхьа охьабилла.

Хьалха заманчохь адамаша олуш хилла: «Юьззина бакъйолу зуда ю коьрте а хьаьжна куй бан хуург, дегIе а хьаьжна чоа тега хуург, когаш гича мачаш ян хуург». Цундела къоначу хьелиозархошна аса хьелий оза Iамийна ца Iаш, цIентIехь дан оьшу гIуллакхаш дан а Iамадо. Со цхьана хенахь оцу гIуллакхан говзанча яра, ткъа хIинца кегийрхошка дIало аса сайна зеделларг.

Тхан къамел юкъахдаьккхира хьелийн божал чохь хезначу гIовгIано. ЦIенкъахула дIатекхначу чийлакан тата делира. ХIун ду техьа аьлла хьовсадаханчу тхуна гира къона хьелиозархо Сусанна, йохарна куьйгаш охьа а хецна, меттах ца йолуш хIоьттина латтара иза, мера тIехь шурин тIадамаш а долуш, бIаьргаш хих дуьзна дара. ХIинца хIара оза гIиртина етт оьгIазе кхуьнга хьоьжура. Салима дош а алале дерригенах а кхийтира. Аттана тIе а яхана, букътIехула куьг а хьокхуш, масех дош а олуш, иза хьаьстира цо. ТIаккха шен дуккха а гина долчу куьйгашца аьттан шин а билина, чийлак кIел а хIоттийна, меллаша, паргIат етт оза йолаелира иза. Хезаш дара цIузамашна чуьра санна чийлака чу охьайогIучу шурин тата. Гуш дара етт озаран лаккхара корматалла йолуш хьелиозархо Салима хилар. Ша етт оьзна яьлча цо йоIе элира:

— Сан йоI, етт узучу хенахь кхин гIуллакхаш дицда деза. Хьайба мотт хууш дацахь а, амма ша хьаьстича хаьа цунна, адамах дулу иза, дикачу, шен гIуллакх девзаш йолчу хьелиозархочунна шура ца кхоайо атто.

Дукха хьолехь Салимас ша узу оза «хала» долу хьелий, ткъа «атта» дерш цо кхечаьрга дIало.

Шена тIечIагIдина долчу хьелех хIор аттера шарахь юккъерчу хьесапехь ялх эзар килограмм сов шура йоккху Паштова Салимас, цунна «ГIебартойн-Балкхарийн хьалхелелош йолу хьелиозархо» аьлла сийлахь цIе тиллина.

— Салимас чIогIа кIезиг садоIу, — бохуш дуьйцу бригадиро-учетчико Мохьмада, — Аса мосуьйттаза а аьлла цуьнга, кIирандийнахь цIа а гIой садаIа, амма цо даима а оцунна дуьхьало йо. «Нагахь цхьана денна Iийна а балха ца йоьдуш Iийча, дуьйцийла йоццуш цомгуш хир яра со, — бохуш бегаш бо цо, — ткъа цомгуш хила ца лаьа суна».

ЦІа-м иза наггахь бен йоьдуш а яц, ферма ю цуьнан цІа.

Салима хьалхелелош йолу хьелиозархо хилла ца Іа, амма юкъараллин белхан жигархо ю иза, цуьнан дуккха а хуьлу гІуллакхаш. Тайп-тайпанчу дехаршца дуккха а харжамхой хуьлу и йолчохь, къаьсттина зударий, цуьнга кехаташ а яздо цара. Салима — юьртан а, районан а советийн депутат ю. Цхьаболчарна цо гІо до халан гІуллакх къасто, вукхарна дика кхеташо ло, кхозлагІчарна, кІад боцург я нийса доцург цара дийцича, дуьхьало ян дезаш хуьлу.

Дахаран боккха, чолхе, амма нийса некъ бина Салимас. Я халоно а, я гІайгІано а, я шераша а цаэшийра иза, боккха лаам болуш, доьналлех юьзна, тІахъаьлла йолчу оцу зудчо турпалаллица эшайора дахарехь Іиттало халонаш, ша шен ца кхоош хІайттараллица болх бора. Колхозникаша цунна эрна олуш дац: «Шен куьг кхетча велларг а денвийр волуш беркате стаг ю иза». Нах чІогІа тешаш болчу стагаххий бен ала тарлуш дац оцу тайпана дерг.

1962-чу шеран 8-гІа март къаьсттина ша тайпа деза де хилла дІахІоьттира Салимина — радиос, газеташа, доттагІаша, райцентрера баьхкинчара — массара а Іаламат боккха, тамашена кхаъ беара цунна пачхьалкхан совгІат даран хьокъехь, цунна Социалистически Къинхьегаман Турпалхочун цІе тилларх лаьцна.

Дашон Седа бу Салимин некха тІехь кхозуш, адамашка, йинчу латте болчу сийлахь-боккхачу безамах дуьзна долчу дагна дуьххьал богуш.

ЧУЛАЦАМ

ДЕГІАСГАНАН ЯЗДАРХОЙ:

Расул Гамзатов.

1. Ламанхой Ленин волчохь (пер. *З. Муталибовн)* . . 5
2. Хьо йоьлу (пер. *З. Муталибовн)* 7
3. Адамашка (пер. *З. Джамалхановн)* 8
4. «ЙоІ-ламанхо» цІе йолчу пьесе тІера (пер. *М. Сулаевн).* 8
5. Ца везачу стаге йохуьйтучу йоьІан йиш (пер. *М. Сулаевн)* 8
6. Асетан шен хьехархочуьнца хилла къамел (пер. *М. Сулаевн)* 9

Юсуп Хаппалаев.

1. «Балкхарец-куьпчий...» (пер. *Х. Эдиловн).* . . . 11
2. «Со ву вина...» (пер. *Х. Эдиловн).* 11
3. «Стиглан кІоргехь...» (пер. *Х. Эдиловн)* 12
4. «Хи тІехь латийра цІе» (пер. *Х. Эдиловн)* . . . 12
5. Волги йистехь (пер. *Х. Эдиловн).* 13
6. «ДоттагІ...» (пер. *Х. Эдиловн)* 14
7. «Соьга зударша и ломахь» (пер. *Х. Эдиловн).* . . 14
8. Хьаьжча дог... (пер. *Х. Эдиловн)* 15
9. «Массарна а санна, суна» (пер. *Х. Эдиловн).* . . 15
10. «Юьртахь уггар майра болчу» (пер. *Х. Эдиловн).* . 15
11. Безам ца бевза дог (пер. *З. Муталибовн)* 16

АбутІалиб Гафуров.

1. Дика дош (пер. *З. Муталибовн).* 19

Рашид Рашидов.

1. Махкахочуьнга (пер. *З. Муталибовн).* . . . 19

Аткай Аджаматов.

1. Байташ (пер. *З. Муталибовн).* 22
2. ТІамехь ша леш (пер. *З. Муталибовн)* 22

Анвар Аджиев

1. Оьрсийн махкара синтар (пер. *З. Муталибовн).* . . 23

Машидат Гайрбекова.

1. Воккхачу стеган дехар (пер. *З. Муталибовн).* . . 24

Фазу Алиева.

1. Бераллехь къамелаш (пер. *З. Муталибовн).* . . 27

Н. Абигасанов.

1. Хиш (пер. *З. Джамалхановн)* 28

С. Токбулатов.

1. Наж (пер. *З. Джамалхановн)* 30

А. Хачалов.

1. Хьоме цIе (пер. *З. Джамалхановн)* 32

Абдул Мирзаев.

1. Делегат (пер. *З. Джамалхановн)* 33

ИсмаIал Вагапов.

1. Цуьнан цIе Вели ю, ткъа сан цIе—Пери (пер. *Б. Чалаевн)* 34

ИсмаIал Вагабов.

1. Девзаш долу аз (пер. *Б. Чалаев).* 39

Жамал Магомедов.

1. Марнана (пер. *Б. Чалаевн)* 50

Мурад Шихвердиев.

1. Бехке юй техьа тайниг (пер. *Б. Чалаевн)* 64

Муса Магомедов.

1. Кехат (пер. *Б. Чалаевн)* 68

Ахмедхан Абакаров.

1. Куьпчечуьра байташ (пер. *Б. Чалаевн)* 74

Булач Гаджиев.

1. Хьаьж-Мурдан тIаьхье (пер. *Б. Чалаевн)* . . . 78

Умар Богазов.

1. Стогалла (пер. *Б. Чалаевн)* 85

Аткай Аджаматов.

1. Ас дозалла до (пер. *Б. Чалаевн)* 97

Самазан Сабашкоев.

1. Десте (пер. *Х. Хасмагомадовн)* 114

Тазе Бесаев.

1. Вежарша дуй биъна меттиг (пер. *Х. Хасмагомадовн)* . 132

КЪИЛБСЕДА-ХIИРИЙН ЯЗДАРХОЙ:

Георгий Кайтуков.

1. ДогIа догIуш (пер. *Х. Эдиловн*). 145
2. Винчу лаьтте (пер. *Х. Эдиловн*). 146
3. Сан дог (пер. *Х. Эдиловн*). 146

Борис Муртазов.

1. Охьабоьжна седа (пер. *М. Мамакаевн*). . . . 148
2. «Нагахь, хьо новкъа воьдуш» (пер. *М. Мамакаевн*) . 148
3. «Ши стаг ву...» (пер. *М. Мамакаевн*). . . . 149
4. «БIаьстено бохбинчу...» (пер. *М. Мамакаевн*). . 149
5. Доцца аиташ (пер. *М. Мамакаевн*) 150
6. «IуьйренцагIаьттина...» (пер. *М. Мамакаевн*) . . 151
7. Теркан дой (пер. *М. Мамакаевн*) 151
8. Туристийн автобус (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 151
9. Ламанийн меттигехь долчу (пер. *Х. Эдиловн*). . . 152

Давид Дарчиев.

1. Со цхьа вац (пер. *Х. Эдиловн*). 154
2. Эчиг а, дешн а (пер. *Х. Эдиловн*). 155
3. Бер (пер. *Х. Эдиловн*). 156

Харитон Плиев.

1. Сан Даймохк (пер. *Х. Эдиловн*). 159
2. Яда, сан говр, чехка (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 159
3. Ленине (пер. *Х. Эдиловн*). 160
4. Каспийски хIорд (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 161
5. Талла вахча (пер. *Х. Эдиловн*). 162
6. Iумар (пер. *Х. Эдиловн*) 162
7. Iуьйре (пер. *Х. Эдиловн*). 163

Дабе Мансуров.

1. БIаьсте (пер. *Х. Эдиловн*). 164
2. Юьртан суьйре (пер. *Х. Эдиловн*). 165

Тазрет Бесаев.

1. Лууш ду суна (пер. *Х. Эдиловн*). 167

Георгий Гагиев.

1. Хьаьрса йоI (пер. *Х. Эдиловн*). 170
2. Даймохк (пер. *Х. Эдиловн*). 171

3. Іиттарш (пер. *Х. Эдиловн*). 171
4. «ВорхІ шо ду..» (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 172

Мусост Басиев.

1. Иласан бал (пер. *Х. Эдиловн*). 173
2. Шовда (пер. *Х. Эдиловн*). 173

М. Цагараев.

1. Гамболан совгІат (пер. *Х. Хасмагомадовн*) . . . 175

Т. Бесаев.

1. Невана тІехь (пер. *М. Тасуеван*) 183

2. Декхар (пер. *М. Тасуеван, Хь. Саракаевн*) . . . 189

ГІЕБАРТОЙН-БАЛКАРИЙН ЯЗДАРХОЙ:

Алим Кешоков.

1. Хьо вац тера кхиболчарех (пер. *Х. Эдиловн*). . . 215
2. Лаьмнашкахь Іуьйре (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 215
3. ДоттагІаллин совгІат (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 216
4. Биэзам (пер. *М. Мамакаевн*) 217

Берт Гуртуев.

1. Партига (пер. *Х. Эдиловн*). 219
2. ТІулга тІехь йоза (пер. *Х. Эдиловн*). 220

Адам Шогенцуков.

1. Аьхке (пер. *Х. Эдиловн*). 222
2. Бага (пер. *Х. Эдиловн*). 223
3. Хиндолчун дог (пер. *Х. Эдиловн*). 224

Сафар Макитов.

1. Аслижан (пер. *Х. Эдиловн*). 225
2. Биэзам (пер. *Х. Эдиловн*) 225
3. ГІарагІулеш (пер. *Х. Эдиловн*) 226
4. «Цхьаннан а некъ ас ца хадийна» (пер. *Х. Эдиловн*). 226

Керим Отаров.

1. «Безачийн бІаьргаш...» (пер. *Х. Эдиловн*) 227
2. Ойланаш (пер. *Х. Эдиловн*). 228
3. КІайн къега ло (пер. *Х. Эдиловн*). 229

Фоусат Балкарова.

1. Халкъан йоІ (пер. *Н. Музаевн*). 230

2. Баксано бурош хьийзадо (пер. *Н. Музаевн*). . . . 231
3. Баьллийн дитташ (пер. *Х. Эдиловн*). 231
4. Байна безам (пер. *Х. Эдиловн*). 232

Кхайсин Кулиев.

1. Сайн дешархочуьнга (пер. *М. Мамакаевн*). . . . 234
2. Шовданан илли (пер. *М. Мамакаевн*). 235
3. Дакх (пер. *М. Мамакаевн*). 236
4. Поэзи (пер. *Х. Эдиловн*). 236

Петр Мисаков.

1. «БІаьрхишца доьлххушехь нанас» (пер. *Х. Эдиловн*). . 238
2. Фица (пер. *Х. Эдиловн*). 238
3. Юьртара электромантер (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 239

А. Шомахов.

1. «БІе шарахь, кІант, ваха хьо» (пер. *Х. Эдиловн*). . 241

Х. Хавпачев.

1. Сайн хьехархочуьнга (пер. *Х. Эдиловн*). . . . 242

Нури Шогенцуков.

1. Дахар гІаьттича (пер. *Х. Эдиловн*). 243

Б. Гуртукаев

1. Асият (пер. *Хаджалиевн*) 244

Амирхан Шомахов.

1. Салима (пер. *Х. Хасмагомадовн*) 264

Слово друзей

ПРОИЗВЕДЕНИЯ ПИСАТЕЛЕЙ БРАТСКИХ РЕСПУБЛИК.

(На чеченском языке)

Составитель *Х. Эдилов*
Редактор *М. Мусаев*
Технический редактор *Х.Юпаев*
Корректор *А. Дадуев*

*

Сдано в набор 22.VI 1962 г. Подписано к печати 10.X 1962 г.
Формат 84x108$^{1}/_{32}$ Объем 17,25 п. л. Уч.-изд. 12,3 п. л.
Тираж 2000
Чечено-Ингушское книжное издательство,
Грозный, 21, улица Ленина, 14.

*

Заказ № 3600

Типография имени 11 августа 1918 года.
Грозный, проспект Революции, 30/3.
Цена 64 коп.

Max 64 кеп.

(на чеченском языке)
СЛОВО ДРУЗЕЙ